



POESTAKA IHSAN

**Tasawoef Haqiqi
Mikmah Achlaqijah**

DÉNING :

Ki Bagoes

**H. HADIKOESOEMA
MATARAM.**



1360

RÉHNING KITAB POENIKA NGE-
WRAT AJAT-AJATING AL-QOER-
AN, PRAMILA PANGRIMATIPOEN
KEDAH MAPAN.

1941

ISINIPOEN:

P o e r w a k a.

Kalenggahanipoen achlaq wonten ing masjrakat. — Ra-woehipoen K. N. Moehammad badé mbangoen tata - tentreming djagad. — Mekaripoen piwoelang achlaq wonten ing 'alam Islam. — Tegesipoen temboeng achlaq. — Katrangan bab djiwa (nafsoe sjahwat, ghadhab lan Nathiqah). — Kekijataning nafsoe. Bakoe-ning pakerti saé lan awon. — Éwah gingsiring pakerti lan djiwa. — Dradjating nafsoe: amarah, lawwamah lan moethmainnah. — Se-sambetaning djiwa lan raga.

P i w o e l a n g 1.

Djatining ma'rifat ing Allah. — Dinten achir lan artosipoen pedjah. — Para Malaikat lan sesambetanipoen kalian para abrar. — Wahjoening Pangéran. — Para andika Nabi, pemimpin lan penoentoening oemat. — Pakerti loma, witing kamoeljan. — 'Ibadah margining ma'rifat ing Allah. — Toehoe ing djandji, dasa-ring katertiban. — Sabar, sangoening ngagesang.

P i w o e l a n g 2.

Taqwa ing Allah, toeking kabegdjan. — Hoesnoel - chatimah. pantoging gegajoehan. — Gegondèlan kitabing Allah, bakoening tjetjepengan.

P i w o e l a n g 3.

Taubat ing Allah, sogoking swarga. — Watak halim, saged ngloeloehaken manah atos.

P i w o e l a n g 4.

Tegesipoen touhidoel - Oeloehijah lan Roeboebijah. — Moe-sjrik, dados palangipoen konten swarga. — Wadjibipoen bekti ing tijang sepoeh kekalih.

P i w o e l a n g 5.

Djoedjoer lan adil, pawitanipoen tijang gesang ingkang petingan. lan dados saka - goeroening pradja ingkang bakoe.

P i w o e l a n g 6.

Dzikir ing Allah, dados djampinipoen manah sisah, deg-degan lan kwatos.

P i w o e l a n g 7.

Mahabbah ing Allah lan oetoesaniPoen sarta laboeh ing AgaminiPoen, tetanggelanipoen tetijang Islam.

P i w o e l a n g 8.

'Ibadah lan Touhid ing Allah. — Adamel saé lan ngadjènti tijang sepoeh kekalih, kwadjiban ingkang petingan.

P i w o e l a n g 9.

Bèrboedi lan gemi, witipoen gesang rahajoe — Boedi tjetil lan ngebréh, widjinipoen gesang nalangsa. →

POESTAKA IHSAN

KITAB ANERANGAKEN PIWOELANG TASAWOEF
(ACHLAQ), WEWATON DALIL
ALQOERÄN LAN HADITS.



==== HIKMAH ACHLÁQIJAH ====



DÉNING

Ki Bagoes

H. HADIKOESOEMA
MATARAM



====
Tjap-tjapan ingkang
SAPISAN
====

تَذَكُّرَةٌ

وَاتُوا الْبُيُوتَ مِنْ أَبْوَابِهَا وَاتَّقُوا اللَّهَ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ.

Lan pada mleboewa ngomah saka ing
lawangé lan pada wedija Allah,
soepaja sira pada begdja.

(Al - Qoerān).

وَاتْلُوا الْكِتَابَ مِنْ أَوَّلِهِ وَآخِرِهِ وَأَنْتُمْ مُفْقَهُونَ.

Lan pada matjaa kitab saka ing wiwitané
lan pada rasakna temenan, soepaja
sira pada faham.

(Al - Hikmat)



PANGIRING.

Assalamoe 'alijkoem w. w !

Para maos ingkang minoelja !

Noewoen ! sarana maos Alhamdoe lillah wa Laboula wa La-goewwata illa billah, koela ngatoeraken poedji sjoekoer ing Allah déné sampoen kapareng paring sib - pitoeloengan dateng wedaling Poestaka Ihsan poenika. Saba koela ngatoeri soegeng toewin boermat doemateng para maos sadaja !

Wijosipoen ! Kados ingkang sampoen dipoenatoeraken wonten ing pangiringing Poestaka Islam, manawi Allah marengaken karsanipoen, wedaling Poestaka Islam waoe énggal ladjeng badé dipoensoesoel wedalipoen Poestaka Ihsan ingkang minangka dados sambetanipoen, Alhamdoe lillah sarana kaparenging Allah waoe, samangké Poestaka Ihsan kaleksanan sampoen saged medal. Dados nama sampoen djangkep piwoetjal Islam warni tiga : Iman, Islam lan Ihsan.

Boten langkoeng pamoedji koela ing Allah Inkang Mahamirah, moegi kaparenga paring berkah sarta ngaboelna paring gandjaran sakalangkoeng katab; poenapadéné kaparenga ndadosaken kitab waoe manfa'at ing donja lan achirat. *Amien !*

Para maos ! Ing rèhning dawoeh Ihsan poenika mengkoe piwoelang Achlaq oetawi Tasawoef. inggih poenika piwoetjal ingkang kalebet daqiq (lebet, lambat), ingkang anggepok solah - tingkahing manah oetawi ébah - moesiking djiwa, pramila moerih soepados tambab terang lan tjeta, kitab poenika mawi koela rengga sarana poerwaka ingkang sawatawis pandjang, anerangaken prakawis tek-keliwering achlaq toewin kawroeh djiwa.

Lan sasaged-saged piwoelang waoe badé koela lambari dawoeh-dawoehing Al-Qoerān lan Hadits.

Kados ingkang sampoen kawoeningan, dawoehing Al-Qoerān waoe saben saajat - ajatipoen ngewrat piwoetjal warni - warni, terkadang wonten 'aqaidipoen, wonten 'amalipoen, wonten achlaqipoen oetawi sanès - sanèsipoen. Saking poenika, amrih sampoen ngantos adamel kodeng, djedjering piwoelang waoe boten badé koela terangaken menggah sesilabanipoen antawisipoen ingkang nama 'aqaid,

achlaq oetawi piwoelang saé sapitoeroetipoen, ananging namoeng badé koela terangaken sarta kaoeroetaken mitoeroet poenapa sawontenipoen dawoehing Al-Qoerän kémawon. Wondéné pepilahanipoen poendi ingkang kalebet 'aqaid, achlaq saladjengipoen, koela soemanggakaken para maos kersaa niti sarta milah - milah pijambak. Lan para maos badé saged gampil anggènipoen mangertosi, manawi karsa ngemataken jektos piwoelang ingkang kawrat wonten ing poerwaka waoe. Lan ajat ingkang minangka dados djedjering piwoelang, moerih sageda gampil dipoen titèni, panjerating ma'nanipoen (basa djawinipoen) mawi hoeroef ingkang méréng.

Lan malih rèhning piwoelang achlaq oetawi tasawoef waoe pantjèn satoenggiling piwoetjal ingkang badé anggajoeh dateng idamidaman gesang ingkang sanget moelja lan oetama, i. p. ma'rifat lan mahabbah ing Allah Ingkang Mahamoelja, sarta nandoekaken pakerti moelja adamel saé ing sasami - sami, poenapadéné badé noetjèni djiwa saking watak awon lan boedi nista, dados sampoen mesti kémawon ingkang makaten waoe boten saged badé kaleksanan jen namoeng dipoenlampahi sarana sembranan. Balik kedahipoen kanti dipoendjangka lan dipoentindakaken ingkang temenanan, linampahan poeroen rekaos lan pribatos. Kadosedéné lalampahanipoen para Minoelja lan Oetama, Dawoehing Hadits :

مِنْ حُسْنِ إِسْلَامِ الْمَرْءِ تَرْكُهُ مَا لَا يَعْنِيهِ .

Sawenèh kang nambahi apiké Islamé wong, ikoe anggoné gelem ninggal barang kang ora ana artiné.

Tjekap samanten atoer koela; lepat njoewoen sih - pangaksama!

W a s s a l a m !

MATARAM, $\frac{1 \text{ Djoe. lawal}}{27 \text{ Mei}}$ $\frac{1360.}{1941.}$

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

Kalawan asma Allah Ingkang Mahamirah Mahaasih

الحمد لله رب العالمين، خلق الإنسان في أحسن تقويم، خلقه من سلالة من ماء مهين،
ثم جعله أكرم المخلوقين، والصلاة والسلام على سيدنا محمد خاتم الأنبياء والمرسلين،
المبعوث لتتميم مكارم الأخلاق وتكميل شرائع الدين.

Sadaja pepoedji koendjoek ing Allah Pangéranipoen alam sadaja. Ingkang sampoen antahaken manoesa wonten ing wawangoenan ingkang sakalangkoeng éndah; inggih poenika katitahaken saking sarining toja rêmèh (satètès), ladjeng kadadosaken sakalangkoeng moeljaning para titah. Salawat lan salam moegi pinaringna Leloehoer kita Kangdjeng Nabi Moehammad Panoe-toepipoen para Andika Nabi toewin para Rasoel. Ingkang kaoetoes njekapaken pakerti moelja saha njampoer-nakaken anggering Agama.

— 0 —

Dawoehing Hadits:

أَمَا بَعَثْتُ لَأَتَمِّمَ مَكَارِمَ الْأَخْلَاقِ.

Sanjata, anggonkoe dioetoes ikoe kadawoehan soepaja njampoernakaké pakerti moelja.

* *

MITOEROET dawoehing Hadits nginggil poenika, tèrang sanget bilih kaoetoesipoen Kangdjeng Nabi wonten ing donja, poenika ingkang bakoe perloe badé njampoernakaken achlaq (pakerti) moelja (watak lan kalakoean ingkang saé lan oetama). Artosipoen, Pandjenenganipoen waoe badé ndjangkepi kekiranganipoen, njantosakaken adegipoen sarta ngentjengaken toemindakipoen.

Pakerti waoe lenggahipoen wonten ing gesang bebrajan, kadosdéné kalenggahaning djiwa wonten ing badan. Tegesipoen, manawi djiwa waoe saé, badanipoen inggih badé toemoet saé, jèn awon, inggih badé toemoet awon. Makaten oegi gesang bebrajan, samangsa pakertining tetijangan ingkang minangka dados warganipoen, saé-saé lan oetama, gesang bebrajan waoe inggih badé toemoet saé lan tata; manawi awon lan nista, inggih badé toemoet awon lan tjintaka.

Ingkang makaten waoe kadjawi sampoen laras kalia 'ilmini-poen, pantjèn sampoen dipoenalami oegi déning lalampahanipoen donja wiwit kina - makina ngantos doemoegi sapriki. Pramila wonten ing poendi - poendi bangsa oetawi nagari, prakawis achlaq (pakerti) waoe tansah dados rembag ingkang anget lan moejek. Langkoeng - langkoeng manawi donja sawek pinoedjoe kaðawahan bebendoening Pangéran, wonten reretoe (peperangan, kraman s.s.) margi saking pokalipoen para tetijang ingkang sami doeraka rakoes ambek sija, ladjeng kémawon donja waoe oebjek kepek para sardjana sami ngrembag lampahing pandidikan ingkang magepokan kalia prakawis pakerti waoe.

Awit saking poenika, tetéla sanget sjarat oetawi srana ingkang bakoe pijambak kanggé adamel tata - tentreming sasrawoengan gesang wonten ing donja, poenika saéning pakerti lan cetamaning boedi, sanès kekijataning sandjata ingkang mawarni - warni.

Dados sampoen tjeṭa wéla - wéla gamblang gawang - gawang, rawoehipoen Kangdjeng Nabi wonten ing donja poenika, badé adamel tata - tentreming gesang masjrakat wonten ing djagadrat, ingkang dipoenstranani sarana pakerti moelja lan boedi oetama, boten sarana banda lan sandjata.

Wonten ing alam Islam piwoelang bab achlaq waoe sampoen kababar dados kawroeh ingkang pandjang - poendjoeng adjembar-wijar. Tegesipoen, para Poedjangga Islam kaṭah ingkang sampoen ngarang kitab manéka-warni ingkang anerangaken piwoelang achlaq waoe. Wonten ing Islam piwoelang waoe wonten ingkang mastani kawroeh Achlaq (pakerti), kawroeh Tasawoef, Tahdzibinoefoes (panggoela - wentahing nafsoe) oetawi sanès-sanèsipoen. Panganggitipoen, wonten ingkang kalambaran filosofie, wonten ingkang namoeng maligi piwoelang pakerti, wonten ingkang kadasaraken sarta kagandéngaken kalia piwoelang Agami. Poenika ingkang sakalangkoeng permati, amargi njadajani. Wastaning achlaq, wonten ingkang namani: Fadla'il lan Radzail (beboedén oetama lan niṣṭa), oetawi sifat Mahmoedat lan Madzmoemat (pakerti pinoedji lan tjinatjat), oetawi Moendjijat lan Moehlikat (kalakoean ingkang miloedjengaken lan njilakani) lan sasaminipoen.

Kados makaten ringkesanipoen katrangan bab wigatosing achlaq wonten ing gesang babrajan, sarta warni - warnining katrangnipoen wonten ing Islam. Samangké ladjeng badé kawiwitan anerangaken bab tek-keliwering achlaq waoe.

AL - ACHLAQ.

(Boedi, Pakerti oetawi Kalakoean).

INGKANG dipoenwastani pakerti (achlaq) poenika salah-bawaning nafsoe, ingkang ladjeng anoewoehaken pandamel tanpa mawi ginagas oetawi pinikir malih. Tegesipoen, saben nafsoe waoe goemreged inggih ladjeng dipoentoeroeti poenapa sapikadjenganipoen, boten mawi kamanah malih kadospoendi menggah badé kadadosanipoen, saé lan awonipoen oetawi leres lan lepatipoen, saoeget nafsoe waoe nggregoet ladjeng dipoenenoet. ¹

AN - NAFSOE (DJIWA).

Dawoehing Al - Qoeran :

وَنَفْسٍ وَمَا سَوَّاهَا. فَأَلْهَمَهَا فُجُورَهَا وَتَقْوَاهَا. قَدْ أَفْلَحَ مَنْ زَكَّاهَا. وَقَدْ خَابَ مَنْ دَسَّاهَا.

Demi Nafsoe lan Pangéran Kang anitahaké. Toemoeli Pandjengengané maringi pitoedoeh marang dadalané ala lan betjik. Sajekti, bakal begdja wong kang gelem noetjèni nafsoené, lan bakal tjilaka wong kang agawé regedé. (s. Al - Lail).

* *

Ingkang kawastanan Nafsoe poenika satoenggal - satoenggaliipoen, oetawi kempalipoen kekijatan tiga: 1, kekijataning sja h w a t (kapinginan), 2, kekijataning g h a d l a b (kwanèn, kamoe- ringan). Lan 3, kekijataning n a t h i q a h (nalar, fikir). Kempalipoen tetiga waoe kénging dipoenwastani Nafsoe oetawi Djiwa.

Sja h w a t, poenika kekijatan ingkang anoewoehaken pikad- jengan remen dateng étja - étja, seneng - seneng, dahar, ngoen- djoek lan tjoembana sapanoenggilanipoen. Wawatakanipoen mélikan toer moerka, koemet lan keket dateng banda, ngoetoech lan mbloe- boed boten gadah wirangan. ²

1. Gampilipoen kénging katerangaken: Pakerti poenika tindak ing- kang tjotjok lan watak. Oetawi watak ingkang mbabar tindak. Artosipoen: Dédé nama loma, tijang ingkang poeroen darma na- nging sabab kadjiat oetawi kapeksa; oetawi manahipoen remen dedana ananging njatanipoen boten wani darma. Lan inggih sanès nama medit, tijang ingkang boten poeroen dedana djalaran sèkèng oetawi boten kwasa. Dados ingkang nama pakerti loma, poenika tijang ingkang wani darma toer manahipoen inggih lega. Kados makaten terangipoen temboeng achlaq oetawi pakerti waoe.

2. Sjahwat waoe dajanipoen kijat sanget. Manawi tansah namoeng dipoen toeroeti lan dipoenodja, badé sangsaja ndadra lan tambah rosa; ladjeng saget nglindih saha ngwasani ing manoesa. Satemah manoesa waoe gesangipoen pra- sasat namoeng dados batoer oetawi pirantosipoen, ngalèr - ngidoel, ngétan- ngilèn namoeng kerèh sarta kéroet ing pikadjenganipoen, boten mawi kamanah malih kados poendi menggah badé kawoesananipoen. →

Ghadlab, poenika kekijatan ingkang anoewoehaken pika-djengan remen moering, srengen, memengsahan lan pados menang, Wawatakanipoen angkoeh, diri toer remen aleman, boten poeroen kawon lan namoeng badé menangipoen pijambak; poenapadéné tégan, tegelan lan boten émanan, remen ngebréh nga-woet - awoet banda. 3

→ Tijang kados makatenpoenika, kelakoeanipoen boten wonten bédanipoen kaliaan héwan ingkang tetedanipoen ron-ronan (maésa, rénda saantéronipoen), amargi rintendaloenipoen ingkang dipoenangen - angen lan dipoenmanah namoeng anggènipoen badé ngoedja sjahwatipoen, étja - étja, soeka - soeka, neda, ngombé, tjoembana sapitoeroetipoen. Makaten poenika pakartinipoen héwan.

Tijang ingkang kagoebed ing sjahwat waoe, gesangipoen badé sangsara; awit kaajemanipoen badé sirna toewin kontjatan boedi loehoer lan watak oetama, ingkang dados dasaring kamoeljan toewin kabingahan Wasana tindakipoen roesoeh, watakipoen tlingoes, mbloeboed toer ngoetoe boten gadah wirangan; lan boten wani kekempalan kaliaan tijang ingkang moelja - moelja toewin oetami, para Oelama oetawi tijang wira'i. Remenipoen namoeng lalahanan glanjongan, banjolan, tjetilemedan sapitoeroetipoen. Tjekakipoen, nista, ina lan asor sanget beboedènipoen.

3. Ghadlab waoe dajanipoen ageng sanget, langkoeng kijat tinimbang sjahwat. Pramila manawi namoeng dipoenodja lan dipoentoeroet kémawon, badé langkoeng ndrawasi lan mbebajani. Awit manoesa manawi sampoen kelindih sarta keréh ing ghadlabipoen, ladjeng dados tijang ingkang galak, ladak sirna arisipoen, kereng, boeteng, kakon - atén toer tjengkiling, remen moering sarta nglabak sor - soranipoen boten nggadahi welas; poenapadéné remen hiqid lan hasoed (ngingkit - ingkit lan panastèn) sarta remen padoedon toer ngèjèl soetik kasoran. Satemah boten saged kempal tijang, boten saged ngemong kantja lan boten saged memitran kaliaan tangga oetawi sanak - sadèrèkipoen. Remenipoen tjrah, tjongkrah moeng sabab prakawis remèh oetawi sapélé, rékanipoen namoeng badé menangipoen pijambak.

Tijang kados makaten poenika, pakertinipoen boten wonten gèsèhipoen kaliaan kéwan ingkang tetedanipoen oelam (srigalak, singa - barong saantéronipoen). Watakipoen, manawi kagol sjahwatipoen boten katoeroetan pika-djenganipoen, ladjeng kémawon moentap napsoenipoen angamoek - amoek sanésipoen, ngoering - ngoering tangganipoen; soeket - godong dados mengsah, sinten ingkang tjelak kadawahana awoe anget. Saoepami katjandra, roepnipoen anggegilani sanget. Inggih poenika wangoenipoen ndjenggcereng, rahinipoen mbesengoet, oelatipoen peteng, mripatipoen menteleng abrit mbranang, koe-pingipoen ndjepiping saha polahipoen gedabigan kadosdéné sima gémbong kirang mangsan, sinten ingkang kapetoek ladjeng katoebroek.

Kados makaten waoe; terkadang boten kandeg namoeng samanten kémawon, ananging ngantos saged demoegi adamel risaking barang - barang, ngawontenaken radja tatoe oetawi pepedjah. Déné jèn roemaos boten kwagang badé nandingi sisihanipoen, adakanipoen ladjeng sok ngoering - ngoering sarta nenoetoe awakipoen pijambak (nglaloe), ngrisak badanipoen oetawi barang-barangipoen.

Samanten rekaos saha sangsaranipoen tijang ingkang kendih sarta keréh ing ghadlabipoen, katentremaning gesang sirna saha kontjatan boedi rahajoe lan manah wilodjeng, ingkang dados dasaring kabegdjan toewin kabingahan. Wasana nemahi tjilaka sangsara donja - achirat.

Kados makaten, awon saha bilainipoen sjahwat lan ghadlab waoe jèn namoeng dipoenodja lan dipoentoeroet. Ananging manawi dipoenopakara lan dipoenitik - itik, inggih poenika kala - kala dipoenpepeg lan dipoen-gèsèhi pikadjenganipoen, dipoentoentoen lan dipoenlalantih kateloekaken saha katoendoekaken dateng boedinipoen ingkang wening lan agalipoen →

Nathiqah, poenika kekijatan ingkang saged nampi 'ilmi (kawroeh), saged njilahaken leres lan lepat, saé lan awon, saged mangertos toemindaking sabab lan moesabab (djalaran lan temahanipoen), saha saged mbédakaken wohing pakerti saé lan awon. Wawatakanipoen, remen dateng hikmah (kawitjaksanan, kasoenjatan) lan dateng kaleresan toewin kasaénan.

Kekijatan nathiqah waoe namoeng kapatjak ing manoesa, boten kasandang ing héwan, lan inggih nathiqah waoe ingkang minangka dados wates bédaning manoesa lan héwan. Lan manoesa kaparingan kekijatan nathiqah waoe, perloenipoen soepados kanggéja ngelisi loemampahing kekijatan kakalih (sjahwat lan ghadlab), amrih sampoen ngantos noendjang ing palang (anggering Agami), oetawi kanggéja nradjoe, sampoen ngantos kekijatan kakalih waoe bot-sih (ndjoemplang). Awit, inggih panoendjangipoen ing palang lan bot-shipoen kekijatan kakalih waoe, ingkang dipoenwastani tindak salah toewin pakerti awon. 4

→ ingkang moerni sarana manoet pitedahing Agami soetji, sjahwat lan ghadlab waoe ageng sanget faidahipoen saha katah kasaénanipoen. Awit sadaja pakerti saé lan watak oetama sarta boedi loehoer, poenika toewoehipoen saking ngrikoe.

Awit saking poenika, sjahwat lan ghadlab waoe boten prajogi lan malah inggih boten kénging saopami ladjeng badé dipoenpedjahi babarpisan. Balik kedahipoen namoeng dipoen goela-wentah toewin dipoendidik ingkang jektosan. Djalaran, tijang ingkang pedjah sjahwat lan ghadlabipoen, poenika badé ringkih sarta pepes pikadjenganipoen. Lan samangsa sampoen pepes, badé itjal kategoehaning manahipoen ladjeng boten saged anggadhahi gagajoehan saha beboedèn ingkang loehoer lan oetama. Saladjengipoen badé dados tijang kesèd, wegahan boten gadah antepan.

4. Rèhning nathiqah ('aqal) waoe kekijatan ingkang saged kanggé nampi 'ilmi, kanggé mbédakaken kanggé wates bédaning kanggé ngelisi lan nradjoe sapitoeroetipoen, pramila wadjib 'aqal waoe kedah dipoenopakara lan dipoenitik-itik soepados saged rosa lan santosa, saged waspada lan witjaksana sarta saged saé lan leres; inggih poenika saking sakedik katedanana 'ilmi, kadederana iman lan ma'rifat ing Allah, kagoelanga memikir lan nenimbang toewin kasoemerepna ing leres-lepat lan awon-saé. Poenapadéné kasiramana sarana lampah 'ibadah ing Allah lan nindakaken 'amal kasaénan. Perloenipoen soepados 'aqal waoe saged kwawi sarta leres lan diedjeg anggènipoen badé ngelisi sarta nradjoe loemampahing sjahwat lan ghadlab waoe. Tegesipoen, saged mepeg pamberoting sjahwat lan ghadlab waoe samangsa badé noendjang-noendjang, lan saged ngleresaken saha andjedjegaken manawi badé kalintoe oetawi mlèntjèng. Inkang saladjengipoen badé saged ngwasani sarta ngerèh sjahwat lan ghadlab waoe, lan saged nandjakaken saha mernahaken dateng prakawis ingkang saé lan ingkang maidahi. Wasana gesangipoen saged begdja, tata lan tentrem, bingah lan ajem, sarta rahajoe lan wilodjeng ing donia lan ing tembé. Inggih kados makaren poenika sawenèh kasaénan saha faidahing 'aqal ingkang pikantoe pangopakara toewin pangitik-itik ingkang saé lan prajogi. Kosok-wangsoelipoen 'aqal ingkang namoeng kalirwakaken, boten kaopakara sarta kaitik-itik ingkang jektosan, poenika mangkènipoen badé ndrawasi temenan; poenapa malih ingkang sampoen naté mambet woelangan (sekolahan) ingkang namoeng lamban oetawi oedjan-oedjan, poenika badé langxoeng njilakani lan mbilaèni. Djalaran, 'aqal ingkang sampoen landep ananging taksih →

Djalènrèhipoen makaten: Sjahwat lan ghadlab poenika kekijatan kakalih ingkang noenggil-misah. Noenggilipoen wonten ing kalampahaning 'amal; misahipoen wonten ing wawatakanipoen. Wonten ing kalampahaning 'amal, sjahwat lan ghadlab waoe kedah gandéng toemandang sasarengan. Artosipoen, boten wonten tijang poeroen nindakaken padamelan, manawi boten gadah kapinginan toewin kwantoenan; awit badéja wani manawi boten kapingin, inggih boten kalampahan, lan badéja kapingin jèn boten wani, inggih boten kaleksanan. Dados wonten ing toemindaking padamelan, sjahwat lan ghadlab waoe kedah gandéng njamboet damel sasarengan. Ananging wonten ing wawatakanipoen, kosok-wangsoel satoenggal ngalèr satoenggalipoen ngidoel. Kadosta: Sjahwat watakipoen owelan oetawi émanan, ananging ghadlab watakipoen tégan oetawi tegelan. Tijang ingkang ageng sjahwatipoen alit ghadlabipoen, poenika wawatakanipoen djirèh lan medit; ananging tijang ingkang ageng ghadlabipoen alit sjahwatipoen, poenika wawatakanipoen brangasan lan ngebrèh.

Watak djirèh, medit, brangasan toewin ngebrèh, poenika pakerti ingkang awon. Ananging watak djirèh manawi katjampoer kalian brangasan, saged dados watak ngatos-atos lan kendel. Oegi watak medit lan ngebrèh jèn katjaroeb dados satoenggal, ladjeng saged dados watak gemi lan loma. Watak ngatos-atos, kendel, gemi toewin loma, poenika pakerti ingkang saé. Dados sampoen tetéla, ingkang nama pakerti saé poenika timbangipoen kekijatan kakalih sjahwat lan ghadlab waoe; lan ingkang dipoenwastani tindak leres poenika loemampahipoen wonten ing salebeting angger Agami. Kosok-wangsoelipoen, ingkang nama pakerti awon poenika ndjoemplangipoen kekijatan kakalih waoe, lan ingkang kawastanan tindak salah poenika loemampahipoen anerak angger Agami. Kados makaten, saladjengipoen katranganing bab watak oetawi pakerti toewin tindak sanès-sanèsipoen.

BAKOENING PAKERTI SAÉ LAN AWON.

Kados ingkang sampoen kapratélakaken ing nginggil, ingkang nama pakerti saé poenika timbangipoen kekijataning sjahwat lan ghadlab, lan ingkang kawastanan awon ndjoemplangipoen. Meng-

→ kadajan perbawaning sjétan, poenika gesangipoen namoeng badé dados pirantosing sjahwat lan ghadlab ingkang tjoel-tjoelan. Saladjengipoen, rintendaloe ingkang dipoenotak-atik lan dipoenangen-angen namoeng anggènipoen badé noeroeti hawa-nafsoenipoen ingkang rakoes toer moerka. Wasana gesangipoen tjilaka sangsara boten sakétja. Manahipoen djail-metakil remen oedoer: satemah tandang damelipoen namoeng badé anoewoehaken tietiongkraham toewin adamel karisakan. Pramila 'aqal waoe kedah dipoenopakara saha dipoenitik-itik ingkang mepeng temenan.

gah bakoenipoen pakerti saé waoe wonten sakawan. 1, Hikmah (kawitjaksanan). 2, 'Iffah (kapterwiran, wirangan). 3, Sjadjah (kekendelan). Lan 4, 'Adalah (djedjeg, 'adil).

Hikmah, artosipoen tingkah (kawontenan) jing nafsoe nathiqah saged manggih dateng kaleresaning samoekawis ingkang pantjèn saged ginajoeh ing 'aqaal.

'Iffah, tegesipoen tingkahing nafsoe sjahwat sampoen satata toendoek dateng 'aqaal mitoeroet tataning sjara' Agami.

Sjadjah, artosipoen tingkahing nafsoe ghadlab sampoen noengkoel toendoek dateng 'aqaal manoet toentoenaning Agami.

'Adalah, tegesipoen loemampahing nafsoe sampoen djedjeg, satoenggal lan satoenggalipoen timbang boten bot-sih oetawi boten ndjoemplang, saha boten nerak dateng angger Agami.

Saking pakerti sakawan warni ingkang bakoe waoe, badé toewoeh pinten-pinten watak oetawi pakerti ingkang saé-saé lan oetami. Oepaminipoen: Saking Hikmah badé toewoeh boedi wening, manah lantip, landep, élingan, remen-memikir sapitoe-roetipoen. Saking 'Iffah, badé toewoeh watak wirangan djoedjoer, ajeman, tata-tentrem, aloes, besoes, wirama, djatmika, wirangi, gemi lan nastiti. Saking Sjadjah, badé toewoeh watak ageng sarta loehoer beboedénipoen, rosa toer santosa pikadjenganipoen, tegoeh saha teteg manahipoen, poeroen prihatos lan rekaos, sabar lan telatos, aris lan sarèh sarta bèr-boedi remen tetoeloeng dateng ngasanès. Lan saking 'Adalah badé toewoeh watak remen tepa-tepa lan tepa-sarira, remen males saé sarta sih-sinihan ingkang moerni, remen 'ibadah ing Allah Goesti Pepoendènipoen, lan remen ngadjèni ing sanès, remen dateng kasoesian toewin memitran sarta goemolong ingkang sadjati, remen njambet pasadèrèkan lan sasanakan sarta kakantjan toewin kekempalan ingkang saé-saé lan oetami,

Pakerti awon, bakoenipoen inggih wonten sakawan warni, lan tetoewoehanipoen watak oetawi pakerti oegi kaçah mawarni-warni, inggih poenika kosok-wangsoelipoen watak oetawi pakerti saé sadaja waoe.

Terangipoen malih makaten: Watak warni sakawan waoe (witjaksana, perwira, kendel toewin 'adil oetawi djedjeg), poenika manawi katanem ing nafsoe (djiwa) ning tijang, sampoen tamtoe tijang waoe badé saé watak oetawi pakertinipoen, djalaran nafsoe oetawi djiwanipoen sampoen dados toeking pakerti saé oetawi watak oetami. Dados sampoen mesti kémawon tijang waoe inggih ladjeng badé ambabar watak oetawi pakerti saé. Kosok-wangsoelipoen, tijang ingkang djiwanipoen taksih kaboentel ing kabodoan, kagoebèd ing watak mbloeboed, djirèh toewin nalisir oetawi 'mènglèng, sampoen tamtoe tijang waoe inggih namoeng badé anoewoehaken watak oetawi pakerti awon.

ÉWAH GINGSIRING PAKERTI TOEWIN DJIWA.

Kados ingkang sampoen katerangaken ing nginggil, pakerti poenika wonten ingkang saé lan wonten ingkang awon; lan awon saénipoen waoe goemantoeng dateng awon saéning nafsoe (djiwa) ingkang angébahaken. Awit saking poenika, pakerti waoe saged éwah gingsir oetawi molah - malih sabab déning éwah - gingsir-poen djiwa. Lan djiwa waoe, kados ingkang sampoen goemelar ing donja wonten ing gesanging bangsa, oetawi satoenggal-satoeng-galing manoesa, saged éwah gingsir oetawi molah - malih kabekta saking éwah - éwahing kawontenan ingkang ngèngingi ing djiwa waoe. Oepaminipoen: Kawontenaning pandidikan, piwoelang, ombak - oemboeling gesang, molah - malihing panggesangan, béda-bédaning djaman, sontan - santoening kasenengan sapitoeroetipoen, poenika saged ngéwahaken gesanging djiwa, ingkang saladjengipoen saged malihaken lampahing pakerti.

Dados sampoen tetéla bilih pakerti toewin djiwa waoe saged éwah - gingsir. Moeng kémawon pakerti ingkang sampoen mandjing oetawi njakot, poenika pantjèn inggih angèl sanget éwah-éwahanipoen, béda kaliaan ingkang taksih koemambang. Ewa samanten manawi pamarsoedinipoen dipoentemenani jektos, mesti inggih badé ongrèh saged éwah.

DRADJATING NAFSOE.

Nafsoe poenika pepangkatanipoen wonten tigang dradjat:

1e dradjat *A m m a r a h* (ngadjak - adjak awon). Tegesi-poen, nafsoe ingkang tansah ngodjok - odjoki dateng lampah awon (dosa). Dawoehing *Al - Qoerân*:

« ١٢ : ٥٣ » *ان النفس لامارة بالسوء.*

Sanjata, nafsoe ikoe gawéné ngodjok - odjoki marang lakoe ala.

2e dradjat *L a w w a m a h* (nalangsa, nenoetoe). Artosipoen, nafsoe ingkang sampoen saged njanjatjat oetawi nalangsa dateng lampah awon (dosa), ananging taksih asring nradjang. Dawoehing *Al - Qoerân*:

« ٧٥ : ٢ » *ولا أقسم بالنفس اللوامة.*

Lan Ingsoen ora soepata kalawan nafsoe kang njanjatjat (nalangsa).

3e dradjat *M o e t h m a i n n a h* (anteng, djendjem). Tegesi-poen, nafsoe ingkang sampoen tata lan tentrem, djatmika lan djinem, boten grajahan lan boten gorengan. Sjahwat lan ghadlabipoen sampoen noengkoel kerèh ing 'aqalipoen manoet pitedahing *Agami* ingkang soetji. Dawoehing *Al - Qoerân*:

يَا أَيُّهَا النَّفْسُ الْمَطْمَئِنَّةُ، ارْجِعِي إِلَىٰ رَبِّكِ رَاضِيَةً مَّرْضِيَّةً، فَادْخُلِي فِي عِبَادِي.
 وَأَدْخُلِي جَنَّتِي.

« ١٧ - ٣٠ : ٨٩ »

E sira djiwa kang anteng! Mara énggal sowana ngadep marang ngarsané Pangéranira, sarana rena toer direnani. Lan mleboea (koempoela) ana ing golongané para kawoela kaka-sibingSoen lan mleboea swarganingSoen.

K a t r a n g a n :

Dados sampoen tjeta, saking dawoehing ajat - ajat ing nginggil poenika, dradjating nafsoe (djiwa) waoe wonten tiga: A m m a r a h, L a w w a m a h toewin M o e t h m a i n n a h.

A m m a r a h, poenika dradjat ingkang wiwitan oetawi asor pijambak. Wonten ing dradjat waoe nafsoe (djiwa) taksih waqag, taksih kagoebed ing sifat hajawanijah toewin sjaithanijah (watak kahéwanan lan kasjétanan), inggih poenika sifat bahimijah (maésa, ménda s. s.) lan siba'ijah (sri - galak, singa - barong s. s.). Déné kasjétanan poenika watak-wantoening Iblis oetawi Idadjil, ingkang ambabar boedi djoelig lan tjoelika. Saladjengipoen, djiwa waoe beboedènipoen nista, ina toer ngedak - edakaken; anggak, kemloengkoeng, pambegan, adigang - adigoeng - adigoena, angedir - ediraken. Watakipoen djail, poekil, megakil, tjetil, mélikan toer moerka; kodo, boeteng, kakon - atèn, brangasan, tjengkiling lan ambeg sija; ngoetoeh, mbloeboed, rakoes boten gadah wirangan.

Tijang ingkang adjiwa nafsoe ammarah waoe, boten nge - moengaken badé adamel risaking awakipoen pijambak kémawon, ananging badé adamel risaking gesang bebrajan oegi. Pramila kanggé ndjagi tata - tentreming gesang sasrawoengan, tijang waoe kedah kasingkiraken oetawi katebihaken saking masjrakat. Malah jèn perloe, kedah kasétrakaken pisan dateng panggènan ingkang mentjil. Perloenipoen kadjawi kanggé ngreksa kawiloedjenganing gesang bebrajan, oegi kanggé ndjagi sampoen ngantos boedi - pakertinipoen ingkang awon waoe saged mrèmèn noelari kantja - kantjanipoen oetawi sasrawoenganipoen.

Nafsoe Ammarah waoe manawi ladjeng kagoela - wentah sarta kadidik, inggih poenika saking sakedik dipoenmangertosaken leres - lepat lan awon - saé, dipoentoentoen nglampahi dawoehing Agami, ngoelinakaken 'amal kasaénan, njingkiri pandamel awon, ing mangké nafsoe waoe badé saged minggah dateng dradjat Lawwamah.

L a w w a m a h, poenika dradjat ingkang tengahan. Wonten ing dradjat waoe djiwa sampoen radi aloes, sampoen saged ka - doewoeng, getoen sarta nalangsa jèn ngantos nglampahi awon

anradjang dosa. Ladjeng ngonggo-onggo sarta nenoetoeah awaki-poen déné kok ngantos noeroeti hawa-nafsoenipoen, saha nana-tjat 'aqalipoen anggènipoen ringkih apes boten saged mepeg sjahwat lan ghadlabipoen; satemah doemawah ing dosa lampah ingkang saroe toer ina.

Nafsoe Lawwamah waoe manawi ladjeng kaoepakara sarta kaitik-itik teroes, inggih poenika samangsa nglampahi awon anradjang dosa, toemoentena toubat ing Allah ngroemaosi kalepatanipoen, ngatoeraken kadoewoeng, getoen saha panlangsanipoen, sarana dedépé ing Allah angadjeng-adjeng sih-pangapoentenipoen, sarta anggadahi sedyaboten badé nglampahi dosa malih; poenapadéné lampah awon waoe dipoenlintonana 'amal kasaénan, ing mangké nafsoe waoe badé saged minggah dateng dradjat Moethmainnah. 5

M o e t h m a i n n a h, poenika dradjat ingkang wekasan inggil pijambak. Wonten ing dradjat waoe djiwa sampoen aloes saged kasingungan sifat Malaikat (awatak Malaikat). Artosipoen, djiwa waoe sampoen resiko soetji aboedi wening. Gesangipoen sampoen saged tentrem, djinem boten gorèh lan boten kasrimpet-srimpet sarta katjontjang ing kaboetoehaning badan (kamompjoran oetawi kadradjatan). Idam-idaman saha gagajoehanipoen namoeng noedjoe dateng kaleresan kasaénan toewin kaoetaman. Pramila djiwa ingkang sampoen doemoegi dradjat Moethmainnah waoe, wontenipoen namoeng badé mbabar pandamel saé lan watak oetama. Boten pamrih pamèran oetawi sesongaran, ananging poenapa sasolah-bawanipoen namoeng moerni moehoeng karana Allah Ingkang Maha-soetji Pepoendèn Ingkang dipoenadji-adjil lan dipoentresnani. 6

5. Déné jèn boten kaladijengaken pangoepakaranipoen, badé saged wangsoel malih medak dateng dradjat Ammarah ingkang langkoeng ndrawasi. Awit, raos kadoewoeng, getoen ingkang kabekta saking lampah awon, poenika manawi boten énggal-énggal ladjeng dipoentoetoeti kapok (toubat ing Allah ingkang jektosan), raos waoe badé saged sirna. Djalaran, woengsal-wangsoeling lampah waoe badé andadosaken manoeh oetawi koelina. Dangoedangoe ladjeng njakot; jèn sampoen njakot angèl sanget tètèl-tètèlanipoen.

6. Awit saking poenika, Allah Ingkang Mahamirah Mahaasih inggih boten badé kasoepèn, rena sarta asih dateng djiwa waoe. Kapareng nimbali sowan ngadep ing ngarsanipoen sasarengan kalia para kawoela kakasihipoen, perloe badé pinaringan gandjaran swarga éndah hadi loehoer. Kados ingkang sampoen kadawoehaken:

„E sira djiwa kang anteng (tentrem, djinem)! Mara énggal sowana ngadep marang ngarsané Pangéranira, sarana rena toer direnani. Lan mleboea (koempoela) ana ing golongané para kawoela kekasihing Soen lan mleboea swarganing Soen”.

Doeh para maos! Inggih dradjat Moethmainnah poenika, pantogipoen gagajoehaning panggoela wentah djiwa. Awit manawi djiwa waoe sampoen doemoegi dradjat Moethmainnah, badé dados toeking sadaya pakerti saé lan watak oetami. Dados sampoen mesti, rijang ingkang adjiwa Moethmainnah waoe, poenapa sasolah-tingkahipoen namoeng badé mbabar 'amal kesaénan toewin kaoetaman, ingkang saged moerakabi ing awakipoen, kantia-kantjanipoen malah sabebrajanipoen pisan, sanadyan saepami katingal sikep deda- →

SASAMBETANING DJIWA LAN RAGA.

Nafsoe lan badan (Djiwa lan raga), poenika barang kakalih ingkang béda samoekawisipoen; wewoedjoedanipoen, kaboetoehanipoen, lan kekijatanipoen sapitoeroetipoen.

Djiwa, wewoedjoedanipoen bangsa aloes boten kénging pinantja - ndrija. Wewoedjoedanipoen raga boten makaten, wadag saged kinasat ing pantja - ndrija.

Djiwa, kaboetoehanipoen kawroeh lan ma'rifat ing Allah sasaminipoen. Sinareng raga, kaboetoehanipoen bangsa tetedan, ombèn - ombèn sapitoeroetipoen.

Djiwa, kekijatanipoen saged mangertos dateng barang oetawi prakawis ingkang lambat-lambat (bangsa ghaib). Ananging kekijatanipoen raga namoeng saged njoemerepi barang oetawi prakawis ingkang wadag - wadag (kénging pinantja - ndrija).

Kados makaten, saladjengipoen wonten ing prakawis sanès-sanèsipoen. Moeng wonten ing gagandénganipoen satoenggal lan satoenggalipoen, poenika rapet sarta mandjing sanget; kénging kawastanan prasasat barang satoenggal. Satoenggal lan satoenggalipoen tabet - tinabetan oetawi toemoes - tinoemoesan. Artosipoen, saras oetawi sakiting raga, saged nabeti bingar oetawi lemesing djiwa. Lan bingah oetawi soesahing djiwa, oegi saged noemoesi seger oetawi geringing raga. Pramila wonten ing toemindakipoen panggoela - wentah, kakalihipoen waoe inggih kedah kaoepakara, nadyan tjara toewin pirantosipoen béda - béda.

Dados saking poenika, tetéla sanget sadaja kawontenan saking djawi ingkang ngéngingi dateng raga, poenika badé saged toemabet sarta tjoemiṭak wonten ing djiwa, ingkang saladjengipoen badé dados watak oetawi tenaga. Pramila sawenèh saking pratikelipoen anggoela - wentah djiwa, poenika kedah ndjagi loemebetipoen prakawis - prakawis saking djawi ingkang sakinten badé adamel bibrahing djiwa waoe. Lan kedah nglebetaken prakawis - prakawis ingkang saged badé adamel saénipoen.

Wondéné arah - arahipoen gagandénganing nafsoe kalia badan (djiwa lan raga) waoe, kénging katerangaken makaten: Nafsoe *Nathiqah*, poenika papan oetawi pirantosipoen sirah (oetak). *Ghadlab*, manah (djantoeng). Lan *sja h w a t*, padaran (wadoek).

→ mel amangsah perang, meksa inggih boten badé kesoepèn dateng pekerti moelja lan watak oetama waoe. Pramila menawi perloe perang, perangipoen boten soemedija badé ngrebat oetawi ngoepados kamompjoran toewin kadradjatan, ananging saloegoe namoeng badé ngedegaken barang leres saha njirnakaken pandamel sija lan tindak sawenang - wenang.

Kados makaten katrangan sesifatanipoen nafsoe Moethmainnah (djiwa ingkang sampoen tata tentrem aboedi wening), kadosta djiwanipoen para Andika Nabi; langkoeng - langkoeng Goesti panoetan Kangdjeng Nabi Moehammad s. a. w.

Kat r a n g a n :

Kekijatanipoen 'a q a l poenika manawi kaprintji-printji wonten gangsal warni, inggih poenika: 1, 2, kawastanan ch a i j a l lan h a f i d z a h (pantja - maja lan kang roemeksa). 3, 4, w a h a m lan d z a k i r a h (kança, tjipta lan éling). Déné 5 ipoen, f i k i r (angen - angen).

C h a i j a l, poenika kekijatan ingkang saged nampi gegambaranipoen sadéngah ingkang kinasat ing pantja - ndrija. H a f i d z a h, ingkang njimpen gambaran waoe. Artosipoen makaten: Samoekawis ingkang sampoen naté kinasat ing pantja - ndrija, poenika gambaranipoen saged toemabet ing ch a i j a l (pantja - maja). Oepaminipoen tijang soemerep satoenggiling grija, ing rikoe sanadyan mripatipoen sampoen dipoeneremaken oetawi grijanipoen sampoen sirna, éwa - samanten grija waoe taksih saged goemambar tjeça wonten ing pantja - maja. Lan gambar waoe ladjeng kasimpen déning hafidzah (ingkang roemeksa); samangsa perloe saged kawedalaken tjoemita malih wonten ing pantja - maja.

W a h a m, poenika kekijatan ingkang saged ngança - ança gegambaranipoen samoekawis ingkang boten oetawi dèrèng naté kinasat ing pantja - ndrija. D z a k i r a h, ingkang njimpen gambaran waoe. Oepaminipoen, kadosta tijang badé adamel grija, ing rikoe sadèrèngipoen dipoentandangi, mesti gegambaraning grija waoe sampoen goemança wonten ing tjipta; ladjeng kasimpen déning dzakirah, jèn perloe saben - saben saged dipoenèngeti.

Dados bédanipoen ch a i j a l lan h a f i d z a h kaliah waham lan dzakirah, poenika namoeng wonten ing empanipoen. Ch a i j a l lan h a f i d z a h kanggé samoekawis ingkang sampoen naté kinasat ing pantja - ndrija; sinareng waham lan dzakirah kanggé sadéngah ingkang dèrèng oetawi boten naté kinasat ing pantja - ndrija.

Déné f i k i r, poenika ingkang kanggé ngoçak - açik nggoçak - nggoçokaken, nenimbang oetawi ngétang - étang sapitoeroetipoen.

Kekijatan warni 5 waoe, toemrap satoenggal - satoenggaling tijang boten sami. Terkaçang wonten tijang ingkang langkoeng kwawi fikiranipoen tinimbang ch a i j a l oetawi élinganipoen. Oetawi kosok - wangsoelipoen. Inggih makaten waoe, kabekta saking béda - bédaning bagas - kasarasanipoen oetawi panggoela - wentahipoen. Oepaminipoen, tijang ingkang manoeh dipoenkoelinakaken namoeng ngafalaken woelangan boten mawi mikir soeraosipoen, poenika élinganipoen badé langkoeng lançep tinimbang ingkang manoehipoen namoeng dipoenlelantih memikir soeraosipoen. Ana-

nging fikiranipoen badé langkoeng keçoel tinimbang ingkang manoehipoen memikir waoe.

Wallaboe a'lam!

AL - IHSAN (KASAÉNAN).

Dawoehing Hadits : —

الْإِحْسَانُ أَنْ تَعْبُدَ اللَّهَ كَأَنَّكَ تَرَاهُ فَإِنْ لَمْ تَكُنْ تَرَاهُ فَإِنَّهُ يَرِيكَ .

Moenggoeh kang diarani kabetjikan, ikoe panembahira ing Allah sarana kondjem, nganti sira kaja adèp-adèpan weroeh ing Pandjenengané.

Déné jèn sira ora bisa weroeh mangkono, ija soemoeroepa jèn Pandjenengané maoe tansah mirsani sira.

TEMBOENG ihsan, poenika asal ma'nanipoen kasaénan (pandamel saé). Déné karsanipoen Hadits ing nginggil, ngondjemaken ibadah (panembah) ing Allah sarana kraos-roemaos sowan ngadèp ing ngarsaniPoen, oetawi kraos-roemaos kapirsanan sasolah-bawanipoen dalah saébah moesiking manahipoen, poenika namoeng sawenèhipoen oetawi pantjèn inggih bakoenipoen pandamel saé.

Kraos-roemaos kados makaten poenika, kadjawi kapréntahaken wonten ing salebeting ibadah, oegi kadawoehaken wonten ing sadajaning tingkah. Tegesipoen, dipoenroemaosana oegi bilih sasolah-tingkahing para manoesa lahir-batos, awon-saé, wonten ing pasepèn toewin praméjan, poenika tansah inggih kapirsanan ing Allah Goesti Ingkang Mahawikan. Lan wira-wirining manoesa ngalèr-ngidoel, ngétan-ngilèn, poenika sajektosipoen sami mider-mider wonten ing ngarsanipoen Allah Ratoe Ingkang Mahaagoeng. Lan malih manoesa waoe badéja boedi dikados poenapa, oetawi badéja mladjar dateng poendi kémawon, mesti inggih boten badé saged ontjat saking pangwasanipoen Allah Ingkang Mahakwasa; ananging tansah ringem ing ngastaniPoen boten saged mroetjoet. Dawoehing Al-Qoerân:—

هُوَ الَّذِي خَلَقَ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضَ فِي سِتَّةِ أَيَّامٍ ثُمَّ اسْتَوَى عَلَى الْعَرْشِ . يَعْلَمُ مَا يَلِجُ فِي الْأَرْضِ وَمَا يَخْرُجُ مِنْهَا وَمَا يَنْزِلُ مِنَ السَّمَاءِ وَمَا يَعْرُجُ فِيهَا وَهُوَ مَعَكُمْ أَيْنَمَا كُنْتُمْ . وَاللَّهُ بِمَا تَعْمَلُونَ بَصِيرٌ .

Pandjenengané (Allah) Pangéran Kang woes nitahaké pirang-pirang langit lan boemi ana ing enem dina (mangsa), bandjoer Pandjenengané nglenggahi'arasjé (kratoné). Pandjenengané ngawoeningani sabarang kang mleboe ing boemi lan kang metoe saka ing kono, lan sadéngah kang temoeroen saka ing langit lan kang moenggah ing kono. Lan Pandjenengané maoe tansah nartani sira kabèh ana ing ngendi waé ananira. Lan Allah maoe mirsani apa kang pada koklakoni. (Al Hadid: 5).

Dados dawoehing Hadits mréntahaken kondjem wonten ing salebeting 'ibadah, poenika minangka dados panglantihing manah soepados saged kondjem oegi wonten ing sadjawinipoen (sateroes-teroesipoen), boten namoeng wonten ing salebeting 'ibadah kémawon.

Awit, kondjem (kraos - roemaos kados makaten waoe), poenika pantjèn sawenèh saking 'amaling manah, 'amal bangsa raos ingkang minangka dados widjining sadaja 'amal kasaénan lan watak kaoetaman. Pramila saking dawoeh ihsan waoe ladjeng toewoeh pinten - pinten piwoelang 'saé lan pakerti moelja.

PIWOELANG SAÉ LAN PAKERTI MOELJA.

KADOS ingkang sampoen goemelar wonten ing 'alaming para manoesa, pakerti poenika wonten ingkang saé lan wonten ingkang awon. Lan inggih pakerti saé poenika ingkang dados dasar kawiloedjenganipoen gesang masjrakat lan gesangipoen tijang pijambak - pijambak. Lan pakerti awon waoe, ingkang minangka dados wisa oetawi sesakitipoen gesang masjrakat lan gesangipoen tijang pijambak - pijambak.

Pakerti saé, kadosta: kendel, perwira, bér-boedi lan artis sapanoenggilanipoen, poenika terkadang toemrap sawenèhing tijang wonten ingkang saged kadoenoengan tanpa mawi dipoentoentoen oetawi dipoenlanti. Artosipoen, pantjèn sampoen tjoemitak oetawi kewatak wiwit alit mila, moehoeng noegraha paparingipoen Allah Ingkang Mahaloma. Ananging ingkang makaten waoe inggih namoeng sakedik sanget, kadosta para Andika Nabi, choesoesipoen Kandjeng 'Nabi Moehammad s.a.w. Déné ingkang kañah, sagedipoen gadah pakerti saé waoe kedah mawi dipoentoentoen lan dipoenitik - itik saking sakedik toer kedah dipoenpersoedi jektosan.

Béda kaliaan pakerti awon, kadosta: djirèh, mbloebloed, medit lan bodo sasaminipoen, poenika limrahipoen sadaja tijang sami kanggènan, nadyan boten sami kawoelang; amargi kabekta sami remen noeroeti hawa - nafsoenipoen ingkang ngadjak dateng ma'sijatan, oetawi katoelaran saking kantja - kantjanipoen oetawi kekempalanipoen ingkang sami oegal - oegalan; oetawi sabab saking dajanipoen babrajan awon ingkang mengkoe ing rikoe. Awit pakerti awon waoe scemrambah ing saenggènggèn sarta watakipoen tijang kañah ingkang limrah sami awon. Pramila saking poenika, wonten ing gesang sasrawoengan, kanggé ndjagi kawiloedjengan saha tata - tentremipoen, perloe sanget kedah dipoenwonteni woetjalan Agami sarta angger ingkang djedjeg winengkoe ing pangwasa ingkang 'adil, soepados saged ngle-resaken oetawi njaèkaken pakertinipoen tijang ingkang boten lefes lan boten saé, sarta kanggé ndjagi watak toewin pandamelipoen tijang ingkang awon.

WARNI - WARNINING PIWOELANG SAÉ
TOEWIN PAKARTI MOELJA.

ING rèhning wontenipoen piwoelang saé lan pakerti moelja poenika katjah sanget, pramila moerih sampoen ngantos kepandjangan, ing riki namoeng badé dipoenterangaken ingkang bakoe - bakoe toer ingkang adakan kémawon; inggih poenika:

PIWOELANG 1.

Dawoehing Al-Goerän s. Al-Baqarah: 177:—

لَيْسَ الْبِرُّ أَنْ تُولُوا وُجُوهَكُمْ قَبْلَ الْمَشْرِقِ وَالْمَغْرِبِ وَلَكِنَّ الْبِرَّ مَنْ آمَنَ بِاللَّهِ
وَالْيَوْمِ الْآخِرِ وَالْمَلَائِكَةِ وَالْكِتَابِ وَالنَّبِيِّينَ وَآتَى الْمَالَ عَلَى حُبِّ ذَوِي الْقُرْبَى
وَالْيَتَامَى وَالْمَسَاكِينِ وَابْنِ السَّبِيلِ وَالسَّائِلِينَ وَفِي الرِّقَابِ وَأَقَامَ الصَّلَاةَ وَآتَى
الزَّكَاةَ وَالْمُوفُونَ بِعَهْدِهِمْ إِذَا عَاهَدُوا وَالصَّابِرِينَ فِي الْبَأْسَاءِ وَالضَّرَّاءِ وَحِينَ
الْبَأْسِ أُولَئِكَ الَّذِينَ صَدَقُوا. وَأُولَئِكَ هُمُ الْمُتَّقُونَ.

Kang diarani kabetjikan, ikoe doedoe moeng anggonira pada ngadepaké rabi-rabinira ngéblat mangétan lan mangoelon tok, anangíng kang diarani betjik maoe, wong kang ngandel ing Allah lan dina achir lan para Malaikaté lan kitabé lan para Nabiné. Lan gelem mèwèhaké bandané toer ija demen ing banda maoe, diwèhaké marang sanak - sadoeloeré lan botjab-botjab jatim lan wong - wong miskin lan anak - dalan (wong leloengan) lan wong kang pada ndjedjaloe, lan kanggo neboesi kaboedakan. Lan gelem ngedegaké salat lan bajar zakat. Apadéné pada toehoe ing djandjiné manawa pada perdjandjian. Lan pada sabar ano ing kemlaratan lan kabilaèn lan nalikané perang roeket. Wong kang mangkono maoe, wong kang pada ngoegemi Agamané, lan wong kang mangkono maoe jaikoe wong kang pada wedi (soemoengkem) ing Allah.

Dawoehing ajat ing nginggil poenika, mengkoe piwoetjal bab iman oetawi 'aqaid (beboendelaning manah); inggih poenika: Ma'rifat ing Allah, iman ing dinten achir dinten adeging pangadilaniPoen, pitados ing para Malaikat kakasihPoen, angéstokaken kitab dawoeh pangandikaniPoen toewin mitoehoe ing para Nabi oetoesaniPoen.

Lan ngewrat dawoeh lo ma bèr-boedi poeroen dedana. Toewin dawoeh 'ibadah angedegaken salat lan bajar zakat. Poenapadéné wawarah pakerti moelja toehoe ing djandji toewin sabar kwawi nampi tjobi sarta nindakaken dawoehing Pangéran.

Katragan :

MA'RIFAT ING ALLAH.

TEGESIPOEN ma'rifat (doenoeng, wanoeh) ing Allah, poenika ngakeni sarta mangertosi sarana jaqin boten mawi mamang malih dateng dzat, sifat lan af'alipoen (wontenipoen, sifatipoen toewin pendamelipoen) Allah Pangéran Ingkang nitahaken. Dawoehing Al-Qoerân:—

أَفِي اللَّهِ شَكُّ فَاطِرِ السَّمَوَاتِ وَالْأَرْضِ؟

Apa isih ana mamang manéhta, bab anané Allah Pandjenengané Kang nitahakè pirang-pirang langit lan boemi?
(Ibrahim : 10).

Mitoeroet oeroeting piwoelang, ma'rifat ing Allah waoe dados kwadjiban ingkang wiwitan kedah dipoensoemerepi roemijin pijambak. Awit, inggih ma'rifat (doenoeng) ing Allah waoe, ingkang dados witipoen sadaja woelangan, lan badé dados widjining sadaja 'amal kasaénan toewin watak kaoetaman, kados ingkang sampoen kapratélakaken tjeṭa-terang wonten ing dawoeh bab Ihsan.

Wondéné marginipoen badé ma'rifat (wanoeh) ing Allah waoe, langkoeng roemijin kedah njinaoe bab roekoen Iman sadalil-dalilipoen pisan, ingkang kapendetaken saking dawoeh-dawoehing Al-Qoerân oetawi Hadits sarta lampahing fikiran. Ladjeng dipoentoetoeti sarana nindakaken 'ibadah salat, zakat, sijam, minggah hadji jèn kwasa ngambah marginipoen lan 'ibadah sanès-sanèsipoen ingkang sahah. Tegesipoen, 'ibadah ingkang kaḍawoehaken Al-Qoerân oetawi Hadits, sanès 'ibadah bid'ah. 'Ibadah waoe dipoentindakna ingkang jektosan lan ingkang kondjem temenan, ngantos raosipoen saged roemasoek ing sanoebari soemrambah ing baloeng-soengsoem. Inggih wonten ing rikoe poenika, panggènanipoen ing mangké Allah badé nètèsaken sih-kani'matanipoen ingkang ageng sanget tanpa watesan, sadèrèngipoen maringaken gandjaran swarga langgeng tanpa wangenan.

Tijang ingkang ma'rifatipoen ing Allah waoe sampoen toeman-tjep éstoe wonten ing manah roemesep ing djiwa, poenika gesangipoen badé begdja, mardika sadjatos-djatosing mardika,¹ badé

1. Tegesipoen, sanès mardika ingkang oembaran oetawi oedjan-oedjan anggèga kadjengipoen pijambak; ananging mardika ingkang mangertos kwadjibanipoen, ladjeng poeroen ngerèh awakipoen pijambak nindakaken kwadjiban waoe, boten ndadak mawi ngentosi dipoenrèh tijang sanès.

oetjoel saking sadaja tangsoel ingkang njentjang ing djiwanipoen. Gesangipoen ladjeng padang ndjingglang, tentrem ajem sepen ing sakara - kara. Prasasat sampoen boten wonten lèr - kidoel, wétan - kilèn, ngandap - nginggil, mendak - mendoekoel, asor - loe - hoer, nggombal - soegih, lan boten wonten pait - getir, legi - goerih, bingah - sisah lan saras - sakit; sadaja waoe sami kéwala boten saged nabeti ing manah oetawi djiwanipoen. Djer djiwanipoen pantjèn sampoen resik kalis saking prakawis waoe sadaja.

Moeng manawi kraos kasingkoer ing Allah Goesti Ingkang dipoentresnani, amargi roemaos moerang ing tata nradjang dosa, ing rikoe sawek sisahipoen kepati - pati getoenipoen satengah pedjah; ladjeng kémawon ngonggo - onggong mbrebes - mili, sasambat lan mangadoeh ing Allah Ingkang Pinoedji - poedji. Atoeripoen: „Doeh Allah Goesti Pepoendèn koela! Koela sampoen adamel doerakaning djiwa koela. Manawi Toewan boten paring pangapoenten dateng koela lan ngesibi koela, saéstoe koela badé dados éwonipoen tetijang ingkang tjilaka. Doeh Allah Ingkang Mahangapoera Mahaasib! moegi Toewan ngapoentena lan ngesihana koela!”

Lan tijang ingkang sampoen ma'rifat ing Allah waoe, manahipoen saged aloes lan watakipoen welasan, boten téga lan boten wentala njoemerepi kantjanipoen nandang sangsara oetawi tjintaka, amila ladjeng goemrégah toemandang badé tetoeloeng sarana banda oetawi tenaganipoen. Kados ingkang sampoen kapratélakaken wonten ing ajat nginggil waoe.

Kados makaten, kawontenanipoen tijang ingkang sampoen ma'rifat ing Allah. Pramila piwoelang ma'rifat waoe tansah dados gagajoehan ingkang petingan menggahing para sardjana ingkang marsoedi dateng kasaénan toewin kaoetaman, boten namoeng ngoedi dateng kamompjoran oetawi kadradjatan.

DINTEN ACHIR (WEKASAN).

INGKANG dipoenwastani dinten achir, poenika dinten wiwit pedjahipoen satoenggal - satoenggaling tijang, ngantos doemoegi loemebetipoen ing swarga oetawi naraka.

Kados ingkang sampoen goemelar wonten ing donja, tijang gesang poenika ladjeng sami pedjah. Lan ingkang dèrèng, inggih sampoen sami roemaos jèn ladjeng badé pedjah. Sasampoenipoen pedjah waoe ladjeng manggèn ing 'alam Barzach.² Lan béndjing ing dinten qijamat, badé dipoengesangaken malih perloe badé katiti - priksa lampah - lampahipoen nalika gesang wonten ing

2. Barzach poenika ma'nanipoen aling - aling oetawi antawis. Dados tegesipoen 'alam barzach, poenika 'alam aling - aling oetawi 'alam antawis. Inggih poenika ingkang ngaling - alingi oetawi ngantawisi 'alam donja lan achirat. Lan asring dipoenseboet 'alam qoeboer.

donja.³ Ing ngrikoe sinten ingkang pinanggih moe'min sarta kaṭah 'amalipoen kasaénan, badé kalebetaken swarga sowan ing ngarsaning Pangéran sarana rena toer karenan. Lan sinten ingkang pinanggih kafir oetawi kaṭah dosanipoen, badé katjem-ploengaken naraka kapatrapan siksa ingkang sanget awratipoen. Dawoehing Al - Qoerān :—

كُلُّ نَفْسٍ ذَائِقَةُ الْمَوْتِ، وَإِنَّمَا تُوَفَّوْنَ أَجُورَكُمْ يَوْمَ الْقِيَامَةِ، فَمَن زُحِرَ عَنِ
النَّارِ وَأُدْخِلَ الْجَنَّةَ فَقَدْ فَازَ، وَمَا الْحَيَاةُ الدُّنْيَا إِلَّا مَتَاعُ الْغُرُورِ.

Sakabèhé awak bakal ngitjipi pati. Déné sira, sanjata bakal pada digenepi gandjaranira bésoek ing dina qijamat. Lan sa-pa kang didohaké saka naraka sarta dilebokaké ing swarga, bakal begdja temenan. Lan kaeripan donja, ikoe pantjèn kasenangan kang nengsemaké (nglalèkaké). Moela dingati-ati!
(Ali - 'Imran : 185).

قُلْ إِنَّ الْمَوْتَ الَّذِي تَفِرُونَ مِنْهُ فَإِنَّهُ مَلَائِكُمْ، ثُمَّ تَرُدُّونَ إِلَىٰ عَالَمِ الْغَيْبِ وَالشَّهَادَةِ
فَيُنشِئُكُمْ جَمَاعًا كُنْتُمْ تَعْمَلُونَ.

Dawoeha : Sanjata pati kang pada koktinggal mlajoe, mesti bakal noetoeti ing sira. Bandjoer sira bakal pada di sowan-aké marang ngarsané Pangéran Kang ngawoeningani pra-kara ghaib lan katon. Toemoeli sira pada diwartani apa kang woes pada koklakoni.
(Al - Djoem'ah : 8).

إِنَّمَا تَكُونُوا يَدْرِكُكُمْ الْمَوْتُ وَلَوْ كُنْتُمْ فِي بُرُوجٍ مُّشِيدَةٍ.

Sira pada ana ing ngendi waé, mesti sira bakal pada katjan-dak ing pati, nadyan sira ndelik ana ing gedong kang doewoer.
(An - Nisa' : 77).

حَتَّىٰ إِذَا جَاءَ أَحَدَهُمُ الْمَوْتُ قَالَ رَبِّ ارْجِعُونِ، لَعَلِّي أَعْمَلُ صَالِحًا فِيمَا تَرَكْتُ،
كَلَّا إِنَّهَا كَلِمَةٌ هُوَ قَائِلُهَا، وَمِن وَرَائِهِم بَرْزَخٌ إِلَىٰ يَوْمِ يُبْعَثُونَ.

Ing mengko manawa sidji - sidjiné wong kafir woes arep katekanaan pati, bakal moeni : Doeh Pangéran koela! moegi

3. Pramila saking poenika, pediah waoe kawastanan régol oetawi kon-tenipoen 'alam achirat. Oetawi, marginipoen dateng 'alam kasoenjatan.

Toewan mangsoelna koela.— Koela perloe badé nindakaken kasaénan ingkang sampoen koela lirwakaken. O, ora bisa! Sanjata oeni maoe tetemboengan kang bakal dioetjapaké. Ananging sangarepé wong maoe ana aling-aling ('alam Barzakh) toemeka dinané pada ditangèkaké (dioeripaké manèh).

(Al - Moe'minoen : 99,100).

وَنفَخَ فِي الصُّورِ فَصَعِقَ مَنْ فِي السَّمَاوَاتِ وَمَنْ فِي الْأَرْضِ إِلَّا مَنْ شَاءَ اللَّهُ.
 ثُمَّ نَفَخَ فِيهِ أُخْرَىٰ فَإِذَا هُمْ قِيَامٌ يَنْظُرُونَ. - وَأَشْرَقَتِ الْأَرْضُ بِنُورِ رَبِّهَا
 وَوُضِعَ الْكِتَابُ وَجِيءَ بِالنَّبِيِّينَ وَالشُّهَدَاءِ وَقُضِيَ بَيْنَهُم بِالْحَقِّ وَهُمْ لَا يُظْلَمُونَ.
 - وَوَفِّيَتْ كُلُّ نَفْسٍ مَا عَمِلَتْ وَهُوَ أَعْلَمُ بِمَا يَفْعَلُونَ. - وَسِيقَ الَّذِينَ كَفَرُوا إِلَىٰ
 جَهَنَّمَ زُمَرًا، حَتَّىٰ إِذَا جَاؤَهَا فَتَحَتْ أَبْوَابُهَا وَقَالَ لَهُمْ خَزَنَتُهَا أَلَمْ يَأْتِكُمْ رَسُلٌ
 مِنْكُمْ يَتْلُونَ عَلَيْكُمْ آيَاتِ رَبِّكُمْ وَيُنذِرُونَكُمْ لِقَاءَ يَوْمِكُمْ هَٰذَا، قَالُوا بَلَىٰ وَلَكِنْ
 حَقَّتْ كَلِمَةُ الْعَذَابِ عَلَى الْكَافِرِينَ. - قِيلَ ادْخُلُوا أَبْوَابَ جَهَنَّمَ خَالِدِينَ
 فِيهَا. فَبُئِسَ مَثْوَى الْمُتَكَبِّرِينَ. - وَسِيقَ الَّذِينَ اتَّقَوْا رَبَّهُمْ إِلَى الْجَنَّةِ زُمَرًا، حَتَّىٰ
 إِذَا جَاؤَهَا وَفَتَحَتْ أَبْوَابُهَا وَقَالَ لَهُمْ خَزَنَتُهَا سَلَامٌ عَلَيْكُمْ طِبْتُمْ فَادْخُلُوهَا خَالِدِينَ.
 - وَقَالُوا الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي صَدَقْنَا وَعَدَّهُ وَأَوْثَقْنَا الْأَرْضَ نَقْبَهُ مِنَ الْجَنَّةِ حَيْثُ
 نَشَاءُ. فَنِعْمَ أَجْرُ الْعَامِلِينَ. - وَتَرَى الْمَلَائِكَةَ حَافِينَ مِنْ حَوْلِ الْعَرْشِ يُسَبِّحُونَ
 بِحَمْدِ رَبِّهِمْ، وَقُضِيَ بَيْنَهُم بِالْحَقِّ وَقِيلَ الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ.

Lan samangsa semprong (sломprèt) woes sineboel, ing kono titah kang ana ing pirang-pirang langit lan boemi bakal mati kabèh, kadjaba kang dikarsakaké ing Allah. Bandjoer semprong maoe sineboel manèh; nalika ikoe, titah maoe pada tangi lingak-lingoek ndedeleng kiwa-tengené.— Lan boe-

miné woes padang ndjingglang déning noéré (tjahjané) Pangérané, lan kitab tjatjatetaning 'amal woes tjoemawis, apadéné para Nabi lan saksi - saksi woes pada ditekakaké; ing kono prakara antarané para manoesa bakal dihoekoemi (dipoetoos) sarana bener; lan ora pada dikaniaja (ditjahak) saçtik waé.— Lan sakabèhé awak bakal pada ditetepi (digenepi) pitoewasé 'amal kang woes pada dilakoni. Lan Pandjenengané (Allah) ngawoeningani apa kang pada ditan-dangi.— Lan wong kang pada kafir bakal digiring menjang naraka Djahanam roeroentoengan. Ing mengko jèn woes arep pada tekan ing Djahanam maoe, noeli lawang - lawangé diboekak, lan Malaikat kang ndjaga ndangoe marang wong waoe: Apa sira ora pada karawoehan para oetoesané Allah golongané awakira, kang pada matjakaké ajat - ajaté Pangéranira marang sira lan pada mepélingi sira bakal katemoe ing dinanira iki? Atoéré: Inggih karawoehan! Ananging çawoeh paniksa dateng para tetijang kafir sampoen tetep (poetoos).— Toemceli diçawoehi: Saiki pada mleboea lawang - lawangé naraka Djahanam, pada langgeng manggon ana ing kono. Moela ala banget papané wong kang pada goemedé.— Déné wong kang pada wedi ing Pangérané bakal diirid menjang swarga dedampjakan. Ing mengko manawa woes arep pada tekan ing swarga maoe, sarta lawang - lawangé woes diboekak lan Malaikat kang roemeksa moeni (mbagèkaké) marang wong maoe: O, wiloedjeng sampéjan sadaja! sampéjan tijang saé - saé. Mangga samia mlebet ing swarga, manggèn salami - laminipoen.— Lan wong maoe pada memoedji: Sadaja pangalembana kagoenganipoen Allah Inggang sampoen netepi djandjinipoen dateng koela lan sampoen paring boemi dateng koela wonten ing swarga, ingkang badé koela nggèni saseneng koela. O, saéba ni'mat banget gandjarané wong kang pada nindakaké 'amal kabetjikan.— Lan sira bakal ndeleng para Malaikat pada ngoebengi ana ing sakoebengé 'Arsj, pada memoedji sarana ngoendjoekaké pangalembana ing Pangérané. Lan dèwèké maoe oega bakal dipoetoesi prakarané sarana bener; lan bakal matoer: Sadaja poedji kagoenganipoen Allah Pangéraning 'alam sadaja.

(Az - Zoemar : 68 - 75).

Kados makaten dawoeh - dawoehing Al - Qoerân sawatawis ingkang mratèlakaken bab kawontenanipoen dinten achir. Samangké, ladjeng poenapata ingkang kawastanan pedjah poenika?— Kanggé mangsoeli pitakèn poenika, kados boten wonten malih djawaban ingkang langkoeng tjeça, tjekak toer goemaçok, kadjawi: „Pedjah poenika kosok-wangsoelipoen gesang”. Menggah dipoenterangaken sawatawis, makaten: Inggang kawastanan pedjah poe-

nika ontjatipoen soekma saking badan. oetawi djiwa saking raga. Ing riki ladjeng wonten pitakèn: „Soekma poenika poenapata?”.

Ing rèhning soekma waoe kalebet bangsa ghaib (aloes boten saged kinasat ing pantja-ndrija), boten saged badé dipoengrajangi, kados poenapa woedjoedipoen lan wonten ing poendi doemoe-noengipoen sapitoeroetipoen, sagedipoen namoeng dipoenraosaken dajanipoen inggih poenika raos sadjatining gesang. Pramila kanggé mangsoeli pitakèn waoe, ingkang prajogi namoeng kantoen ndèrèk poenapa sadawoehing wahjoe ingkang nerangaken prakawis soekma waoe. Dawoehing Al - Qoerân makaten:—

وَيَسْأَلُونَكَ عَنِ الرُّوحِ، قُلِ الرُّوحُ مِنْ أَمْرِ رَبِّي، وَمَا أُوتِيتُمْ مِنَ الْعِلْمِ إِلَّا قَلِيلًا.

Moehammad! Wong - wong pada pitakon ing sira prakarané roeh (soekma), wangsoelana: Roeh maoe prakarané Pangérankoe pijambak. Lan sira ora pada diparingi 'ilmoe, kadjaba moeng satitik. (Al - Isra' : 85).

Dados saking dawoehing Al - Qoerân poenika, saged kapendet soeraosipoen, bilih manoesa poenika boten saged badé mangertosi sadjatosipoen soekma waoe, amargi 'ilmoe paparinging Pangéran dateng manoesa namoeng sakedik sanget: dados boten saged gadoek manawi badé kanggé nggajoe sadjatosing soekma waoe. Déné sagedipoen namoeng kanggé njoemerepi kados-poendi menggah badé lalampahanipoen sasampoenipoen ontjat saking badan waoe. Lan inggih poenika ingkang prajogi.

Kados ingkang sampoen kapratélakaken ing nginggil, tijang poenika manawi sampoen pedjah ladjeng manggèn ing 'alam Barzach. Samangké kawoeningana: Wonten ing Barzach, tijang waoe sampoen saged ngraosaken bingah lan sisah. Tijang ingkang begdja badé mlebet ing swarga, ing rikoe sampoen saged ngraosaken siliripoen lan gandanipoen ingkang sakalangkoeng aroem lan sedep. Lan tijang ingkang tjilaka badé katjemploengaken ing naraka, inggih sampoen kraos bentèr ngantar-antar saking soemoebing latoe naraka waoe. Inggih kados makaten poenika sawenèh ingkang sok dipoenwastani ni'mat lan siksa qoeboer.

Awit saking poenika, tijang ingkang nalika gesangipoen marifat sarta tresna lan soemoengkem ing Allah, pedjah poenika dados kabingahan lan senengipoen. Djalara pedjah waoe kadjawi badé adamel sakétja lan ni'matipoen, oegi badé dados marginipoen kaleksanan anggènipoen sampoen dangoe tansah tjetjengkloengan kepéngin badé sowan pinanggih ing ngarsaning Allah Goesti Benderanipoen. Déné toemrapipoen tijang ingkang nalika gesangipoen ambek boten ngrèwès ing Allah Pangéran Ingkang nitahaken, pedjah waoe badé adamel sisah lan sangsaranipoen ingkang ageng sanget. Awit, pedjah waoe kadjawi badé adamel sakit lan ngreka-

osipoen, oegi badé misahaken pijambakipoen kalia kasenenganipoen ingkang wonten ing donja, ingkang sanget dipoenremeni lan dipoentresnani; poenapadéné pedjah waoe badé meksa pijambakipoen kasowanaken ngadep ing pangadilaning Allah Ratoe Ingkang Mahaagoeng, sarana nampi bebendoe lan dedoekaniPoen. Doeh saéba badé nalangsa lan getoenipoen.

Tjobi kagaliha : Tijang poenika manawi sampoen pedjah, dji-simipoen toemoenten kaqoeboer wonten ing siti; boten watawis dangoe ladjeng risak bosok dados sét. Sadaja darbèkipoen (banda, radja-brana, radja-kaja lan grija sasaminipoen) ingkang sanget dipoenremeni lan dipoenemi-emi, sami katilar sadaja dados banda waris. Banda waris waoe jèn boten kaleresan saged kanggé rebantan dados prakawis. Lan anak sémahipoen ingkang sanget dipoenkasihi lan dipoentresnani, poenapadéné sanak-sadèrèkipoen toewin mitra-mitranipoen ingkang dipoentjotjoki lan dipoensenengi, oegi sami katilar sadaja. Saladjengipoen, tetijang ingkang sengit sami bingah lan ingkang remen sami sisah.

Samangké ladjeng kados poendi poen soekma ingkang nilar lalampahan kados makaten poenika? Doeh para maos! Kawoeningana: Manawi soekma waoe boten anggadahi iman ingkang leres lan 'amal kasaènan ingkang jektos, èstoe gesangipoen badé sangsara lan nalangsa sanget, badé kadoengsang-doengsang ngalèr-ngidoel mamak noendjang-noendjang. Dawoehing Al-Qoerän: —

ومن اعرض عن ذكرى فان له معيشة ضنكا ومحشره يوم القيامة اعمى .
 قال رب لم حشرتني اعمى وقد كنت بصيرا . قال كذلك اتتك اياننا فنسيتها ،
 وكذلك اليوم تنسى . وكذلك تجزي من اسرف ولم يؤمن بايات ربه .
 ولعذاب الآخرة اشد وابقي .

Lan sapa kang mléngos saka wawarahingSoen, mesti bakal nempoeih oerip rekasa, lan bésoek dina qijamat bakal Soen oeripaké manèh sarana woeta. — Dèwèké bakal sasambat matoer: Doeh Pangéran koela! kadospoendi teka Toewan anggesangaken koela woeta? Ing mangka soewaoenipoen koela poenika saged woeninga. — Dawoehing Pangéran: Ija kaja mangkono! Awit sira woes katekanaan ajat-ajatingSoen, moeng koklirwakaké waé. Lan dina saiki sira genti dilirwakaké ija kaja mangkono ikoe. — Lan kaja mangkono, Ingsoen bakal males wong kang latjoet lan ora gelem ngéstkaké

ajat-ajating Pangérané. Lan sajekti, siksa achirat ikoe pantièn abot banget lan langgeng banget. (Thá Há: 124 - 127).

Lan malih kawoeningana: Menggah sanépaning gesang wonten ing donja, poenika kadosdéné oepaminipoen tetijang sami noempak baita,¹ anoedjoe dateng satoenggaling djagad ing mantja, ingkang dèrèng naté kaambah oetawi kasaba.² Ing sanglebeting baita waoe isi pinten-pinten kasoekan toewin tetedan ingkang roepi-roepi.³ Lan ing rikoe oegi, wonten sesepoeh i. p. dioeroe naséhatipoen ingkang sanget waskita sidik premana⁴ toer welas asih dateng tetijang waoe sadaja. Pandjenenganipoen saben-saben angoe-wœh-oewoeh doemateng tetijang kañah paring naséhat,⁵ sampoen ngantos sami kasoepèn prakawis anggènipoen badé pindah manggèn ing djagad mantja ingkang sakalangkoeng gawat waoe; soepados samia tata-tata lan samekta njañjakaken barang-barang oetawi sangoe ingkang perloe kanggé gesang wonten ing ngriko.⁶ Soepados gesangipoen waoe saged sakétja, seneng ajem lan tentrem.⁷ Awit manawi boten tjatjawis langkoeng roemijin kados makaten, ing mangké gesangipoen badé kaloenta-loenta sangsara salaminipoen.⁸ Djalaran ing rikoe sampoen boten wonten wekdal ingkang kénging kanggé ichtijar malih.

Ananging tetijang waoe ingkang kañah boten poeroen ngrèwès dateng pitoetoer saé waoe, malah sami ngétjé lan maiben. Sami ngolot-ngolotaken, nggegoedjeng, ngempreti lan mabeni saka-djeng-kadjeng. Namoening sami kasengsem soeka-soeka, boedjana, djedjogèdan lan dèdangsan sapitoeroetipoen. Lan sami katoengkoel rerebatan tjatoe tetedan lan ombèn-ombèn sasaminipoen, ngantos saged noewoehaken, kekerangan lan pepedjahan sarta adamel risaking barang-barang lan mawoeting tetedan waoe.

Ing mangka badéja dipoenétjé lan dipoenpaiben dikados poenapa kémawon, sadjatosipoen salebeting sami kados makaten waoe, poen baita tansah mlampah teroes moeroegi papan ingkang dipoentoedjoe, boten mawi moendcer oetawi kèndel sake-dap kémawon, pramila inggih ladjeng badé doemoegi. Lan baita waoe manawi sampoen badé doemoegi ing panggènan ingkang dipoentoedjoe waoe, ing rikoe badé katempoeh ombak ingkang sakalangkoeng ageng saking kiwa-tengen anggegirisi sanget. Poen baita toemoenten gondjang-gandjing boten kanten-kantenan, ladjeng kabentoes ing karang; wasana petjah ambjar dados sawalang-walang.⁹ Tetijanganipoen sami glagepan katjemploeng ing seganten, kaontang-antingaken ombak kaoentjalaken ing daratan, inggih poenika papan ingkang dipoentoedjoe, boelak ingkang saka-

1. 'Alam donja. 2. 'Alam achirat. 3. Isining donja ingkang mawarni-warni poenika. 4. Para Andika Nabi. 5. Inggih poenika piwoelang Agami. 6. Iman lan 'amal kasaénan. 7. Manggèn ing swarga langgeng. 8. Katjemploeng ing naraka. 9. Inggih poenika dinten qijamat risaking donja.

langkoeng wijar, ingkang sanget bentèri-poen makantar - kantar.¹⁰ Ing rikoe sadaja tetijang waoe kakempalaken dados satoenggal, perloe badé dipoenpirsa lampah lampahipoen lan dipoenadili prakawisipoen déning Pangéran. Dawoehing Al - Qoerän :—

يا ايها الانسان انك كادح الى ربك كدحا فملاقيه. فاما من اوتي كتابه بيمينه.
فسوف يحاسب حسابا يسيرا. وينقلب الى اهله مسرورا. واما من اوتي
كتابته وراء ظهره. فسوف يدعو ثورا. ويصلي سعيرا. انه كان في اهله
مسرورا. انه ظن ان لن يحور. بلى ان ربه كان به بصيرا.

E, éling manoesa! Sanjata sira ikoe sadjatiné loemakoe temenan marani Pangéranira, bandjoer bakal ngadep ing ngarsané.— Ing kono sapa kang pinaringan kitab tjatetané lakoené ditampani nganggo tangané tengen,⁴ mesti bakal dipriksa prakarané sarana pepriksan kang majar.— Lan bakal bali koempoel karo ahliné (anak - bodjoné) ana ing swargá sarana boengah.— Déné sapa kang pinaringan kitab tjatetané lakoené dioengkoeraké ana ing saboeriné gegeré,⁵ mesti bakal sesambat tjilakané awaké.— Lan bakal katjem-ploeng naraka kang moelad - moelad.— Awit dèwèké nalika ana ing donja, oeripé ana ing ahliné moeng soeka-soeka waé.— Dèwèké ngira jèn ora bakal dioeripaké manèh.— Mangka njatané ija! Sanjata Pangérané tansah mirsani dèwèké.

(Al - Insjiqah : 6 - 15).

MALAIKATING ALLAH.

PARA Malaikat poenika titahing Allah bangsa roehani oetawi ghaib (aloes boten pinantja - ndrija). Pijambakipoen boten mawi semplah lan djelèh tansah sami 'ibadah saha memoedji ing Allah Ingkang Mahaberkah. Malaikat waoe tjatjahipoen kaçah sanget, pangkatipoen roepi² lan pandamelanipoen mawarni-warni; wonten ingkang dados oetoesan maringaken wahjoe dateng para Andika Nabi, wonten ingkang dados djoeroe njateti sadaja 'amaling para manoesa, wonten ingkang kapatah ndjaboet njawa lan taksih wonten sanès - sanèsipoen malih. Dawoehing Al - Qoerän :—

10. Ara - ara Mahsjar. Déné régol oetawi kontenipoen, inggih poenika pedjah.

4. Tegesipoen, gita sanget sabab saking bingah lan senengipoen, margi soemerep tjatetaning lampahipoen pinanggih saé.

5. Artosipoen, sisah lan wirang sanget boten wentala badé ningali kitab waoe, amargi mangertos bilih tjatetaning lampahipoen awon.

njaŕeti lampah - lampahing para manoesa, lan wonten oegi ingkang kapidji andjaboet njawa. Dados dawoehing ajat waoe mengkoe teges oegi, bilih gesanging para manoesa poenika tansah dipoenawasaken sarta dipoentjaŕeti sadaja lampah - lampahipoen déning para Malaikat, ngantos doemoegi ing pedjahipoen. Sasampoenipoen pedjah badé kasowanaken ing ngarsaning Allah, perloe dipoenadili prakawisipoen.

Lan para Malaikat waoe sami tresna lan remen dateng tetijang ingkang sami ma'rifat sarta soemoengkem ing Allah lan poeroen ngroengkebi Agaminipoen. Dawoehing Al - Qoerân :—

ان الذين قالوا ربنا الله ثم استقاموا تتنزل عليهم الملائكة الا تخافوا ولا تحزنوا وابشروا بالجنة التي كنتم توعدون. نحن اولياؤكم في الحياة الدنيا وفي الآخرة، ولكم فيها ما تشتهى انفسكم ولكم فيها ما تدعون. —
 نزلا من غفور رحيم.

Sanjata, wong kang pada moeni : Pangérankoe ikoe Allah. Bandjoer dèwèké pada gelem soemoengkem, bakal pada katoeroenan para Malaikat lan dioenèni : Sira adja pada kwatir lan adja pada soesah, ananging pada boengaha bakal manggon ing swarga kang woes didjandjèkaké ing sira. — Déné akoe para Malaikat, dadi mitranira ana ing kaoeripan donja lan achirat. Lan ing kono sira bakal pada katoeroetan apa kang dadi pepénginanira, lan ana ing kono oega sira bakal pada kaleksanan apa kang dadi pangadjab-adjabira. — Mangkono ikoe ni'mat paparing saka ngarsané Pangéran Kang Mahangapoera Mahaasih. (Foessilat : 30 - 32).

Dawoehing ajat poenika anerangaken sarana tjeta, bilih tetijang ingkang sami temen - temen ma'rifat sarta soemoengkem ing Allah, poenika gesangipoen wonten ing donja lan achirat badé dipoenkantjani para Malaikat kakasihing Allah. Tegesipoen, sadaja tindakipoen ingkang saé - saé badé dipoenbantoe lan dipoenpitoeloengi déning para Malaikat waoe. Lan béndjing wonten ing achirat badé nampi gandjaran swarga éndah ingkang sakalangkong ni'mat. Sadaja ingkang dados pepénginanipoen badé saged katoeroetan, lan ingkang dados pangadjab-adjabipoen sowan ngadep ing ngarsaning Allah sarana rena toer karenan, inggih badé kaleksanan. Doeh ! saéba ni'mat lan senengipoen.

KITABING ALLAH.

INGKANG kawastanan kitabing Allah, poenika wahjoe dawoehiPoen ingkang kawedaraken dateng para Andika Nabi oetoesaniPoen. Dawoehing Al - Qoerän :—

الر . كِتَابٌ أَنْزَلْنَاهُ إِلَيْكَ لِتُخْرِجَ النَّاسَ مِنَ الظُّلُمَاتِ إِلَى النُّورِ بِإِذْنِ رَبِّهِمْ
إِلَى صِرَاطٍ الْعَزِيزِ الْحَمِيدِ .

Alief, Lám, Rá'. Al - Qoerän iki, kitab kang Daktoeroenaké marang sira Moehammad ! soepaja sira bisa ngentas para manoesa saka pirang-pirang pepeteng menjang pepadang sarana kaparenging Pangérané; jaikoe marang dedalané Pangéran Kang Mahaoenggoel toer Kang Pinoedji. (Ibrahim : 1).

قُلْ نَزَّلَهُ رُوحُ الْقُدُسِ مِنْ رَبِّكَ بِالْحَقِّ لِيُثَبِّتَ الَّذِينَ آمَنُوا وَهُدًى
وَبُشْرَى لِلْمُسْلِمِينَ .

Dawoeha : Kang noeroenaké Al - Qoerän ikoe Roeh soetji (malaikat Djibril), toemoeroen saka ngarsané Pangéranira angemot kabeneran; perloe kanggo netepaké imané wong kang pada moe'min lan dadi pitoedoeh sarta beboengah toemrapé para wong moeslim. (An - Nahl : 102).

وَأَنَّهُ لَنَزَّلِ رَبُّ الْعَالَمِينَ . نَزَلَ بِهِ الرُّوحُ الْأَمِينُ . عَلَى قَلْبِكَ لِتَكُونَ مِنَ الْمُنذِرِينَ .

Lan sanjata Al-Qoerän ikoe toemoeroen saka ngarsané Pangérané 'alam kabèh.— Tinoeroenaké déning Roeh kang piner-tjaja (Malaikat Djibril).— marang atinira Moehammad ! soepaja sira dadi djoeroe pepéling. (Asj - Sjoe'ara' : 191—193).

Ajat-ajat ing nginggil poenika ndawoehaken sarana tjeṭa, bilih kitab Al-Qoerän poenika wahjoe dawoehing Allah, ingkang dipoen-ampil Malaikat Djibril kadawoehaken dateng Goesti panoetan K. N. Moehammad, angewrat kasoenjatan oetawi kaleresan, soepados kanggé pitedah oetawi toentoenan anggènipoen badé ngentas para manoesa saking djagad pepeteng dateng 'alam pepadang, saking margining sjétan dateng Agaming Pangéran Ingkang Mahaoenggoel toer Pinoedji. Pramila Al - Qoerän waoe wadajib dipoenéstokaken lan dipoenogemi dadawoehanipoen, dipoendèrèk lan dipoenenoet pitedah lan piwoelangipoen. Langkoeng-langkoeng toemrapipoen tetijang ingkang soemedja badé

nggajoeh mari'fat ing Pangéran lan marsoedi kasoenjatan, boten wonten margi malih kadjawi namoeng kantoen ndèrèk pitedah-ipoen kitab Al - Qoerān waoe. Dawoehing Al - Qoerān :--

وَكَذَلِكَ أَوْحَيْنَا إِلَيْكَ رُوحًا مِنْ أَمْرِنَا. مَا كُنْتَ تَدْرِي مَا الْكِتَابُ وَلَا الْإِيمَانُ
وَلَكِنْ جَعَلْنَاهُ نُورًا نَهْدِي بِهِ مَنْ نَشَاءُ مِنْ عِبَادِنَا. وَإِنَّكَ لَتَهْدِي إِلَى صِرَاطٍ
مُسْتَقِيمٍ، - صِرَاطِ اللَّهِ الَّذِي لَهُ مَا فِي السَّمَاوَاتِ وَمَا فِي الْأَرْضِ،
إِلَّا إِلَى اللَّهِ تَصِيرُ الْأُمُورُ.

Lan kaja mangkono oega, Ingsoen woes medaraké wahjoe marang sira Moehammad! saka karsaning Soen pijambak. Sadoeroengé, sira ora soemoeroep, apata kitab Al - Qoerān ikoe? lan ora soemoeroep, apata iman ikoe? Ananging Ingsoen ndadèkaké wahjoe maoe dadi papadang, kang arep Dak enggo noedoehaké kawoelaning Soen kang Dak karsakaké. Lan sanjata sira bakal bisa noedoehaké marang dada-lan kang bener.— Jaikoe Agamané Allah Kang kagoengan sabarang kang ana ing pirang - pirang langit lan sabarang kang ana ing boemi. Sanjata sakabèhing prakara bakal kondjoek marang ngarsané Allah. (Asj - Sjoera: 52, 53).

ANDIKA NABI OETOESANING ALLAH.

PARA Andika Nabi oetoesaning Allah, poenika kawoela kaka-sihi Poen ingkang winedaran wahjoe dawoehi Poen. Wahjoe waoe soepados kadawoehaken saha kawoelangaken dateng oemat-oematipoen, perloe kanggé pitedah anggènipoen badé sami 'ibadah lan mlampah sowan ing ngarsaning Allah. Pandjenenganipoen waoe prijantoen ingkang tjekap aqalipoen, wijar nalaripoen, wening toer loehoer boedinipoen sarta soetji panggalhipoen. Pangandikanipoen temen boten naté dora, tindakipoen djoedjoer boten naté tjoelika, toer setya - toehoe anggalaraken dawoehing wahjoe waoe, nadyan ngantos doemoegining séda, moeng moehoeng karena Allah Goesti Ingkang Mahamoelja.

Pramila saking poenika, pandjenenganipoen wace wadjib dipoenéstokaken piwoelangipoen, dipoendèrèk pitedahipoen lan dipoentoelad watak - wantoenipoen. Dawoehing Al - Qoerān :—

وَمَا تَنْتَهُمُ الرُّسُولَ فَخُذُوا وَمَا نَهَيْكُمْ عَنْهُ فَانْتَهُوا، وَاتَّقُوا اللَّهَ، إِنَّ اللَّهَ شَدِيدُ الْعِقَابِ.

Sadéngah dawoeh kang diparingaké Kangdjeng Rasoel ma-

rang sira, bandjoer pada tampanana, lan sabarang kang dipengingaké ing sira, ija bandjoer singkirana. Lan sira pada wedija ing Allah! Sanjata Allah maoe siksané abot banget. (Al - Hasjr : 7).

قُلْ إِنْ كُنْتُمْ تُحِبُّونَ اللَّهَ فَاتَّبِعُونِي يُحْبِبْكُمُ اللَّهُ وَيَغْفِرْ لَكُمْ ذُنُوبَكُمْ وَاللَّهُ غَفُورٌ رَحِيمٌ. قُلْ أَطِيعُوا اللَّهَ وَالرَّسُولَ، فَإِنْ تَوَلَّوْا فَإِنَّ اللَّهَ لَا يُحِبُّ الْكَافِرِينَ.

Moehammad! Dawoeha: Manawa sira pada demen ing Allah, mara pada ndèrèka akoe; mesti Allah bakal remen ing sira lan bakal paring pangapoerané dosa - dosanira. Awit Allah maoe Mahangapoera Mahaasih. — Dawoeha: Sira pada mba-ngoena - mitoeroet ing Allah lan oetoesané. Déné jèn wong maoe pada mléngos, sanjata Allah ora remen marang para wong akfir. (Ali - 'Imran : 31, 32).

لَقَدْ كَانَ لَكُمْ فِي رَسُولِ اللَّهِ أُسْوَةٌ حَسَنَةٌ لِمَن كَانَ يَرْجُوا اللَّهَ وَالْيَوْمَ الْآخِرَ وَذَكَرَ اللَّهَ كَثِيرًا.

Sajekti sira woes pada ndoewèni tetoeladan kang betjik ana ing lalakoné Kangdjeng Rasoeloellah. Jaikoe toemrapé wong kang kepéngin arep sowan ing Allah, lan ngarep - arep gandjarané ana ing dina achir, sarta akéh élingé ing Allah. (Al - Ahzáb : 21).

Dados sampoen terang saking dawoehing ajat - ajat poenika, bilih tetijang ingkang soemedya badé anggajoeh ma'rifat saha dradjat mahabbah ing Allah, sarta badé ndjangka kabegdjan ing achirat, poenika boten kénging boten kedah napak - tilas margi ambah - ambahanipoen para Andika Nabi langkoeng - langkoeng K. Nabi Moehammad. Awit inggih pandjenenganipoen waoe, para prijantoen ingkang sampoen pinaringan pitedah ing Allah dateng margining woesoel (doemoegi) ing dradjat lan kabegdjan waoe. Dawoehing Al - Qoerān soerat An'am, soeraosipoen makaten: „Dèwèké (para Nabi) maoe wong kang woes pada diparingi pitoedoeb ing Allah. Moelané sira manoeta pitoedoebé”.⁶

6. Dados ingkang nama tijang sampoen ma'rifat lan mahabbah ing Allah, oetawi tijang ingkang sineboet soefie, poenika tijang ingkang tindak - tandoekipoen, solah - bawanipoen saha watak - wantoenipoen ngepleki oetawi inggih ngèmpèri para Andika Nabi lan K. Nabi Moehammad waoe. Tegesi-poen: Ibadahipoen ing Allah, tangkepipoen ing sasami - sami sarta watak lan kalakoeanipoen, trep tjèples oetawi kiranga inggih namoeng sakedik kalian dawoehing Al - Qoerān lan Hadits.

Kados makaten katrangan saha hikmah-hikmahipoen piwoelang iman oetawi 'aqaid (beboendelaning manah) ingkang minangka dados dasar oetawi widjining pakerti moelja toewin pendamel saé.

Mitoeroet dawoehing ajat ing ngadjeng ingkang minangka dados djedjering piwoetjal, sasampoenipoen ajat waoe ndawoehakan piwoelang iman ingkang minangka dados widji waoe, ladjeng ndawoehaken wawarah bab pakerti moelja oetawi pendamel saé ingkang minangka dados oewoh babaranipoen, inggih poenika: 1e. watak loma ambek darma bèrboedi remen dedana. Poeroen ngebèraken bandanipoen ingkang sanget dipoenremeni, perloe kanggé tetoeloeng dateng tetijang ingkang papa, nandang tjintaka, kaloenta-loenta ing mantja, tijang neneda, kanggé neboesi kantjanipoen ingkang dados kawoela oetawi tijang bojongan soepados saged mardika, lan kanggé kaperloeaning Agama. 2e. nglampahi 'ibadah ngedegaken salat, bajar zakat lan sasaminipoen. 3e. djoedjoer temen-toehoe ing djandjinipoen. Lan 4e. sabar kwawi nampi tjobi lan betah nglampahi dawoehing Pangéran.

Katrangan:

PAKERTI LOMA.

LOMA, poenika pakerti moelja lan pendamel ingkang saé sanget. Wonten ing ngarsaning Allah, gandjaranipoen inggih sakalangkoeng ageng saha mikantoeki sanget.⁷ Kosok-wangsoelipoen, medit, pakerti ina lan watak ingkang awon. Béndjing wonten ing achirat, bilahinipoen ageng lan siksaniipoen awrat. Dawoehing Al-Qoerän:—

فَإِذَا مِنْ أَعْطَىٰ وَآتَىٰ، وَصَدَقَ بِالْحُسْنَىٰ، فَسَنِيْسِرُهُ لِلْيَسْرَىٰ، وَأَمَّا مَنْ بَخِلَ
وَاسْتَغْنَىٰ، وَكَذَّبَ بِالْحُسْنَىٰ، فَسَنِيْسِرُهُ لِلْعُسْرَىٰ، وَمَا يُغْنِي عَنْهُ مَالُهُ إِذَا تَرَدَّىٰ—
إِنَّ عَلَيْنَا لَلْهُدَىٰ، وَإِنَّ لَنَا لَلْآخِرَةَ وَالْأُولَىٰ، فَأَنْذَرْتُكُمْ نَارًا تَلَظَّىٰ، لَا يَصْلِيْهَا
إِلَّا الْأَشْقَىٰ، الَّذِي كَذَّبَ وَتَوَلَّىٰ، وَسَيُجَنَّبُهَا الْأَتْقَىٰ، الَّذِي يُؤْتِي مَالَهُ يَتَزَكَّىٰ.

Ana déné wong kang gelem dedana lan wedi ing Allah.—
Lan ngéstokaké ing kabetjikan,— mesti bakal Soen gampanga-

7. Langkoeng-langkoeng toemrapipoen para loehoer, para agoerg, soegih sasaminipoen, poenika wadajib sanget kedah ngagem pakerti loma waoe. Awit inggih loma waoe, ingkang badé dados rerenggan sarta badé saged ngles-tantoenaken toewin nambahi kaloehoeran, kaagoengan saha kamoektènipoen. Djalaan, badé saged moeroegaken kinadjènan sarta sinoejoedan ing ngakatah.

ké ngambah lelakon kang majar (mleboe swarga).— Déné wong kang koemet lan ambek.— Lan maido ing kabetjikan,— mesti bakal Soen gampangaké ngambah lelakon kang rekasa (katjemploeng naraka).— Lan bandané maoe ora bakal bisa migoenani dèwèké, manawa woes nemahi bilahi (pati).— Lan sanjata, nerangaké pitoedoeh ikoe dadi tetanggoenganing-Soen.— Lan donja achirat ikoe pantjèn kagoenganingSoen.— Moelané Ingsoen mepélingi sira kabèh, dingati-ati ing naraka kang moelad - moelad.— Bakal katjemploeng ing kono, wong kang tjilaka.— Jaikoe wong kang maido lan mléngos.— Lan bakal didohaké saka ing kono, wong kang gelem roemeksa.— Jaikoe wong kang gelem ndanakaké bandané perloe kanggo noetjèni djiwanè. (Al - Lail : 5 - 18).⁸

Ingkang dipoenwastani loma poenika poeroen ngebèraken kalangkoenganipoen banda, tenaga, kawroeh oetawi kekijatan sanès-sanésipoen ingkang saged manfa'ati, dipoenbèraken kanggé tetoeloeng dateng tetijang ingkang ketjingkrangan oetawi dateng kaperloean ingkang pantjèn mboe-toehaken dateng kekijatan waoe. Tegesipoen, boten namoeng kanggé dateng prakawis lalangkoengan, kasoekan, lelahan oetawi sanès-sanésipoen ingkang pantjèn boten wonten faidahipoen menggahing Agami; poenapa malih kanggé dateng karisakan oetawi ma'sijatan, poenika waoe boten nama loma ananging malah nama ngebrèh moebadiraken (mboetjal) banda tanpa gina. Menggahing Agami boten kènging lan kalebet lampah dosa. Dawoehing Al - Qoerān:—

وَأَتَّبِعْ فِي مَا آتَاكَ اللَّهُ الدَّارَ الْآخِرَةَ، وَلَا تَنْسَ نَصِيْبَكَ مِنَ الدُّنْيَا، وَأَحْسِنْ
كَمَا أَحْسَنَ اللَّهُ إِلَيْكَ، وَلَا تَبْغِ الْفَسَادَ فِي الْأَرْضِ، إِنَّ اللَّهَ لَا يُحِبُّ الْمُفْسِدِينَ.

Lan ana ing banda peparinging Allah ing sira, nggonen ngoe-paja panggonan ing achirat (swarga). Lan sira, ija adja lali bagéjan (kaboetoehan) ira ing donja. Lan gawéja betjik ing lijan, kaja anggoné Allah woes agawé betjik ing sira. Lan sira adja moerih (gawé) karoesakan ana ing boemi. Sanjata Allah ora remen wong kang pada agawé roesak. (Al - Qasas : 77).

'IBADAH ING ALLAH.

AJAT ing ngadjeng ingkang minangka dados djedjering piwoe-tjal; sasampoenipoen ndawoehaken bab loma remen dedana,

8. Ladjengipoen katrangan prakawis kasaénanipoen loma lan awoning medit toemrap satoenggal - satoenggalipoen tijang lan toemraping gesang masjrakat prajogi mirsanana Poestaka Islam bab zakat.

ladjeng ndawoehaken 'ibadah angedegaken solat lan bajar zakat.⁹

'I b a d a h, poenika ma'nanipoen ngoemawoela oetawinembah. Tegesipoen, inggih poenika soemoengkem ta'loek, toendoek, dedépé sarta ngegoengaken lan ngloehoeraken, ingkang dipoenkantèni raos adjrih ing walat oetawi pangadjeng - adjeng ing berkah lan sawab saking ingkang dipoen'ibadahi.¹⁰

'Ibadah waoe ingkang kagoengan hak dipoen'ibadahi namoeng Allah pijambak. Déné ingkang kwadjiban nindakaken, sadaja titah langkoeng - langkoeng para manoesa. Dawoehing Al - Qoerân :—

وما خلقت الجن والانس الا ليعبدون

Lan anggoning Soen nitahaké djin lan manoesa, ikoe moeng soepaja pada 'ibadaha marang Ingsoen pijambak.

(Adz - Dzarijat : 56).

'Ibadah waoe ingkang bakoe wonten sakawan: Salat, zakat, sijam lan késah hadji. Sekawan waoe wonten ingkang winestanan 'ibadah mahdlah (loegoe, moerni); tegesipoen, boten saged katjeta menggah hikmah oetawi faidahipoen wonten ing lahir. (Artosipoen, namoeng saloegoe sesambetanipoen manoesa kalian Pangéran pijambak, boten ngéngingi dateng sanèsipoen. Inggih poenika sesambetanipoen djiwa oetawi soekma kalian Allah Goesti Pepoendènipoen. Kadosta: Salat lan sijam). Lan wonten ingkang saged katjeta terang faidahipoen, kadosta zakat. Inggih poenika ateges tetoeloeng ing sasami oetawi adamel saéning gesang masjrakat.

Lan saking ingkang bakoe waoe ladjeng toewoeh warni-warnining 'ibadah ingkang minangka dados pangipoen. Oepami-nipoen: Saking salat, toewoeh 'ibadah ndedonga, memoedji, dzikir lan tafakoer sapitoeroetipoen.¹¹ Lan saking zakat, toewoeh 'ibadah qoerban, sidqah, wewèwèh lan tetoeloeng sasami-nipoen. Lan saking sijam, toewoeh wira'i, soemingkir saking

9. Dados tetéla, dawoeh dedana waoe sanèsipoen kewadjiban zakat ingkag patjèn sampoen tinamtokaken tjaranipoen; wekdalipoen lan pambagé-nipoen sapitoeroetipoen.

Lan tambahing katrangan prakawis kekalih poenika, prajogi mirsanana kitab Poestaka Islam bab salat lan zakat.

10. Artosipoen, anggadahi raos oetawi pangèsti jèn ingkang dipoen'ibadahi waoe pantjèn kagoengan daja (pangwasa) ghaib, inggih poenika daja saged malati oetawi njawabi sasaminipoen.

11. Tafakoer, poenika tegesipoen memikir. Inggih poenika nggagas-nggagas doemadosing donja saisi-isinipoen, ingkang toendonipoen soepados saged nambahi ma'rifat ing sifat Kahagoengan, Kasampoernan. Kaéndahan saha Pamoerba-wasesanipoen Allah ingkang anitahaken. Oetawi mikir-mikir lelampahanipoen pijambak, gandèng kalian badé gesangipoen béndjing ing achirat. Tafakoer waoe ageng sanget gandjaranipoen lan katah faidahipoen.

ingkang nama lalangkoengan lan nebihi lelahan, pepabenan sapa-noenggilanipoen ingkang bangsa nenarik dateng oentabing nafsoe sjahwat oetawi ghadlab. Lan saking hadji, toewoeh 'ibadah laboeh ing Agami.¹²

'I b a d a h waoe wonten ing toemindak ing piwoelang tasawoef, kalebet lampah ingkang wigatos sanget. Awit kadjawi pantjèn dados marginipoen badé wanoeh oetawi ma'rifat lan mahabbah ing Allah, oegi 'ibadah waoe minangka dados panggirahing djiwa soepados saged wening lan soetji, saha dados rijadlat (panglantih) ing nafsoe soepados saged minggah doemoegi dradjat moethmainnah. Pramila wonten ing piwoelang tasawoef waoe, lampah 'ibadah poenika dipoenpeng lan dipoenkentjengaken sanget. Boten ngemoengaken ingkang wadjib-wadjib kémawon, ananging dalah sasoenat - soenatipoen pisan inggih dipoengatosaken. Langkoeng-langkoeng ingkang ngéngingi dateng gesanging djiwa, saja dipoenpeng sanget. Kadosta: Salat, memoedji lan tafakoer, sapitoeroetipoen, oetawi sijam, njenjegah lan ngirang-ngirangi saminipoen. Inkgang makaten poenika, pantjèn inggih tjoençoek kalia toentoenanipoen. Dawoehing Al - Qoerān :—

يَا أَيُّهَا الْمَزْمَلُ - قَمِ اللَّيْلَ الْآقْلِيْلًا - نَصْفَهُ أَوْ انْقُصْ مِنْهُ قَلِيْلًا - أَوْزِدْ عَلَيْهِ وَرَتِّلِ
الْقُرْآنَ تَرْتِيْلًا - أَنَا سَنَلْقَىٰ عَلَيْكَ قَوْلًا ثَقِيْلًا - إِنْ نَاشِئَةَ اللَّيْلِ هِيَ أَشَدُّ وَطْأً
وَأَقْوَمُ قِيْلًا - إِنْ لَكَ فِي النَّهَارِ سَبْحًا طَوِيْلًا - وَإِذْ كَرَّمَ اسْمَ رَبِّكَ وَتَبَتَّلْ إِلَيْهِ
تَبْتِيْلًا - رَبُّ الْمَشْرِقِ وَالْمَغْرِبِ لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ فَاتَّخِذْهُ وَكِيلًا .

É sira wong kemoelan ! — Énggal tangia 'ibadaha ana ing wajah bengi, kadjaba moeng sadéla. — Jaikoe saporoné oetawa koerangana sawatara. — Oetawa malah tambahana, lan njetakna watjané Al - Qoerān sarana las - lasan. — Awit Ingsoen bakal medaraké dawoeh kan ganteb marang sira. — Sajekti 'ibadah ana ing wajah bengi maoe bisa ambles banget rasané ana ing ati lan bisa genah watjané. — Sanjata ana ing wajah awan, sira wira - wiri ndoewé panggawéjan. — Lan sira tansah njeboeta asmané Pangéranira, lan ndjoengkoenga temenan 'ibadah marang Pandjenengané. — Pandjenengané maoe Pangérané djagad wétan lan koelon. Ora ana pepoendèn, kadjaba moeng Pandjenengané. Moelané sira pitajaa marang Pandjenengané maoe. (Al - Moezzammil : 1 — 9).

12. Prakawis poenika, katrangan ingkang pandjang mirsanana kitab Poes : taka Hadi bagejan II djilid I bab Poerwaka.

وَمِنَ اللَّيْلِ فَسُجِّدْ بِهِ نَافِلَةً لَّكَ، عَسَىٰ أَنْ يَبْعَثَكَ رَبُّكَ مَقَامًا مَّحْمُودًا.

Lan ana ing sapérangané wajah bengi, nggonen tangi 'ibadah ing Pangéran, minangka dadi gandjaran leloewihan kanggo sira. Moega - moega Pangéranira, bésoek ngoeripaké sira manèh ana ing pangkat kang pinoedji. (Al - Isra' : 79).

أَنَّ الْمُتَّقِينَ فِي جَنَّاتٍ وَعَيْوُنَ - أَخْذِينَ مَا أَنَّهُمْ رَبَّهُمْ، أَنَّهُمْ كَانُوا قَبْلَ ذَلِكَ مُحْسِنِينَ، - كَانُوا قَلِيلًا مِّنَ اللَّيْلِ مَا يَهْجَعُونَ، - وَبِالْأَسْحَارِ هُمْ يَسْتَغْفِرُونَ. -
وَفِي أَمْوَالِهِمْ حَقٌّ لِّلسَّائِلِ وَالْمَحْرُومِ.

Sanjata, wong kang pada wedi ing Allah bakal pada manggon ing swarga lan kali - kali mili ing kono. — Pada nampa gandjaran peparingé Pangérané; awit dèwèké sadoeroengé mleboe ing swarga, maoené woes pada agawé betjik. — Jaikoe nalika ana ing donja, anggoné pada toeroe ing wajah bengi moeng satitik. — Lan saben bengi wektoe saer, dèwèké pada njoewoen pangapoera ing Pangérané. — Lan ana ing prakara bandané, ditamtokaké kanggo mènèhi wong miskin kang ndjedjaloek lan kang ora gelem ndjedjaloek. (Adz - Dzârijat : 15 - 19).

الَّذِينَ يَذْكُرُونَ اللَّهَ قِيَامًا وَقَعُودًا وَعَلَىٰ جُنُوبِهِمْ وَيَتَفَكَّرُونَ فِي خَلْقِ السَّمَوَاتِ
وَالْأَرْضِ، رَبَّنَا مَا خَلَقْتَ هَذَا بَاطِلًا، سُبْحَانَكَ فَقِنَا عَذَابَ النَّارِ.

Kang pada njeboet (éling) ing Allah, nalikané ngadeg lan loenggoeh lan ana ing patoeroné; lan pada memikir ing dalem toemitahé pirang-pirang langit lan boemi. Pada ma-toer: Doeh Pangéran koela! Toewan nitahaken poenika boten moespra. Toewan Mahasoetji! Moegi Toewan ndjag-gia koela saking siksa naraka! (Ali - Imran : 191).

Dawoehing ajat - ajat ing nginggil poenika mratélakaken sara - na tjeṭa: Tijang ingkang soemedya badé nggegesang djiwa noe - tjèni nafsoe, soepados saged gesang padang saha kinasihan ing Pangéran, poenika marginipoen kedah ngatah - atahaken taubat

sarta 'ibadah ing Allah ingkang jektosan.¹³ Poenapadéné manawi pinaringan kadjembaran, inggih boten owel badé ndanakaken bandanipoen waoe, kanggé tetoeloeng oetawi kanggé keperluan.

TOEHOE ING DJANDJI.

DJAT ing ngadjeng ingkang minangka dados djedjering piwoelang, sasampoenipoen ndawoehaken bab bakoening pendamel saé lan lampah 'ibadah, ladjeng ndawoehaken bakoening pakerti saé oetawi moelja, inggih poenika noehoni d j a n d j i l a n s a b a r.

Ingkang nama d j a n d j i poenika anggènipoen tijang netepaken satoenggiling prakawis, ingkang ngéngingi ing ngasanès. Lan kalebet djandji waoe, 'aqad (kekantjingan) lan kesagahan. Djandji waoe wadjib dipoentoehoni lan boten kénging badé dipoenbléndjani, saoeget boten ngantos nradjang ma'sijat oetawi badé doeraka ing Allah. Dawoehing Al-Qoerân :—

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا أَوْفُوا بِالْعُقُودِ ۖ وَأَوْفُوا بِالْعَهْدِ، إِنَّ الْعَهْدَ كَانَ مَسْئُولًا.

E wong kang pada ngéstokaké! Sira pada noehonana sakèhé 'aqad (kekantjingan).— Lan pada noehonana djandji; awit djandji maoe bésoek bakal dinangoe (diprakara).
(Al - Maidah : 1, Al - Isra' : 34).¹⁴

Kawoeningana : Djandji oetawi kekantjingan waoe ingkang dados oenderaning sadaja moe'amalat (tetembajatan) wonten ing gesang bebrajan. Pramila moerih kanggé roentoetipoen tetembajatan oetawi lelawanan sarta tata lan wiloedjengipoen gesang sasrawoengan, djandji oetawi kekantjingan waoe kedah dipoentetepi samesstinipoen. Awit manawi boten makaten, lelawanan waoe mesti badé kosèk lan bebrajan gesang badé kisroeh.

Mitoeroet piwoelang Islam, toehoe ing djandji waoe kalebet pakerti moelja ingkang bakoe éstoe. Gandjaranipoen ageng saha faidahipoen kaja. Lan mbléndjani ing djandji waoe bilahinipoen inggih ageng sarta dosanipoen awrat. Dawoehing Al - Qoerân :—

13. Wondéné salat, poenika pantjèn 'ibadah ingkang sampoerna; awit toemindakipoen sarana nandoekaken tenaga tiga; Manah, lésan toewin badan, toer sjaratipoen kedah mawi sesoetji saking hadats lan nadjis. Dados sampoen mesti kémawon badé ageng sanget tetabetanipoen dateng djiwa. Langkoeng - langkoeng jèn dipoentindakaken wonten ing wantji daloe, wekdal ingkang ening, tentrem lan sepen, saja saged tambah roemesepipoen. Pramila wonten ing Al - Qoerân, 'ibadah waoe ingkang kerep dipoendawoehaken inggih namoeng salat. Awit, pantjèn inggih ageng sanget hikmahippen toemrapping djiwa lan raga.

14. Lan kalebet djandji waoe oegi, djandjining manoesa doemateng Allah, ingkang lelantaran iman (pangèstinipoen). Pramila manoesa waoe inggih wadjib kedan angéstokaken sarta nindakaken dawoehing AgaminiPoen.

بلى من أوفى بعهدته وأتقى فإن الله يحب المتقين. — ان الذين يشترون
 بعهد الله وإيمانهم ثمنا قليلا أولئك لا خلاق لهم في الآخرة ولا يكلمهم الله
 ولا ينظر إليهم يوم القيامة ولا يزكهم، ولهم عذاب اليم.

Ija wadjib ditoehoni! Sapa waé kang gelem noehoni djan-
 djiné lan gelem roemeksa, sanjata Allah remen marang wong
 kang pada roemeksa ing djangji maoe. — Déné wong kang
 pada ngedol djangjiné Allah lan prastyané sarana adji kang
 satitik (kadonjan), dèwèké bésoek ana ing achirat ora
 bakal pada olèh pandoeman kani'matan; lan bésoek dina
 qijamat ora bakal pada dipangandikani ing Allah lan ora
 dipirsani sarta ora diresiki dosané. Lan bakal pada kapa-
 trapan siksa kang nglarani. (Ali - 'Imran : 76, 77).

Samanten agenging dosanipoen tijang ingkang poeroen mblén-
 djani ing djangjinipoen, badé kasingkoer ing Allah Goesti Pepoen-
 dènipoen sarta badé kapatrapan siksa ingkang njakiti.

Lan satoenggiling bangsa, oemat oetawi pakempalan, manawi
 tetijanganipoen ingkang minangka dados warganipoen sampoen sa-
 mi poeroen nggegampil mbléndjani djangji, langkoeng - langkoeng
 para leloehoer, pangageng oetawi sesepoehipoen; ing rikoe titi-
 mangsanipoen bangsa, oemat oetawi pakempalan waoe badé risak.
 Djalaran, ladjeng badé itjal kapitadosanipoen satoenggal dateng
 satoenggalipoen; jèn sampoen itjal, ladjeng ambjar petjah boten
 kanten-kantenan. Pramila djangji waoe wadjib kedah dipoentoehoni.

WATAK SABAR.

SABAR, poenika mengkoe teges ingkang wijar i. p. tahan,
 betah, kijat, telatos, teteg lan sarèh s.s. mi-
 toeroet empaning temboeng sabar waoe. Oepaminipoen: Sing
 sabar adja sesambat, . . . adja moetoeng, . . . adja moering, . . .
 adja kesoesoe, . . . adja, . . . adja sapitoeroetipoen. Menggah ar-
 tosipoen s a b a r ingkang bakoe, poenika m e p e g oentabing naf-
 soe kamoeringan oetawi n j a n d e t andrenging nafsoe kapinginan,
 ngantos nafsoe waoe saged tata, premana lan djatmika.

S a b a r waoe kalebet pakerti moelja ingkang bakoe toer
 wigatos éstoe. Tijang gesang perloe sanget kedah anggadhahi
 watak sabar waoe.¹⁵ Awit, kadjawi badé adamel sakétja sarta

15. Gandènganipoen, kalian pakerti sjoekoer (ngatingalaken kani'-
 matan, kabingahan oetawi ngatoeraken panoewoen). Dados manawi manggih
 kasisahan sabar, jèn pinaringan biagah, sjoekoer (ngatoeraken panoewoen).

wiloedjenging gesangipoen,¹⁶ oegi badé dados margining kaleksanan poenapa ingkang dados gegajoehanipoen. Djalaran sabar waoe badé saged ndatengaken pitoeloenging Allah Ingkang Mahaberkah; inggih poenika badé saged nggampilaken prakawis ingkang angèl-angèl saha ngèntèngaken ingkang awrat. Poenapadéné sabar waoe gandjaranipoen pantjèn inggih ageng sanget. Dawoehing Al - Qoerān:—

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اسْتَعِينُوا بِالصَّبْرِ وَالصَّلَاةِ. إِنَّ اللَّهَ مَعَ الصَّابِرِينَ.

È wong kang pada ngéstokaké! Sira pada ngoepajaa pitoeloengé Allah sarana lakoe sabar lan salat. Sanjata, Allah bakal nartani (mitoeloengi) wong kang pada sabar maoe. (Al - Baqarah : 153).

وَاطِيعُوا اللَّهَ وَرَسُولَهُ وَلَا تَسَازَعُوا فْتَفْشَلُوا وَتَذْهَبَ رِيحُكُمْ وَاصْبِرُوا،
إِنَّ اللَّهَ مَعَ الصَّابِرِينَ.

Lan pada mbangoen - mitoeroeta ing Allah lan oetoesané, lan adja pada tjetjongkrahan, moendak sira pada miris lan sirna prebawanira, lan pada sabara. Sanjata, Allah bakal nartani (mitoeloengi) wong kang pada sabar maoe. (Al - Anfal : 46).

16. Ing rehning gesangipoen tijang wonten ing donja, mesti badé nemahi kasisahan oetawi kasangsaran, awit lelampahanipoen gesang poenika pantjèn éwah-gingsir oetawi minggah-medak; kala-kala begdja ladjeng sok tjilaka, bingah ladjeng sisah, makaten saladjengipoen, pramila tijang gesang waoe manawi boten nggadahi watak sabar, sisah lan sangsaranipoen waoe badé saja tikel-tikel lan tambah. Djalaran, tijang sisah poenika jèn boten poeroen sabar, malah badé tambah kasisahanipoen oetawi sangsaranipoen. Amargi, kasisahan poenika boten badé saged sirna sabab katambahan sisah. Liripoen makaten: Oepaminipoen tijang sisah djalaran kasripahan anak ingkang dipoenkasihi, poenika poen anak boten badé saged gesang malih sabab dipoen-sisahi waoe; nadyan ngantos mataoen-taen sisahipoen. Malah manawi sisah waoe saja ndjarem ngantos neda manah, saged badé adamel tjilakanipoen; margi namoeng katoengkoel ngraosaken sisah kémawon, ladjeng kapinten sadaja prakawis ingkang badé maidahi ing gesangipoen. Pramila djampini-poen sisah waoe boten wonten malih, kadjawi namoeng s a b a r. Lan dipoen-éngerana bilih sadajanipoen waoe pantjèn sanès gadahanipoen lan boten wonten ing pangwasanipoen. Balik kagoenganipoen Allah Ingkang nitahaken toer taksih ringgem ing ngastaniPoen. Amila inggih dipoenpasrahna kémawon poenapa sakarsaniPoen. Insjā Allah, badé angasl lelintoe samoerwatipoen.

Inggih makaten poenika, tegesipoen dawoehing Pangéran: „Moehammad! Lan beboengahen wong kang pada gelem s a b a r. Jaikoe wong kang manawa pada kataman bilahi, pada moeni: Sanjata akoe iki, ija kagoengané Allah, lan akoe bakal pada bali sowan ing ngarsané”.

انه من يتق ويصبر فان الله لا يضيع اجر المحسنين. - انما يوفى الصابرون
اجرهم بغير حساب.

Awit, sapa waé kang wedi ing Allah lan gelem sabar, bakal oleh pitoeloengané; djalaran Allah ora bakal nglirwakaké gandjarané wong kang pada agawé betjik. — Sanjata, wong kang pada sabar maoe bakal pada nampa gandjarané tanpa nganggo pétoengan. (Joesoef; 90, Az - Zoemar: 10).

Samanten faidah saha gandjaranipoen sabar. Lan ajat sanès-sanèsipoen ingkang ndawoehaken bab kasaénanipoen sabar waoe taksih katah sanget.

Menggah empanipoen pakerti sabar waoe manawi kagerba, wonten ing prakawis tiga: 1, sabar nampi tjobining Pangéran (kabilaèn, kasangsan oetawi kasisahan s. p.). 2, sabar nglampahi dawoehing Pangéran ('ibadah lan nindakaken kasaénan s. s.). Lan 3 nipoen, sabar njingkiri papatjoehipoen (kafir, moesjrik lan ma'sijat s. p.).

Dawoehing Al - Qoerân: —

ولنبلونكم بشيء من الخوف والجوع ونقص من الأموال والانسف والثمرات
وبشر الصابرين. - الذين اذا اصابهم مصيبة قالوا انا لله وانا اليه راجعون.

Lan sajekti Ingsoen bakal njoba sira kabèh, nganggo sawatara kekawatiran lan keloewèn lan kekoerangan banda lan awak (kantja) lan oewoh - wohan. Moehammad / lan beboengahen wong kang pada gelem s a b a r. — Jaikoe wong kang manawa pada kataman bilahi, pada moeni: Sanjata akoe iki ija kagoengané Allah, lan akoe bakal pada bali sowan ing ngarsné.

(Al - Baqarah: 155, 156).

اولئك يؤتون اجرهم مرتين بما صبروا ويدرؤن بالحسنة السيئة ومما رزقناهم ينفقون.

Wong maoe (kang pada moe'min) bakal pada diparingi gandjarané ping pindo, sabab nggoné woes pada sabar ngroengkebi dawoehing Allah, lan pada noelak piala sarana kabetjikan, lan pada gelem ndanakaké rezeki kang woes Dak paringaké ing dèwèké.

(Al - Qasas: 54).

Samanten andaranipoen Piwoelang I. Menggah dipoen-ringkes makaten: Ingkang kawastanan tijang abrar (saé-saé oetawi soefie), poenika tijang ingkang temen-temen moe'min, ahli 'ibadah toer ambek loma

bèr-boedi remen dedana, aboedi djoedjoer toehoe ing djandji saha awatak sabar kwawi nampi tjobi lan nindakaken dawoehing Pangéran. Lan inggih makaten poenika, sawenèh wawatakanipoen nafsoe Moethmainnah.

Walláboe A'lam!

PIWOELANG 2.

Dawoehing Al-Qoerán s. Ali 'Imran: 102, 103:—

يا ايها الذين امنوا اتقوا الله حق تقاته ولا تموتن الا وانتم مسلمون .
 واعتصموا بحبل الله جميعا ولا تفرقوا واذكروا نعمت الله عليكم اذ كنتم
 اعداء فالف بين قلوبكم فاصبحتم بنعمته اخوانا، وكنتم على شفا حفرة من
 النار فانقذكم منها، كذلك يبين الله لكم آياته لعلكم تهتدون .

É wong kang pada ngéstkaké! Sira pada wedija ing Allah sarana wedi kang temenan, lan adja pisan-pisan pada mati, jèn sira ora pada Islam. — Lan pada gegondèlana taliné (kitabé) Allah kabèh waé lan adja pada pepisaban. Lan pada élinga ni'mat paparingé Allah marang sira kabèh, jaikoe bijèn sira pada memoengsoeban bandjoer Pandjenengané nggolongaké antarané atinira kabèh, wasana sira pada dadi sesedoeloeran sabab olèh ni'mat pepariné maoe. Lan doek bijèn sira pada mèngrèng-mèngrèng ana ing sapinggiré djoerangé naraka, bandjoer Pandjenengané njlametaké sira kabèh saka djoerang maoe. Kaja mangkono Allah nggoné mratélakaké ajat-ajaté marang sira kabèh, soepaja sira pada ngalapa pitoedoeh.

**

DAWOEHING ajat ing nginggil poenika mengkoe piwoetjal bab taqwa (adrijh, soemoengkem) ing Allah lan marsoedi hoesnoel-chatimah (kawoesanan saé) i. p. pedjah wonten ing Islam. Lan dawoeh gegondèlan (ngoegemi) angger dawoehing Allah lan boten kénging tjetjongkrahan oetawi pepisahan, ananging kedah goejob-roekoen golong-gilig dados satoenggal lan gesang pasadèrèkan.

Katragan:

TAQWA ING ALLAH.

TEGESIPOEN taqwa ing Allah, poenika kadjawi pantjèn roemaos adrijh amargi mangertos lan kraos ing kaha-

goengan saha kaloehoeranipoen Allah Goesti Ingkang Mahakwasa, cegi soemoengkem ing dedawoehaniPoen sarta soemingkir ing pepatjoehiPoen.

Taqwa waoe kalebet piwoelang saé ingkang bakoe sanget. Awit, taqwa waoe ingkang badé dados dasar oetawi pikekahipoen sadaja pendamel saé toewin pakerti moelja, lan dados oenderaning sadaja kabegdjan ing donja lan ing tembé. Pramila wonten ing Al - Qoerán dawoeh taqwa waoe dipoenkentjengaken sanget, prasasat boten wonten dawoehing Al - Qoerán ingkang nilar datang taqwa waoe. Djer pantjèn inggih dados sangoening ngagesang ingkang bakoe toer saé pijambak; lan gandjaranipoen inggih ageng sanget. Djalaran, taqwa waoe ingkang badé saged ndjagi manoesa saking pandamel awon lan lampah dosa, nadyan wonten ing pasepèn tanpa kantja. Dawoehing Al - Qoerán:—

وَمَا تَفْعَلُوا مِنْ خَيْرٍ يَعْلَمُهُ اللَّهُ ، وَتَزُودُوا فَإِنَّ خَيْرَ الزَّادِ التَّقْوَى ،
وَاتَّقُونَ يَا أُولِيَ الْأَلْبَابِ .

Lan sadéngah kabetjikan kang pada koklakoni, bakal diwoeningani ing Allah. Lan sira *sesangoea!* Déné sangoe kang betjik déwé, wedi ing Allah. Lan sira pada wedija ing Ingsoen, é wong kang pada aboedi wening! (Al-Baqarah: 197).

وَأَنْ تُؤْمِنُوا وَتَتَّقُوا فَلَكُمْ أَجْرٌ عَظِيمٌ .

Lan manawa sira pada gelem ngéstokaké lan pada wedi ing Allah, mesti sira bakal pada nampa gandjaran kang gedé banget. (Ali - 'Imran: 179).

وَلَوْ أَنَّ أَهْلَ الْقُرَىٰ آمَنُوا وَاتَّقَوْا لَفَتَحْنَا عَلَيْهِم بَرَكَاتٍ مِّنَ السَّمَاءِ وَالْأَرْضِ
وَلَكِن كَذَّبُوا فَأَخَذْنَا مِنْهُم بِمَا كَانُوا يَكْسِبُونَ .

Lan sanjata, saopama nagara maoe wong-wongé pada gelem ngéstokaké lan pada wedi ing Allah, jekti Ingsoen ngesokaké berkahé langit lan boemi marang déwèké. Ananging djeboel pada maido, moelané bandjoer Soen patrapi siksa amarga dosané kang woes pada dilakoni maoe. (Al - A'raf: 96).

وَمَنْ يُطِيعِ اللَّهَ وَرَسُولَهُ وَيَخْشِ اللَّهَ وَيَتَّقِهِ فَأُولَٰئِكَ هُمُ الْفَائِزُونَ .

Lan sapa waé kang mbangoen-mitoeroet ing Allah lan oetoesané, sarta wedi ing Allah lan soemoengkem ing Pandjenengané, jekti dèwèké maoe bakal pada begdja. (An - Noer: 52).

ومن يتق الله يجعل له مخرجا، ويرزقه من حيث لا يحتسب. - ومن يتق الله يجعل له من أمره يسرا.

Lan sapa waé kang wedi ing Allah, bakal diparingi loewar saka sakèhing kasoésahan. Lan bakal diparingi rezeki kang ora kinira - kira tekané. — Lan sapa waé kang wedi ing Allah, bakal diparingi gampang prakarané. (At - Thalaq: 2, 4).

Samanten dawoehing ajat - ajat sawatawis, ingkang anerangaken kasaénan saha faidhipoen taqwa waoe. Lan taqwa waoe kalebet wawatakipoen nafsoe Moethmainnah.

HOESNOEL - CHATIMAH.

INGKANG kawastanan hoesnoel-chatimah, poenika pedjah wonten ing kasaénan i. p. wonten ing salebeting ngoegemi Agami Islam. Tegesipoen, ontjating soekma ambekta raos iman lan islam (pitados lan soemarah) ing Allah, sarta mbekta sangoe 'amal kasaénan.

Kados ingkang sampoen kapratélakaken ing ngadjeng, sadaja ngagesang poenika mesti badé ngitjipi (nemahi) ing pedjah; boten wonten tijang saged mladjar soemingkir saking pedjah waoe. Sanadyan badé ndelik wonten ing gédong wesi ingkang kinoentji pisan, mesti inggih badé katjandak ing pedjah. Pramila pedjah waoe boten perloe dipoenadjrihi oetawi dipoenpadosi. Moeng kémawon pedjah waoe wonten warni tiga: Pedjah nista, madya lan oetama; poenika ingkang perloe dipoensing-kiri cetawi dipoenpadosi.

Pedjah nista, poenika pedjah wonten ing salebeting lampah awon ma'sijat oetawi moertad s. s. Inggih poenika, ingkang nama soe-oel-chatimah (kawoesanan awon) ingkang kedah dipoensing-kiri, awit, njilakani sanget. Dawoehing Al - Qoerân:—

ومن يرتدد منكم عن دينه فيمت وهو كافر فأولئك حبطت أعمالهم في الدنيا والآخرة. وأولئك أصحاب النار. هم فيها خالدون.

Lan sira kabèh sapa kang moertad (mbalik) saka Agamané Islam, doemadakan bandjoer mati lan dèwèké kafir, jekti dèwèké maoe bakal leboer 'amal - 'amalé kabetjikan, ana ing

donja lan achirat. Lan dèwèké maoe bakal pada dadi kanti-
tjané naraka. Ana ing kono dèwèké bakal pada langgeng.
(Al - Baqarah : 217).

Madya, poenika pedjah ingkang limrah. Déné ingkang
oetama, inggih poenika pedjah wonten ing sabilillah,
margining Allah (mbélani Agami, kaleresan toewin kasa-
énan). Poenika ingkang perloe dipoenpersoedi, awit, kawoesanan
ingkang saé sanget. Dawoehing Al - Qoerân :-

وَلَا تَحْسَبَنَّ الَّذِينَ قُتِلُوا فِي سَبِيلِ اللَّهِ أَمْوَاتًا. بَلْ أَحْيَاهُ عِنْدَ رَبِّهِمْ يُرْزَقُونَ.

Lan sira adja pisan - pisan ngira mati marang wong kang
pada dipaténi ana ing dedalané (Agamané) Allah. Balik
dèwèké pada oerip, pada diparingi rezeki ni'mat banget
ana ngarsané Pangérané.
(Ali - 'Imran : 169).

وَمَنْ يُخْرِجْ مِنْ بَيْتِهِ مُهَاجِرًا إِلَى اللَّهِ وَرَسُولِهِ ثُمَّ يُدْرِكْهُ الْمَوْتُ فَقَدْ وَقَعَ
أَجْرُهُ عَلَى اللَّهِ. وَكَانَ اللَّهُ غَفُورًا رَحِيمًا.

Lan sapa kang metoe saka ngomahé, perloe arep hidjrah (nga-
lih negara) karana mbélani marang Allah lan oetoesané, doe-
madakan tinempoeh ing pati, mesthi gandjarané dadi tetang-
goengané Allah. Lan Allah maoe Mahangapoera Mahaasih.
(An - Nisa' : 99).

Lan wonten ing pedjah ingkang limrah waoe, oegi badé
manggih kawoesanan saé oetawi awon. Pramila kanggé mersoedi
soepados saged pikantoek kawoesanan saé waoe, perloe sanget ke-
dah ngatos - atos sampoen ngantos moertad saking Islam sakeḍap
kémawon, oetawi sampoen ngantos nggegampil dateng ma'sijat.
Awit, pedjah ingkang sampoen kapestèkaken ing Pangéran, poe-
nika datengipoen boten saged badé katamtokaken oetawi katang-
goeh mangsanipoen. Pinten-pinten tijang sawek pinoedjoe soeka-
soeka ma'sijatan, boten kakinten - kintenaken ladjeng ndawah goe-
mlétak djeboel sampoen pedjah. Doeh ! saéba badé getoen lan
nalangsanipoen soekma ingkang djinaboet saking raga anoedjoe
sawek nindakaken ma'sijat oetawi moertad waoe.

Awit saking poenika, prajogi sanget tijang saben badé tilem
oetawi pinoedjoe sakit, angaḥah - aḥahaken toubat lan éngget ing
Allah. Perloenipoen, mbokbilih ing wekdal poenika kadatengan
pedjah katimbangan sowan ing ngarsaning Allah Goesti Pepoen-
dènipoen, dados nama sampoen saḍija, resik saking dosa. Inggih
makaten poenika, sawenèh ingkang nama pikantoek ho es no el-
ch a t i m a h. Saéba badé bingah lan senengipoen.

GEGONDÉLAN KITABING ALLAH.

TOEMRAPIPOEN tetijang moe'min. ngoegemi kitabing Allah poenika pantjèn sampoen dados kwadjiban saha pangésti-nipoen. Awit, dasaring kajaqinanipoen anggadahi kapitadosan, inggih namoeng kitab wahjoening Allah waoe, ingkang saged dados pepadang oetawi pitedahipoen, ingkang badé nenoentoen dateng margining kabegdjan (kawiloedjengan toewin kabingahan) ing donja lan achiratipoen. Dawoehing Al - Qoerân :—

قَدْ جَاءَكُمْ مِنَ اللَّهِ نُورٌ وَكِتَابٌ مُبِينٌ . . . يَهْدِي بِهِ اللَّهُ مَنِ اتَّبَعَ رِضْوَانَهُ سُبُلَ
السَّلَامِ وَيُخْرِجُهُم مِنَ الظُّلُمَاتِ إِلَى النُّورِ بِإِذْنِهِ وَيَهْدِيهِمْ إِلَى صِرَاطٍ مُسْتَقِيمٍ .

Sanjata sira woes pada katekanaan pepadang lan kitab kang tjeṭa terang saka ngarsané Allah.— Karsané Allah arep kanggo noedoehaké wong kang gelem ndèrèk keparengé karsané, marang dedalané kaslametan. Lan Pandjenengané sarana keparengé pijambak, arep ngentas wong maoe saka saroeapané pepeteng menjang pepadang, lan arep paring pitoedoeh menjang dedalan kang bener (Al - Maidah : 15, 16).

يَا أَيُّهَا النَّاسُ قَدْ جَاءَكُمْ مَوْعِظَةٌ مِنْ رَبِّكُمْ وَشِفَاءٌ لِمَا فِي الصُّدُورِ
وَهُدًى وَرَحْمَةٌ لِلْمُؤْمِنِينَ .

É para manoesa ! Sanjata sira woes pada katekanaan kitab Al - Qoerân wawarah saka ngarsané Pangéranira, lan dadi tambané lelara kang ana ing ḍaḍa (ati) lan dadi pitoedoeh sarta dadi sihé Allah marang para wong moe'min. (Joenoes : 57).

وَنَزَّلْنَا عَلَيْكَ الْكِتَابَ تِبْيَانًا لِكُلِّ شَيْءٍ وَهُدًى وَرَحْمَةً وَبُشْرَى لِلْمُسْلِمِينَ .

Lan Ingsoen woes noeroenaké kitab Al - Qoerân marang sira, minangka kanggo nerangaké sakabèhé sawidji - widji (prakara donja lan achirat), lan kanggo pitoedoeh lan sih sarta beboengah marang para wong Islam. (An - Nahl : 89).

Dados, tetijang moe'min waoe manawi boten poeroen gegondélan kitab dawoehing Allah, nama boten nglenggahi pangan-del toewin kajaqinanipoen, lan boten nindakaken kwadjiban ingkang dados sesanggemanipoen. Sampoen mesti kémawon ingkang makaten waoe, badé adamel sangsara toewin tjilakanipoen won-

ten ing donja lan achiratipoen. Awit, tetijang waoe boten saged badé goejob - roekoen, golong - gilig dados satoenggal, jènta boten poeroen sami ichlas ngoegemi kitab wahjoening Allah waoe sarana jektosan. Amargi tetijang poenika manawi namoeng badé ngoegemi pamanggihipoen lan nggega pikadjenganipoen pijambak-pijambak, boten mawi wawaton ingkang goemaṭok, sampoen mesti boten saged badé goemolong lan roekoen. Djalaran, kados ingkang sampoen goemelar, pamanggihipoen tijang waoe béda - béda lan pikadjenganipoen boten sami, dados sampoen tamtoe kémawon inggih badé petjah lan ambjar.

Pramila saking poenika, ajat ing ngadjeng ndawoehaken soepados tetijang moe'min waoe samia nggondèli tangsoeling Allah ingkang kentjeng temenan, lan sampoen ngantos sami pepisahan. Lan kadawoehan oegi soepados sami ngéngeti ni'mat peparinging Pangéran, anggènipoen sampoen nggolongaken manahipoen ingkang soewaoenipoen sami bebendèngan toewin tjetjèwèngan, ladjeng saged goemolong - gilig dados satoenggal sabab saking ni'mat paparingiPoen waoe, inggih poenika Agami Islam ingkang wawaton kitab Al - Qoerân. Saladjengipoen ngantos saged mba-ngoeng gesang babrajan ingkang dadasar toeloeng - tinoeloeng lan pasadèrèkan. Samanten faidah saha kasaénanipoen sami gegondèlan ngoegemi dawoehing Allah waoe i. p. kitab Al - Qoerân.

Kados makaten djelènrèhipoen piwoelang 2. Déné jèn karingkes makaten: Gesangipoen tetijng moe'min poenika kedah dedasar adjrih ing Allah wonten ing pasepèn toewin praméjan. Saha wadjib kedah gegondèlan ngoegemi kitabing Allah, lan boten kénging badé pepisahan oeta-wi tjetjongkrahan; balik kedah goejob - roekoen pasadèrèkan goemolong dados satoenggal. Lan pedjahipoen kedah kapersoedi sageda pikantoek hoesnoel - chatimah.

Menggah donganipoen makaten :

رَبَّنَا إِنَّا سَمِعْنَا مُنَادِيًا يُنَادِي لِلْإِيمَانِ أَنْ آمِنُوا بِرَبِّكُمْ فَآمَنَّا . رَبَّنَا فَاغْفِرْ لَنَا
 ذُنُوبَنَا وَكَفِّرْ عَنَّا سَيِّئَاتِنَا وَتَوَقَّنَا مَعَ الْآبِرَارِ . رَبَّنَا وَآتِنَا مَا وَعَدْتَنَا عَلَى
 رِسْلِكَ وَلَا تُخْزِنَا يَوْمَ الْقِيَامَةِ . إِنَّكَ لَا تُخْلِفُ الْمِيعَادَ .

Walláhoé A'lom !

PIWOELANG 3.

Dawoehing Al - Qoerān s. Ali - 'Imran : 133 - 136 : -

وَسَارِعُوا إِلَىٰ مَغْفِرَةٍ مِّن رَّبِّكُمْ وَجَنَّةٍ عَرْضُهَا السَّمَاوَاتُ وَالْأَرْضُ
 أُعِدَّتْ لِلْمُتَّقِينَ . الَّذِينَ يَنْفِقُونَ فِي السَّرَّاءِ وَالضَّرَّاءِ وَالْكَاظِمِينَ الْغَيْظَ
 وَالْعَافِينَ عَنِ النَّاسِ ، وَاللَّهُ يُحِبُّ الْحَسَنِينَ . وَالَّذِينَ إِذَا فَعَلُوا فَاحِشَةً أَوْ
 ظَلَمُوا أَنفُسَهُمْ ذَكَرُوا اللَّهَ فَاسْتَغْفَرُوا لِذُنُوبِهِمْ ، وَمَن يَغْفِرَ الذُّنُوبَ إِلَّا
 اللَّهُ ، وَلَمْ يَصِرُوا عَلَىٰ مَآ فَعَلُوا وَهُمْ يَعْلَمُونَ . - أُولَٰئِكَ جِزَاءُ مَن مَّغْفِرَةٍ مِّن
 رَبِّهِمْ وَجَنَّاتٍ تَجْرِي مِن تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ خَالِدِينَ فِيهَا ، وَنِعْمَ أَجْرُ الْعَامِلِينَ .

Lan pada gegantjangan marang pangapoerané Pangéránira lan swarga kang djembaré pada karo pirang-pirang langit lan boemi, kang tjinawisaké marang wong kang pada wedi ing Allah. — Jaikoe wong kang pada gelem darma ana ing wektoené kaboenngahan lan kasoésahan, lan pada gelem ngamped kamoeringané sarta pada gelem moewoeng kaloepoetané wong. Lan Allah remen marang wong kang pada agawé betjik. — Lan wong kang manawa pada nindakaké lakoe dosa oetawa pada agawé doerakané awaké, pada éling ing Allah, bandjoer pada toubat ing Pandjenengané njoewoen pangapoerané dosané. Lan ora ana kang bisa ngapoera dosa salijané Allah. Apadéné ora pada gelem neroesaké lakoe dosa kang woes pada ditindakaké maoe lan dèwèké pada mangerti. — Wong kang mangkono maoe, moenggoeh piwalesé bakal pada éntoek pangapoera saka ngarsané Pangérané lan éntoek swarga éndah, kalikaliné mili ana sangisoré tetamanané, toer pada langgeng ana ing kono. Doeh! saéba nímaté gandjarané wong kang pada nindakaké 'amal kabetjikan.

* *

DAWOEHING ajat ing nginggil poenika, mengkoe piwoetjal bab mertoubat ing Allah, pakerti loma lan watak aris, poeroen ngamped kamoeringanipoen lan moewoeng kalepataning kantja.

Katrangan :

TOUBAT ING ALLAH.

TEGESIPOEN toubat ing Allah, poenika ngèndeli saking lampah ma'sijat, ladjeng wangsoel madep ing Allah angadjeng-adjeng sih-pangapoenteniPoen. Toubat waoe wadjib 'ain toemrapipoen tetijang moe'min ingkang sami nandang dosa. Lan inggih toubat waoe ingkang minangka dados pangleboering dosa lan sogoking konten swarga. Awit, toubat waoe badé saged ngresiki djiwa saking dosa; ingkang dosa waoe badé noetoepl lan ngawrat-awrati djiwa badé nindakaken 'amal kasaénan toewin watak kaoetaman. Dados jèn djiwa waoe sampoen resik, ladjeng gampil sarta èntèng badé nindakaken kasaénan toewin kaoetaman wape, ingkang minangka dados margining kabegdjan ing donja lan ing tembé. Dawoehing Al - Qoerân :—

وَتُوبُوا إِلَى اللَّهِ جَمِيعًا أَيُّهَا الْمُؤْمِنُونَ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ.

Lan sira pada toubata marang Allah, é para wong moe'min kabèh waé, soepaja sira pada begdja. (An - Noer : 31).

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا تَوْبُوا إِلَى اللَّهِ تَوْبَةً نَّصُوحًا. عَسَىٰ رَبُّكُمْ أَن يَكْفُرَ عَنْكُمْ سَيِّئَاتِكُمْ وَيُدْخِلَكُمْ جَنَّاتٍ تَجْرِي مِنْ تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ.

É wong kang pada ngéstokaké! Sira pada toubata marang Allah toubat kang temenan. Moega-moega Pangéranira ngleboer sakèhé dosanira lan nglebokaké sira ing swarga éndah, kali-kaliné mili ing sangisoré tetamanané. (At - Tahrim : 8).

Menggah sjarat - roekoen (tata - tjaran) ipoen toubat waoe makaten : Énggal - énggal medot lampah ma'sijat ingkang dipoen-tindakaken, lan sarana ngatoeraken kadoewoeng, getoen saha panglinganipoen doemateng Allah, angadjeng-adjeng sih-pangapoenteniPoen, sarta anggadahi sedya boten pisan-pisan badé nindakaken ma'sijat malih; poenapadéné lampah awon waoe dipoenlintonana 'amal kasaénan. Manawi ma'sijat waoe mawi ngéngingi dateng haq-Adam (njahak darbèk oetawi kahoermataning ngasanès); oepaminipoen, njolong oetawi ngrisak barangipoen, oetawi adamel wirang (sakiting manah) ipoen, kadosta ngraosi oetawi njana awon sapitoeroetipoen, poenika kedah mawi mangsoelaken barang waoe oetawi neda lilanipoen lan njoewoen pangapoenteniipoen.

Inggih kados makaten poenika, ingkang dipoenwastani toubat nasoeha (temenan). Mesti Allah ladjeng badé ngesokaken sihipoen paring pangapoenten; awit Pandjenenganipoen

waoe Goesti Inggang Mahaasih Mahangapoera. Kadosdéné dawoehing ajat ing ngadjeng lan dawoehing Al - Qoerân :—

أَمَّا التَّوْبَةُ عَلَى اللَّهِ لِلَّذِينَ يَعْمَلُونَ السُّوءَ بِجَهَالَةٍ ثُمَّ يَتُوبُونَ مِنْ قَرِيبٍ
فَأُولَئِكَ يَتُوبُ اللَّهُ عَلَيْهِمْ، وَكَانَ اللَّهُ عَلِيمًا حَكِيمًا. — وَلَيْسَتِ التَّوْبَةُ لِلَّذِينَ
يَعْمَلُونَ السَّيِّئَاتِ، حَتَّى إِذَا حَضَرَ أَحَدَهُمُ الْمَوْتُ قَالَ إِنِّي تُبْتُ الْآنَ
وَالَّذِينَ يَمُوتُونَ وَهُمْ كُفَّارًا، أُولَئِكَ أَعْتَدْنَا لَهُمْ عَذَابًا لِيْلًا.

Sanjata toubat kang mesti diterima ing Allah, ikoe toubaté wong kang pada nglakoni ala (dosa) sarana bodo, toemoeli énggal - énggal pada toubat. Mesti wong kang mangkono maoe bakal diparingi pangapoera ing Allah. Awit, Allah maoe Kang ngawoeningani toer witjaksana.— Lan ora ana (ora tinarima) toubat toemrap wong kang pada nindakaké dosa, nganti jèn sidji-sidjiné wong maoe woes tjepak patiné lagi moeni : Sanjata akoe saiki woes toubat (kapok). Lan ora tinarima oega toubaté wong kang pada mati lan dèwèké maoe pada kafir. Wong kang mangkono maoe, Soentjawisi siksa kang nglarani banget. (An - Nisa' : 17, 18).

Dados mirid saking dawoehing ajat ing nginggil poenika, tetéla toubat ingkang mesti dipoenterimah déning Allah, poenika toubat ingkang n a s o e h a lan agé - agé. Lan ingkang boten badé dipoenapoenten, ingkang d i p o e n r e r e n d é ngantos badé doemoegining pedjah, lan tetijang ingkang sami pedjah k a f i r. Amila inggih namoeng kantoen dipoensadijani siksa nara-ka ingkang sakalangkoeng njakití. Saking poenika, perloe sanget tijang gesang poenika angatah - atahaken toubat ing Allah, soepados saged resik saking reregeding dosa waoe.

WATAK HALIM (ARIS).

ARTOSIPOEN halim (aris), poenika jèn moering b o - ten ladjeng énggal - énggal doeka oetawi mala. Ananging oentabing nafsoe ghadlab dipoensandet, ngantos inggih ladjeng boten wonten poenapa - poenapa.¹ Aris waoe kalebet pakerti moelja ingkang bakoe toer wigatos éstoe. Saking pakerti

1. Toer oepami poeroen doeka oetawi mala waoe pantjèn inggih saged (kwasa). Déne jèn mila pantjèn boten wani oetawi boten kwasa, poenika boten kawastanan aris ananging nama adrijih oetawi kawon. Dados. →

aris waoe badé toewoeh watak remen moewoeng, longgar lan lembah manah sarta watak sarèh boten goegoepan. Lan wonten ing ajat ngadjeng kadawoehaken, aris waoe pantjèn pakertinipoen para moettaqien; lan inggih wawatakanipoen nafsoe moethmainnah. Pramila wonten ing toemindaking pasadèrèkan, memitran, lelawanan, tetembajatan lan bebrajan gesang sapitoe-roetipoen, aris waoe ageng sanget faidahipoen lan kaṭah sanget kasaénanipoen. ² Dawoehing Al - Qoerān :—

خُذِ الْعَفْوَ وَأْمُرْ بِالْعُرْفِ وَأَعْرِضْ عَنِ الْجَاهِلِينَ.

Nganggoa pamoewoeng lan mréntahna kabetjikan lan nge-monga wong sing bodo - bodo. (Al - A'raf : 199).

فَمَا رَحْمَةٌ مِنْ اللَّهِ لَكَ لَمْ تَكُنْ فَظًا غَلِيظًا لِقَلْبٍ لَا تَنْفُسُوا مِنْ حَوْلِكَ . فَاعْفُ عَنْهُمْ وَاسْتَغْفِرْ لَهُمْ وَشَاوِرْهُمْ فِي الْأَمْرِ . فَإِذَا عَزَمْتَ فَتَوَكَّلْ عَلَى اللَّهِ ؛ إِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ الْمُتَوَكِّلِينَ .

Moehammad ! Moela sabab déning sihé Allah, sira bisa lembah manah marang wong - wong maoe. Lan saopama sira maoe kereng kakon atèn, jekti wong maoe pada boebar saka sangarepira. Moelané poewoengen kaloepoetané lan soewoenna pangapoera dosané lan adjaken reremboegan ana ing prakara kang perloe diremboeg. Déné manawa sira woes nedja arep nindakaké kenteling remboeg maoe, bandjoer pasraha marang Allah. Sanjata Allah maoe remen marang wong kang pada pasrah ing Pandjenengané. (Ali - 'Imran : 159).

وَلَا تَسْتَوِي الْحَسَنَةُ وَلَا السَّيِّئَةُ . ادْفَعْ بِالَّتِي هِيَ أَحْسَنُ فَإِذَا الَّذِي بَيْنَكَ وَبَيْنَهُ عَدَاوَةٌ كَأَنَّهُ وَلِيٌّ حَمِيمٌ . وَمَا يُلْقِهَا إِلَّا الَّذِينَ صَبَرُوا وَمَا يُلْقِهَا إِلَّا ذُو حِظٍّ عَظِيمٍ .

→ aris waoe kénging dipoentegesi pangemong oetawi pamengkoe. Pramila empanipoen pakerti aris waoe, saking para loehoer dateng sororanipoen, ageng dateng alit - alitanipoen oetawi pinter dateng ingkang bodo. 2. Saeger boten ngantos ndoemoegékaken ma'sijat ing Allah oetawi adamel risaking tatanan ingkang sae. Lan boten ndatengaken dosa oetawi moeroegaken sangsara.

Lan ora bakal pada, betjik lan ala. Moelané mangsoelana nganggo patrap kang loewih déning betjik; ing mengko wong kang memoengsoehan ing sira bakal bisa dadi kaja-déné mitra kang sinara-wèdi.— Ananging ora bakal diparingi patrap kaja mangkono maoe, kadjaba wong kang pada awatak sabar; lan ora bakal diparingi patrap mangkono maoe, salijané wong kang ndoewèni pandoeman (gandjaran, pakerti) kang gedé. (Foessilat: 34. 35).

Saking dawoehing ayat-ayat ing nginggil poenika, tjeta sanget watak aris lembah-manah remen moewoeng, poenika hikmatipoen ageng sanget i. p. saged ngloelohaken manah kaken lan watak keras sarta saged nanarik manahipoen ngakatah. Kosok-wangsoelipoen, watak kereng boeteng kakon-atèn, poenika saged mben-tèraken manah asrep, ngasaraken watak aloes saha saged nebih-aken manahipoen sanak katah.

Kados makaten andaranipoen piwoelang 3. Menggah ringkesipoen, makaten: **Tijang moettaqien ingkang sampoen katjawisan swarga wonten ing ngarsaning Pangéran, poenika sawenèh watak lan kalakoeanipoen, remen toubat ing Allah, remen dedana, aboedi aris lembah-manah welas-asih poeroen moewoeng kalepataning kantja sarta djembar wijar manahipoen.**

Walláhoe A'lam!

PIWOELANG 4.

Dawoehing Al - Qoerän s. An - Nisa' : 36, :—

وَاعْبُدُوا اللَّهَ وَلَا تُشْرِكُوا بِهِ شَيْئًا وَبِالْوَالِدِينَ إِحْسَانًا وَبِذِي الْقُرْبَىٰ وَالْيَتَامَىٰ
وَالْمَسْكِينِ وَالْجَارِ ذِي الْقُرْبَىٰ وَالْجَارِ الْجُنُبِ وَالصَّاحِبِ بِالْجَنبِ وَابْنِ السَّبِيلِ
وَمَا مَلَكَتْ أَيْمَانُكُمْ إِنَّا لِلَّهِ لَا يُحِبُّ مَنْ كَانَ مَخْتَلًا فُخُورًا.

Lan sira pada nembaha Allah lan adja pada moesjrikaké (madakaké) sawidji barang marang Pandjenengané. Lan pada gawéja betjik marang wong toewa loro lan marang sanak-sanak lan botjab - botjab jatim lan wong - wong miskin lan tangga tjedak lan tangga adoh lan kantja toenggal patoeron lan anak - dalam lan marang wong kang ana ing tanganira tengen (boedak). Sanjata Allah ora remen wong kang pentèn-tèngan (goemedé) toer oemoek.

DAWOEHING ajat ing nginggil poenika kados sampoen tjeta, inggih poenika ndawoehaken soepados kita para manoesa samia 'ibadah oetawi nambah namoeng doemateng Allah pijambak, lan boten kénging badé moesjrikaken (njamèkaken, ndjèdjèraken) satoenggiling barang ing Pandjenenganipoen. Dados ateges dawoeh touhid ing Pandjenenganipoen. Lan ndawoehaken oegi soepados kita adamel saé dateng tijang sepoe kakalih, sanak-sadèrèk toewin tangga tepalih sapitoeroetipoen, lan boten kénging badé goemedé pentèntèngan, pambegan oemoek-oemoekan. Dados ateges dawoeh adamel saé sarta ngadjèni ing sasami; langkoeng² tetijang sepoe bapa-bijoengipoen.

Katragan:

TOUHID ING ALLAH.

TEGESIPOEN touhid ing Allah, poenika ngèsti Allah waoe namoeng sat'oenggal boten kalih-tiga, Ingkang sinedya ing sadajaning kaboetjehan toewin 'amal, boten pepoetra lan boten pinoetrakaken (sanès rama lan sinès poetra), boten wonten ingkang njamèni oetawi ndjèdjèri ing samoekawisiPoen, lan boten wonten pepoendèn kadjawi namoeng Pandjenenganipoen Ingkang Mahaloehoer Mahaagoeng. Dawoehing Al-Qoerän:—

قُلْ هُوَ اللَّهُ أَحَدٌ - اللَّهُ الصَّمَدُ - لَمْ يَلِدْ وَلَمْ يُولَدْ - وَلَمْ يَكُنْ لَهُ كُفُوًا أَحَدٌ .

Dawoeha: Moenggoeh piwoelang kang bener, Allah ikoe sawidji. — Allah ikoe Kang sinedya. — Ora pepoetra lan ora pinoetrakakè. — Lan ora ana sawidji-widji kang madani (mapaki) marang Pandjenengané maoe. (s. Al-Ichlas, At-Touhid).

Touhid ing Allah waoe wonten warni kalih: Touhidoel-Oeloehijah lan touhidoer-Roeboebijah (njawidjèkaken wonten ing prakawis pamoendi lan njawidjèkaken wonten ing prakawis kapangéranan). Wonten ing pamoendi, tegesipoen ngéstokaken boten wonten pepoendèn kadjawi namoeng Allah pijambak, lan soedjoed oetawi memoendi inggih namoeng doemateng Pandjenenganipoen. Lan wonten ing kapangéranan, artosipoen ngéstokaken boten wonten ingkang saged nitahaken samoekawis lan adamel begdja-tjilaka oetawi bingah-sisah sarta adamel Agama (hoekoem wadjib, halal lan haram s.p.), kadjawi inggih namoeng Allah pijambak, lan ladjeng soemarah inggih namoeng ngroengkebi AgaminiPoen lan ngoegemi dawoeh-pangandikaniPoen. Dawoehing Al-Qoerän:—

قُلْ يَا أَهْلَ الْكِتَابِ تَعَالَوْا إِلَى كَلِمَةٍ سَوَاءٍ بَيْنَنَا وَبَيْنَكُمْ أَلَّا نَعْبُدَ إِلَّا اللَّهَ وَلَا

نَشْرِكُ بِهِ شَيْئًا وَلَا يَتَّخِذُ بَعْضُنَا بَعْضًا أَرْبَابًا مِنْ دُونِ اللَّهِ، فَإِنْ تَوَلَّوْا فَقُولُوا
 أَشْهَدُوا بِأَنَّا مُسْلِمُونَ.

Moebammad! dawoeha: É wong ahli kitab! Mara pada mré-
 néja ngoegemi kalimat (dawoeh) kang pada ana ing anta-
 rakoe lan antaramoe kabèh. Jaikoe: kita ora kena arep
 pada nambah salijané Allah, lan ora kena arep pada moe-
 sjrikaké (madakaké) sawidji barang karo Pandjenengané;
 lan kita ora kena sawenèhé arep nganggep pangéran marang
 sawenèhé, salijané Allah.¹ Déné jèn wong ahli kitab maoe
 pada mléngos (emoh), bandjoer sira lan wong moe'min
 pada moenia: Pada seksènana waé, jèn kita iki wong kang
 pada islam (soemarah) ing Allah. (Ali - 'Imran: 64).

Dados sampoen tjeta mirid dawoehing ajat ing nginggil poe-
 nika, touhid waoe wonten ingkang ngéngingi bab pamoendi ing
 Allah lan ingkang ngéngingi prakawis kapangérananiPoen. Dados
 artosipoen touhid ing Allah waoe, m e m o e n d i s a h a m a n g é -
 r a n namoeng doemateng Pandjenenganipoen pijambak.

Touhid waoe djedjering piwoetjal Agami ingkang bakoe
 pijambak. Sadaja para Andika Nabi oetoesaning Pangéran, kaoetoes
 doemateng sadaja oematipoen, poenika ingkang perloe pijambak
 soepados ngedegaken touhid ing Allah saha ngrebahaken sadaja
 kamosjrikan. Lan soepados ngadjak oematipoen waoe samia 'iba-
 dah (nambah) namoeng doemateng Allah pijambak sarta nilar
 sadaja brahalanipoen. Dawoehing Al - Qoerän:—

وَلَقَدْ بَعَثْنَا فِي كُلِّ أُمَّةٍ رَسُولًا أَنْ اعْبُدُوا اللَّهَ وَاجْتَنِبُوا الطَّاغُوتَ، فَمِنْهُمْ مَنْ
 هَدَى اللَّهُ وَمِنْهُمْ مَنْ حَقَّتْ عَلَيْهِ الضَّلَالَةُ.

Lan temen Ingsoen woes ndjoemenengaké Rasoel (oetoesan)
 ana ing sakabèhé oemat, soepaja dawoeh: Sira pada nem-
 baha Allah pijambak lan pada njingkirana bekasakan kang
 latjoet. Bandjoer sawenèhé wong maoe ana kang olèh pitoe-
 doehé Allah, lan sawenèhé manèh ana kang pinesti sasar.
 (An - Nahl: 36).

1. Artosipoer nganggep pangéran sanésipoen Allah, poenika anggadahi
 anggep jèn sanésipoen Allah waoe saged ngleboer dosa oetawi ngwasani
 Agama. Tegesipoen, saged adamel wadjib oetawi haramipoen satoenggiling
 prakawis ingkang Allah pantjèn boten madiibaken oetawi ngaramaken.
 Kadosdéné panganggepipoen tetijang kafir ahli kitab dateng para 'oela-
 mi oetawi panditanipoen.

Lan inggih touhid waoe ingkang minangka dados sogoking swarga, lan moesjrik poenika ingkang dados palangipoen.² Dados sinten kémawon tijang ingkang pedjah akançi touhid ing Allah ingkang moerni, mesti badé minggah ing swarga éndah manggèn salami - laminipoen. Lan sinten ingkang pedjah ambekta moesjrik, boten badé saged mlebet ing swarga sadjegipoen. Lan pantjèn inggih moesjrikaken ing Allah waoe, dosa ingkang sakalangoeng ageng pijambak. Allah boten badé paring pangapoenten dateng dosa waoe. Dawoehing Al - Qoerân :—

انَّ اللَّهَ لَا يَغْفِرُ اَنْ يُشْرَكَ بِهِ وَيَغْفِرُ مَا دُونَ ذَلِكَ لِمَنْ يَشَاءُ . وَمَنْ يُشْرِكْ بِاللَّهِ فَقَدْ افْتَرَىٰ اِثْمًا عَظِيْمًا .

Sanjata, Allah ora karsa paring pangapoera jènta dimoesjrikna, lan karsa paring pangapoera dosa kang salijané moesjrik, marang wong kang diparengaké. Déné sapa kang moesjrikaké ing Allah, jekti agawé dosa kang gedé banget. (An - Nisa' : 48).

Artosipoen moesjrik ing Allah, poenika njamèkaken, ndjèdjèraken, ngantèkaken oetawi nartakaken satoenggiling barang doemateng Pandjenenganipoen. Tegesipoen, anggadahi panganggep bilih barang sanèsipoen Allah waoe gadah daja (pangwasa) ghaib i. p. daja oetawi pangwasa saged njawabi oerawi malati s. s. Oepaminipoen, kadosta gadah anggep jèn brahala, kadjeng, séla oetawi koeboeran sasaminipoen, poenika saged adamel begdja oetawi tilaka. Oetawi gadah anggep, brahala sapitoeroetipoen waoe badé saged njelakaken cetawi ngajomi wonten ing ngarsaning Allah. Saladjengipoen, toemoenten sami dipoenpepodi dipoenadji - adji, dipoensaosi dahar, dipoensadjèni, dipoensesoewoeni oetawi dipoenadjeng - adjeng berkah lan sawabipoen. Dawoehing Al - Qoerân :—

اَللّٰهُ الدِّيْنُ الْحَالِصُ وَالَّذِيْنَ اتَّخَذُوْا مِنْ دُوْنِهٖ اَوْلِيَاءَ مَا نَعْبُدُھُمْ اِلَّا لِيَقْرَبُوْنا اِلَى اللّٰهِ زُلْفٰی .

2. Pramila wonten ing kawroeh tasawoef, touhid waoe dados woelangan ingkang petingan. Pangrembagipoen ndjlimet toer memet sanget, ngantos katah tetijang ingkang sami bingoeng boten saged doenoeng Ladjeng sami kaplèsèt mingset saking leresipoen, inggih poenika malah dados tetijang kafir dahri oetawi wahdatoel - woedjoed i'tiqad ingkang latjoet (tijang ingkang njélaki Allah oetawi nganggep Allah waoe manoenggil ing awakipoen).

Sanjata, kagoengané Allah Agama kang moerni (soetji). Déné wong kang pada ngalap pepoendèn salijané Allah pada moeni: Anggonkoe pada nambah pepoendèn maoe, perloéné moeng soepaja bisa njedakaké akoe katjedak ing ngarsané Allah. (Az - Zoemar: 3).³

Moesjrik waoe wonten kalih warni: djalie lan chafie (tjeta lan samar). Ingkang djalie, kados ingkang sampoen kate-rangaken ing nginggil (nambah brahala oetawi memoendi qoe-boer s. p.). Déné ingkang chafie, inggih poenika 'ibadah ing Allah boten moerni, mawi katjampoeran sedya oetawi pamrih dateng sanèsipoen. Moesjrik chafie waoe limrahipoen kawastanan rija' (pamèran). Tegesipoen, nindakaken 'ibadah oetawi 'amal kasaénan, ingkang perloenipoen soepados saged koentjara oetawi angsal aleman. Pramila kalebet touhid waoe moernèkaken pa'ibadah, Agami toewin 'amal kasaénan namoeng doemateng Allah pijambak, saha ngatoeraken panjoewoen sarta pangadjeng - adjeng berkah lan pangapoentening dosa, inggih namoeng doemateng Pandjenenganipoen. Lan inggih kados makaten poenika, ingkang kawastanan ichlas. Dawoehing Al - Qoerān:—

إِنَّمَا إِلَهُكُمُ اللَّهُ وَاحِدٌ. فَمَنْ كَانَ يَرْجُوا لِقَاءَ رَبِّهِ فَلْيَعْمَلْ عَمَلًا صَالِحًا وَلَا يُشْرِكْ
بِعِبَادَةِ رَبِّهِ أَحَدًا.

Sanjata pepoendènira kabèh, ikoe moeng Pepoendèn kang sawidji. Déné sapa kang ngadjab - adjab arep sowan ngadep ing Pangérané, énggal nindakna 'amal kabetjikan lan adja moesjrikaké (ngantèkaké) sawidji - widji ing dalem 'ibadah marang Pangérané maoe. (Al - Kahf: 110).

هُوَ الْحَيُّ لَا إِلَهَ إِلَّا هُوَ فَادْعُوهُ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ.

Pandjenengané Kang gesang; ora ana pepoendèn, kadjaba moeng Pandjenengané. Moelané pada nenoewoena ing Pandjenengané pijambak sarana pada moernèkaké Agama marang Pandjenengané maoe. (Al - Moe'min: 65).

3. Dados saking dawoehing ayat poenika, tetéla terijang moesjrik ang-gènipoen sami nambah brahala, poenika boten maligi noedjoe dateng brahala-nipoen waoe, ananging malah namoeng kanggé lelantaran anggènipoen badé sami njelak ing Allah, éwa - samanter: tijang waoe tetep nama tijang moesjrik ingkang ageng sanget dosanipoen boten badé kaparingan pangapoenten. Doeh para maos! Saéba manawi brahala waoe ingkang pantien dados toe-djoean ingkang bakoe, arak nama moesjrik dubbel (ngrangkep) dzalim lan kafir. Saéba badé agenging dosanipoen!

وَمَا أُمِرُوا إِلَّا لِيَعْبُدُوا اللَّهَ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ حُنَفَاءَ.

Lan wong ahli kitab ora pada dikon apa-apa, kadjaba soepaja pada nambah ing Allah sarana pada moernèkaké Agama marang Pandjenengané toer pada toemeloeng atiné.
(Al - Baijinah : 5).

Ichlas, poenika ma'nanipoen bersih, moerni oetawi soetji. Ichlas waoe dados sjarat katrimahipoen 'ibadah oetawi 'amal kasaénan wonten ing ngarsaning Allah.⁴ Empanipoen, wonten ingkang ngéngingi i'tiqad, ngéngingi 'ibadah lan 'amal. Ingkang ngéngingi i'tiqad, tegesipoen touhid ing Allah, ngéngingi 'ibadah, moernèkaken panambah ing Allah, lan ngéngingi 'amal artosipoen nindakaken kasaénan oetawi kaoetaman, moerni moehoeng karana Allah pijambak (karana dawoehiPoen, karana amrih gandjaran oetawi adjrih siksaniPoen, oetawi karana adjrih oetawi remen lan tresna ing Pandjenenganipoen), kadosdéné kalakoe-anipoen para abrar (tetijang ingkang saé, lan oetami) ingkang kadawoehaken wonten ing Al - Qoerân :—

وَيُطْعَمُونَ عَلَىٰ حَبِّ مَسْكِينَةٍ وَيَتِيًّا وَاسِيرًا. — إِنَّمَا نَطْعَمُكَ لِوَجْهِ اللَّهِ
لَا نُرِيدُ مِنْكُمْ جَزَاءً وَلَا شُكُورًا. — أَنَا خَافُ مِنْ رَبِّنَا يَوْمَ عَبُوسًا قَطَطِيرًا. —
فَوقِهِمُ اللَّهُ شَرَّ ذَلِكَ الْيَوْمِ وَلَقِيَهُمْ نُصْرَةٌ وَسُرُورًا.

Lan para abrar maoe pada gelem awèh pangan marang wong miskin lan botjah jatim sarta wong bojongan, toer dèwèké maoe ija isih kapéngin (boetoe) ing pangan maoe.— Tjalatoené : Sanjata nggonkoe awèh pangan ing kowé, ikoe moeng karana amrih gandjarané Allah; akoe ora arep ngarep-arep piwales lan panarima saka kowé.— Sanjata akoe kwatir bilahiné dina mbesengoet kang nggegirisi banget saka Pangérankoe.⁵ — Allah bandjoer ngreksa wong abrar maoe saka bilahiné dina ikoe, lan paring banar sarta boengah marang dèwèké maoe.
(Al - Insan : 8 — 11).

4. Sjaratipoen 'ibadah oetawi 'amal sagedipoen katrimah ing ngarsaning Allah, poenika wonten kalih prakawis : Ichlas lan mitoeroet soennah (toentoenan oetawi tindakipoen K. Nabi). Manawi gotang salah satoenggalipoen boten badé katrimah.

5. Tegesipoen, bilahinipoen dinten qijamat ingkang adamel mbesengoetipoen tetijang ingkang sami doeraka.

Kados makaten, tetoeladanipoen tetijang ingkang sami ichlas nindakaken 'amal kasaénan, amila inggih ladjeng katrimah wonten ing ngarsaning Pangéran. Lan ichlas waoe ageng sanget dajaniipoen, saged mbéngkas sadaja panggodaning sjétan. Tijang ingkang ichlas nindakaken 'ibadah oetawi 'amal kasaénan moehoeng karena Allah, poenika sjétan boten badé dojan, demit boten badé ndoelit. Sadaja waoe badé adjrih margi boten gadah daja: djalaran tijang waoe badé dipoenkantjani ing Allah ingkang Mahakwasa.

Awit saking poenika, toemrapipoen tijang ingkang soemedya badé njelak ing Allah sarana nindakaken 'ibadah oetawi 'amal kasaénan, perloe sanget mawi niti njeding manahipoen. Poenapa anggènipoen badé 'ibadah oetawi nindakaken 'amal waoe, sampoen ichlas poenapa taksih rerijaän (pamèran, lelamisan)? Manawi sampoen leres ichlas karena Allah, inggih ladjeng dipoentindakna samestinipoen. Déné jèn dèrèng, toemoenten dipoenleresna sale-resipoen; ngantos 'ibadah oetawi 'amal waoe saged katrimah samestinipoen, lan awakipoen njata saged katjelak ing ngarsaning Allah Goesti Inkang Mahaagoeng. Doeb saéba badé ni'matipoen!

BEKTI ING TIJANG SEPOEH.

AJAT ing ngadjeng sasampoenipoen ndawoehaken 'ibadah lan touhid ing Allah, ladjeng dawoeh adamel saé dateng tijang sepoe kakalih, sanak-sadèrèk, tangga-tepalih lan saladjengipoen.⁶

Wonten ing gesang masjrakat, srana ingkang bakoe pijambak kanggé ngwontenaken tata-tentrem, rahardja toewin wiloedjeng, poenika boten wonten sanès, kadjawi namoeng adamel saé saha ngadjèni ing ngasanès. Djalaran, wontenipoen donja oesrek pating bekeneng sami pepabenan oetawi peperangan, poenika sabab ingkang ageng pijambak, inggih anggènipoen satoenggaling tijang oetawi golongan badé adamel awon oetawi kapitoenèn toewin badé ngenjèk ing sanèsipoen.

Pramila Agami Islam ingkang nedya badé mbangoen bebrajan gesang ingkang mengkoe tata-tentrem, rahardja toewin wiloedjeng, andawoehaken dateng satoenggal-satoenggaling tijang oetawi golongan, soepados samia adamel saé saha ngadjèni ing sanèsipoen. Dipoenwiwiti saking tetijang sepoehipoen kakalih, sanak-sadèrèk toewin tangga tepalih ngantos doemoegi ingkang tebih-tebih, kados ingkang sampoen kadawoehaken wonten ing ajat ngadjeng waoe.

Wondéné toemindakipoen, arah-arahipoen makaten: Inkang ageng, loehoer, pinter oetawi tjekap sapitoeroetipoen, kedah nge-mong mengkoe dateng ingkang alit, ina, bodo oetawi mlarat

6. Dados Agami Islam poenika mengkoe piwoetjal terembaitan warni kalih: lelatanan kalia Allah Goesti Inkang nitahaken lan kalia sanèsipoen. Inkang kalia Allah, ngatoeraken panembah, pamoedi lan pamitöehoe sapitoeroetipoen. Lan kalia sanèsipoen, adamel saé lan ngadjèni sasaminipoen.

sasaminipoen. Lan ingkang alit sapitoeroetipoen waoe, kedah ngadjèni dateng ingkang ageng saladjengipoen waoe.

Saéstoe, saopami dawoeh waoe ladjeng sami dipoenéstokaken, lan mestinipoen pantjèn inggih kedah dipoenéstokaken, sampoen tamtoe badé mahanani tata-tentrem, rahardja sarta wiloedjeng wonten ing satoenggal-satoenggaling grija, kampoeng toewin kita wradinipoen sadjagadrat. *Doeh saéba ni'mat lan senengipoen gesang wonten ing masjrakat kados makaten poenika!*

Samanten djelènrèhipoen piwoelang 4 Déné jèn karingkes, makaten: Tijang gesang poenika wadjib sarana ichlas kedah nindakaken 'ibadah ing Allah Goesti Pepoen-dènipoen Ingkang nitahaken sarta paring gesang, lan boten kènging badé moesjrikaken ing Pandjenenganipoen wonten ing prakawis oeloehijah oetawi roeboebijahiPoen. Lan tijang waoe wonten ing gesangipoen bebrajan, kewadjiban adamel saé sarta ngadjèni ing sanèsipoen, langkoeng-langkoeng tetijang sepoehipoen.⁷

Walláhoe A'lam!

PIWOELANG 5.

Dawoehing Al-Goerän s. An-Nisa': 5:—

ان الله يامركم ان تؤدوا الامانات الى اهلها. واذا حكمتم بين الناس ان
تحموا بالعدل. ان الله نعا يعظكم به. ان الله كان سمعا بصيرا.

Sanjata, Allah dawoeh marang sira kabèh, soepaja sira pada ngewèhaké barang titipan marang kang ndarbèki. Lan manawa sira arep pada ngoekoemi prakara antarané para manoesa, pada ngoekoemana sarana 'adil. Sanjata Allah anggoné dawoeh marang sira mangkono maoe, ikoe pitoetoer kang ni'mat banget.

Déné Allah maoe Kang Mijarsa toer Kang Pirsas.

* *

KADOS sampoen tjetas, dawoehing ajat ing nginggil poenika mengkoe piwoetjal pakerti *djoedjoer*¹ lan tindak 'adil.

7. Prakawis wadjibipoen adamel saé sarta bekti ing tijang sepoeh kaka-lih, djelènrèhipoen malih badé kasambet wonten ing piwoelang sanès.

1. Inggih poenika saopami kapitados tinitipan barang-barang, katin-dakaken saleresipoen, kadjagi ingkang saé sarta kasoekakaken dateng tijang ingkang mestinipoen nampil oetawi nggadahi, boten dipoenontet lan boten →

Kadawoehaken, piwoelang waoe satoenggiling wawarah ingkang ni'mat sanget. Artosipoen, manawi dipoenéstokaken jektos, badé ndatengaken ni'mat peparangipoen Allah, ingkang sakalangkoeng ageng wonten ing donja lan achirat.

Kat r a n g a n :

DJOEDJOER LAN 'ADIL

TEGESIPOEN djoedjoer lan 'adil poenika mèh saèmper kémawon, ingkang béda namoeng empanipoen. Djoedjoer empanipoen dateng watak lan kalakoean. 'Adil, dateng hoekoem lan pranatan. Dados kénging dipoenterangaken makaten: Djoedjoer poenika 'adiling watak lan kalakoean. 'Adil poenika djoedjoering hoekoem lan pranatan.² Djoedjoer lan 'adil waoe kalebet pakerti moelja ingkang peŕingan. Gandjaran lan faidahipoen ageng sanget sakalangkoeng ni'mat, kadosdéné dawoehing ajat ing ngadjeng waoe. Pramila wonten ing Al-Qoerân kadawoehaken woengsal-wangsoel kentjeng sanget. Dawoehing Al-Qoerân:—

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا كُونُوا قَوَّامِينَ بِالْقِسْطِ شُهَدَاءَ لِلَّهِ وَلَوْ عَلَىٰ أَنفُسِكُمْ أَوِ الْوَالِدِينَ
وَالْأَقْرَبِينَ، إِن يَكُنْ غَنِيًّا أَوْ فَقِيرًا فَاللَّهُ أَوْلَىٰ بِهِمَا، فَلَا تَتَّبِعُوا الْهَوَىٰ أَن
تَعْدِلُوا، وَإِن تَلَوْا أَوْ تَعْرَضُوا فَإِنَّ اللَّهَ كَانَ بِمَا تَعْمَلُونَ خَبِيرًا.

É wong kang pada ngéstokaké! Sira pada ngoegemana ngloenggoehi bener ('adil), pada neksèni prakara kerana Allah. lan sanadyan toemrap kasalahané awakira déwé, oetawa wong toewanira loro, oetawa krabat krabatira. Manawa kang diseksèni maoe wong soegih oetawa wong mlarat, ija benera; awit Allah linoewih samoebarangé tinimbang sira marang sakaloroné maoe. Moelané sira adja pada manoet hawanafsoe, moendak sira pada nggléwang. Déné jèn sira pada njrékal temboeng oetawa mopo (emoh neksèni), sanjata Allah maoe maspadakaké prakara kang pada koklakoni. (An - Nisa' : 135).

→ mawí dipoenkirangi sakedik kémawon. Déné wontenipoen barang titipan waoe oemoem, ngéngingi ingkang saking manoesa lan saking Allah, kadosta: kasagedan, kapangkatan oetawi kasoegihan s.p. Sawenéh barang titipan waoe pangkat nata lan hakim (djoeroe neuata lan moetoes prakara), amila inggih kedah ingkang 'adil, boten kénging badé mbaoe - kapéni mban tjindé, mban siladan. Lan kalebet ngoekoemi, mastani. Pramila inggih kedah patitis, boten kénging namoeng sakenjoh - kenjohipoen.

2. Wondéné artosipoen 'adil ingkang asli, poenika nglenggahaken barang oetawi prakawis lenggah wonten ing papan ingkang samestiniipoen. Kosokwangsoelipoen, dzalim (nganiaja, sija - sija). Tindak 'adil waoe sawenéh oewohipoen watak djoedjoer.

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا كُونُوا قَوَّامِينَ لِلَّهِ شُهَدَاءَ بِالْقِسْطِ. وَلَا يَجْرِمَنَّكُمْ شَنَا نَقُومٍ
عَلَىٰ الْآتِدِلُوا. اَعْدِلُوا. هُوَ أَقْرَبُ لِلتَّقْوَىٰ وَاتَّقُوا اللَّهَ. إِنَّ اللَّهَ خَبِيرٌ بِمَا تَعْمَلُونَ.

È wong kang pada ngèstokaké! Sira pada soemoengkema marang Allah, pada neksènana prakara sarana bener. Lan pamoeringé kaoem (wong-wong) adja nganti nggawa (marakaké) sira ora pada 'adil. Pada 'adila! 'Adil maoe loewih tjedak marang pangreksaning naraka. Lan pada wedija ing Allah, sanjata Allah maoe maspadakaké sabarang kang pada koktindakaké. (Al - Maidah : 8).

وَلَا تَقْرَبُوا مَالَ الْيَتِيمِ إِلَّا بِالَّتِي هِيَ أَحْسَنُ حَتَّىٰ يَبْلُغَ أَشُدَّهُ. وَأَوْفُوا بِالْكَيْلِ
وَالْمِيزَانَ بِالْقِسْطِ. لَا تَكْلَفُ نَفْسًا إِلَّا وُسْعَهَا. وَإِذَا قُلْتُمْ فَاعْدِلُوا وَلَوْ كَانَ
ذَا قُرْبَىٰ. وَبِعَهْدِ اللَّهِ أَوْفُوا. ذَلِكَمُ وَصِيَّتُكُمْ بِهِ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ.

Lan sira adja pada njedak-njedak (mangan) bandané botjah jatim jèn ora metoe dedalan kang betjik banget, kadjaba jèn woes toemeka diwasané, lan pada nggenepana taker lan tradjoe sarana bener. Ingsoen ora merdi sawidjining awak kadjaba sakoewaté. Lan manawa sira pada tjelaṭoe, pada 'adila (benera)! lan sanadyan toemrap brajatira, lan pada noehonana djandjiné Allah. Kang mangkono ikoe diwasijataké (didawoehaké) marang sira, soepaja sira pada ngéling - éling (ngèstokaké). (Al - An'am : 152).

إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَائِي ذِي الْقُرْبَىٰ وَيَنْهَىٰ عَنِ الْفَحْشَاءِ
وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ. يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ.

Sanjata, Allah ndawoehaké tindak 'adil (djedjeg) lan pang-gawé betjik, lan wèwèh marang krabaté. Lan Pandjenengané nglarangi lakoe ala lan tindak moengkar (dosa) lan sawijah-wijah marang sapada-pada. Mangkono maoe diwarahaké marang sira, soepaja sira pada ngéling - éling. (An - Nahl : 90).

Dados saking dawoehing ajat - ajat ing nginggil poenika, saged kasoemerepan tjeta, djoedjoer lan 'adil waoe kadawoehaken

kentjeng sanget; ³ awit pantjèn inggih satoenggiling wawarah ingkang sakalangkoeng ni'mat, ingkang saged badé ndatengaken kabegdjan ingkang ageng wonten ing donja lan achirat.

Toemrap satoenggal - satoenggaling tijang, djoedjoer lan 'adil waoe badé dados pawitan ingkang ageng sanget adjinipoen wonten ing gesangipoen bebrajan. Toemrapipoen bebrajan gesang, badé saged dados dasaring tata lan tentremipoen. Lan toemrap adegging bangsa, oemat oetawi pradja (pepréntahan), badé saged dados saka - goeroenipoen. Djalara, tindak djoedjoer lan 'adil waoe badé saged noewoehaken kapitadosanipoen tetijang katih ⁴

Pramila dawoehing ajat waoe, djoedjoer lan 'adil poenika kedah dipoenroengkebi éstoe, nadyan badé ngéngingi kalepataning awakipoen oetawi tetijang sepoehipoen sapitoeroetipoen waoe. Langkoeng - langkoeng toemrapping para leloehoer, pangageng oetawi sesepoehing oemat, poenika sangsaja wadjib sanget. Djer tindak djoedjoer lan 'adil waoe ingkang badé noewoehaken tata lan tentremipoen gesang bebrajan, sarta badé njantosakaken adegipoen oemat, pradja oetawi pepréntahan. Dawoehing Sang Goeroe Moersjid makaten : „Allah Kang ngasta sakabèhé kraton, ora karsa arep nglestarèkaké kraton ana ing tangané radja kang dzalim (ambek sija), nadyan dèwèké maoe wong moe'min. Ananging Allah kepareng nglestarèkaké kraton maoe ana ing tangané radja kang 'adil, nadyan dèwèké maoe wong kafir.”

Inkang makaten waoe, pantjèn inggih sampoen tjoendoek kalian leres lan njatanipoen. Pramila para leloehoer, pangageng oetawi sesepoeh, wadjib kedah ngagem keprabonipoen ingkang sadjati, inggih poenika makoeṭa 'adil ingkang tinrètès tindak djoedjoer. ⁵

Samanten djèrènganipoen piwoelang 5. Manawi katjekak, makaten : **Kita tetijang moe'min ingkang soemedya badé nggajoeh kabegdjan toewin kamoeljan ing donja lan achirat, poenika wadjib kedah ngroengkebi tindak djoedjoer**

3. Sanadyan tindak 'adil waoe badé ngéngingi kalepataning awakipoen, bapa - bjoengipoen, anakipoen, sadèrèkipoen oetawi mitranipoen pijambak, inggih kedah dipoentetepi. Lan boten soesah ndadak mawi ngrembag kijat lan apesipoen oetawi soegih lan nggombalipoen ingkang dipoenadili, ananging namoeng kedah ngéngeti poenapa saleresipoen. Inggih wonten ing ngriki poenika, doenoengipoen Agami Islam winastanan Agami djoedjoer lan 'adil.

4 Kapitadosan waoe ingkang dados dasar oetawi syarat toemindakipoen lelawanan njamboet-damel, langkoeng-langkoeng ingkang mawi lampah potang api potang. Saking poenika, tijang ingkang boten kénging pinitados ing ngakatah, poenika gesangipoen badé ngrekaos; amargi badé kangèlan anggènipoen ngoepados kantia lelawanan njamboet-damel. Pramila tindak djoedjoer lan 'adil ingkang dados toeking kapitadosan waoe, badé dados pawitaripoen tijang gesang ingkang bakoe pijambak wonten ing bebrajanipoen. Kosok - wangsoelipoen, chijana t lan dzalim (tindak tjoelika lan ambek sija). Pramila inggih badé njilakani jektos.

5. Awit, manawi boten makaten, wontenipoen pradja wace badé kosèk lan adegipoen pepréntahan badé gondjing mojag - majig.

lan 'adil wonten ing sadajaning prakawis, nadyan badé ngéngingi sinten kémawon. Awit, inggih sarana tindak kakalih waoe, kita badé saged doemoegi ing gagajoehan waoe. Lan pakerti kakalih waoe kalebet pendamel soetji wawatakanipoen nafsoe Moethmainnah.

Walláhoe A'lam!

PIWOELANG 6.

Dawoehing Al - Qoerän s. Al - A'raf: 205, 206: -

وَاذْكُرْ رَبَّكَ فِي نَفْسِكَ تَضَرُّعًا وَخِيفَةً وَدُونَ الْجَهْرِ مِنَ الْقَوْلِ بِالْغُدُوِّ
وَالْأَصَالِ وَلَا تَكُنْ مِنَ الْغَافِلِينَ. - إِنَّ الَّذِينَ عِنْدَ رَبِّكَ لَا يَسْتَكْبِرُونَ عَنْ
عِبَادَتِهِ وَيَسْجُدُونَ لَهُ يَسْجُدُونَ.

Lan ana ing wajah ésoek lan soré sira njeboeta Pangéranira teroes ing atinira, sarana dedépé lan wedi, lan oeni kang ora sero. Lan sira adja dadi golongané wong kang pada lali ing Pandjenengané. — Sanjata, para Malaikat kang ana ing ngarsané Pangéranira, ora pada goemedé (ora emoh) ngoema-woela ('ibadah) marang Pandjenengané, lan pada memoedji sarta pada soedjoed marang Pandjenengané maoe.

* * *

DAWOEHING ajat ing nginggil poenika kados sampoen terang gamblang, inggih poenika mengkoe piwoelang bab dzikir ing Allah. Kadawoehaken, dzikir waoe soepados katindakaken wonten ing wekdal éndjing lan sonten sarana dedépé lan manah ingkang kondjem.

Kat r a n g a n :

DZIKIR ING ALLAH.

TEMBOENG dzikir, poenika ma'nanipoen njeboet, éling oetawi pepéling. Moeng manawi sampoen kasèndèkaken (kagandèngaken) ing temboeng sanèsipoen, ingkang kaçah ladjeng ma'na njeboet oetawi éling. Kadosta temboeng dzikir ing Allah, poenika ma'nanipoen njeboet oetawi éling ing Allah.¹

1. Saking poenika, wonten ing Al-Qoerän salat poenika asring sanget kasebat dzikir; awit pantién inggih mengkoe panieboet lan éngget ing Allah. Lan malah inggih kawastanan dzikir ingkang sampoerna, amargi mawi nandoeakaken tenaga tiga, kados ingkang sampoen kapratélakaken wonten ing §b 'ibadah noot 13

Dzikir ing Allah waoe kalebet lampah 'ibadah, kadosdéné ndedonga lan maos Al - Qoerân oetawi ajat - ajatipoen.² Pramila sagedjpoen katrimah wonten ing ngarsaning Allah, kedah mawi nijat ingkang ichlas moerni moehoeng' karana Allah, lan kedah sarana manah ingkang kondjem saged ngraosaken raosing dzikir waoe, ngantos saged roemasoek ing djiwa saged nambahi padang saha teteping iman wonten ing manah sarta gesang wonten ing nafsoe, lan saged adamel tentrem saha djendjeming manah wonten ing wekdal ajem lan sisah. Dawoehing Al - Qoerân :—

الَّذِينَ آمَنُوا وَتَطْمَئِنُّ قُلُوبُهُمْ بِذِكْرِ اللَّهِ . أَلَا بِذِكْرِ اللَّهِ تَطْمَئِنُّ الْقُلُوبُ .

Kang aran wong dedépé, jaikoe wong kang pada moe'min lan atiné pada bisa tentrem sabab éling ing Allah. Sanjata, éling ing Allah maoe bisa nentremaké ati. (Ar - Ra'd : 28).

Dzikir waoe kadjawi badé saged adamel tentreming manah, oegi gandjaranipoen inggih ageng lan faidahipoen kaçah, Pramila kita tetijang moe'min prajogi sanget sami angatah - atahaken dzikir ing Allah waoe ingkang ngantos saged temboes ing manah, sampoen ngantos kita kalebet éwonipoen tetijang ingkang sami soepé ing Pandjenenganipoen. Langkoeng - langkoeng wonten ing wekdal ingkang gawat ingkang adamel geter oetawi kekesing manah, poenika sangsaja langkoeng oetami sanget angatah - atahaken dzikir waoe lan pasrah ing Allah. Dawoehing Al - Qoerân.—

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا إِذْ كُرُوا اللَّهَ ذِكْرًا كَثِيرًا . وَسَبِّحُوهُ بُكْرَةً وَأَصِيلًا .

É wong kang pada ngéstokaké ! sira pada dzikira ing Allah sarana dzikir kang akèh.— Lan pada memoedjia ing Pandjenengané ana wajah ésoek lan soré. (Al - Ahzab : 41.42).

فَإِذَا قَضَيْتُمُ الصَّلَاةَ فَادْكُرُوا اللَّهَ قِيَامًا وَقَعُودًا وَعَلَىٰ جُنُوبِكُمْ

Déné manawa sira woes pada nekani (ngrampoengaké) salat chouf*, bandjoer pada dzikira ing Allah ana ing waktoené ngadeg lan loenggoeh lan ana ing patoeronira. (An - Nisa' : 103).

2. Maos Al - Qoerân oetawi ajat - ajatipoen, poenika oegi kalebet lampah 'ibadah ; gandjaranipoen inggih ageng saha faidahipoen katah, kadosdéné dzikir makaten. Pramila kita tetijang moe'min, prajogi sanget sami angatah - atahaken maos Al - Qoerân waoe ; langkoeng - langkoeng wonten ing wantji daloe oetawi salebeting salat.

*. Tegesipoen, salat wonten ing wekdal oetawi panggènan ingkang ngawat - osaken (ing pabaratan perang).

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا إِذَا لَقِيتُمْ فِئَةً فَاثْبُتُوا وَاذْكُرُوا اللَّهَ كَثِيرًا لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ.

È wong kang pada ngéstokaké! manawa sira pada kepapag pepantané moengsoeh, toemoeli pada tetepa adja moendoer satitik waé, lan pada dzkira ing Allah dzikir kang akèh, soepaja sira pada begdja. (Al - Anfal : 45).

فَإِذَا قُضِيَتِ الصَّلَاةُ فَانْتَشِرُوا فِي الْأَرْضِ وَابْتَغُوا مِنْ فَضْلِ اللَّهِ وَاذْكُرُوا اللَّهَ كَثِيرًا لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ.

Manawa salat Djoem'ah woes ditekani (dirampoengi) toemoeli sira pada pentjara ana ing boemi lan pada ngoepajaa rezeki kanoegrahané Allah, lan pada dzikira ing Allah dzikir kang akèh, soepaja sira pada begdja. (Al - Djoem'ah : 10).

Mir'd dawoehing ajat - ajat ing nginggil poenika, tjeṭa sanget dzikir waoe kadawoehaken soepados katindakaken ingkang mem-peng temenan, wonten ing wekdal poenapa kémawon lan wonten ing poendi panggènan, saoegeer pantes lan mapan. Awit, dzikir waoe dados marginipoen tijang badé wanoeh ing Pangéran.

Dzikir waoe sighat (lafal) ipoen pepak sanget mawarni-warni. Menggah kagerba, bakoenipoen boten medal saking temboeng: *tasbih*, *tahmid*, *tahlil*, *takbir*, *taqdis*, *tardji* lan *tarhim*³ s. p. Lan empanipoen, wonten ingkang mawi katjoendoekaken kalian kawontenan oetawi lalampahan, lan wonten ingkang boten. Inggang boten inggih poenika dzikir samangsa - mangsa lan boten wonten poenapa - poenapa. Déné ingkang mawi katjoendoekaken, kadosta dzikiripoen badé lan tangi tilem, wiridan ba'da salat, nampi kabingahan oetawi kasisahan l. s. p., kados ingkang badé kapratélakaken ing wingking.⁴

Samanten djelèntrehipoen piwoelang 6. Menggah tjekakanipoen makaten: Tetijang moe'min poenika kadawoehan soepados samia ngatah - atahaken dzikir ing Allah sarana kondjeming manah, saéngga raosing dzikir waoe saged temboes roemasoek ing djiwanipoen, ngantos saged ngekahaken adeging iman wonten ing manah sarta

3 *Tasbih*, artosipoen wawaosan ingkang mawi soebhana (mahasoetji). *Tahmid*, mawi hamd (pangalembana). *Tahlil*, mawi *Lá iláha illalláh*. *Takbir*, mawi akbar (mahaagoeng). *Taqdis*, mawi *qoeddoes* (mahasoetji) *Tardji*, mawi *radi'oen* (wangsoel, sowan). *Tarhim*, mawi rahmat (asth).

4 Lan sampoen katerangaken sawatawis wonten ing Poestaka - Islam bab salating sadéngah titah. Lan tambahing katrangan prakawis dzikir, prajogi mirsanana risalah Fatresnan - Djati bab doá lan dzikir.

anggesangaken wonten ing djiwanipoen waoe; saladjengipoen. saged adamel tentrem, djendjem, teteg sarta padangning manahipoen. Dawoehing Al-*Qoerän* :—

وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ .

Lan sajekti, dzikir ing Allah maoe gedé banget gandjarané lan faidahé.

Walláboe A'lam !

PIWOELANG 7.

Dawoehing Al-*Qoerän* s. *At-Toubat* : 24 :—

قُلْ إِنْ كَانَ آبَاؤُكُمْ وَأَبْنَاؤُكُمْ وَإِخْوَانُكُمْ وَأَزْوَاجُكُمْ وَعَشِيرَتُكُمْ وَأَمْوَالٌ
اقتَرَفْتُمُوهَا وَتِجَارَةٌ تَخْشَوْنَ كَسَادَهَا وَمَسَاكِنُ تَرْضَوْنَهَا أَحَبَّ إِلَيْكُمْ مِنْ اللَّهِ وَرَسُولِهِ
وَجِهَادٍ فِي سَبِيلِهِ فَتَرَبَّصُوا حَتَّى يَأْتِيَ اللَّهُ بِأَمْرِهِ. وَاللَّهُ لَا يَهْدِي الْقَوْمَ الْفَاسِقِينَ .

Moehammad ! dawoeha : Manawa bapak-bapakira lan anak-anakira lan sadoeloer-sadoeloerira lan bodjo-bodjonira lan krabat-krabatira lan sakèhé banda kang woes pada kok-oepaja lan dedagangan kang pada kokwedèni bobroké lan saroe pané omah kang pada koksenengi, kabèh maoe manawa nganti njengsemaké marang sira ngoengkoeli demené ing Allah lan oetoesané lan laboeh ana ing Agamané, kèri pada njrantèkna waé éngga Allah nibakaké sapoe-dendané. Lan Allah ora karsa paring pitoedob marang wong kang pada doeraka.

*
**

DAWOEHING ajat ing nginggil poenika kados sampoen tjeta terang, inggih poenika mengkoe piwoetjal bab m a h a b b a h ing Allah lan oetoesani Poen saha l a b o e h ing Agamini Poen.

Kat r a n g a n :

MAHABBAH ING ALLAH.

MAHABBAH, poenika ma'nanipoen remen oetawi tresna. Remen lan tresna waoe kalebet raosing manah, kadosdéné raos sanès-sanèsipoen. Raos waoe kados ingkang sampoen goemelar, saged éwah-gingsir kabekta saking éwah-gingsiring sabab

ingkang ndjalari.¹ O:paminipoen: satoenggiling wekdal, tijang saged éwah karemenan saha katresnanipoen dateng anak ingkang soewaoenipoen ndjilma lan mbangoen - mitoeroet, doemadakan ladjeng wangkal, diksoera lan boten woeroes. Oetawi anak, raosipoen sisah lan mangkel dateng tijang sepoehipoen djalaran tanah dipoenperdi sinaoe oetawi dipoenawisi dolan, poenika saged éwah dados bingah, remen lan tresna, amargi saged doenoeng menggah ingkang dados karsanipoen tijang sepoe hipoe ingkang saé waoe. Dados, raos waoe saged éwah oegi namoeng sabab mangertos lan itjal kabodoanipoen. Lan malah inggih pangertosan lan itjaling kabodoan waoe, satoenggiling sabab ingkang saged ndjalari toewoehing raos ingkang saé lan leres. Lan saking kabodoan saha sepening pangertosan, tijang badé saged anggadhahi raos ingkang awon lan kléntoe.²

Awit saking poenika, tijang boten saged badé mahabbah lan adjrih ing Allah, jènta dèrèng ma'rifat éstoe ing Pandjenenganipoen. Makaten oegi doemateng Kangdjeng Nabi oetoesaniPoen lan Agami anggeriPoen, inggih boten saged badé remen lan tresna sarta mbélani ingkang samestinipoen, manawi dèrèng mangertos lan doenoeng ingkang saleres - leresipoen. Dawoehing Al - Qoerân :-

أَمَّا يَنْشَىٰ اللَّهُ مِنْ عِبَادِهِ الْعُلَمَاءُ، إِنَّ اللَّهَ عَزِيزٌ غَفُورٌ.

Sanjata,*para kawoelané Allah kang bisa wedi ing Allah, ikoe moeng para 'oelamané (wong kang pada mangerti). Déné Allah maoe Kang Mahaoenggoel Mahangapoera (Al - Fathir: 28).

1. Raosing manah poenika pepak maroepi - roepi, kadosta raos wani, adjrih, bingah, sisah, welas, mangkel, remen, sengit, ajem lan soemelang sapitoeroetipoen. Raos waoe kalebet hawadits (barang anjar, mawa wiwitan); toewoeh lan sirnanipoen kedah wonten sabab ingkang ndjalari. Menggah ingkang ndjalari waoe inggih katah mawarni - warni. Sawenèhipoen, wonten tijang ingkang remen lan tresna dateng satoenggiling barang, poenika margi saking éndahing roepinipoen, saking manfa'at lan faidahipoen oetawi namoeng saking sakétja menggah anggènipoen, manawi roepinipoen makaten boten sapintena, wagoé toer kae sanget.

2. Kadosta limrahipoen tijang sami remen dateng arta, poenika leresipoen ingkang kedah dipoenremeni namoeng dajanipoen, i. p. anggènipoen kénging kanggé tetoembas barang - barang ingkang saged manfa'ati oetawi migoenani gesangipoen wonten ing donja oetawi ing tembènipoen. Ananging toemrapipoen tijang ingkang bodo boten makaten, ingkang dipoenremeni waoe woedjoedipoen, ngantos saopami anakipoen dèngap - dèngap sakit amboetohaken djampi, owel ngedalaken artanipoen kanggé toembas djampi waoe. Poenapa malih manawi badé kanggé kaboetoehaning Agami, sangsaja éman sanget. Ing mangka prakawis poenika, sadjatosipoen kanggé kaboetoehaning djiwanipoen pijambak béndjing wonten ing 'alam kalanggengan. Ananging manawi kanggé soeka - soeka oetawi ma'sijatan ingkang badé adamel tjilakanipoen, malah poeroen ngedalaken artanipoen waoe, poenika arak nama bodo.

Lan saking warni - warnining raos waoe, mestinipoen ladjeng toewoeh tandang damel ingkang salaras kalian dajaning raos waoe. Oepaminipoen: satoenggiling tijang ingkang tresna lan asih sanget dateng anakipoen, poenika sampoen tamtoe rintendaloenipoen ingkang dados rembag oetawi pemanahan, inggih namoeng anakipoen waoe, lan inggih boten badé owel saopami mawi ngedalaken banda-baoe-pikiripoen kanggé ndjagi kawilodjengan saha marsoedi kasaénanipoen anak woe.

Kados makaten oegi, tijang ingkang remen lan tresna sarta adjrih ing Allah, mestinipoen ingkang dados pamanahan saha pangangen - angenipoen, inggih namoeng prakawis ingkang gegandengan kalian Pandjenenganipoen. Sarta boten badé owel ange-tohaken banda - baoe - pikiripoen, kanggé ngladosi poenapa ingkang dados keparenging karsaniPoen. Malah jèn perloe, ngantos doemoegi djiwanipoen pisan, inggih boten badé éman kanggé mbèlani Kangdjeng Nabi oetoesaniPoen oetawi Agama Islam anggeriPoen. Inggih kados makaten poenika, wawatakan toewin tiqadipoen tetijang moe'min oetawi moeslim ingkang sale-resipoen, kados ingkang kadawoehaken wonten ing ajat ngadjeng lan dawoehing Al - Qoerän :—

وَمِنَ النَّاسِ مَن يَتَّخِذُ مِنْ دُونِ اللَّهِ أَنْدَادًا يُحِبُّونَهُمْ كَحُبِّ اللَّهِ. وَالَّذِينَ آمَنُوا أَشَدُّ حُبًّا لِلَّهِ.

Lan sawenèhé para manoesa, ana kang nganggep salijané Allah dianggep tetimbangané Allah. Dèwèké pada demen barang maoe, kajadéné demené ing Allah. Déné wong kang pada moe'min, loewih banget demené marang Allah.

(Al - Baqarah ; 175).

Mitoeroet dawoehing ajat ing ngadjeng, toemrapipoen tetijang moe'min remen lan tresna ing Allah lan Kangdjeng Nabi sarta nglaboehi dateng Agama, poenika dados tetanggelan ingkang ageng sanget, kedah dipoenroemijinaken oetawi dipoenlangkoengaken ngoengkoeli prakawis sanès - sarèsipoen. Sanadyan anak-sémahipoen, banda lan grijanipoen sapitoeroetipoen, ingkang mestinipoen dipoenremeni sanget, inggih kedah dipoenkawohaken. Manawi boten poeroen makaten, kaantjam badé kadawahan bebendoe oetawi sapoe - dendaning Pangéran ingkang sakalangkoeng awrat.

Déné jèn poeroen ngéstokaken dawoehing ajat waoe begdja sanget, badé kapariñgan bebingah ingkang sakalangkoeng ageng sanget, inggih poenika wonten ing donja badé pinaringan pitoe-loeng toewin kamenangan oetawi kamoeljan, lan béndjing wonten ing achirat badé sinapoera dosanipoen sarta badé kalebetaken ing swarga éndah manggèn ing grija ingkang asri salami - laminipoen. Inggih kados makaten poenika, badé gandjaranipoen tetijang ingkang

remen lan tresna doemateng Allah lan Kangdjeng Nabi ngoengkoeli ing sanès - sanèsipoen, sarta poeroen mbélani Agamaning Allah ingkang saleresipoen. Dawoehing Al - Qoerân :—

يا ايها الذين امنوا هل ادلكم على تجارة تنجيكم من عذاب اليم . . تؤمنون بالله
 ورسوله وتجاهدون في سبيل الله باموالكم وانفسكم . ذلكم خير لكم ان
 كنتم تعلمون . يغفر لكم ذنوبكم ويدخلكم جنات تجري من تحتها الانهار
 ومساكن طيبة في جنات عدن . ذلك الفوز العظيم . واخرى تحبونها .
 نصر من الله وفتح قريب . وبشر المؤمنين .

É wong kang pada ngéstokaké ! apa sira pada gelem Daktoedoehaké dedagangan kang bisa njlametaké sira kabèh saka siksa kang nglarani banget?— Jaikoe sira pada ngéstokna temenan marang Allah lan oetoesané, lan pada nglaboehna banda - bandanira lan awak - awakira (djiwanira) ana ing Agamané Allah. Mangkono ikoe betjik banget toemrapé sira, jèn sira pantjèn pada mangerti. — Awit, Allah bakal paring pangapoerané dosa - dosanira, lan bakal nglebokaké sira ing swarga éndah, kali - kaliné mili ana ing sangisoré wit - witané, lan bakal ngenggonaké sira ing omah kang asri ana ing swarga langgeng. Ija mangkono ikoe kabegdjan kang gedé banget. — Lan bakal paring gandjaran lijané, kang pada kokdemeni ; jaikoe pitoeloengé Allah lan kame-nangan kang tjepak. Moehammad ! Lan beboengahen (bang-bangen) para wong moe'min (kang pada ngéstokaké dawoeh maoe).
 (As. Saf : 10 - 13).

Samangké ladjeng kadospoendi menggah marginipoen tijang badé saged remen lan tresna ing Allah lan Kangdjeng Nabi, ingkang ngantos samanten agengipoen waoe?— Wangsoelaning pitakèn poenika, éstoenipoen sampoen winengkoe wonten ing soeraosipoen dawoeh : „Déné wong kang pada moe'min, loewib banget demené marang Allah.” Tegesipoen, inggih sarana pepadanging imanipoen, tijang badé saged remen lan tresna ing Allah lan Kangdjeng Nabi ingkang ngantos samanten waoe. Déné jèn roemaos sampoen iman ananging boten saged gadah raos remen lan tresna ingkang samanten waoe, poenika anelakaken bilih imanipoen dèrèng saéstoe oetawi sampoen boetek amargi katjaroeban

reregeding lampah dosa. Marginipoen, ladjeng kedah ngatah-atah-aken t o u b a t lan ' i b a d a h ing Allah Goesti Pepoendènipoen Inkgang Mahangapoera. Ing mangké imanipoen waoe ladjeng badé saged resik bening kintjling - kintjling, goemebjar apadang ndjingglang. Inggih wonten ing ngrikoe poenika, panggènanipoen raos remen lan tresna badé toewoeh pijambak. Awit, inggih namoeng sarana tjahjaning iman ingkang goemebjar apadang ndjingglang waoe, tijang badé saged ma'rifat oetawi doenoeng éstoe doemateng Allah Goesti Pepoendènipoen, lan badé saged mangertos kalenggahanipoen Kangdjeng Nabi Moehammad ingkang minangka dados goeroe panoetanipoen, poenapadéné badé saged jaqin dateng Agami ingkang dados angger gegondèlanipoen. Pramila wonten ing ajat waoe kadawoehaken, bilih tetijang moe'min poenika langkoeng sanget remenipoen lan tresnanipoen doemateng Allah tinimbang dateng sanès - sanèsiPoen. Djalaran pijambakipoen waoe saged mangertos lan kraos, bilih Allah waoe Pangéranipoen Inkgang nitahaken lan Inkgang paring gesang, Inkgang ngoepakara sarta njekapi sadaja kaboetoehanipoen, toer Inkgang welas lan asih sanget ngoengkoeli bapa - bi'oengipoen, poenapadéné Inkgang tansah ngajomi lan mitoeloengi sarta ngidjabahi sadaja panoewoenipoen.⁴

4. Terangipoen malih makaten: Manawi tijang saged kasengsem dateng kaéndahaning 'alam, poenapaa tijang waoe boten saged katarik langkoeng sengsem doemateng Allah Pangéran Inkgang Mahaéndah Inkgang moerbèng 'alam, Inkgang sampoen angge'ar kaéndahaniPoen goemambar wonten ing kaéndahaning 'alam waoe? Manawi tijang saged remen lan tresna sarta ngadjèni dateng tijang sepoehipoen kekalih ingkang welas asih, poenapaa tijang waoe boten saged langkoeng remen lan tresna sarta adjirih doemateng Allah Goesti Inkgang Mahawelas Mahaasih toer Mahaagoeng, Inkgang sampoen ngloebèraken sih - kawelasaniPoen toemètès ing sihing bapa - bijoeng waoe? Manawi tijang saged remen dateng banda awoedjoed radja-brana, radja-kaja lan sasaminipoen, poenapaa tijng waoe boten saged kepéntjoet langkoeng remen doemateng Allah Bendera Inkgang paring banda waoe? - Lan poenapa boten nama kwalik lan kléntoe, saopami wonten satoenggiling tijang kaparingan teda lan panganggé déning bendaranipoen ingkang welas asih sarta bërboedi, teka teda lan panganggé wace langkoeng dipoenremeni sanget ngoengkoeli oetawi ngantos njoepèkaken ing bendaranipoen waoe?

Lan manawi tijang saged remen lan tresna sarta ngadjèni dateng goeroe oetawi pemimpin ingkang salih sé watak lan kalakceanipoen sarta welas asih dateng moerid - moeridipoen, poenapaa tijang wace boten saged langkoeng remen lan tresna sarta angadji - adji doemateng Kangdjeng Nabi Moehammad oetoesaning Pangéran, ingkang minangka dados goeroe oetawi pemimpining djagadrat, ingkang soetji panggalihipoen lan oetami sarta saé sanget watak-wantoenipoen? Sarana lega - lila pandjenenganipoen sampoen poeroen ngoerbanaken djiwa - raganipoen kanggé kaperloeaning Agami oetawi oematipoen. Lan sarana ichlas moehoeng karana Allah boten moendoet épah oetawi toelah, rintèn - dalce kadjawi 'ibadah ing Pangéran, pandjenenganipoen tansah mrihatosaken angrembag adeging Agami lan oematipoen, toer awatak lembah-manah welas - asih dateng tetijang moe'min. Lan malih, manawi tijang poeroen mbé-lani doulat (pradja) oetawi pakempalanipoen ingkang mawa angger oetawi →

Samanten andaranipoen piwoelang 7. Déné ringkesipoen makaten: Kita tetijang moe'min poenika, wadjib kedah remen lan tresna ing Allah lan Kangdjeng Nabi ngoengkoeli ing sanès - sanèsipoen, lan kedah poeroen mbélani Agami ingkang sakijat - kijatipoen. Lan inggih makaten poenika, ingkang nama tijang moe'min saleresipoen, ingkang badé saged nampi kanjataanipoen djandjining Allah badé paring gandjaran ing donja lan ing tembénipoen.

Minangka kanggé nenoentoen manah soepados saged njetjep raosing iman waoe, prajogi anget saben - saben ngatoeraken pra-stija ing Allah, kados ing ngandap poenika:

رَضِيْتُ بِاللَّهِ رَبًّا وَبِالْإِسْلَامِ دِينًا وَبِمُحَمَّدٍ نَبِيًّا وَرَسُولًا.

Koela sampoen lega - lila sarta manteb mangéran ing Allah lan ngroengkebi Agami Islam, sarta ngakeni Andika Nabi Moehammad, djoemeneng Nabi lan oetoesaning Pangéran.

Walláhoe A'lam!

→ pranatan ingkang dipoenanggep saé, badé saged migoenani oetawi maidah ing awakipoen oetawi bebrajanipoen. poenapaa tijang waoe teka boten poeroen mbélani toewin nglaboehi Agaminipoen ingkang mawa angger lan pitedah sarta wawarah ingkang saé sanget. ingkang sampoen genah badé adamel begdja ing donja lan ing tembénipoen? inggih poenika wonten ing donja badé saged adamel wilodjeng saha tata - tentreming gesang bebrajan toewin gesangipoen satoenggaling - satoenggaling tijang. lan béndjing wonten ing achirat badé saged miloedjengaken saking siksa naraka sarta ndemoegèkaken ing swarga.

Dados tetéla, sintena tetijang moe'min ingkang poeroen tafakoer (memikir) sawatawis ké rawon kados ing nginggil poenika, sampoen tamtoe pitambakipoen badé saged mahabbah ing Allah lan Kangdjeng Nabi ngoengkoeli ing sanès - sanèsipoen, lan badé saged mbélani Agami ingkang samestiniipoen. Poenapa malih manawi poeroen mawi ngangen - angen menggah badé kawoesananing awakipoen anggènipoen badé kasowanaken ing ngarsaning Allah, mesti badé sangsaja tambah mahabbahipoen waoe. Déné jèn boten saged nggadahi mahabbah ingkang samanten waoe, nama sanès tetijang moe'min. Dawoehing Hadits makaten:

لَا يُؤْمِنُ أَحَدُكُمْ حَتَّىٰ يَكُونَ اللَّهُ وَرَسُولَهُ أَحَبَّ إِلَيْهِ مِمَّا سِوَاهَا «رَوَاهُ أَحْمَدُ»

Sidji sidjimoe doeroeng aran moe'min, jèn doeroeng nganti de men ing Allah lan oetoesiné ngoengkoeli lija - lijané.

PIWOELANG 8.

Dawoehing Al - Qoerän s Al - Isra' : 23 - 25 : -

وَقَضَىٰ رَبُّكَ أَلَّا تَعْبُدُوا إِلَّا آيَاهُ وَبِالْوَالِدَيْنِ إِحْسَانًا. أَمَا يَبْلُغُنَّ عِنْدَكَ الْكَبِيرَ
 أَحَدَهَا أَوْ كَلَاهَا فَلَا تَقُلْ لَهَا أِفْ وَلَا تُنْهَرْهَا وَقُلْ لَهَا قَوْلًا كَرِيمًا -
 وَأَخْفِضْ لَهَا جَنَاحَ الذُّلِّ مِنَ الرَّحْمَةِ وَقُلْ رَبِّ ارْحَمْنِي كَمَا رَحِمْتَنِي صَغِيرًا -
 رَبِّكُمْ أَعْلَمُ بِمَا فِي نُفُوسِكُمْ. إِنْ تَكُونُوا صَالِحِينَ فَإِنَّهُ كَانَ لِلْأَوَّابِينَ غَفُورًا.

Lan Pangéranira woes dawoeh soepaja sira adja pada nembah ('ibadah) kadjaba moeng marang Pandjenengané pijambak, lan ndawoehaké agawé betjik marang wong toewa loro. Déné jèn salab sawidjiné oetawa sakaloroné pisan maoe, woes ndoengkap djempo manggon ana ing wewengkonira, bandjoer adja sok kokoenèni: Hoes! lan adja koksentak-sentak, ananging oenènana sarana oeni kang ngadjèni (soemlondoh). -- Lan sira nglembahna solab-bawa (andap-asora) marang wong toewa loro maoe sabab déning tresna, lan moenia: Doeh Pangéran! moegi Toewan ngesihana tijang sepoe koela kakalih, kadosdéné anggènipoen sampoen sami ngitik-itik dateng koela nalika koela taksih alit — Déné Pangéranira maoe ngawoeningani apa kang ana ing atinira. Manawa sira pantjèn pada betjik, sanjata Pandjenengané maoe Mahangapoera marang wong kang pada temen temen toubat.

**

DAWOEHING ajat ing nginggil poenika, sampoen tjetra terang i. p. ndawoehaken soepados kita para manoesa samia 'ibadah oetawi touhid ing Allah, lan soepados samia adamel saé oetawi ngadjèni ing tijang sepoehipoen kakalih. Rèhning bab 'ibadah (touhid) woe sampoen kapratélakaken ing ngadjeng, pramila ing riki ingkang badé katerangaken namoeng prakawis adamel saé sarta ngadjèni ing tijang sepoe kakalih.

Katrangan :

ADAMEL SAÉ ING TIJANG SEPOEH KAKALIH.

ADAMEL saé sarta ngadjèni dateng tijang sepoe kakalih, poenika kalebet kwadjiban ingking ageng, lan wonten ing

Al - Qoerân kadawoehaken kentjeng, inggih poenika sasampoen-
ipoen dawoeh 'ibadah ing Allah. Dados dawoeh waoe mengkoe
soeraos makaten: Sasampoenipoen tijang kadawoehan nindakaken
kwadjiban ingkang nomer satoenggal i. p. 'ibadah toewin memoendi
ing Allah Goesti Ingkang nitabaken lan Ingkang paring gesang sarta
njekapi sadaja kaboetoehanipoen, ladjeng kadawoehan nglampahi
kwadjiban nomer kalih i. p. adamel saé sarta ngadjèni dateng tijang
sepoehipoen kakalih ingkang minangka dados leantaran toemitahipoen
sarta dados djoeroe pamongipoen. Lan tijang sepoeh waoe kabekta
saking remen lan welas - asihipoen dateng anak, poeroen nglam-
pahi rekaos lan prihatos, perloe namoeng badé ndjagi kawiloedje-
ngan saha marsoedi kasaénanipoen anak waoe. Pramila sampoen
samesinipoen tijang sepoeh kakalih waoe wadjib dipoendamel
saé toewin dipoenadjèni; awit nama sampoen motangaken kace-
taman ingkang ageng sarta kasaénan ingkang kañah sanger; lang-
koeng - langkoeng embokipoen ingkang sakalangkong ageng
katresnan saka kaprihatosanipoen. Dawoehing Al - Qoerân: -

وَوَصَّيْنَا الْإِنْسَانَ بِوَالِدَيْهِ. حَمَلَتْهُ أُمُّهُ وَهَذَا عَلَىٰ وَهْنٍ وَفَصَّالَهُ فِي عَامَيْنِ أَن
أَشْكُرْ لِي وَلِوَالِدَيْكَ. إِلَى الْمَصِيرِ. وَإِنْ جَاهَدَاكَ عَلَىٰ أَنْ تُشْرِكَ بِي مَا لَيْسَ لَكَ
بِئْسَ عِلْمٌ. فَلَا تُطِعْهُمَا وَصَاحِبَهُمَا فِي الدُّنْيَا مَعْرُوفًا.

Lan ingsoen woes dawoeh marang manoesa soepaja
agawé betjik karo wong toewané loro. Embokné woes
ngandoet dèwèké ana ing goewa - garbané sarana prihatin
sadoewoeré prihatin, lan panjapihé ing dèwèké sawise di-
soesoni sadjeroné rong taoen. Dawoehingsoen: Sira nga-
toerna sjoekoer (panarima) marang Ingsoen Kang nitabaké
lan marang wong toewanira loro kang dadi lantaran. Déné
kawoesanané bakal kondjoek marang Ingsoen. Lan manawa
wong toewanira maoe pada marsoedi sira, soepaja sira
moesjrikaké Ingsoen jaikoe prakara kang sira ora ndoewèni
'ilmoené, 'betjik adja kokenoet, ananging ana ing donja kan-
tjanana waé kang prajoga.² (Loeqman: 14.15).

1. Tegesipoen: tijang ingkang sami moesjrikaken ing Allah, poenika boten
gegendèlan 'ilmi. Awit moesjrik waoe pantjèn boten wonten 'ilminipoen, na-
moeng dedasar goegon - toehon oetawi naloeri.

2. Dados tetéla, nadyan tijang sepoeh waoe moesjrik oetawi kafir, éwa
déné wonten ing gesang oetawi prakawis donia meksa kedah dipoenkantjani
lan dipoentangkepi ingkang saé lan prajogi. Namong wonten ing prakawis
Agami, piwoelangipoen ingkang kléntoe boten kenging badé kagega.

وَوَصَّيْنَا الْإِنْسَانَ بِوَالِدَيْهِ إِحْسَانًا ، حَمَلَتْهُ أُمُّهُ كُرْهًا وَوَضَعَتْهُ كُرْهًا ،
 وَحَمَلَهُ وَفَصَّالَهُ ثَلَاثُونَ شَهْرًا ، حَتَّى إِذَا بَلَغَ اَشُدَّهُ وَبَلَغَ أَرْبَعِينَ سَنًا
 قَالَ رَبِّ أَوْزِعْنِي أَنْ أَشْكُرَ نِعْمَتَكَ الَّتِي أَنْعَمْتَ عَلَيَّ وَعَلَى وَالِدَيْهِ
 وَأَنْ أَعْمَلَ صَالِحًا تَرْضَاهُ وَأَصْلِحْ لِي فِي ذُرِّيَّتِي ، إِنِّي تُبْتُ إِلَيْكَ وَإِنِّي مِنَ
 الْمُسْلِمِينَ . . . أُولَئِكَ الَّذِينَ نَتَقَبَّلُ عَنْهُمْ أَحْسَنَ مَا عَمِلُوا وَنَتَجَاوَزُ عَنْ
 سَيِّئَاتِهِمْ فِي أَصْحَابِ الْجَنَّةِ ، وَعَدَّ الصَّدَقَ الَّذِي كَانُوا يوعَدُونَ .

Lan Ingsoen woes dawoeh marang manoesa soepaja agawé betjik karo wong toewanè loro. Embokné woes ngandoet dèwèké sarana rekasa lan woes nglairaké ija sarana rekasa. Moenggoeh pangandoeté maoe lan panjapihé pisan, teloeng poeloeh sasi. Bareng dèwèké nganti toemeka oemoer kamempengané lan woes njandak oemoer patang poeloeh taoen, dèwèké moeni: Doeh Pangéran! moegi Toewan ngoesikna koela anggèn koela badé ngatoeraken sjoekoer (mbingahi) ni'mat Toewan ingkang sampoen Toewan paringaken dateng koela lan dateng tijang sepoe kakaalih. Lan moegi ngoesikna koela anggèn koela badé nglampahi 'amal salih ingkang Toewan renani, lan moegi ndadosna tedak-toeroen koela dados tetijang salih. Saèstoe, koela toubat (madep) ing Toewan, lan koela éwonipoen tetijang Islam (soemarah).— Wong kang mangkono maoe, kang bakal pada Daktrima 'amalé kabetjikan kang woes pada dilakoni, lan bakal Dakpoewoeng ala-alané, toer kaleboe golongané wong kang pada manggon ing swarga. Ikoé, djandji kang temenan, kang woes didjandjèkaké marang wong kang mangkono maoe. (Al - Ahqaf 15, 16).³

Dados, mirid dawoehing ajat-ajat ing nginggil lan ing ngadjeng waoe, tetéla sanget bekti ing tijang sepoe kakaalih, poenika kwadjiban ingkang wigatos éstoe. Awit saking poenika

3. Ajat poenika, kadjawi ndawoehaken bab wadjibipoen adamel saé ing tijang sepoe kakaalih, oegi ndawoehaken toeladanipoen tijang ingkang sampoen adamel saé waoe, sarta nerangaken menggah badé agenging gandjaranipoen. Ajat waoe katoeroenaken kanggé njemoni lalampahanipoen goesti Aboe-Bakar sahabat ingkang sanget pinoedji.

wani, sija oetawi ngrèmèhaken dateng tijang sepoeh kakalih waoe, dosanipoen inggih ageng saéstoe. Dawoehing Hadits makaten: -

أَلَا أَنْبِئُكُمْ بِكَبِيرِ الْكِبَائِرِ؟ قَالُوا: بَلَى يَا رَسُولَ اللَّهِ! قَالَ: الْأَشْرَاكُ بِاللَّهِ
وَعَقُوقُ الْوَالِدَيْنِ. (متفق عليه).

Apa kowé doeroeng pada dakkandani gedé - gedéné dosa gedé? Atoeré para sahabat: Noen inggih Kangdjeng Rasoel! Dawoehé: Jaikoe moesjrikaké ing Allah lan sija marang wong toewané loro.

قَالَ: الْكِبَائِرُ الْأَشْرَاكُ بِاللَّهِ وَعَقُوقُ الْوَالِدَيْنِ وَقَتْلُ النَّفْسِ وَالْيَمِينَ الْغَمُوسِ.
(رواه البخاري).

Dawoehé manèh: Kang aran dosa gedé, ikoe moesjrikaké ing Allah lan sija marang wong toewané loro lan matèni wong lan soepata kang goroh.

Dados sampoen tetéla, wani, sija oetawi ngrèmèhaken dateng tijang sepoeh kakalih waoe, ageng sanget dosanipoen lan awrat sanget siksaniipoen. Saking poenika, perloe sanget tijang sepoeh waoe kedah dipoendamel saé, dipoenadjèni, dipoenbektèni lan dipoendèrèk sadaja pitoetoer lan pakèniipoen, saeuger boten ngantos nradjang ma'sijat ing Allah.⁴ Awit, wonten ing bebrajaning gesang, boten wonten tijang ingkang langkoeng remen lan tresna sarta welas lan asih ngoengkoeli tinimbang tijang sepoehipoen kakalih. Lan sadaja pangrembagipoen, pitedahipoen toewin pakèniipoen tijang sepoeh waoe, mesti mawa pamrih ngangkah dateng kawiloedjengan saha kasaénaning anakipoen, nadyan anak waoe dèrèng oetawi boten mangertos. Ananging béndjing jèn sampoen ngraosaken dados tijang sepoeh pijambak, mesti inggih badé kraos-roemaos lan mangertos.

Wondéné patrapipoen adamel saé lan ngadjèni sapitoeroeti-poen waoe, arah - arahipoen garis ageng sampoen kapratélakaken pisan wonten ing dawoehing Al - Qoerän waoe, inggih poenika: Manawi tijang sepoeh waoe salah satoenggal oetawi kakalihipoen pisan sampoen djempo oetawi pikoen (sampoen dados dameling

4. Amargi Pandjenenganipoen poenika, Bendera Ingkang nitahaken sadajaniipoen, lan ingkang linangkoeng samoekawisipoen ngoengkoeli bapa - bijoeng. Pramila haqipoen inggih ageng pijambak ngoengkoeli sadaja titahipoen. Dawoehing Hadits: „Ora kena manoet menjang titah, ing dalem prakara ma'sijat ing Allah Bendera Kang nitahaké.”

anak), sampoén ngantos dipoensija, dipoenhoesaken dipoensoetaken oetawi dipoensentak, ananging kedah dipoenwelasi lan dipoenadjèni, dipoentjaosi atoer sarana temboeng aloes angarih-arih ingkang saged adamel renaning panggali. Lan sampoén ngantos dipoentèmèhaken, dipoensapèlèkaken oetawi dipoennjèk, balik kedah dipoenmoeljakaken, dipoenandap-asori, dipoenladosi lan dipoenpepoedji pinaringana sih-kawelasaning Pangéran.⁵ Lan wonten ing ajat ngadjeng waoe kadawoehaken. Pangéran poenika ngawoeningani saébah-moesiking manah, ingkang saé lan awon oetawi ingkang temenan lan lelamisan, sadaja kapirsanan ing Pandjengnipoen. Pramila manawi tijang waoe saé saéstoe, Pandjengnipoen ladjeng badé paring pangapoenten saha gandjaran ingkang ageng. Kados tjekap samanten katranganipoen piwoelang, 8.

Walláhoe A'lam!

PIWOELANG 9.

Dawoehing Al-Qoerän s. Al-Isra' : 26 - 30 :—

وَأْتِ ذَا الْقُرْبَىٰ حَقَّهُ وَالْمِسْكِينَ وَابْنَ السَّبِيلِ وَلَا تَبْذُرْ تَبْذِيرًا.
 أَنْ الْمُبْذُرِينَ كَانُوا إِخْوَانَ الشَّيَاطِينِ. وَكَانَ الشَّيْطَانُ لِرَبِّهِ كَفُورًا.
 وَأَمَّا تَعْرِضُنَّ عَنْهُمْ ابْتِغَاءَ رَحْمَةٍ تَرْجُوهَا فَقُلْ لَهُمْ قَوْلًا مِّسُورًا. وَلَا تَجْعَلْ
 يَدَكَ مَغْلُولَةً إِلَىٰ عُنُقِكَ وَلَا تَبْسُطْهَا كُلَّ الْبَسْطِ فَتَقْعُدَ مَآلُومًا مَّحْسُورًا.
 إِنَّ رَبَّكَ يَبْسُطُ الرِّزْقَ لِمَنْ يَشَاءُ وَيَقْدِرُ. إِنَّهُ كَانَ بِعِبَادِهِ خَبِيرًا بَصِيرًا.

Lan sira ngewèhna haqé krabatira lan haqé wong miskin lan anak dalan, kang dadi tetanggoenganira, lan sira adja moebadiraké (ngawoet-awoet) banda sarana moespra.— Sanjata

5. Wonten ing ajat waoe mawi kadawoehaken „manawi tijang sepoehipoen sampoén djempo oetawi pikoén,” poenika boten ateges jèn dèrèng djempo ladjeng kènging dipoensija oetawi dipoentranjak, poenika boten. Namoeng kèma-won, mestinipoen jèn tijang sepoeh waoe taksih brengga-rosa lan sembada, poen anak boten soesah mawi dipoenpènging, sampoén tamtoe boten badé poeroen sija oetawi nranjak dateng tijang sepoehipoen waoe. Déné manawi wonten anak ingkang poeroen sija lan nranjak dateng tijang sepoehipoen ingkang taksih brengga-rosa toer sembada waoe, poenika nama anak ingkang boten patoet sanget, diksoera boten woeroes lan boten tata.

wong kang pada ngawoet - awoet banda maoe, dadi kantjané sjétan. Lan sjétan maoe kafir (njélaki) banget marang Allah Pangérané.— Déné manawa sira arep noelak marang wong kang pada ndjedjaloek maoe, marga sira lagi njanjadang déwé sibé Pangéranira kang kokarep - arep, noeli wong maoe wangsoelana sarana wangsoelan kang ngarih - arib.— Lan sira adja nggawé tanganira binlenggoe menjang goeloenira (koemet), lan ija adja kokegaraké oedjan - oedjan (ngebrèh), moendak sira bakal dadi wong kang tinoetoeb toer nalangsa.— Sanjata, Pangéranira Kang paring kadjembarané rezeki marang wong kang diparengaké, lan Kang paring roepéké. Sanjata, Pandjenengané maoe Kang Waspada toer Kang Pirsamarang para kawoelané.

*
**

DAWOEHING ajat - ajat ing nginggil poenika, ringkesipoen mengkoe piwoelang bab bèrboedi lan tindak gemi, toewin kosok - wangsoelipoen inggih poenika boedi tjeñil lan lampah ngebrèh.

K a t r a n g a n :

BÈRBOEDI LAN GEMI.

INGKANG kawastanan bèrboedi, poenika poeroen ngebèraken katjekapaning banda - baoe - fikiripoen dateng tetijang oetawi kaperloeang ingkang pantjèn mboetoeaken. Kadosta kanggé tetoeloeng tijang sangsara, fekir, miskin, kaloenta - loenta ing mantja lan sasaminipoen, langkoeng - langkoeng krabat oetawi tangga-tepalihipoen. Oetawi kanggé mbantoe adegipoen kamaslahatan oetawi kamanfa'atan oemoem, langkoeng - langkoeng kaperloeang Agaminipoen. Dados ateges nandjakaken barang ingkang maidahi dateng prakawis ingkang manfa'ati. Mesti kémawon inggih badé oentoeng.

Wondéné ingkang nama gemi, poenika poeroen njandet wedaling banda - baoe - fikiripoen dateng barang oetawi prakawis ingkang moespra boten wonten faidahipoen ingkang jektos. Dados ateges ngéman wedaling barang ingkang migoenani dateng prakawis ingkang tanpa goena. Sampoen tomtoe inggih badé begdja.

Kados ingkang sampoen kapratélakaken ing ngadjeng,¹ bèrboedi waoe pakerti moelja lan pendamel ingkang saé sanget; gандjaranipoen ageng toer faidahipoen inggih kañah mikantoeki sanget.

1. Inggih poenika wonten ing piwoelang I, bab loma. Lan wonten ing Poestaka Islam, bab zakat. Ing rikoe sampoen katerangaken sarana pandjang, prajogi kapirsanana malih soepados tambah terang.

Awit, bèrboedi waoe badé saged ndjoendjoeng pangkating manoesa dateng dradjat a brar (oetama) ingkang inggil lan nimat sanget. Dawoehing Al - Qroerān :—

لَنْ تَسْأَلُوا أَبْرًا حَتَّى تَنْفَقُوا مِمَّا تَحِبُّونَ . وَمَا تَنْفَقُوا مِنْ شَيْءٍ فَإِنَّ اللَّهَ بِهِ عَلِيمٌ -

Sira ora bakal pada olèh dradjat bir (oetama). jèn doeroeng pada gelem ndanakaké banda kang pada kokdemeni. Déné apa kang pada kokdanakaké maoe, mesti bakal diwoeningani ing Allah, bandjoer diparingi gandjaran tikel - matikel.

(Ali - 'Imran : 92).²

Déné gemi, poenika pakerti saé ingkang badé saged ndjagi manoesa saking sangsara lan dosa. Awit, tijang ngebrèh poenika kadjawi badé sangsara lan nalangsa gesangipoen, oegi kaéwokaken kantjaning sjétan ; ing mangka sjétan waoe satroening Allah. Pramila Allah inggih boten remen dateng tijang ingkang sami ngebrèh waoe. Dawoehing Al - Qoerān :—

يَا بَنِي آدَمَ خُذُوا زِينَتَكُمْ عِنْدَ كُلِّ مَسْجِدٍ وَكُلُوا وَاشْرَبُوا وَلَا تُسْرِفُوا .
إِنَّهُ لَا يُحِبُّ الْمُسْرِفِينَ .

É tedaké Adam ! pada nganggoa sandanganira ana ing sakabèhé masjid, lan pada mangana lan ngombéja, ananging adja nganti pada keladoek ; awit Allah ora remen marang wong kang pada keladoek maoe. (Al - A'raf : 30).

Dados sampoen tetéla, gemi waoe pakerti ingkang saé, lan ngebrèh pakerti awon. Saking poenika, perloe sanget gemi waoe dipoenpersoedi lan ngebrèh dipoenyingkiri.

BOEDI TJETIL LAN NGEBRÈH.

ARTOSIPOEN tjetil, poenika boten poeroen ngebèraken katjekapaning banda - baowé - fikiripoen dateng tetijang oetawi kaperloean ingkang mboetohaken, langkoeng - langkoeng kaboe-tcehaning Agaminipoen ; sanadyan wani ngedalaken banda katjah manawi badé kanggé soeka - soeka oetawi prakawis ingkang nglaha, poenika inggih taksih tetep nama medit. Dados ateges boten poeroen nandjakaken banda ingkang migoenani dateng prakawis ingkang badé mikantoeki. Sampoen tamtoe inggih badé roegi.

2. Déné manawi dipoentedani pitoeloengan, ananging boten saged njekani amargi awakipoen piambak inggih pinoedioe katjingkrangan lan oegi sawek ngadjeng - adjeng sising Pangéran, tijang ingkang neda pitoeloengan waoe dipoenwangsoelana sarana ingkang saé oetawi ngarih - arih.

Déné artosipoen ngebrèh, poenika poeroen ngedalaken banda - baoe - fikiripoen dateng barang oetawi prakawis ingkang moespra boten wonten manfa'atipoen ingkang jektos; sanadyan namoeng sakedik inggih nama ngebrèh.³ Dados ateges noembasaken banda ingkang adji dateng barang ingkang boten mbedjadji. Mesti kémawon inggih badé njilakani.⁴

Boedi tjeṭil waoe pakerti ingkang ina lan awon sanget. Awonipoen, kadjawi badé adamel sangsara béndjing wonten ing achirat, ing donja oegi badé adamel ina lan koetjem, sarta keesoeting masjrakat. Poenapamalih toemrapipoen para leloehoer, pangageng toewin minoelja s. s., boedi tjeṭil waoe badé saged njoedakaken pengaosipoen; djalaran, badé nebihaken saha nggeṭingaken tetijang kaṭah langkoeng - langkoeng ingkang pantjèn mboetohaken pitoeloengan. Dawoehing Al - Qoerän :—

وَلَا يُحْسِبَنَّ الَّذِينَ يَبْخُلُونَ بِمَا أَنعَاهُمْ اللَّهُ مِنْ فَضْلِهِ هُوَ خَيْرًا لَّهُمْ. بَلْ هُوَ
شَرٌّ لَّهُمْ سَيُطَوَّقُونَ مَا بَخُلُوا بِهِ يَوْمَ الْقِيَامَةِ.

Lan adja pisan - pisan ngira wong kang pada keket (medit) menjang banda kanoegrahané Allah kang woes diparingaké dèwèké. jèn keket maoe loewih betjik toemrap dèwèké. Balik keket maoe bakal ala banget kanggoné dèwèké; awit, bésoek dina qijamat banda kang dikeketi maoe bakal dinggo ndjiret goeloené. (Ali - 'Imran : 180).

3. Poenapamalih manawi kanggé ma'sijatan, poenika sangsaja nama nibahné ngebrèh, ageng sanget dosanipoen.

4. Wonten ing salebeting gesang sasrawoengan, katah tijang ingkang sangsara gesangipoen amargi namoeng saking anggènipoen ngebrèh, boten saged nandjakaken arta oetawi pamedalipoen. Awit saking poenika, kanggé njaéni panggesangan oetawi gesangipoen waoe, prajogi langkoeng roemijin tijang waoe gesangipoen kedah katata mawi doeji - prajogi samoerwatipoen, sampoen ngantos nglandiak saking watesing kekijatanipoen. Lan kedah mawi katoentoen kadospoendi tiaranipoen badé nandjakaken arta oetawi pamedal waoe sapraoginipoen, sampoen ngantos namoeng sapoeroen - poeroenipoen. Awit, badé a soegih pamedal dikados poenapa, manawi pamboetialipoen namoeng sakenjohkenjohipoen, mesti gesangipoen inggih tansah badé katjingkrangan kémawon; sanadyan badéja mawi dipoenpitoeloengi para 'oelama sarana ngalalaken riba oetawi renten (ngedegaken ba'é samboetan s. s.), mangké arak malah inggih sangsaja tambah katah samboetanipoen.

Pramila saking poenika, Agami Islam ndawoehaken soepados tijang safèh (ngebrèh) poenika gesangipoen kedah mawi dipoenolat - oelataken. Inggih poenika banda darbèkipoen kedah dipoensimpen lan dipoendiagi déning negari oetawi walnipoen. Pijambakipoen namoeng kablandja oetawi katjadong satèkapipoen kabetahaning gesangipoen, boten kénging badé njepeng oetawi nandjakaken arta pijambak. Samanten, pangowel saha pangreksanipoen Agami Islam dateng banda peparinging Allah. Awit, banda waoe pantjèn katah →

الَّذِينَ يَبْخُلُونَ وَيَأْمُرُونَ النَّاسَ بِالْبُخْلِ وَيَكْتُمُونَ مَا آتَاهُمُ اللَّهُ مِنْ فَضْلِهِ
وَاعْتَدْنَا لِلْكَافِرِينَ عَذَابًا مُهِينًا.

Dèwèké, wong kang pada medit lan pada akon medit marang wong lijané, lan pada ndelikaké kanoegrahané Allah kang woes diparingaké dèwèké. Lan Ingsoen woes njawisaké siksa kang agawé ina marang wong kang pada mbaléla (medit) maoe. (An - Nisa' : 38).

هَا أَنْتُمْ هَؤُلَاءِ تَدْعُونَ لِنُفْسِكُمْ أَنْ تُبْخَلَ فِي سَبِيلِ اللَّهِ، فَمَنْ مِّنْكُمْ يَبْخُلْ، وَمَنْ يَبْخُلْ
فَأَنَّمَا يَبْخُلْ عَن نَّفْسِهِ، وَاللَّهُ الْغَنِيُّ وَأَنْتُمُ الْفُقَرَاءُ، وَإِنْ تَتَوَلَّوْا يَسْتَبَدِلْ قَوْمًا
غَيْرَكُمْ، ثُمَّ لَا يَكُونُوا أَمْثَالَكُمْ.

É sira iki! sira pada diadjak soepaja pada darma ana ing Agamané Allah, bandjoer sawenéhira ana kang koemet. Déné sapa kang koemet maoe, sadjatiné koemet marang awaké déwé; awit, Allah Mahasoegih ora boetoeb ing darma maoe, ananging sira déwé kang pada mboetoehaké, amarga arep agawé betjiké awakira. Lan manawa sira pada mléngos (emoh darma), panggonanira bakal dilironi wong salijanira; bandjoer ora pada kaja sira mangkono. (Moehammad : 38).

Lan wonten ing Hadits katerangaken, tjeṭil wace dédé pakertinipoen tetijang moe'min. Tijang waoe manawi pantjèn moe'min éstoe, boten saged badé tjeṭil waoe.

Samanten andaranipoen piwoelang 9.

Walláhoe A'lam !

PIWOELANG 10.

Dawoehing Al - Qoerän s. Al - Isra' : 31 - 33: -

وَلَا تَقْتُلُوا أَوْلَادَكُمْ خَشْيَةَ إِمْلَاقٍ، نَحْنُ نَرْزُقُهُمْ وَإِيَّاكُمْ، أَنْ قَتَلْتَهُمْ
كَانَ خَطَاً كَبِيرًا. - وَلَا تَقْرَبُوا زَنَانًا إِنَّهُ كَانَ فَاحِشَةً وَسَاءَ سَبِيلًا. -

→ manfa'atipoen lan awis reginipoen, pramila inggih éman sanget manawi namoeng dipoenetjèh - etjèh tanpa tandja; langkoeng - langkoeng kanggé ma'sijatan nglampahi dosa. Déné jèn badé kanggé kasaénan, Agami Islam ndjoroengaken sanget: awit, poenika nama toemandja éstoe.

وَلَا تَقْتُلُوا النَّفْسَ الَّتِي حَرَّمَ اللَّهُ إِلَّا بِالْحَقِّ. وَمَنْ قَتَلَ مَظْلُومًا فَقَدْ جَعَلْنَا
لَوْلِيهِ سُلْطَانًا فَلَا يَسْرِفُ فِي الْقَتْلِ، إِنَّهُ كَانَ مَنصُورًا.

Lan sira adja pada matèni anak - anakira krana wedi nggombal, Ingsoen kang bakal ngrezekèni dèwèké lan ngrezekèni sira kabèh. Sanjata, matèni anak maoe kaloepoetan (dosa) gedé. — Lan sira adja pada tjedak tjedak lakoe zina; sanjata, zina maoe saroe banget toer gedé dosané, lan ala - alané dedalan. — Lan sira adja pada matèni awak kang dibaramaké (dilarangi) déning Allah dipatèni, kadjaba jèn sarana sabab kang bener. Déné sapa kang dipatèni moeng krana dikaniaja, sanjata Ingsoen bakal ndadèkaké pangwasa (maringi hak) marang waliné, ndjaloek patiné kang matèni; ananging adja bandjoer ngekèh - ekèhaké radja pati. Sanjata kang dipatèni oetawa waliné maoe pantjèn doewé hak koedoe dipitoeloengi.

*
**

DAWOEHING ajat - ajat ing nginggil poenika, mengkoe pepertjoeh boten kénging badé njoeres toeroen, badé lampah zina (bédangan) lan badé medjahi tijang oetawi héwan ingkang pantjèn dipoenharamaken (dipoenawisi) medjahi déning Pangéran.

Kat r a n g a n :

NJOERES TOEROEN.

WONTEN ing loemampahing gesang sasrawoengan wiwit kinamakina doemoegi sapriki, pendamel awon, nista toer ngeres-eresi i. p. njoeres toeroen oetawi medjahi anak amargi namoeng kwatos mindak mlarat gesangipoen, poenika asring sanget saged kalampahan saking pokalipoen tijang ingkang rakoes boten weroes, namoeng badé noeroeti sjahwat lan hawa - nafsoenipoen.¹

Pokal awon lan nista kados makaten waoe, béndjing wonten ing ngarsaning Allah Pangéran Ingkang nitahaken, dosanipoen ageng sanget saha siksaniipoen sakalangoeng awrat.² Djalaran, kadjawi nama téga adamel sija ing sasami, oegi ateges badé ndoewa karsaning Allah Goesti Ingkang paring gesang lan paring

1. Namong réka lan tjaranipoen ingkang béda - béda: Wonten ingkang mentas lahir lajeng dipoenpites, wonten ingkang dipoengogrokaken sadèrèngipoen lahir, wonten ingkang pranakaning blioeng dipoenrisak oetawi s. s.

2. Lan toemrap adejing oemat oetawi bangsa, pokal awon lan nista waoe badé adamel sangsara lan tjilaka. Pramila wonten ing negari ingkang sampoen tinata, pokal makaten waoe oegi kapatrapan paoekoeman awrat sanget.

rezeki. Awit, Pangéran nitahaken tijang djaler lan èstri, poenika karsaniPoen soepados sami sesémahan ladjeng saged noewoeh-aken toeroen ingkang badé ngladjengaken gesang oetawi 'amal-ipoen; boten kok namoeng soepados sami ngoedja sjahwat lan hawa nafsoenipoen tok, poenika boten. Dawoehing Al-Qoeän:—

فَالآنَ بَاشِرُوهُنَّ وَابْتَغُوا مَا كَتَبَ اللَّهُ لَكُمْ. نِسَاءُكُمْ حَرْثٌ لَكُمْ فَاتُوا
حَرْثَكُمْ أَنِي شِئْتُمْ. وَقَدِمُوا لَأَنفُسِكُمْ. وَاتَّقُوا اللَّهَ وَاعْلَمُوا أَنَكُمْ مَلَاقُوهُ.
وَبَشِّرِ الْمُؤْمِنِينَ.

Saiki sira pada ngoempoelana bodjo - bodjonira, lan pada ngoepajaa barang (toeroen) kang woes ditoelis déning Allah kanggo sira.— Para wadonira, ikoe boemi oepamané toemrapé sira, moelané pada nekanana (njebara widji) ing boeminira maoe sakarepira. Lan pada ndisikna kabetjikan kang makolèhi ing awakira.³ Lan pada wedija ing Allah, lan pada soemoeroepa jèn sira bakal pada diadepaké ing ngarsané. Moehammad! lan beboengahen wong pada ngés-tokaké dawoeh maoe. (Al - Baqarah: 187, 223).

Saking dawoehing ajat poenika, sanadyan sarana temboeng kinajah (pasemon) ingkang aloes sanget, éwadéné tjeṭa terang bilih sesémahan waoe, menggah karsaning Allah, ingkang bakoe soepados samia mentjaraken widji sageda toekoel bebranahan toeroen - temoeroen, boten namoeng paṭok medal lan katoeroetan sjahwatipoen.⁴ Awit saking poenika, wonten ing Agami Islam,

3. Inggih poenika anak ingkang salih, lan manawi badé ngempali sémahipoen mawi maos:

بِسْمِ اللَّهِ اللَّهُمَّ جَنِّبْنَا الشَّيْطَانَ وَجَنِّبِ الشَّيْطَانَ مَا رَزَقْتَنَا.

Kalajan asma Allah, doeh Allah! moegi Toewan nebihna koela saking sjétan, lan nebihna sjétan saking anak ingkang badé Toewan paringaken ing koela.

4. Wondéné prakawis rezeki sandang - panganing laré, lan malah inggih sabapa - bijoengipoen pisan, poenika badé dipoentanggal déning Allah Benda logkang paring gesang lan sandang - pangan. Déné bapa-bijoeng, poenika sadiatosipoen namoeng dados lelantaran, kadosdéné tijang sanès - sanèsipoen, lan kadosdéné anggènipoen dados lelantaran toemitahing laré waoe. Pramila wonten ing masjrakat, katah laré lola ingkang boten tinilaran banda, teka gesangipoen saged moelja moekti - wibawa, moehoeng saking peparinging Pangéran ingkang paring gejang lan Mahaloma.

sesémahan waoe mawi dipoenpernata saé sanget moerih saged-
ipoen prajogi, ingkang mantesi sanget kalian gesanging manoesa.
Prajogi dipoensinaoea!

LAMPAH ZINA (BÉDANGAN).

INGKANG kawastanan zina, poenika kempalipoen te-
tijang djaler lan èstri boten mawi 'aqad nikah ingkang absah. Zina
waoe satoenggiling laupah awon ingkang ina lan saroe sanget won-
ten sasrawoenganing gesang. Wonten ing donja, katjah sanget bilai-
nipoen, lan béndjing wonten ing achirat, siksaniipoen ageng sa-
kalangkoeng awrat. Lan wonten ing sadaja Agami, dipoenanggep
lampah tjrobo ingkang djember sanget, lan kapétang dosa ingkang
sakalangkoeng ageng, ngantos wonten ing donja kémawon oegi
mawi kapatrapan paoekoeman badan ingkang awrat. Lan malih,
lampah zina waoe pantjèn pokalipoen tijang oegal-oegalan ing-
kang taksih wadag lan asor sanget beboedènipoen, boten pantes
jènta badé dipoentindakaken déning tetijang ingkang saé-saé,
moelja, oetama oetawi soeséla. Poenapamalih déning tijang ing-
kang soemedya nggajoe kasoetjian, kasoefijan oetawi dradjat
abrar, sangsaja boten ilok sanget; awit zina waoe pakertiniipoen
héwan oetawi nafsoe ammarah ingkang pitjak lan nista sanget. *

MEDJAHI TIJANG.

WONTEN ing piwoelang Islam, medjahi tijang tanpa sabab
ingkang absah, poenika kadjawi badé kaoekoem wonten ing
donja sarana paoekoeman pedjah oegi, wonten ing ngarsaning
Allah dosaniipoen inggih ageng sanget, lan béndjing wonten ing
achirat siksaniipoen sakalangkoeng awrat. Dawoehing Al-Qoerän: —

ومن يقتل مؤمناً متعمداً جزأؤه جهنم خالداً فيها وغضب الله عليه ولعنه
واعده له عذاباً عظيماً.

Lan sapa waé kang matèni wong moe'min sarana ndjarag
(disengadja), sanjata moenggoeh piwalesé, naraka Djahanam
toer bakal langgeng ana ing kono, lan bakal dibendoni sarta
dila'nati ing Allah, apadéné woes ditjawisi siksa kang gedé
banget. (An-Nisa' : 93).

Lan oegi kalebet medjahi tijang, medjahi awakipoen pijambak
(ngendat); dosaniipoen inggih ageng lan majitipoen boten ké-

* Prakawis bilahi lan awonipoen bédangan, sarta faidah lan saénipoen
sesémahan, prajogi mrsanani Poestaka Hadi djilid VI, S. An. Noer, soepados
tambah terang.

nging kasalataken. Lan kadosdéné boten kénging medjahi tijang. oegi natoni oetawi adamel sakitipoen, inggih boten kénging. Dawoehing Al-Qoerân :-

قُلْ إِنَّمَا حَرَّمَ رَبِّي الْفَوَاحِشَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ وَالْأَثَمَ وَالْبَغْيَ بِغَيْرِ الْحَقِّ .

Dawoeha : Sanjata, Pangérankoe woes ngaramaké (nglarangi) sakèhé prakara ala, kang tjeṭa alané lan kang samar, lan lakoe dosa sarta panjija oetawa pamisésa kang ora bener. (Al - A'raf : 33).

وَالَّذِينَ يُؤْذُونَ الْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ بِغَيْرِ مَا كَتَبْنَا لَهُمْ فَعَلُوا قَدْرًا حَتَّىٰ تَسْبُوا فَيُدْخِلُهُمْ رَبُّنَا فِي الْأَشْقَىٰ .

Moenggoeh wong kang pada wani agawé larané atiné oetawa awaké para wong moe'min lanang lan wadon, kang tanpa sabab dosa kang pada dilakoni, sanjata, wong maoe bakal pada njangga dosané gegorohan lan dosa kang tjeṭa-terang (gedé). (Al - Ahzab : 58).

Mirid dawoehing ajat nginggil poenika, tjeṭa sanget adamel sija ing sasami lan misésa oetawi ngrebat darbèkipoen, poenika dipoenharamaken ing Pangéran. Makaten oegi adamel sakiting badan oetawi manahipoen, dosanipoen inggih ageng; kadjawi jèn perloe badé males, inggih kénging saoegeer samoerwatipoen boten ngantos nglangkoengi ing wates. Dawoehing Al-Qoerân :-

وَإِنْ عَاقَبْتُمْ فَعَاقِبُوا بِمِثْلِ مَا عُوقِبْتُمْ بِهِ ، وَإِنَّ صَبْرَتَكُمْ هِيَ خَيْرٌ لِلصَّابِرِينَ .

Lan manawa sira arep pada males ala, pada malesa samoerwaté piala kang ditandoekaké marang sira. Déné jèn sira pada gelem sabar, sajekti, ikoe kang loewih betjik toemrap wong kang pada bisa sabar. (An - Nahl 126).⁵

Awit saking poenika, toemrapipoen tijang ingkang soemedya nggajoeh dateng kaoetaman angambah margining kasoefijan, wonten ing gesang bebrajan wadjib kedah ndjagi sampoén ngantos nandoekaken panganiaja, sija oetawi sawijah ing sasami. Balik sasaged-saged kedah tetoeloeng lan adamel saénipoen.

Walláhoe A'lam !

5. Dados wonten ing masjrakat, gesangipoen tetijang moe'min oetawi moeslim, poenika sakedikipoen kedah boten adamel sija oetawi sawenang-wenang ing sasami, saha kedah ndjagi sampoén ngantos adamel sisah oetawi seriking manah; sjoekoer bagé jèn poeroen tetoeloeng oetawi adamel saé, poenika ingkang langkoeng prajogi lan oetani. Dawoehing Hadits makaten :

„Kang aran wong Islam, ikoe wong kang bisa slamet para wong Islam lijané saka bilabiné lésané lan tangané.”

Tegesipoen, tijang ingkang boten poeroen adamel sangsara oetawi seriking ngasanés sarana witjanten oetawi tandang-damelipoen. →

PIWOELANG 11.

Dawoehing Al-Qoerän s. Al-Isra': 34, 35.

وَلَا تَقْرَبُوا مَالَ الْيَتِيمِ إِلَّا بِالَّتِي هِيَ أَحْسَنُ حَتَّىٰ يَبْلُغَ أَشُدَّهُ. وَأَوْفُوا بِالْعَهْدِ.
 إِنَّ الْعَهْدَ كَانَ مَسْئُولًا. — وَأَوْفُوا الْكَيْلَ إِذَا كَلِمْتُمْ وَزِنُوا بِالْقِسْطِاسِ الْمُسْتَقِيمِ.
 ذَلِكَ خَيْرٌ وَأَحْسَنُ تَأْوِيلًا.

Lan sira adja pada ngepik - epik bandané botjab jatim jèn ora sarana dedalan kang betjik banget, kadjaba jèn botjab maoe woes ngantjik diwasa. Lan pada noehonana djandji; awit djandji maoe bésoek bakal dinangoe (dipriksa).— Lan pada ngetrepana takeran manawa sira pada naker, lan

→ Lan kawoeningana: Sadaja pendamel saé lan awon, poenika mesti wonten pitoewas lan piwalesipoen. Awit, sadaja ngagesang poenika wonten ingkang kagoengan lan ingkang roemeksa, ingkang tansah angoelat-oelataken saha mremanemaken sasolah-tingkahing para manoesa, inggih poenika Allah Ingkang paring gesang Ingkang Mahaadil Mahakwasa, Ingkang badé paring tijlaka dateng tijang ingkang ambek sija, saha badé paring begdja dateng tijang ingkang ambek loma.

Wawarahipoen para sepoeh makaten: É, nggèr! poma-dipoma kowé oerip ana ing donja, dingati-ati, adja sok agawé sija marang sapada-pada oetawa agawé seriking ati, ing mengko kowé moendak digawé sija lan diserikaké genti. Awit, Pangéran Kang moerbèng djagad sarta roemeksa ing ngaoerip, ora pareng lan ora lila banget jènta kawoelané arep dikantaja oetawa dilarakaké atiné; loewih-loewih kawoelané kang salih (betjik) oetawa kang papa lan témbé. O, nggèr! gedé banget walaté Pangéran Kang Mahakwasa marang wong kang ambek sija angedir-ediraké, soemakéjan sawijah oetawa ngrèmèhaké ing sapada-pada. Anggering piwoelang betjik woes moeni: Sapa kang arep kadièn awaké, ngadjènana lijané, lan sapa koemloengkoeng bakal kagloendoeng. Sapa kang arep kinasihan ing Pangéran, welasa ing lijan, lan sapa sija bakal tijlaka. Sapa kang arep oentoeng demena tetoeloeng, lan sapa mentoeng bakal boentoeng. Sapa kang ndoedoek djogangan kanggo masangi kantjané, bakal katjemploeng déwé. Lan sapa kang panastèn bakal soesoet rezekiné. Tjekaké, nggèr! ing donja ora ana panggawé kang ora ana piwalesé; moelané lakoe satindak tjatoer saketjap, koedoe dingati-ati adja sembrana, kabèh maoe bakal ana hisabé (pétoengané). Awit Allah Kang Mahaadil ora bakal nglirwakaké prakarané wong doeraka ambek sija angedak-edakaké. Dawoehé:

وَلَا تَحْسِبَنَّ اللَّهَ غَافِلًا عَمَّا يَعْمَلُ الظَّالِمُونَ .

Lan sira adja pisan-pisan ngira, Allah bakal njoepèkaké lakoené wong kang pada ngantaja.

Samanten, wawarahipoen para sepoeh waoe goeroe ingkang moersid sidiq pramana; pramila prajogi dipoenèstokna soepados saged gesang begdja.

pada nimbanga sarana tradjoe kang bener (djedjeg). Mangkono ikoe loewih betjik lan betjik banget woesianané.

*
**

DAWOEHING ajat ing nginggil poenika kados sampoen tjeta, inggih poenika ndawoehaken njoengkemi boedi djoedjoer tetiga: 1e, wonten ing prakawis mélik oetawi banda. 2e, wonten ing pradjandjian oetawi kasagahan. Lan 3e, wonten ing toemindaking lalawanan oetawi tetembajatan. Rêhning bab 2e sampoen kaandaraken wonten ing piwoelang 1. pramila ing riki ingkang badé katerangaken namoeng bab 1e lan 3e.

K a t r a n g a n :

BANDANING LARÉ JATIM.

INGKANG nama jatim, poenika laré dèrèng baligh (diwasa) sampoen tinilar déning bapa oetawi sabijoengipoèn pisan. Dados ateges laré ingkang mesakaken (lola, kapiran boten wonten ingkang mengkoe lan ngoepakara).¹

Manoet anggering piwoelang, gesang oetawi prakawisipoen laré jatim wonten ing masjrakat, poenika dados tetanggalanipoen krabat oetawi oemat. Artosipoen, langkoeng roemijin ingkang kwadjiban mengkoe oetawi moepoe dateng laré waoe, krabat oetawi sanak-sadèrèkipoen. Déné jèn boten saged amargi saking katjingkrangan lan kamlaratanipoen, kwadjiban waoe ladjeng dados tetanggalanipoen oemat (sadéngah tijang, pakempalan oetawi pradja). Manawi ing masjrakat waoe ngantos wonten laré jatim kaloenta-loenta kapiran amargi boten wonten ingkang poeroen ngoepakara, dosanipoen badé ageng sanget toemrapipoen masjrakat waoe oetawi tijang sadaja.²

Awit saking poenika, wonten ing Al-Qoerân kadawoehaken soepados sami ngopèni, moepoe oetawi ngoepakara laré jatim waoe; sarta kaebang-ebang badé pinaringan gandjaran saha berkahing Pangéran ingkang ageng èstoe. Déné jèn dawoeh waoe kalirwakaken, dosanipoen badé ageng sarta walating Pangéran inggih awrat. Dawoehing Al-Qoerân:—

1. Wonten ing Agami Islam, boten wonten gamoes (bage sastra) ingkang anerangaken temboeng jatim waoe, ateges laré tanpa bapak (anak zina ingkang sinélanan oetawi boten kasoemerepan sinten bapakipoen). Awit, wonten ing masjrakat Islam, lampah bédangan oetawi zina waoe kedah sirna (kedah boten wonten).

2. Djalaran, laré jatim waoe tilaranipoen warga masjrakat lan jalan badé dados warganing masjrakat oegi.

وَيَسْأَلُونَكَ عَنِ الْيَتَامَىٰ . قُلْ إِصْلَاحٌ لَّهُمْ خَيْرٌ . وَإِنْ تُخَالِطُوهُمْ فَارْحَمُوا أَمْوَالَهُمْ .
وَاللَّهُ يَعْلَمُ الْمُفْسِدَ مِنَ الْمُصْلِحِ .

Moehammad! Lan wong² pada pitakon ing sira, prakarané botjah jatim; ikoe wangsoelana: Agawé betjiké botjah-botjah maoe, apik banget. Lan manawa sira pada gelem ngoempoeli (moepoe) botjah jatim maoe, pantjèn ija sadoeloerira déwé. Déné Allah ngawoeningani wong kang soemedyana arep agawé roesaké (ngroesoehi) lan kang soemedyana agawé betjiké (ngréwangi). (Al - Baqarah : 220)

أَرَأَيْتَ الَّذِي يُكَذِّبُ بِالْإِيمَانِ . فَذَلِكَ الَّذِي يَدْعُ الْيَتِيمَ . وَلَا يُحِضُّ عَلَىٰ
طَعَامِ الْمَسْكِينِ .

Apa sira woes weroeh wong kang nggorohaké (maido) Agama?— Jèn arep weroeh, jaikoe wong kang sija ing botjah jatim.— Lan ora gelem nggrètèhi (ngremboeg) ingoné wong miskin. (Al - Ma'oen : 1 - 3)

Mitoeroet dawoehing ajat nginggil poenika, tetéla sanget wonten ing piwoelang Islam, ngopèni lan ngoepakara laré jatim waoe lan tetijang miskin, poenika kalebet pendamel saé ingkang pejtingan; kasaénan saha gandjaranipoen ageng sanget. Jèn kalirwakaken dosanipoen inggih ageng kaanggep nggorohaken Agami.³

Pramila saking poenika, sampoen samestnipoen wonten ing anggering piwoelang Islam, njahak oetawi ngresahi bandanipoen laré jatim waoe inggih dipoenawisi sarta dipoenantjam badé kapatrapan siksa ingkang sakalangkoeng awrat. Der nglirwakaken prakawisi-

3. Mitoeroet pepatiaking hoekoem Islam, ngopèni oetawi ngoepakara laré-laré jatim toewin tetijang miskin, poenika fardloe kifajah. Tegesipoen, kwadjiban ingkang kedah katindakaken satjekapipoen déning salah satoenggal oetawi sagolonganing tijang, saoeper sampoen niekapi, (ngram-poengi). Déné jèn ngantos kalirwakaken oetawi dèrèng ngantos njekapi, poenika tijang ingkang dèrèng oetawi boten poeroen toemandang, ingkang badé kadawahan dosa kapatrapan siksa.

Ing rèhning wontenipoen laré-laré jatim lan tetijang miskin waoe boten sakedik, dados anggènipoen badé ngopèni oetawi ngoepakara waoe inggih boten saged gampil (njekapi) manawi namoèng badé dipoentandangi salah satoenggal oetawi kalhipoen tijang kèmanon. Pramila rerigen ingkang praiogi pijambak, ing salebeting masjrakat kedah dipoenwonteni Balé pangoe pakara jatim lan miskin; déné adeg lan gesangipoen, kedah dados sasang-gènipoen pradja oetawi oemat.

poen kémawon inggih sampoen ageng dosanipoen. Dawoehing Al-Qoerân makaten:—

ان الذين ياكلون اموال اليتامى ظلما انما ياكلون في بطونهم نارا.
وسيلصلون سعيرا.

Sanjata, wong kang pada mangan bandané botjah Jatim sarana slingkoehan (ora bener), ikoe satemené moeng pada mangan geni ana ing dalem wetengé. Lan bakal pada katiemploeng ing naraka sa'ir (kang ngalad-alad geniné).
(An-Nisa' : 10).

Samanten, agenging dosanipoen tijang ingkang kamipoeroen ngepik-epik oetawi ngresahi bandanipoen laré jatim waoe. Saking poenika, para wali (sepoeh) ingkang pinitados ngrimat banda waoe, kedah ngatos-atos sampoen ngantos nggegampil; awit bandanipoen laré jatim waoe kénging kabasakaken banda-bentèr, manawi kateda boten sarana lampah ingkang leres badé saged ngobong padaran.

DJOEDJOER ING TAKER LAN TRADJOE.

KADOSDÉNÉ boten kénging njahak (ngresahi) bandaning laré jatim, oegi boten kénging badé njahak bandanipoen tijang sanès. Dawoehing Al-Qoerân:—

يا ايها الذين امنوا لا تاكلوا اموالكم بينكم بالباطل الا ان تكون تجارة عن تراض منكم، ولا تقتلوا انفسكم، ان الله كان بكم رحيمًا.

É wong kang pada ngéstokaké! sira adja pada mangan banda-bandanira kang ana ing antaranira kabèh sarana bathal (ora absah), ananging saranaa dol-tinoekoe kang dedasar pada lilané saka sira kabèh. Lan adja pada matèni awak (kantjan)ira déwé. Sanjata, Allah ikoe Mahaasih marang sira kabèh.
(An-Nisa' : 29).

Mirid dawoehing ajat ing nginggil poenika, tjeta sanget wonten ing sanglebeting masjrakat Islam, tijang boten kénging badé mendet bandanipoen tijang ngasanès ingkang minangka dados warganipoen, jèn boten sarana tindak ingkang absah. Tindak ingkang absah waoe manoet dawoehing ajat ing nginggil, garis-

poen ingkang ageng sampoen kawrat wonten ing lampah sadé-tinoembas ingkang dedasar sami lilanipoen.⁴

Wondéné tindak ingkang bathal (boten absah), poenika bakoenipoen winengkoe wonten ing lampah peteng oetawi njahak ingkang dedasar pangapoes oetawi pameksa (boten kanji lilanipoen ingkang gadah). Kadosta: ngirangi ing taker, nimbang sarana tradjoe ingkang boten leres (ngirangi wawrat,) lan memeksa sarana nandoekaken pangantjam oetawi panggoegat datang pangadilan lsp., ingkang perloenipoen namoeng badé neda oetawi njahak bandaning ngasanès sarana lampah bathal lan dosa, kados ingkang kadawoehaken wonten ing Al Qoerän:—

وَلَا تَأْكُلُوا أَمْوَالَكُمْ بَيْنَكُمْ بِالْبَاطِلِ وَتَدُلُّوْا بِهَا إِلَى الْحُكْمِ لِتَأْكُلُوا فَرِيقًا مِّنْ

4. Liripoen makaten: Lampah sadé-tinoembas, poenika manawi dipoenontjèki, saloegoe namoeng ateges lelintonan i.p. lelintonanipoen arta kalia barang ingkang tinoembas. Lan toemindakipoen sadaja lelawanan wonten ing gesang bebrajan, poenika ingkang dados oenderanipoen inggih lampah lelintonan waoe. Oepaminipoen lampah séwa-sinéwa oetawi berah-binerah sapitoeroetipoen, poenika sajektosipoen inggih namoeng lelintonan loegoe. Tijang ingkang njéwakaken barang, poenika ateges nglintokaken pigoenaning barang waoe kalia arta saking ingkang njéwa. Lan tijang beberah, ateges nglintokaken tenaganipoen kalia arta saking ingkang mberahi. Kados makaten saladjengipoen. Dados tetéla, lampah sadé-tinoembas ingkang kadawoehaken ing ajat waoe, sampoen njakoeb sadaja toemindaking lelawanan. Ajat waoe artosipoen ladjeng makaten: „Sjta para wong moe'min, adja pada ngalap banda-bandanira kang ana ing antanira kabèh sarana bathal. Ananging pada ngalapa nganggo lelawanan kang dea pada mané.”

Manoet pamaranggihipoen para saged, katjarijosaken: Kala doek zaman kinanipoen (zaman woengkoel sadèrèngipoen wonten modél arta,) lelawananipoen tijang wonten ing gesang bebrajan, poenika namoeng sarana lampah lelintonan. Oepaminipoen, inggih poenika tijang ingkang toekang damel panganggé, manawi mboetohaken teda ladjeng lelintonan kalia paman tani ingkang ngawontenaken tetedan waoe. Kados makaten, wonten ing prakawis sarès sanèsipoen.

Rèhning tjara ingkang makaten waoe, boten gampil menggah anggènipoen badé adamel tjotjokipoen moerwating adiining barang satoenggal lan satoenggalipoen ingkang badé dipoenlintokaken waoe, pramila inggih ngrekaos toemindakipoen; langkoeng-langkoeng wonten ing zaman ingkang sampoen ramé. Saking poenika, toemoenten toewoeh agaling manoesa ngawontenaken arta, minangka kadadosaken hakim ingkang badé mates oetawi netepaken pangadjinging barang-barang waoe samoerwatipoen, soepados saged nggampilaken loemampahing lelawanan waoe. Wiwit poenika, ladjeng toewoeh lampah oetawi terboeng sadé-tinoembas.

Dados tetéla, kawontenanipoen arta wonten ing bebrajaning gesang, poenika ingkang bakoe namoeng langgé pirantos nggampilaken toemindaking lelawanan waoe. Pramila arta waoe manawi namoeng dipoensimpen tok, sakedik sanget manfa'atipoen, terkadang malah saged badé adamel kosèking bebrajan; langkoeng-langkoeng arta réjtéh ingkang pantjèn dados kabetahaning ngakatah. Lan arta waoe rèhning na noeng dados pirantos, pramila ingkang dipoenanggé inggih saged dipoengontas-gantos, saeger sami sarcedjoek sarana sajeking manah oetawi pamisésaning paréntah.

أَمْوَالِ النَّاسِ بِالْأَيْمِ وَأَنْتُمْ تَعْلَمُونَ.

Lan sira adja pada mangan banda-bandanira kang ana ing antaranira kabèh sarana bathal (ora absah). Lan adja pada nggoegat banda maoe marang hakim (pangadilan), perloené sira moeng arep pada mangan sapérangané bandané para manoesa sarana dosa (ngakoe - akoe oetawa mbeseli) lan sira woes pada mangerti. (Al - Baqarah : 188).

وَيْلٌ لِّلْمُطَفِّفِينَ - الَّذِينَ إِذَا أَكْتَالُوا عَلَى النَّاسِ يَسْتَوْفُونَ - وَإِذَا كَالُوا لَهُمْ
أَوْ وُزِنُوا لَهُمْ يَخْسِرُونَ.

Siksa wèl (katjilakan), bakal kapatrapaké marang wong kang pada tjoelika. - Jaikoe wong kang manawa ditakeraké ing wong (tetoekoe nganggo ditaker) pada ndjaloeok ditrepi. - Lan manawa pada nakeraké wong oetawa nradjokaké (adol nganggo ditaker oetawa ditradjoe) pada ngoerangi. (At - Tathfif : 1 - 3).⁵

Samanten, dosanipoen tijang ingkang tjoelika wonten ing lampahing arta oetawi prakawis banda. Awit saking poenika, tijang gesang poenika kedah njamboetdamel ngoepados teda medal margi ingkang halal, lan sampoen ngantos dados tijang tjoelika neda bandaning tijang sarana dosa oetawi lampah bathal. Awit, rezeki ingkang halal waoe ageng berkahipoen, saged noemoesi weninging boedi lan padanging manah. Kosok wangsoelipoen, rezeki ingkang haram, bebajanipoen ageng sanget, sarta saged adamel regeding

5. Oekoeran, kadosta : takeran, tradjoe, meteran lsp. poenika kadjawi dados kabetahaning tijang gegrija oetawi patoekangan, oegi dados kabetahanipoen bebrajan gesang, kadosdéné wontenipoen pangadilan lan arta makaten, i. p. minangka kadadosaken hakim wonten ing toemindakijng lelawanan. ingkang gegandéngan kalian katah kedikipoen, awrat - éntèngipoen oetawi pandjang-tjelakipoen barang ingkang badé sinadé tinoembas oetawi sinéwa sasaminipoen. Terangipoen makaten : Minangka kanggé ndjagi toemindakipoen lelawanan wonten ing bebrajan gesang soepados saged tata lan wilodjeng, ing rikoe kedah dipoenwonteni prakawis tiga : 1. arta, kanggé netepaken pangadji ning barang toewin tenaga. 2. cekoeran, kanggé namtokaken katah kedikipoen sapitoeroetipoen waoe. Lan 3 nipoen, adeging pangadilan, minangka kanggé mriksa sarta moetoesi prakawis oetawi papabenanipoen tetijang ingkang sami lelawanan, samangsa wonten padoedon. Pranila saking poenika, tiga - tiganing prakawis waoe kedah ingkang dedjeg lan goematok, sarta kedah dipoentindakaken ingkang saleres poen, sampoen ngantos malah kanggé pirantos ngrampas oetawi ngapoesi bandaning ngasanés. Ingkang makaten waoe pantjèn sampoen goematok tjotjok kalian wontenipoen; awit jèn boten makaten, kawoatenanipoen gesang bebrajan badé kosèk, lan toemindakipoen lelawanan badé kisroeh.

djiwa lan petenging manah. Pramila tetijang moe'min kedah poeroen lan sregep njamboetdamel, sampoen ngantos dados tijang ingkang klemar-klemer kesèd boten dojan ing damel. ⁶ Dawoehing Al - Qoerän :—

وَهُوَ الَّذِي سَخَّرَ الْبَحْرَ لَنَا كُلْوًا مِنَّا لِحَا طَرِيًّا وَتَسْتَخْرِجُوا مِنْهُ حَلِيًّا
تَلْبَسُونَهَا وَتَرَى الْفُلْكَ مَوَآخِرَ فِيهِ وَلِتَبْتَغُوا مِنْ فَضْلِهِ وَلِعَلَّكُمْ تَشْكُرُونَ
فَكُلُوا مِمَّا رَزَقَكُمْ اللَّهُ حَلَالًا طَيِّبًا. وَاشْكُرُوا نِعْمَتَ اللَّهِ إِنْ كُنْتُمْ عَابِدُونَ.

Lan Pandjenengané Kang ngerèhaké sagara, soepaja sira pada bisa mangan iwaké kang njoenjoer, lan pada bisa ngetokaké (ndjoepoek) papaèsé kang arep pada kokenggo. Lan sira weroeh praoe pada bisa njabrang ana ing kono; moenggoeh perloené soepaja sira pada lelajaran golèk rezeki kanoegrahané Allah, lan soepaja sira pada ngatoeraké sjoekoer ing Pandjenengané. — Moelané sira pada mangana rezeki paparingé Allah marang sira maoe, kang halal toer kang resep (soetji). lan pada sjoekoera marang ni'mat peparingé Allah maoe, jèn sira pantjèn pada soemoengkem nembah ing Pandjenengané. (An-Nahl : 14,114).

Dados sampoen tjeta, njamboetdamel ngoepadjiwa kadosta: misaja oelam, ngoepados moetiara lan olah dagang lelajaran sapi-toeroetipoen padamelan ingkang halal-halal, poenika terang sampoen kadawoehaken wonten ing Al - Qoerän. Awit saking poenika, njamboetdamel waoe manawi dipoennijati nedya nindakaken dawoehing Allah, lan soemedya badé njingkiri awisaniPoen, sarta manawi kaparingan rezeki, nijat badé kanggé kasaénan minangka ngatoeraken sjoekoer ing Pangéran, saèstoe, njamboetdamel waoe badé kaéwokaken 'ibadah ing Allah; béndjing wonten ing achirat, oegi badé nampi gandjaran saking ngarsaning Pangéran. Pramila tetijang ingkang soemedya badé ngambah margining para abrar (margi kaoetaman, kasoefijan), boten perloe kedah nilar njamboetdamel waoe; terkadang malah kirang prajogi. Awit menawi boten kaleresan, jèn sampoen kapèpèt ladjeng sok njadé Agami. ⁷

Wallahoe A'lam!

6. Djalaran, tijang kesèd poenika, adakanipoen ladjeng sok dados dameling tijang, dados tijang ndremis oetawi tijang tilemer. Lan padamelan poenika saoeger halal sarta kantindakaken kanti djoedjoer, babar pisan boten wonten awon lan nistanipoen, balik namoeng saé lan oetami tok.

7. Pangandikanipoen para sepoeh : tijang boten poeroen njamboet damel, →

PIWOELANG 12.

Dawoehing Al-Goerän s. Al-Isra': 36 - 39: -

وَلَا تَقْفُ مَا لَيْسَ لَكَ بِهِ عِلْمٌ . إِنَّ السَّمْعَ وَالْبَصَرَ وَالْفُؤَادَ كُلُّ أُولَئِكَ كَانَ
عِنْدَ مَسْئُولٍ . - وَلَا تَمْشِ فِي الْأَرْضِ مَرَحًا ، إِنَّكَ لَن تَخْرِقَ الْأَرْضَ وَلَن تَبْلُغَ
الْجِبَالَ طُولًا . - كُلُّ ذَلِكَ كَانَ سَيِّئُهُ عِنْدَ رَبِّكَ مَكْرُوهًا . - ذَلِكَ مِمَّا أَوْحَى
إِلَيْكَ رَبُّكَ مِنَ الْحِكْمَةِ . وَلَا تَجْعَلْ مَعَ اللَّهِ إِلَهًا آخَرَ فَتُلْقَى فِي جَهَنَّمَ
مَلُومًا مَدْحُورًا .

Lan sira adja ngoegemi (manoet) prakara kang sira ora ndoewèni 'ilmoené. Awit pangroengoe lan paningal sarta ati, kabèh maoe sidji-sidjiné bésoek bakal didangoe (dipriksa) prakarané. - Lan sira adja mlakoe ana ing boemi gelélèngan. Sanjata, sira ora bakal bisa mbengkabaké boemi, lan doewoeré ora bakal njoendoel goenoeng. - Kabèh maoe, moenggoeh alané (dosané) diéwani banget ana ing ngarsané Pangéranira. - Kabèh kang kasboet ing doewoer maoe, sawenèh hikmah (tindak kawitjaksanan) kang woes diwedaraké Pangéranira marang sira. Lan sira adja agawé pepoendèn lija nartani Allah, moendak sira ditjemploengaké naraka Djahannam sarana diwelèh - welèhaké toer dikiwakaké.

* *

DAWOEHING ajat nginggil poenika, mengkoe piwoetjal soepados sami nebihi watak mbegoegok ngoetawaton (ngoegemi prakawis oetawi pamanggih lan lampah) ingkang tanpa mawi 'ilmi lan waton. Lan soepados sami njingkiri lampah takabber (goemedé ambek adigang - adigoeng - adigoena) angrèmèhaken oetawi ngenjék ing sasaming manoesa.

→ poenika sababipoen ingkang bakoe wonten tiga: 1, goemedé (wirang jèn dipoenwastani tijang berah oetawi bakoel deplok ssm.). 2, katoengkoel ngadij oetawi ngoepados 'ilmi. Lan 3 nipoen, kesèd. Tijang ingkang goemedé waoe jèn sampoen kabentoes, adakanipoen ladjeng sok mberoeng poeroen dados doerdjana, mandoeng, mbegal lsp. Ingkang katoengkoel ngadij manawi sampoen kadjepit, adatipoen ladjeng sok nékad wani ngapoesi. Déné ingkang kesèd jèn sampoen kapèpèt, limrahipoen ladjeng ndremis poeroen ngemis. Wosipoen, tijang boten poeroen njamboetdamel waoe jèn pantèn dèrèng katjekapan, boten wonten saénipoen, ananging malah namoeng ndrawasi tok.

Kat r a n g a n :

WATAK MBEGOEGOEK.

WATAK m b e g o e g o e k poenika pakerti ingkang saroe lan awon. Menggah toewoehipoen saking nafsoe oetawi djiwa ingkang nggadahi sifat k a r s a - s a n t o s a (pikadjengan ingkang kijat). Sifat karsa-santosa waoe kalebet watak ingkang saé lan oetami; awit sadaja prakawis ingkang ageng, inggil oetawi roempil, boten badé saged katjepeng jèn boten ginajoeh sarana pikadjengan ingkang kwawi waoe. Saking poenika, watak mbegoegoek waoe inggih wonten saénipoen saeoger prenah lan mapan. Oepaminipoen, anggegeki dateng prakawis ingkang sampoen genah tjoendoek kalia 'ilmi lan wawatonipoen.¹ Dados tetéla, ingkang awon poenika mbegoegoek ingkang boten mawi gegondèlan 'ilmi lan patoekan, kados ingkang kadawoehaken ajat ing ngadjeng waoe, inggih poenika namoeng tjetjepengan naloeri oetawi padatan (anoet groebjoeg aroeboeh gedang, boten mangertos ing remboeg namoeng kalimrahan), kadosdéné kawontenanipoen tetijang moesjrik ingkang winada wonten ing Al - Qoerān : -

وَإِذَا قِيلَ لَهُمْ تَعَالَوْا إِلَىٰ مَا أَنزَلَ اللَّهُ وَإِلَىٰ الرَّسُولِ قَالُوا حَسْبُنَا مَا وَجَدْنَا عَلَيْهِ آبَاءَنَا ۚ أُولَٰئِكَ كَانُوا فِي سُلُوكِهِمْ لَا يَعْلَمُونَ شَيْئًا وَلَا يَهْتَدُونَ .

Lan manawa didawoehaké marang wong moesjrik maoe: Mara pada ngoegemi wahjoe kang woes didawoehaké Allah lan ngéstokaké dawoehé kangdjeng Rasoel, pada mangsceli: Akoe woes tjoekoep (trima) nglaloeri apa kang woes dioegemi bapak-bapakkoe. Lan sanadyan bapak - bapakné maoe ora pada mangerti barang - barang lan 'ora pada nganggo pitoedoeh ija meksa dienot. [Al - Maidah : 104]²

Dados sampoen terang, anggegeki satoenggiling prakawis tanpa gegondèlan 'ilmi lan wawaton, poenika lampah ingkang klintoe lan awon. Langkoeng - langkoeng prakawis Agami, dosanipoen ageng lan siksaniipoen awrat. Béndjing ing dinten qijamat, nggaotanipoen premati ingkang minangka dados margining 'ilmi.i.p. pamireng, paningal toewin manah, badé dipoenprakawis lan badé dipoendangoe, kadospoendi teka boten poeroen mirengaken.

1. Poenika, nama saé; awit manawi boten poeroen nggegeki prakawis ingkang sampoen genah leres lan maton, poenika nama tijang tekijoer mijar-mijoer boten gadah antepan. Sampoen tamtoe sadaja ingkang djinangka badé gagar boten saged kaleksanan.

2. Ananging perloe kanggé mbedakaken antawisipoen ingkang saé lan awon sampoen ngantos tjawoeh, pramila ingkang saé waoe boten kenging kawastanan nama mbegoegoek. Baik kanamakaken karsa-santosa, boedi-rosa oetawi manah-tegoeh.

njoemerepi toewin mamanan sarta nampi dateng prakawis leres ingkang ndatengi; djeboel malah namoeng mbegoegoek nggondèli naloeri oetawi kalimrahan ingkang tanpa 'ilmi lan paoegeran.

O, ageng sanget lepatipoen.

Wonten ing prakawis Agami, angger oetawi wawaton ingkang bakoe lan goemaṭok pijambak, poenika kitab Al-*Qoerān* toewin Al-*Hadits* (dawoeh pangadikanipoen Allah lan kangdjeng Nabi oetoesaniPoen). Pramila toemrapipoen tetijang ingkang soemedya badé ngambah margining para leloehoer ingkang sampoen pinaringan ni'mat (para Andika Nabi, Siddiqien, Sjoehada' toewin Salihien), wadjib kedah gegondèlan saha ngoegemi dateng Al-*Qoerān* lan *Hadits* waoe. Awit inggih ing rikoe poenika, doenoengipoen 'ilmoe lan kawitjaksanan; lan inggih ing rikoe poenika, marginipoen kamoeljan lan kani'matan. Dawoehing Al-*Qoerān*: -

وان هذا صراطي مستقيماً فاتبعوه ولا تتبعوا السبل فتفرق بكم عن سبيله .
 ذلكم وصيكم به لعلكم تتقون - وهذا كتاب انزلناه مبارك فاتبعوه واتقوا
 لعلكم ترحمون .

Lan sanjata, Al-*Qoerān* iki dedalaning Soen kang bener: moelané pada enoeten. lan adja pada manoet dedalan lijalijané, moendak mlèsètaké sira saka dedalané Allah. Mangkono ikoe didawoehaké marang sira, soepaja sira pada ngéstokaké. — Lan Al-*Qoerān* iki, kitab kang woes Daktoeroenaké toer kang binerkahan; moelané pada enoeten lan pada éstokna temenan, soepaja sira pada olèh sihé Allah.

(Al-*An'am*: 153, 155).

Mirid dawoehing ajat nginggil poenika, terang sanget margi ingkang leres poenika namoeng margining Allah; inggih poenika Agami Islam ingkang kadawoehaken wonten ing Al-*Qoerān* kitab ingkang binerkahan, ingkang sampoen dipoenpoendi saha dipoenlampahi déning para Andika Nabi kekasihing Pangéran. Pramila Al-*Qoerān* waoe kedah dipoendèrèk poenapa sapitedahipoen lan dipoenéstokaken poenapa sadawoehipoen. Awit jèn boten makaten, badé keplèsèt sasar keplantrang-plantrang. Dawoehing *Hadits* makaten: -

تركت فيكم امرين ما ان اعتصمتم بهما لن تضلوا كتاب الله وسنة رسوله .
 « رواه الحاكم عن ابن عباس »

Akoe ninggal prakara loro ana ing bebrajanira kabèh. Manawa

pada kokgondéli temenan, sira ora bakal bisa sasar; jaikoe kitabé Allah lan tindaké oetoesané.³

TAKABBOER LAN KIBIR.

TEMBOENG takabboer lan kibir, poenika ma'nanipoen sami i. p. goemedé oetawi koemaloengkoeng. Ingkang béda namoeng empanipoen. Takabboer, empanipoen dateng tindak-tandoek oetawi pangaken, sinareng kibir dateng manah oetawi raos. Dados kénging kawastanan: kibir minangka oewitipoen lan takabboer oewohipoen. Déné winhipoen inggih poenika 'oedjoeb (kasengsem ing awakipoen roemaos saénipoen).⁴

Takabboer, kibir lan 'oedjoeb, poenika pakerti oetawi watak ingkang awon lan nista sanget. Nistanipoen, takabboer waoe nama ngaken-aken prakawis ingkang boten saleresipoen. Njatanipoen alit ngaken ageng, asor ngaken loehoer lan bodo ngaken pinter; makaten saladjengipoen. Tjekakipoen, ndakoe barang ingkang sanès darbèkipoen. Déné awonipoen, tjekap katerangaken: takabboer waoe pakerti oetawi wawatakanipoen iblis ingkang minangka dados widjinipoen sadaja pokal awon lan lampah dosa. Pramila saking takabboer waoe, ladjeng toewoeh watak pambekan adigang-adigoeng-adigoena angedir-ediraken toewin ngenjèk

3. Pramila saking poenika, kawroeh tasawoef oetawi achlaq ingkang moe'tamad (sahih), poenika piwoelangipoen mesti adedasar dawoebing Al-Qoerân lan Hadits, boten badé mlèsèt sakedik kémawon. Makaten oegi tetijang ahli soefie ingkang haq'qi (sadjati), gesangipoen wonren ing masirakat ('ibadahipoen, watak lan kelakoewanipoen), tinata saé boten badé nalisir saking toentoening Al-Qoerân lan Hadits waoe. Awit, para pandjenenganipoen waoe nama tetijang ingkang soemedya badé nggegesang sarta mimpinaken Agaming Pangéran. Saking poenika, sampoen ngantos sami maghroer (keblinger) nganggep awakipoen ahli soefie oetawi pemimpin Agami, djeboel gesangipoen pating besasik boten kanten-kantenan ('ibadahipoen boten tetep, pokal lan watikipoen saroe ngisin-ngisini toer kalakoewanipoen awon boten patoet sinawang).

4. Menggah tegesipoen goemedé waoe, nganggep awakipoen linangkeng tinimbang sanèsipoen wonten ing bab kasaénan, kaoetaman oetawi kadradian ssm. Oepimi kagerba, kénging katerangaken: sadéngah anggep kalangkangan ingkang nganggé temboeng mengkoe bawa ma oetawi koema kadosta temboeng goemedé, goemagoes, soemoegih, koemaki, koementoespn. Oetawi koemaloengkoeng, koemaloehoer ssm., ingkang wosipoen ladéng badé njapèlèkaken oetawi ngrèmèhaken dateng tijang sanès. Déné artosipoen 'oedjoeb (sengsem ing awakipoen), poenika ngroemaosi kasaénan, kaoetaman, kadradian oetawi kamoelianipoen, boten mawi ngèngeti jèn sadaja waoe moehoeng sih-paparinging Allah Pangéran Ingkang Mahamirah; balik namoeng dipoendakoe pijambak, roemaos mbadedeg wonten ing manah lan nginten prakawis waoe panggeng boten saged badé éwah. Ananging manawi ngroemaosi waoe kanti ngèngeti jèn ni'mat waoe saking sih-paparinging Pangéran, ladjeng ngatoeraken pancuwen sarana nindakaken 'amal ingkang dados kaparengipoen, poenika dédé nama 'oedjoeb, balik nama sjoekoer. Ingkang makaten poenika saé sanget, lan pantjèn inggih dipoenwadibaken toemrapipoen tetijang ingkang pinaringan kani'matan waoe.

ing sasami - sami. Saha badé toewoeh watak koemaloengkoeng wangkot soetik manoet dateng kaleresan. namoeng sabab sampoen karoemijinan ing ngasanès oetawi kabekta njapèlèkaken (nganggep boten misra) dateng ingkang medaraken oetawi mbekta. ⁵ Poenapa déné badé noewoehaken solah - tingkah, lampah, mébah-moesik toewin oena - oeni ingkang ngéwak - éwakaken sanget, ingkang saged adamel mangkel oetawi seriking manah. ⁶

Takabboer waoe bilainipoen boten sakedik, dosanipoen inggih ageng toer siksaniipoen awrat sanget. Menggah bilainipoen tijang takabboer poenika, kadjawi badé dipoenmangkeli oetawi dipoensengiti tijang kañah, oegi manawi boten sembada, badé kawirangan oetawi ngisin - isini sanget. Déné jèn badé njembadani, ngrekaos èstoe. Poenapa inggihta panapaking soekoenipoen badé saged mbengkahaken boemi, lan inggiling dedegipoen badé saged njoendoel redi? *Ta! rak ngrekaos jektos.* Wondéné agenging dosa lan awrating siksaniipoen, kénging katitik saking wontenipoen iblis anggènipoen katoendoeng saking swarga, inggih namoeng sabab saking takabboer waoe. ⁷ Lan saged kapidid oegi saking dawoehing Al - Qoerân lan Hadits ing ngandap poenika

5. Lan inggih makaten poenika, tegesipoen kibir ingkang bakoe. Dawoehing Hadits makaten :

الكبر بطر الحق و غمط الناس

Kang aran kibir, ikoe nampik barang bener lan ngrèmèhaké wong. Wonten ing riki poenika, panggènanipoen para saged ('oelama, pemimpin oetawi terpeladjar) sami ketliweng. Djalaran, para pandjenenganipoen waoe l mrèhipoen sami nggadahi raos langkoeng pinter pijambak, ladjeng soetik nampi pamanggihipoen tijang sanès ingkang pantjèn leres, amargi rikoe jènta ngantos kawastanan kawon lan kasoran, oetawi roemaos kirang garang. Pramila manawi sami rerembagan, ladjeng sok okol - okolan rebatan badé menang pijambak, boten mawi ngèngeti, kadospoendi menggah leresing prakawis ingkang karembag waoe. Wekasan, rembagipoen boelar tanpa wasana; lan prakawis wigatos ingkang djinangka mroetjoet boten saged ketjepeng, namoeng kabekta sami katoengkoel derdah rerebatan djenang oetawi djeneng. Wasana, dipoentjetjamah déning ngakatah amargi boten saged njatakaken djandji oetawi se-soembaripoen. Makaten, ketliwengipoen para saged waoe, djalaran saking anggènipoen sami takabboer. Ing mangka saopami poeroen sami tawadloe' [andap - asor] adjèn - ingadjènan, sampoen tamtoe badé saged rerembagan kanti saé, sarta badé saged ngoewohaken poatoesan ingkang miraos, ingkang badé saged ndemoegèkaken ing idam - idamanipoen ingkang wigatos.

6. Inggih wonten riki poenika, boesok oetawi keblingeripoen tijang ingkang remen takabboer waoe. Awit anggènipoen koementoes waoe pikadienganiipoen soepados samia kaanggep garang sarta kinadjènan, ananging dawahipoen djeboel malah dipoenmangke'l lan dipoengetingi, poenika rak nama ketjelik oetawi keblinger. Pramila prajogi ingkang andap-asor, soepados dipoenadjèni.

7. Dawoehing Al - Qoerân makaten :

قال فاهبط منها فما يكون لك ان تتكبر فيها فاخرج انك من الصاغرين .

Dawoehé Allah marang iblis : Énggal soemingkira saka swarga, ora patoet banget sira arep goemedé ana ing kéné; moelané énggal metoea saka ing kéné! sanjata sira bakal dadi golongané para wong rèmèh.

Dawoehing Al - Qoerân :—

وَأَمَّا الَّذِينَ اسْتَنكَفُوا وَاسْتَكْبَرُوا فَيُعَذِّبُهُمُ عَذَابًا أَلِيمًا وَلَا يَجِدُونَ لَهُم مِّن
دُونِ اللَّهِ وَلِيًّا وَلَا نَصِيرًا.

Anadéné wong kang pada nampik 'ibadah (ngoemawoela) ing Allah lan pada goemedé, mesti bakal pada dipatrapi siksa kang nglarani temenan, lan ora pada bisa éntoek wong kang ngajomi lan mitoeloengi marang dèwèké, salijané Allah. (An - Nisa' : 172).

ان الَّذِينَ كَذَّبُوا بآيَاتِنَا وَاسْتَكْبَرُوا عَنْهَا لَا تَفْتَحُ لَهُمْ أَبْوَابُ السَّمَاءِ وَلَا يَدْخُلُونَ
الْجَنَّةَ حَتَّى يَلْبِغَ الْجَمَلُ فِي سَمِّ الْخَيْطِ، وَكَذَلِكَ نُجْزِي الْمُجْرِمِينَ. - لَهُمْ مِّنْ
جَهَنَّمَ مِهَادٌ وَمِنَ فَوْقِهِمْ غَوَاشٍ، وَكَذَلِكَ نُجْزِي الظَّالِمِينَ.

Sanjata, wong kang pada nggorohaké ajat - ajating Soen lan pada koemaloengkoeng wani ndoewa marang ajat-ajat maoe, mbésoek jèn mati ora bakal pada diboekakaké lawangé langit lan ora pada bisa mleboe swarga, kadjaba jèn ana dadoeng bisa mlebce bolongané dom. Lan kaja mangkono, Ingsoen bakal paring piwales wong kang pada doeraka. - Dèwèké ana ing naraka Djahanam bakal pada nganggo lèmèk geni lan sandoewoéré ija ditoetoep nganggo geni. Lan kaja mangkono Ingsoen bakal paring piwales wong kang pada nganiaja (goemedé). (Al - A'raf : 40. 41).

ان الَّذِينَ يَسْتَكْبِرُونَ عَنْ عِبَادَتِي سَيَدْخُلُونَ جَهَنَّمَ دَاخِرِينَ.

Sanjata, wong kang pada goemedé, emoh 'ibadah (ngoemawoela) ing Ingsoen, bakal pada njemploeng ing naraka Djahanam kanthi nista. (Al - Moe'min : 60).

وَلَا تُصَعِّرْ خَدَّكَ لِلنَّاسِ وَلَا تَمْشِ فِي الْأَرْضِ مَرَحًا، إِنَّ اللَّهَ لَا يُحِبُّ كُلَّ
مُخْتَالٍ فَخُورٍ.

Lan sira adja nginger rahinira krana ngrèmèhaké marang wong, lan adja mlakoe ana ing boemi, gembèlèngan. Sanjata, Allah ora remen karo sakabèhé wong kang goemedé toet koemaloengkoeng. (Loeqman : 18).

Dawoehing Hadits makaten :—

لَا يَدْخُلُ الْجَنَّةَ مَنْ كَانَ فِي قَلْبِهِ مِثْقَالُ ذَرَّةٍ مِنْ كِبَرٍ. — قَالَ اللَّهُ عَزَّ وَجَلَّ :
 الْعِزُّ أَزَارِي وَالْكَبْرِيَاءُ رِدَائِي فَمَنْ بِنَازَعَنِي فِي وَاحِدٍ مِنْهَا فَقَدْ عَذَّبْتَهُ.
 « رواها مسلم »

Ora bisa mleboe ing swarga, wong kang atiné ana goemedé saboboté iberé glepoeng waé. — Dawoehé Allah Kang Maha-oenggoel Mahaagoeng : Koemingsoen ikoe pangagemingSoen, lan goemedé ikoe sléndangingSoen. Moelané sapa kang wani ngreboet sidji waé, mesti bakal Dakpatrapi siksa kang abot temenan.

Samanten, dosa lan bilainipoen takabboer waoe. Samangké badé katerangaken menggah dosa lan awonipoen 'oedjoeb. Dawoehing Al - Qoerän :—

قُلْ هَلْ نُنَبِّئُكُمْ بِالْأَخْسَرِينَ أَعْمَالًا.. الَّذِينَ ضَلَّ سَعِيَهُمْ فِي الْحَيَاةِ الدُّنْيَا
 وَهُمْ يَحْسَبُونَ أَنَّهُمْ يُحْسِنُونَ صُنْعًا.

Dawoeha : Apa sira pada gelem dakkandani wong kang pada kapitoenan 'amalé (lakoéné)? — Jaikoe wong kang pada sasar lakoéné nalika ana ing oerip donja, ananging dèwèké pada doewé kira jèn dèwèké maoe pada mbetjikaké pang-gawéné. (Al - Kahf : 103, 104).

إِنَّ رَبَّكَ وَاسِعُ الْمَغْفِرَةِ، هُوَ أَعْلَمُ بِكُمْ إِذْ أَنْشَأَكُمْ مِنَ الْأَرْضِ وَإِذْ أَنْتُمْ
 أَجْنَةٌ فِي بُطُونِ أُمَّهَاتِكُمْ، فَلَا تَزْكُوا أَنْفُسَكُمْ، هُوَ أَعْلَمُ بِمَنْ اتَّقَى.

Sanjata, Pangéranira ikoe agoeng pangapoerané. Pandjenengané ngawoeningani marang sira kabèh, ing nalika noe-woehaké sira saka ing boemi, lan nalika sira isih dadi baji soemimpen ana ing goewa - garbané bijoengira. Moelané sira adja pada noetjèk - noetjèkaké (ngalem) awakira dèwé; Pandjenengané maoe noepiksani temenan marang wong kang roemeksa ing awaké. (An - Nadjm : 32).

Dawoehing Hadits makaten :—

ثَلَاثٌ مَهْلِكَاتٌ شَحْ مِطَاعٌ وَهَوَى مَتَّبِعٌ وَاحْتِجَابُ الْمَرْءِ بِنَفْسِهِ.
 « رواه البيهقي عن انس »

Teloeng prakara kang ngroesak - ngroesakaké (mbilaèni) te-
menan; jaikoe watak medit kang ditoeroet, hawanafsoe kang di-
enoet lan anggoné wong sengsem (ngalem) marang awaké déwé.

Kados makaten, dawoehipoen Al - Qoerân lan Hadits sawa-
tawis, ingkang mratélakaken bab dosa saha bilainipoen 'oedjoeb.⁸

Menggah wontenipoen prakawis ingkang moeroegaken takab-
boer waoe manawi kagerba, ingkang bakoe wonten sakawan:
dradjat, kramat, semat lan nasab. Kalebet dradjat,
pangkat kjai, pemimpin, prijaji lan winasis ssm. Kramat,
lampah 'ibadah, kasoetjijan, kebagoesan lan kekijataning badan
spt. Semat, kasoegihaning banda, kantja lan pendèrèk spt.
Lan nasab, ketoeroenan lan kebangsan.

Terangipoen makaten: Tijang ingkang kasinoengan salah sa-
toenggal cetawi sadajaning prakawis sakawan waoe, limrahipoen
ladjeng sok mendem mbadedeg manahipoen, roemaos boten won-
ten ingkang njamèni. Wasana ladjeng enggak angkoeh angedir-
ediraken, toer koementoes soemakéjan angedak - edakaken. Tje-
kakipoen, sesakit tiga: takabboer, kibir toewin 'oedjoeb
waoe kasandang sadaja.

Kados makaten, menggah sabab-sababipoen sesakit tiga waoe
saged toewoeh. Samangké badé katerangaken kadospoendi meng-
gah pambéngkasipoen. Kawoeningana: pambéngkasipoen waoe,
langkoeng roemijin tijang kedah mangertosi asal - oesoel lan ka-
wontenaning awakipoen; katitahaken saking poenapa, wonten ing
panggénan poendi soemèlèhipoen lan sapinten adjinipoen?

Kados ingkang sampoen kasoemerepan ing ngakatah, tijang poe-
nika tinitahaken ing Pangéran saking siti; gesangipoen neneda poena-
pa-poenapa, oegi saking woeloe wedaling siti, ngantos doemoegining
pedjahipoen pisan, inggih badé kapetak dateng siti; boten watawis
dinten, djisimipoen badé bosok dados sèt ladjeng sami nglèsèt, oegi

8. Lan malih, 'oedjoeb waoe kadjawi badé dados widjining takabboer
ingkang ageng dosanipoen waoe, oegi badé moeroegaken tlédor lan léna.
Awit, tijang ingkang nggadahi raos sampoen tjepap oetawi langkoeng menggah
kasaénan lan kaetamanipoen spt., poenika mestinipoen inggih sampoen marem
lan lega, ladjeng boten anggadahi djangka badé ndjangkah malih, lan boten
gadahi kinten ièn katjekapan oetawi kalangkoengan waoe saged sangsaja soeda-
soeda ngantos sirna. Tjekakipoen, ladjeng gemloewèh boten nggadahi prihatos
lan kwatos bilih dradjatipoen waoe saged medak. Ing mangka njatanipoen,
djantraning gesangipoen tansah mlampah moebeng nggandjret minggah medak.
Dados sampoen tamtoe tijang ingkang makaten waoe, mesti badé kelénan
sarta badé nemahi kapitoenan. Dawoehing Al - Qoerân: -

أفامنوا مكر الله . ولا يأمن مكر الله الا القوم الخاسرون .

Apa woes pada ajem (ora kwatir) bakal ketaman paékané Allah?
Ing mangka kang ngajem-ajem (ora kwatir) bakal ketaman paékané
Allah maoe, ikoe wong kang bakal pada katiwasan.

Tal rak mbebajani èstoe. 'oedjoeb waoe.

wonten ing siti. Wondéné djiwanipoen, badé manggih lelampahan bingah oetawi sisah, gandèng kalian lampahipoen nalika gesang wonten ing donja, saé lan awonipoen. Manawi saé (andap - asor ambek paramarta mengkoe ing sasami), badé begdja. Déné jèn awon (kemloehoer ambek soemakéjan ngegak ing sasami), badé tjilaka.

Dados ringkesipoen; tijang waoe namoeng satoenggiling titah ingkang tinitahaken saking siti, ingkang dipoengarap saha dipoenkwaosi dénéng Allah Goesti Ingkang moerbèng doemadi. Gesangpedjahipoen, bingah - sisahipoen, begdja - tjilakanipoen, moelja-inanipoen oetawi soegih - nggombalipoen sapitoeroetipoen, poenika goemantoeng wonten ing ngarsaning Pangéran Ingkang Moerbèng gesang. Déné tijang waoe jektosipoen namoeng sadermi nglampahi poenapa sakarsaniPoen, lan nampèni poenapa sapeparingiPoen, boten saged langkoeng saking poenika. Lan malah saopami tijang waoe kinarsakaken kaparingan begdja; moelja, soegih lan moekti wibawa, poenika èstoenipoen namoeng sakadar nama katitipan; boten kok sadjatosipoen ladjeng saged ndarbèni oetawi ngwasani temenan, poenika boten. Manawi Allah kagoengan karsa badé moendoet barang waoe sawantji - wantji, mesti inggih kelampahan boten wonten ingkang saged ngalang - alangi; djer poenika pantjèn kagoenganiPoen toer taksih wonten ing pangwaosiPoen.⁹

Lan malih, manawi kasawang sarta kagagas menggah kawontenanipoen djagadrat langit lan boemi saisinipoen; wiwit soerja doemoegi salintang - lintangipoen, lan redi - redi sasegantenipoen dalah saisen - isènipoen pisan; tetoewoehan, héwan - héwan lan samanoesanipoen, saha para malaikat lan djin dalah sasjétanipoen pisan, ing ngrikoe tijang badé soemerep soemèlèhing awakipoen wonten ing antawising titah - titah waoe, djeboel namoeng ndelik ndjepit wonten ing salah satoenggiling podjokipoen djagadrat

9. Katah para radja, éndjing siniwaka metèngkrèng lenggah ing dampar kantjana, kinadepan para prijagoeng nara pradja saandahanipoen, moenggoeh menggah sasawanganipoen, agoeng loehoer wawangoenanipoen; ananging sontenipoen teka sampoen klèwèran kaloenta - loenta ngoepados pangoengsèn ing tanah mantja, sabab katoendoeng ing mengsah oetawi kawoelanipoen pijambak amargi anggènipoen koemingsoen ambek sija ing tetijang alit. — Lan pinten kémawon tijang sami manganggé mompjor - mompjor, pesijar ing wantji sonten noempak autonipoen ingkang sakalangkoeng éndah, soemedya badé mamèraken kasoegihanipoen ing sangadjenging ngakatah, djeboel éndjingipoen teka sampoen nglèsod oeroet margi neneda ngoepados rezeki; amargi ing daloenipoen kabesmèn, grija sabandanipoen loedes telas - telasan. — Lan boten kirang tijang bagoes ingkang koementoes noempak pit gembèlèngan, noenten ketabrak montor, ladjeng groewoeng iroengipoen, pétié mripatipoen, téklé tanganipoen oetawi péntjor soekoenipoen. — Poenapadéné inggih katah, tijang saged ingkang koemaki, sinareng kataman sisah ladjeng bingoeng njenggleng éwah aqalipoen. Pramila manawi pinaringan begdja oetawi ni'mat, sampoen ngantos kanggé takabboeran oetawi oemoek - oemoekan; ananging kedah ngatoeraken sjoeckoer ing Pangéran, angetjakaken peparing waoe mitoeroet ingkang dados keparenging karsaniPoen, soepados saged lestantoen.

waoe, boten padja - padja saged katingal jènta kasawang, kabekta saking alitipoen. Poenapadéné manawi ngéngeti dateng sadaja titah waoe, oegi sami toemandang damel toemoet ngadjengaken loemampahing djagadrat doemoegi ing wates lan mangsa ingkang sampoen katamtokaken ing Pangéran, èstoe tijang waoe badé mangertos adjining awakipoen, djeboel boten sapintena (rèmèh sanget) jènta katanding kaliaan titah sanès-sanèsipoen. ¹⁰

Awit, saking poenika, tijang waoe boten patoet lan boten woeroes sanget jènta badé ngrebat manganggé pangageming Allah Goesti Ingkang Mahaagoeng Mahaloehoer, i. p. sifat takabber lan 'izzah (goemedé lan kemloehoer). Ananging pantesipoen, saénipoen lan wadjibipoen, kedah toendoek noengkoel doemateng Allah Goesti Pepoendènipoen, lan kedah tawadloe' (andap - asor) ngadjèni ing sasami - sami.

Tawadloe', poenika ma'nanipoen andap - asor. Tegesipoen, loehoer roemaos asor oetawi inggil poeroen medak. Déné patrapipoen, tijang ingkang loehoer poeroen ngadjèni oetawi ngoermati dateng ingkang asor, ingkang ageng dateng ingkang alit, ingkang pinter dateng ingkang bodo, ingkang soegih dateng ingkang mlarat; lan makaten saladjengipoen. ¹¹

Tawadloe' waoe kalebet pakerti saé lan oetami i. p. pakertipoen para Andika Nabi, para wali toewin para oetami kakasihing Pangéran. Gandjaranipoen ageng lan manfa'atipoen kajah. Dawoehing Al - Qoerân : -

وَإِخْفِضْ جَنَاحَكَ لِمَنِ اتَّبَعَكَ مِنَ الْمُؤْمِنِينَ.

Moehammad! Lan nglembahna nggaotanira (solah-bawanira) marang para wong moe'min kang ndèrèk ing sira.

[Asj - Sjoe'ara' : 215].

تِلْكَ الدَّارُ الْآخِرَةُ لَجُعَلُهَا لِلَّذِينَ لَا يُرِيدُونَ عُلُوًّا فِي الْأَرْضِ وَلَا فَسَادًا،
وَالْعَاقِبَةُ لِلْمُتَّقِينَ.

10. Oepami tijang waoe badé ngendel - endelaken rosanipoen, poenapa kinten - kinten saged nandingi maèsa oetawi lemboe? Manawi soraning swantenipoen, poenapa saged ngoengkoeli swantening himar? Jèn koementoesipoen, poenapa saged sami kaliaan kentoes? Oepami pinteripoen, poenapa saged njoendoel djoeligipoen iblis? Ènget ta ènget! sampoen ngantos kadosdéné kintel ingkang ambek badé njamèni lemboe, plembang - plembong wetengipoen ngantos mbledos, dawahipoen boten mantra - mantra saged ngèmperl.

11. Dados boten sanjatanipoen asor, bodo oetawi kawon spt, balik loehoer roemaos asor, pinter roemaos bodo oetawi menang poeroen ngawon. Déné jèn njatanipoen pantjèn asor, bodo oetawi kawon, poenika sanès nama tawadloe'; lan boten oetama, ananging malah awon boten saé.

Ikoe omah achirat (swarga éndah), bakal Dakparingaké marang wong kang ora pada doewé karep kemloehoer ana ing boemi, lan ora doewé karep agawé roesak. Déné kawoesanan betjik maoe, bakal kadarbé wong kang pada soemoengkem ing Allah. (Al-Qasas : 83).

Lan dawoehing Hadits makaten :—

ان رسول الله قال : ان الله اوحى الي ان تواضعوا حتى لا يفخر احد على احد ولا ينبغي احد على احد. - وقال : ما نقصت صدقة من مال وما زاد الله عبدا بعفو الا عزا وما تواضع احد لله الا رفعه الله.

« رواها مسلم »

Dawoehé Kangdjeng Rasoel : Sanjata, Allah woes paring dawoeh marang akoe, soepaja sira pada tawadloe' (andapasor); nganti sidji - sidjiné wong ora ana kang oemoek marang sidjiné, lan sidji - sidjiné maoe ora ana kang soemakéjan marang sidjiné, — Lan dawoehé manèh : sidqah (dana) ikoe ora bakal arep njoedakaké banda. Lan Allah bakal nambahi moelja marang kawoela (wong) kang gelem moewoeng kantjané. Lan Allah bakal paring loehoer marang wong kang gelem tawadloe' krana Allah.

Samanten dawoehing Al-Qoerān lan Hadits, ingkang martélakaken bab tawadloe' sawatawis. Moegi kaéstokna soepados saged gesang begdja lan moelja. Wawarahipoen para sepoe makaten : „Sapa kang arep kadjèn awaké, ngadjènana tanggané”.

Samanten, katranganipoen piwoetjal 12. Wonten ing wekasaning ajat piwoetjal waoe mawi kadawoehaken, bilih sadaja wawarah kasbat ing nginggil, poenika sawenèh pakeming hikmah 'amalijah toewin achlaqijah (kawitjaksananing lampah toewin pakerti) ingkang kawedaraken Pangéran dcemateng Kangd eng Nabi, soepados kaéstokaken sarta kapimpinaken doemateng oemat-oematipoen. Déné ingkang kakarsakaken kasbat ing nginggil waoe, inggih poenika wiwit dawoehing ajat piwoelang 8, doemoegi dawoehing ajat piwoelang 12. Awit, ajat - ajat waoe pantjèn oeroet, wiwit ajat 23 ngantos doemoegi 38, soerat Al-Isra'.

Sadaja piwoelang waoe manawi kagembleng, mengkoe wawarah pakeming lampah witjaksana 10 prakawis. Inggih sakawan aroepi dadawoeh (pakèn), lan ingkang nem awoedjoed papatjoeh (paminggil); inggih poenika : 1e dawoeh 'ibadah saha soemoengkem ing Allah pijambak. 2e dawoeh bekti lan ngadjèni sarta tresna ing tijang sepoeh kekalih; langkoeng - langkoeng manawi sampoen

djempo oetawi pikoen. 3^e dawoeh bërboedi lan gemi (poeroen ngedalaken bandanipoen kanggé dedana oetawi tetoeloeng, lan poeroen njandet wedaling banda waoe jèn boten wonten faldahipoen). 4^e dawoeh djoedjoer lan 'adil wonten ing lampahing te tembajatan oetawi lelawanan, kadosta: a, manawi tinitipan banda-arta oetawi sanès - sanèsipoen; kénging kapitados (boten poeroen ngepik-epik lan dipoendjagi jektos); langkoeng - langkoeng darbèkipoen laré jatim ingkang pantjèn kedah dipoenajomi. b, samangsa gadah predjandjian, dipoentoehoni. c, manawi sadé-tinoembas ingkang mawi oekoeran takeran oetawi katèn sapanoenggilanipoen, dipoendjangkepi boten kirang. Lan manawi njariosaken oetawi moetoesi prakawis, 'adil boten bot - sih. 5^e papatjoeh boten kénging badé ngebrèh lan medit (ngawoet - awoet banda tanpa goena, lan keket boten poeroen ngedalaken kanggé tetoeloeng oetawi dedana). 6^e boten kénging badé medjahi anak oetawi njoeres toeroen, amargi namoeng kwatos mlarat oetawi wirang. 7^e boten kénging badé zina oetawi bédangan. 8^e boten kénging badé medjahi tijang, jèn tanpa sabab ingkang leres. 9^e boten kénging badé mbegoegoek nggegeki pamanggih oetawi lampahipoen, jèn boten mawi gegondèlan 'ilmi oetawi wawaton ingkang goematok. Lan 10^e boten kénging badé takabboer koemloehoer oetawi koemigsoen sapitoeroetipoen; ananging kedah tawadloe' andap - asor ngadjèni lan ngoermati ing sasami.

Dados, ringkes lan terangipoen malih makaten: Inggang kawastanan tijang soefie oetawi witjaksana, poenika tijang moe'min ingkang 'ibadah ing Allah, ngadjèni tijang sepoehipoen kekalih, bërboedi lan gemi, djoedjoer lan 'adil; saha boten poeroen ngebrèh lan tjetil, boten poeroen medjahi oetawi njoeres toeroen, boten poeroen zina oetawi oegal - oegalan, boten poeroen medjahi tijang, boten poeroen mbegoegoek ngoetawaton lan boten poeroen goemedé koemloengkoeng soemakéjan.

Tijang witjaksana waoe badé pinaringan kabegdjan lan kani'matan ingkang ageng. Dawoehing Al - Qoerân makaten: —

وَمَنْ يُؤْتَ الْحِكْمَةَ فَقَدْ أُوتِيَ خَيْرًا كَثِيرًا.

Lan sapa kang pinaringan kawitjaksanan, mesti bakal diparingi kabegdjan kang akèh.

Walláhoè A'lam!

PIWOELANG 13.

Dawoehing Al - Qoerān s. Al - Ahqaf : 13, 14 : -

ان الذين قالوا ربنا الله ثم استقاموا فلا خوف عليهم ولا هم يحزنون .
 اولئك اصحاب الجنة خالدون فيها جزاء بما كانوا يعملون .

Sanjata, wong kang pada moeni : Pangérankoe ikoe Allah ; bandjoer dèwèké pada gelem soemoengkem, mesti ora bakal ana kekwatiran toemrap wong maoe, lan dèwèké ora bakal pada soesab. - Dèwèké maoe bakal dadi wong kang pada manggon ing swarga éndah ; ana ing kono bakal pada langgeng, minangka dadi gandjarané anggoné woes pada nglakoni 'amal kabetjikan.

* *

DAWOEHING ayat nginggil poenika, mengkoe piwoetjal bab istiqa mah (ngèsting Allah angèstokaken dawoehiPcen).¹

Katragan :

ISTIQA MAH.

ISTIQA MAH, poenika ma'nanipoen djedjeg, tetep oetawi soemoengkem. Djedjeg, artosipoen : boten mirng lan boten mlèntjang - mlèntjeng. Tetep, tegesipoen : boten éwah - gingsir. Déné soemoengkem, artosipoen : mantep lan setya-toehoe. Dados tegesipoen istiqa mah waoe, djedjeg lan leres wonten ing sadaja prakawis (prakawis i'tiqad, witjanten, pandamel toewin pakerti) ; saha tetep wonten ing prakawis waoe boten mawi éwah - gingsir, poenapadéné inggih dipoenroengkebi saèstoe sarana manah mantep lan setya-toehoe. Dawoehing Al - Qoerān : -

فَاسْتَقِمْ كَمَا أُمِرْتَ وَمَنْ تَابَ مَعَكَ وَلَا تَطْغَوْا . انما بما تعملون بصير .

Moehammad ! sira soemoengkema kaja kang woes didawoehaké ing sira ; oega wong kang woes toubat (para wong moe'min) kang nderèk ing sira, ija pada soemoengkema, lan adja pada keladoek. Awit, Allah mirsani apa kang pada koklakoni. [Hoed : 112].

قل انما انا بشر مثلكم يوحى الي انما الهكم الله واحد فاستقيموا اليه

واستغفروا . وويل للمشركين .

1. Moerih soepados saged tambah terang lan gamblang, dawoehing ayat poenika, pra'ogi katjoendoekna kalian dawoehing ayat 30 - 32, s. Foessilat, ingkang sampen kawrat wonten ing piwoelang 1, katja 26.

Dawoeha: Sanjata, akoe iki moeng manoesa kaja sira mangkono. Bédané, akoe diparingi wahjoe, jèn satemené Pepoendénira ikoe moeng Pepoendèn Kang sawidji; moelané pada n g e n e r a marang Pandjenengané pijambak, lan pada njoewoena pangapoerané. Déné katjilakan bakal kapatrapaké para wong moesjrik. (Foessilat: 6)

فَلذَلِكَ فَادِعُ ، وَاسْتَقِمْ كَمَا أُمِرْتَ ، وَلَا تَتَّبِعْ أَهْوَاءَ هُمْ ، وَقُلْ أَمِنْتُ بِمَا أَنْزَلَ
 اللَّهُ مِنْ كِتَابٍ ، وَأُمِرْتُ لِأَعْدِلَ بَيْنَكُمْ ، اللَّهُ رَبُّنَا وَرَبُّكُمْ ، لَنَا أَعْمَالُنَا
 وَلكُمْ أَعْمَالُكُمْ .

Awit saka ikoe Moehammad! moelané sira adjak-adjaka ngroengkebi Agama kang bener (touhid). Lan sira déwé ija ngroengkebana lan adjakna temenan, kaja kang woes didawoehaké ing sira. Lan sira adja manoet kekarepané wong maoe kang ora bener; lan moenia: Akoe ngèstokaké sadéngah kitab kang woes ditoeroenaké Allah, lan akoe kadawoehan soepaja ngadili antaranira kabèh. Allah ikoe Pangérankoe lan Pangéranira kabèh. Akoe bakal nanggoeng (njangga) lakoe koe déwè, lan sira ija bakal pada nanggoeng lakoe-lakoenira déwé. (Asj - Sjoera 15:).

Samanten, dawoehing Al - Qoerân ingkang mratélakaken bab *istiqamah* waoe. Saking poenika, tetéla sanget dawoeh *istiqamah* waoe, satoenggiling piwoelang ingkang wigatos èstoe. Awit, sadaja tindak oetawi gegajoehan ingkang boten mawi dipoenkantèni *istiqamah*, poenika mesti badé slèwèngan lan boejar kèndel ing margi². Pramila *istiqamah* waoe ageng sanget gandjaranipoen lan kaṭah kasaénanipoen, kados ingkang sampoen kadawoehaken wonten ing ajat ngadjeng waoe, lan ajat 30—32, s. Foessilat saha dawoehing Al - Qoerân: -

2. Wangsoelanipoen Sang goeroe moersjid nalika kasoewoenan pirsas bab ingkang kawastanan tasawoef, dawoehipoen makaten: „Soemoeroepal kang aran tasawoef, ikoe mengkoe piwoelang kang bakoe rong prakara: *le istiqamah*, (djedjeg ing sakabèhing prakara). *2e hoesnoel-choeloeq* (betiké pakerti). Dadí sapa waé kang gelem *istiqamah* lan *hoesnoel-choeloeq* (djedjeg prakarané lan betjik pakertiné), ikoe djeneng wong soefie. Déné kang diarani *istiqamah* maoe, kadijaba soemcengkem ing Allah, gelem ngoerbanaké diwané kanggo boetoehé djiwa maoe. Lan kang diarani *hoesnoel-choeloeq*, ikoe gelem nandoeki (njrawoengi) wong sarana boedi pamengkoe lan aris. Tegesé: emoh nandoekaké wong lijané moeng kanggo noeroeti kekarepané déwé; ananging malah gelem njadijakaké awaké kanggo noeroeti boetoehé kantjané, saoeger ora nganti nerak oetawa nggèsèhi anggering Agama.” Samanten, dawoeh-wangsoelanipoen Sang goeroe moersjid waoe. Ingkang makaten waoe, anélakaken dawoeh *istiqamah* waoe pantjèn wawarah ingkang petingan èstoe; pramila perloe kapersoedi soepados saged anggadahi.

وَأَنْ لَّوِاسْتَقَامُوا عَلَى الطَّرِيقَةِ لَأَسْقِينَهُمْ مَاءً غَدَقًا.

Lan sanjata, manawa pada gelem tetep ngambah ana ing dedalan kang bener, mesti bakal Soenparingi oedan kang deres (gemah - ripah moerah rezeki sandang-pangan).

(Al - Djin : 16).

Kados makaten, katranganipoen bab istiqamah; saking katrangan waoe, saged kapendet oegi soeraosipoen; bilih ingkang nama tijang istiqamah, poenika tijang ingkang poeroen ngroengkebi Agaminipoen ngantos doemoegi ing pedjahipoen. Lan manawi wonten perloenipoen, boten soengkan mbélani Agami waoe sarana banda, bae, fikir lan djiwanipoen.

Awit saking poenika, boten saged tijang badé istiqamah waoe, jénta boten ageng tawakkal oetawi koemandelipoen ing Allah Ingkang Mahaagoeng. Awit, jèn kirang tawakkalipoen ing Allah, manahipoen badé tekjoer mijar - mijoer, adjrihan lan soemelangan, boten gadah kapoeroenan lan kategoehan. Tijang ingkang makaten poenika, sampoen tamtoe kémawon boten saged badé anggadahi istiqamah waoe. Pramila tijang moe'min poenika

kedah ingkang ageng tawakkalipoen ing Allah Goesti

Ingkang Mahaagoeng Mahakwasa.

* *

Dawoehing Al-Goerän s. Al - Anfal : 2:—

إِنَّمَا الْمُؤْمِنُونَ الَّذِينَ إِذَا ذُكِرَ اللَّهُ وَجِلَّتْ قُلُوبُهُمْ وَإِذَا تُلِيَتْ عَلَيْهِمْ آيَاتُهُ زَادَتْهُمْ إِيمَانًا وَعَلَىٰ رَبِّهِمْ يَتَوَكَّلُونَ.

Sanjata kang aran para wong moe'min, ikoe wong kang manawa Allah diseboet, atiné pada deg - degan, lan manawa diwatjakaké dawoeh pangandikané, pada tambah imané, sarta moeng pada koemandel ing Pangérané.

* *

Katrangan :

TAWAKKAL ING ALLAH.

TAWAKKAL, poenika ma'naniipoen pasrah lan koemandel. Artosipoen: masrahaken prakawis kanti pitados jektos dateng ingkang dipoenpasrahi, bilih badé saged njekapi lan ngrampoengi; sarta ngroemaosi jèn awakipoen pantjèn apes katjingkrangan samoekawisipoen, ladjeng pasrah mangsa-borongga dateng ingkang kapitados waoe kanti koemandeling manah, bilih pijambakipoen poenika pantjèn kenging dipoengéndoli. Dados tegesipoen tawakkal ing Allah, poenika masrahaken prakawis

wisipoen mangsa boronga Pandjenenganipoen. Pandjenenganipoen waoe Goesti Inkgang Mahaagoeng Mahakwasa, saged adamel poenapa - poenapa sakarsaniPoen, boten wonten ingkang saged badé ngalang - alangi sakedik kémawon. Poenapa ingkang kakarsakaken, mesti kelampahanipoen; lan ingkang boten, mesti inggih boten badé kelampahan; nadyan para malaikat, djin toewin manoesa sami gotong - rojong njamboetdamel sesarengan, meksa inggih boten badé saged kaleksanan. Lan Pandjenenganipoen waoe Bendara Inkgang Mahamirah Mahaasih; kénging dipoengéndoli sih - kawelasaniPoen, lan dipoengondèli djandjiniPoen.

Tawakkal waoe pakertinipoen para andika Nabi, pakerti ingkang saé lan oetami. Kasaénanipoen, tawakkal waoe badé saged moerogaken kendel lan tataging manah, sarta badé saged noewoehaken kasantosaning boedi lan dados dasaring istiqamah. Déné kaoetamanipoen, gandjaranipoen ageng sanget lan badé kinasihan ing Pangéran, saha badé saged ndatengaken pitoeloengiPoen.

Awit saking poenika, wonten ing Al - Qoerän tawakkal waoe kadawoehaken kentjeng sanget, tansah dipoenwoengsal-wangsoeli wonten ing pinten - pinten ajat. Dawoehing Al - Qoerän ;—

وَشَاوِرْهُمْ فِي الْأَمْرِ ، فَإِذَا عَزَمْتَ فَتَوَكَّلْ عَلَى اللَّهِ ، إِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ الْمُتَوَكِّلِينَ .
 إِنْ يَنْصُرْكُمْ اللَّهُ فَلَا غَالِبَ لَكُمْ ، وَإِنْ يَخْذُلْكُمْ فَمَنْ ذَا الَّذِي يَنْصُرُكُمْ مِنْ
 بَعْدِهِ ، وَعَلَى اللَّهِ فَلْيَتَوَكَّلِ الْمُؤْمِنُونَ .

Moehammad ! lan pada adjaken reremboegan ana ing prakarané prang. Déné jèn sira woes nedya arep nindakaké kenteling remboeg, noeli koemandela ing Allah. Awit, Allah maoe remen marang wong kang pada koemandel ing Pandjenengané - Manawa Allah paring pitoeloeng ing sira, mesti ora ana kang bisa ngendih marang sira. Lan manawa arep agawé asorira, bandjcer sapa kang bisa mitoeloengi sira sawisé digawé asor maoe? Moelané para wong moe'min pada koemandela waé ing Allah. (Ali - 'Imran : 159, 160).

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا إِذْ كُرُوا نِعْمَتَ اللَّهِ عَلَيْكُمْ إِذْ هُمْ قَوْمٌ أَنْ يَبْسُطُوا إِلَيْكُمْ
 أَيْدِيَهُمْ فَكَفَّ أَيْدِيَهُمْ عَنْكُمْ ، وَاتَّقُوا اللَّهَ ، وَعَلَى اللَّهِ فَلْيَتَوَكَّلِ الْمُؤْمِنُونَ .

É wong kang pada ngéstokaké ! pada é'inga ni'mat peparingé Allah marang sira, jaikeo nalika sawidjiné golongan

nedja arep ndawakaké tangané (nglimpé nggitik) ing sira, Allah bandjoer njandet tangané wong maoe ora sida nggitik ing sira. Lan pada wedija ing Allah; lan marang Allah, moelané para wong moe'min pada koemandela. (Al-Maidah : 10).

قُلْ لَنْ يُصِيبَنَا إِلَّا مَا كَتَبَ اللَّهُ لَنَا هُوَ مَوْلَانَا . وَعَلَى اللَّهِ فَلْيَتَوَكَّلِ الْمُؤْمِنُونَ .

Moenia : Ora bakal bisa ngenani akoe, kadjaba barang kang woes ditoelis ing Allah kanggo akoe ; Pandjenengané maoe Bendarakoe. Moelané para wong moe'min pada pasraha waé marang Allah. (At - Toubat : 51).

وَقَالَ مُوسَى يَا قَوْمِ إِن كُنْتُمْ آمِنْتُمْ بِاللَّهِ فَعَلَيْهِ تَوَكَّلُوا إِن كُنْتُمْ مُسْلِمِينَ .

فَقَالُوا عَلَى اللَّهِ تَوَكَّلْنَا رَبَّنَا لَا تَجْعَلْنَا فِتْنَةً لِّلْقَوْمِ الظَّالِمِينَ . وَنَجِّنَا بِرَحْمَتِكَ

مِنَ الْقَوْمِ الْكَافِرِينَ .

Lan wawarahé Nabi Moesa marang kadangé :³ É kadangkoe ! Manawa sira pada iman temenan marang Allah, betjik pada koemandela ing Pandjenengané jèn sira pantjèn pada islam. — Atoer wangsoelané : Koela sami pasrah ing Allah : doeh Pangéran koela ! moegi Toewan sampoen ndadosaken koela, dados fitnahipoen tetijang ingkang sami nganiaja, — Lan sarana sih Toewan, moegi Toewan miloedjengna koela saking tetijang ingkang sami kafir. (Joenes : 84—86).

فَإِذَا قَرَأْتَ الْقُرْآنَ فَاسْتَعِذْ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ . — إِنَّهُ لَيْسَ لَهُ سُلْطَانٌ

عَلَى الَّذِينَ آمَنُوا وَعَلَى رَبِّهِمْ يَتَوَكَّلُونَ .

Manawa sira arep matja Al - Qoerän, betjik ngoengsia marang Allah saka panggodané sjétan kang rinandjam. — Sanjata, dèwèké ora bakal ndoewèni daja toemrap wong kang pada moe'min lan pada gelem koemandel marang Pangérané. (An - Nahl : 98, 99).

3. Inggih poenika nalika sami geter manahipoen kwatos panganiaianipoen sang praboe Fir'on, amargi pijambakipoen waoe sami ngrasoek Agami Islam ingkang kapentjaraken sarta kapimpinaken K. Nabi Moesa ; ing mangka dados sirikanipoen sang praboe ingkang djoedas ambek sija waoe.

وَلَا تُطِيعِ الْكٰفِرِيْنَ وَالْمُنٰفِقِيْنَ وَدَعِ اٰذِيْهِمْ وَتَوَكَّلْ عَلٰى اللّٰهِ وَكٰفٰى بِاللّٰهِ وَكِيلًا

Lan sira adja manoet karo para wong kafir lan para wong moenafiq (lamis), lan toгна waé (adja kokrèwès) anggoné pada agawé laranira, lan sira koemandela waé marang Allah. Lan woes tjoekoop pasrah marang Allah maoe. (Al-Ahzab: 48)

وَمَنْ يَتَوَكَّلْ عَلَى اللّٰهِ فَهُوَ حَسْبُهُ . اِنَّ اللّٰهَ بِاٰمْرِهٖ . قَدْ جَعَلَ اللّٰهُ لِكُلِّ

شَيْءٍ قَدْرًا

Lan sapa kapi boe pasrah ing Allah, mesti bakal ditjoe-koepi (di) diaranip Allah maoe apa sikarsané, mesti kelakon. Lan Allah kaké sakabéhé barang, nganggo kira - kira (katemtoean). (At - Thalaq : 3).

Samanten, dawoehipoen Al - Qoerān ingkang mratélakaken bab tawakkal (koemandel) ing Allah waoe. Ajat sanès - sanès-ipoen ingkang ndawoehaken prakawis waoe, oegi taksih kaṭah. Ingkang makaten poenika, njihnakaken dawoeh tawakkal waoe, pantjèn piwoetjal ingkang sanget premati lan wigatos; pramila inggih kedah dipoenéstokaken jektos.

Dawoehing ajat-ajat ing nginggil waoe, gemblengipoen meng-koepi piwoelang makaten: Tetijang moe'min oetawi moeslim, poenapamalih para pemimpin oetawi 'oelaminipoen, poenika gesang-ipoen wonten ing sadajaning lampah kasaénan, kedah adedasar tawakkal ing Allah; langkoeng - langkoeng nalika sami ngambah lelampahan ingkang gawat, moetawatosi adamel getering manah, poenika kedah ingkang sangsaja ageng koemandelipoen ing Allah waoe. Awit, inggih sarana agenging tawakkal waoe, tijang badé saged istiqamah lan sabar sarta tahan nampi tjobining Pangéran oetawi nempoe ombak - oemboeling gesang. Lan tijang gesang poenika sinten kémawon, ing sanglebeting gesangipoen waoe, boren saged badé soemingkir kalis saking tjobi oetawi retibed. Dados, tijang ingkang boten anggadahi manah koemandel ing Allah waoe, samangsa ketaman reribed oetawi tjobining Pangéran, sampoen tamtoe badé sangsaja tambah sisah lan nggrantes!poen.⁴ Pramila saking poenika, perloe sanget dawoeh tawakkal waoe, kedah dipoenéstokaken ingkang saleresipoen.

4. Samangké kawoeningana: Tetijang moe'min, poenika nama tijang ingkang sampoen nggadahi gegebengan oetawi beboendelan ingkang kekah wonten ing manah; i. p. pijandel ing Allah lan para malaikatiPoen, kitab dawoehiPoen, para andika Nabi oetoesaniPoen, dinten qijamat adeging pangadilaniPoen toewin qadar oetawi pepestèniPoen. Dados tetijang moe'min waoe, ateges tijang ingkang sampoen anggadahi idam - idaman oetawi toedjoean gesang →

Menggah empanipoen tawakkal waoe ingkang wigatos, maka-
ten: Tijang badé nggajoeh dradjat a brar, soemedia ngambah
margining Allah ngroengkebi lan mbélani AgaminiPoen, poenika
asring sanget ginoda ing sjétan; inggih poenika kadamel was manah-
ipoen soemelang jèn ladjeng ketaman kabilaèn oetawi soeda
kabegdjanipoen. Terkadang kadamel adjrih dipoensengiti kantja,
kadjoṭak ing ngakatah, dipoensakiti oetawi dipoenoeckcem spt.
Oetawi kadamel kwatos soeda pamedalipoen, medak pangkat-
ipoen, moendoer pakarjanipoen oetawi soesoet bandanipoen spn.
Inkang wosipoen, namoeng badé ngalang-alangi sedyanipoen
tijang ingkang badé saé lan oetami waoe. Kawoeningana: Inggih
ing rikoe poenika, panggènanipoen tawakkal kedah katandoek-
aken kanggé mbèngkas was-wasing sjétan waoe; langkoeng-
langkoeng wonten ing wekdal gawat ingkang adamel getering
manah. Déné patrapipoen, i. p. gegajoehan ingkang oetami waoe
teroes dipoentindakna samestnipoen, lan sadaja prakawis ingkang
kaanggep ngwatosaken oetawi adamel geter wace, dipoenpasrah-
na kémawon ing Allah soemangga sakarsaniPoen, lan dipcen-

→ ingkang agoeng loehoer lan soetii; i.p. kamoeljan ing achirat saha
kinasihlan lan karenan ing Pangéran. Awit saking poenika, gesang-
ing tetijang moe'min waoe, inggih kedah salaras kalia raosing manahipoen ingkang
sampoan anggadahi gegebengan oetawi beboendelan ingkang minangka dados
idam-idaman oetawi toedjoean waoe. Dados tegesipoen: tetijang moe'min waoe
gesangipoen boten namoeng oedian-oedian slèwèngan sapoeroen-poeroen patok
saged katoeroetan pikadiengan oetawi kasenenganipoen, ananging kedah mawi
tatanan ingkang toemata manoet pranataning Pangéran; i.p. Agami Islam. Agami
waoe kadjawi wadjab dipoenoege mi pranatanipoen, oegi wadjab kedah dipoenté-
lani adeg lan kalenggahanipoen. Pramila tetijang moe'min waoe kadjawi kwadjaban
njoengkemi anggering Islam Agaminipoen, oegi kwadjaban kedah nglaboehi
soemebar lan loeman pahipoen. Wonten ing salebeting tijang sami ngroengkebi
Agami oetawi mbélani waoe, asring sanget tampi tiobining Pangéran kènging
reribed oetawi alangan; pramila manawi tetijang moe'min langkoeng-langkoeng
para pemimpin oetawi 'oelaminipoen boten ageng tawakkal oetawi koeman-
delipoen ing Allah, sampoen tamtoe samangsa kènging reribed waoe, badé
saged nggléwang oetawi wangsoel ing margi, kados ingkang kadawoehaken
wonten ing Al-Qoerān s. Al-Hadi: 11:—

ومن الناس من يعبد الله على حرف فان اصابه خير اطمان به ، وان اصابته
فتنة انقلب على وجهه ، خسر الدنيا والاخرة . ذلك هو الخسران المبين .

Lan sawenèhé wong, ana kang 'ibadah ing Allah (nglakoni Agama)
ngamplik banget (minggrang-minggring). Manawa dèwèké olèh
kabegdjan, marem banget marang Agama maoe, Ananging jèn dè-
wèké maoe nemoe tjoba bandjoer waé nginger rabiné (moertad).
Wong mangkono ikoe, roegi donja lan achirat. Ija mangkono ikoe,
kapitoenan kang tjeta (gedé) banget.

Doeh! saéba badé kedowoeng lan getoenipoen.

èngetana bilih sadaja prakawis waoe, jèn pantjèn boten kinar-sakaken ing Pangéran, mesti boten badé saged ngéngingi ing awakipoen; nadyan tijang sadjagadrat sami ngréka-daja kelampahanipoen. Ananging jèn prakawis waoe pantjèn sampoen dados karsaning Allah, mbokinggih boten tamtoe nindakaken gegajoehan waoe, mesti inggih badé doemawahipoen; sanadyan badé dipoen-alang-alangi tijang sadonja pisan.⁵ Lan terkadang malah anggènipoen boten tamtoe nindakaken gegajoehanipoen waoe, saged dados sababipoen badé ketaman kabilaèn oetawi kontjatan kabegdjan. Pramila tijang badé nindakaken gegajoehan ingkang oetami waoe, sampoen ngantos ndadak ngréwès pangadjrihadjrihing sjétan; ananging koemandela kémawon ing Pangéran Bendera Ingkang badé ngajomi lan mitoeloengi, noeladaa tindakipoen para andika Nabi oetawi tetijang moe'min para sahabatipoen. Nalika dipoenadjrihadjrihi ing sjétan, malah saja tambah iman lan tawakkalipoen ing Pangéran; kados ingkang kadawoehaken wonten ing Al-Qoerän:—

الَّذِينَ قَالَ لَهُمُ النَّاسُ إِنَّ النَّاسَ قَدْ جَمَعُوا لَكُمْ فَاخْشَوْهُمْ فَزَادَهُمْ إِيمَانًا
 وَقَالُوا حَسْبُنَا اللَّهُ وَنِعْمَ الْوَكِيلُ - فَانْقَلَبُوا بِنِعْمَةِ رَبِّهِمْ إِلَىٰ دِيَارِهِمْ لِيُحْكَمَ
 فِي الْأُمَمِ ۗ إِنَّكُمْ أَعْيُنُ النَّاسِ لَنَرَاهُمْ فِي صُورِهِمْ وَأَنَّهُمْ أَكْثَرُ نَافِعِينَ
 سُوْرَةُ وَاتَّبِعُوا رِضْوَانَ اللَّهِ . وَاللَّهُ ذُو فَضْلٍ عَظِيمٍ . - إِنَّمَا ذَكَرَ الشَّيْطَانُ
 يَخُوفَ أَوْلِيَآءِهِ فَلَا تَخَافُوهُمْ وَخَافُوا اللَّهَ إِن كُنْتُمْ مُؤْمِنِينَ .

Jaikoe wong kang pada dikandani ing wong: Sanjata, para wong moesjrik woes samekta pada koempoel kanggo mapagaké sira, moelané pada wedija waé adja wani metoe. Ananging kanda mace malah ndadèkaké tambahé imané para wong moe'min, bandjoer pada metoe lan pada moeni: Allah bakal mitoeloengi akoe, lan Pandjenengané loewih ni'maté Bendera Kang pinasrahan (ngajomi).— Wekasan, para wong moe'min maoe pada bisa moelih sarana olèh kabegdjan lan kanoegrahan saka ngarsané Allah, toer ora

5. Dados empanipoen tawakkal waoe, kedah dedasar i'tiqad touhid ing Allah lan ngèsti ing pepestèniPoen; inggih poenika ngéstokaken boten wonten ingkang saged adamel pediah-gesang, begdia-tulaka bingah-sisah lss, kadjawi namoeng Allah pijambak Goesti ingkang Mahaagoeng. Lan ngèsti sadaja ingkang sampoen tinamtokaken ing Allah, mesti kalampahanipoen; déné ingkang boten, inggih boten badé saged kaleksanan, nadyan badé dipoen réka-daja déning para malaikat, djin toewin manoesa pisan.

pada ketaman sangsara satitik waé, amarga pada gelem ndèrèk keparengé Allah. Lan Allah maoe Kang kagoengan noegraha kang agoeng.— Satemené, kang kanda maoe pantjèn sjétan, perloené moeng arep agawé wedinira marang kantja - kantjané, moelané sira adja pada wedi kantjané sjétan maoe, ananging pada wedija ing Ingsoen pijambak, jèn sira pantjèn pada moe'min. (Ali - 'Imran: 173 - 175).

Lan wonten, tijang nedja badé ngoegemi dawoehing Allah, ngroengkebi Agama lan mbélani soemebaripoen, ananging tansah namoeng mangoe-mangoe manahipoen, kabekta dèrèng saged kapekapan gesangipoen. Oeger badé toemandang nglampahi kaperloenaning Agami waoe, ladjeng namoeng kandeg amargi kadeseke padamelan kabetahaning grijanipoen; pramila inggih namoeng kantoen djoedeg lan mengeng wontenipoen. Tijang ingkang makaten poenika, manawi pantjèn sampoen ngroemaosi bih mbélani Agami waoe, mila dados kwadajiban lan tetanggelanipoen, kedah ngroemijinaken kwadajibanipoen tinimbang panggesanganipoen. Tegesipoen: kwadajiban waoe kedah dipoentindakaken samestinipoen; déné panggesangan tjekap kasambi oetawi kapasrahaken kémawon ing Allah, kanti koemandel ing djandjiniPoen ingkang badé nanggal prakawis rezeki waoe.⁶ Dawoehing Al - Qoerän makaten: -

وَمَا مِنْ دَابَّةٍ فِي الْأَرْضِ إِلَّا عَلَى اللَّهِ رِزْقُهَا وَيَعْلَمُ مُسْتَقْرَرُهَا وَمُسْتَوْدَعُهَا .
كُلٌّ فِي كِتَابٍ مُبِينٍ .

Lan ora ana sawidjiné gegremet (ngaoerip) ana ing boemi, kang ora ditanggoeng rezekiné déning Allah; lan Pandjengengané ngawoeningani papané nalika oerip lan soemimpené suwoesé mati. Kabèh maoe wis tinoelis ana ing kitab kang tjeta terang. (Hoed: 6).

وَالَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ لَنُبَوِّئَنَّهُم مِّنَ الْجَنَّةِ غُرَفًا تَجْرِي مِنْ تَحْتِهَا الْأَنْهَارُ خَالِدِينَ فِيهَا . نِعْمَ أَجْرُ الْعَامِلِينَ . الَّذِينَ صَبَرُوا وَعَلَىٰ رَبِّهِمْ يَتَوَكَّلُونَ .
وَكَايِنٍ مِّنْ دَابَّةٍ لَا تَحْمِلُ رِزْقَهَا اللَّهُ يَرْزُقُهَا وَإِيَّاكُمْ . وَهُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ .

6. Awit, kwadajiban waoe dados kabetahaning diwanipoen, sinareng panggesangan namoeng boetoehing badanipoen. Dados, sampoen tamtoe kémawon langkoeng adji djiwa tinimbang badan.

Déné wong kang pada iman lan pada gelem nindakaké 'amal kabetjikan, mesti bakal Soenenggonaké ing swarga pérangan kang ndoewoer; kali-kaliné mili ing sangisoré wit-witané, toer ana ing kono bakal pada langgeng. O! pantjèn ni'mat banget gandjarané wong pada nglakoni kabetjikan maoe.— Jaikoe wong kang pada sabar mantep nglakoni dawoehing Allah lan pada gelem koemandel marang Pangérané.— Lan pirang-pirang gegremet (héwan) ora pada nggawa rezekiné (pangané), ananging Allah njoekoepi rezekiné maoe lan njoe-koepi sira kabèh. Lan Pandjenengané Kang mijarsa toer Kang ngoedanèni. (Al - 'Ankaboet; 58-60) 7

Kados makaten, djandjinipoen Pangéran anggènipoen sampoen sagah badé nanggél prakawis rezeki waoe wonten ing gesang donja. Ananging gandjaran wonten ing achirat, Allah boten njagahi badé paring. Jènta tijang waoe boten poeroen mersoedi pijambak. Dawoehing Al - Qoerān :—

اللَّهُ لَطِيفٌ بِعِبَادِهِ يَرْزُقُ مَنْ يَشَاءُ، وَهُوَ الْقَوِيُّ الْعَزِيزُ. — مَنْ كَانَ يُرِيدُ حَرْثَ الْآخِرَةِ نَزِدْ لَهُ فِي حَرْثِهِ، وَمَنْ كَانَ يُرِيدُ حَرْثَ الدُّنْيَا نُؤْتِهِ مِنْهَا وَمَالَهُ فِي الْآخِرَةِ مِنْ نَصِيبٍ.

7. Kasoenjatanipoen ayat-ayat poenika, sampoen dipoen njatakaken déning Pangéran wonten ing lelampahanipoen donja, wiwit nalika wontening ngagesang ngantos doemoegi sapriki lan éngga ingkang badé kalampahan; ing ngrikoe boten wonten ngagesang ingkang boten dipoentjekapi tedanipoen déning Pangéran samoerwatipoen, saoegeer pantjèn taksih gesang. Lan malah kènging katemboengaken makaten: saoegeer Allah badé paring gesang, mesti sampoen njadijakaken tedanipoen saperloenipoen. Ingkang makaten waoe, kènging katiti saking gesanging para manoesa pijambak-pijambak; wiwit nalika wonten ing goewagarba, nalika dados baji soeson, dados laré, dados nèm-nèm, dados kesepoehan lan ngantos doemoegi djempo oetawi pikoan pisan; ing ngrikoe boten wonten wekdal ingkang kendat boten dipoenparingi teda déning Pangéran, inggih nalika dados dameling tijang, nalika sampoen niamboetdamel pijambak ngoepados gesang, lan nalikanipoen sampoen kèndel babar pisan saking padane an, inggih meksa taksih dipoentédani déning Pangéran.

Pengalaman ingkang sampoen mataoen-raoen kados makaten waoe, poenapa boten saged badé nambahi pangandelipoen ing djandjining Pangéran Ingkang Mahaagoeng; sinareng nedia badé moendi dawoehiPoen ngroengkebi Agaminipoen, teka ladjeng toewoeh soemelang kwatos prakawis tedanipoen? Poenika rak tjeta namoeng rentjananing sjétan, soepados sampoen ngantos dados tijang saé lan oetami ingkang katjelak ing Pangéran; pramila kedah dingatos-atos ingkang prajitna, sampoen ngantos gemloewèh lan léna. Poenapa inggih, tijang ingkang soemedya badé ngéstokaken dawoehiPoen, soemarah ing karsanipoen toewin ngladosi poenapa ingkang dados keparengiPoen, malah dipoenpedot tedanipoen? Ing mangka tijang ingkang anggoeran namoeng plestran terkadang malah oegal-oegalan, taksih dipoenparingi ingon. Poenika rakanèh! →

Allah ikoe welas banget marang para kawoelané, paring rezeki marang wong kang diparengaké sakarsané. Lan Pandjenengané Kang Mahakwasa toer Mahaoenggoel. — Sapa waé kang doewé karep arep nandoer tandoeran (ngoepaja gandjaran) achirat, mesti bakal Soentambahi ing dalem tetandoerané (gandjarané). Lan sapa kang doewé karep arep nandoer tandoeran donja, bakal Soenparingi oewohé moeng sawatara; lan bésoek ana ing achirat, ora bakal nampa pandoeman apa-apa *kadjaba siksa*. (Asj - Sjoera : 19, 20).

Dados sampoen tjeta terang, saking dawoehing ayat-ayat ing pinggil waoe, manawi pantjèn sampoen sami mepètipoen antawipoen prakawis kabetahan donja lan achirat, kabetahan achirat ingkang kedah dipoenperlokaken langkoeng roemijin. Poenapaman jèn mawi ngèneti tetandinganipoen achirat kalia donja waoe anès empoe-empoeipoen; achirat linangkoeng samoekawisipoen tinimbang donja, sangsaja wadjib kedah dipoenperlokaken lan dipoengatosaken achirat, jèn tijang waoe pantjèn moe'min lan moeslim saèstoe. Dawoehing Al - Qoerān ; —

يا ايها الذين امنوا مالكم اذا قيل لكم انفروا في سبيل الله انا قلتم الى الارض
ارضينم بالحياة الدنيا من الآخرة. فامتع الحياة الدنيا في الآخرة الا قليلا.

É wong kang pada moe'min ! généja nalika didawoehaké marang sira : énggal pada boedala toemandang ana ing Agama mané Allah, sira moeng pada mbegegek menjang nglemah (ngoender ana ing ngomah) waé? Apa sira pada milih kaoeripan donja tinimbang achirat? Ing mangka kasenengané kaoeripan donja maoe jèn katanding karo kani'matan ing achirat, remèh banget doedoe empoe-empoe. (At-Toubat: 38).

وما هذه الحياة الدنيا الا هو و لعب . وان الدار الآخرة هي الحيوان .

→ Tjekakipoen, saejer tijang waoe taksih gesang, rezekipoen mesti badé katanggal ing Pangéran; namoeng marginipoen kémawon ingkang mawarni warni boten wonten katemtoean. Déné garisipoen ageng, wonten margi ingkang halal oetawi haram lan ingkang padang oetawi peteng. Sadaja waoe pangambahipoen goémantoeng dateng pikadjenganing tetijanganipoen. Katah tijang bréwoe, amargi pantjèn koloe dateng barang haram, ngetamel anggènipoen neda tanpa taha-taha ngantos mbedoedoeng padaranipoen. Kosok-wangsoelipoen, boten kirang tijang fekir oetawi miskin djalaran pantjèn wira'i boten koloe badé neda barang haram waoe, éwadéné inggih boten naté loewé saged neda rezeki ingkang halal. Dados sampoen tjeta, ngambah margi ingkang halal oetawi haram waoe, namoeng goe nantoeng dateng pikadjenganing tetijanganipoen.

لَوْ كَانُوا يَعْلَمُونَ .

Lan kaoeripan donja iki, ikoe moeng barang lelahanan lan dedolanan, mesti bandjoer boebar. Déné omah achirat (swarga éndah), ikoe kang aran djatiné oerip, saepama pantjèn pada mangerti. (Al - 'Ankaboet : 64). 8

8. Dados tetéla, bédanipoen 'alam achirat kaliaan 'alam donja waoe, ageng sanget lan tebih sanget soengsatipoen. Kasenenganipoen donja waoe namoeng rêmèh sepélé boten misra, toer tansah sinarengan ketjiwa lan gela boten saged maremaken. Sinareng achirat, kani'matanipoen ageng, loehoer lan sampoerna, toer sepen ing ketjiwa lan gela; wontenipoen namoeng tansah adamel marem lan lega. Gesang ing donja namoeng sakedap sanget kanti winangen; balik gesang achirat, langgeng salami-laminipoen tanpa wangen. Pramila dawoehing Hadits makaten :

ان رسول الله قال : ما الدنيا في الآخرة الا مثل ما يجعل احدكم اصبعه في اليم
فلينظر به يرجع .

Dawoehé Kangdjeng Rasoel : Donja ikoe jèn katanding karo achirat, moeng kaja nggoniro njemploengaké dridji ana ing segara, bandjoer delengen sapira banjoe kang katoet ?

Awit saking poenika, toemrapipoen tetijang moe'min katingal sanget boesoekipoen, jèn ngantos kamipoeroen njadé achiratipoen kaliaan donja; nadyan sarana regi majoeta-joeta emas lan selaka. Dawoehing Al - Qoerân makaten :

اولئك الذين اشتروا الحياة الدنيا بالآخرة . فلا يخفف عنهم العذاب ولا هم ينعرون .

Ikoe, wong kang pada toekoe kaoeripan donja nganggo achirat, mesti waé ora bakal dièntèngaké siksané lan ora bakal pada dipitoeloengi. Pramila Kangdjeng Nabi inggih dawoeh :

الكيس من عمل لما بعد الموت ، والعارية العاري من الدين ، اللهم لا عيش الا عيش الآخرة .

Kang aran pinter, ikoe wong kang gelem nglakoni 'amal kang kanggo kaboetohané sawisé mati. Déné kang aran wong woeda, ikoe kang woeda saka Agama. Doeh Allah! boten wonten gesang, kadjawi gesang achirat.

Dados saking dawoehing ajat - ajat lan Hadits ing nginggil waoe, saged kapendet soeraosipoen bilih gesangipoen tetijang moe'min, poenika sampoen anggadahi toedjoean ingkang goematok saha gegajoehan ingkang agoeng, loehoer lan oetama; inggih poenika gesang achirat gesang ingkang langgeng, soetji lan sampoerna. Saking poenika, wontenipoen gesang ing donja poenika, namoeng kadosdéné mlampah ing margi, nenandoer ing sabin oetawi ngoepados betah ing peken, sanès bakoening toedjoean lan gegajoehan. Pramila, tijang gesang poenika sampoen sléwengan katoengkoel sengsem njawang katompjoeraning donja, ngantos kasoepèn ing achiratipoen, Éstoe badé katiwasan!

Lan wonten malih, tijang poenika manahipoen alit tansah kwatosan; manawi badé toemandang -damel poenapa - poenapa, namoeng soemelang tok kwatos jèn badé nemahi katiwasan. Kadosta oepami badé dagang, soemelang jèn roegi; badé njepeng padamelan sanèsipoen, kwatos toeni; lan badé lelawanan kaliaan tijang sanès, adjrih jèn dipoenapoesi.⁹ Tjekakipoen, manawi badé poenapa - poenapa tansah namoeng soemelang lan kwatos tok, ngantos boten nggadahi kwanèn poenapa-poenapa lan boten gadah antepan. Tijang iagkang makaten 'poenika, nama tijang ingkang nggadahi manah sakiten. Djampinipoen boten wonten malih, kadjawi ngagengaken tawakkal ing Allah Bendara Ingkang Mahamirah Mahaasih.¹⁰ Menggah tjaranipoen makaten: Barang ingkang badé dipoengarap oetawi dipoentandangi waoe, langkoeng roemijin dipoensetitekna lan dipoenpratitina oetawi dipoensinaoea kadar salimrah kémawon; toemoenten dipoentandangana samesiniipoen mitjeroet kekijatan lan kasagedanipoen waoe. Déné prakawis ingkang sadjawining ichtijar oetawi kekijatanipoen, ingkang tansah dipoenkwatosi waoe, poenika dipoenpasrahna kémawon ing Allah kanti koemandeling manah badé pikantoek pitoeloengiPoen. *Insjá Allah, sesakiting manah waoe ladjeng éngga'l mantoen sirna babarpisan; kados déné ingkang sampoen kadawoehaken wonten ing s. Ali-'Imran ingkang soeraosipoen makaten: „Sira pada reremboegana l déné jèn woes arep nindakaké kekentelané remboeg, pada koemandela waé marang Allah. Pandjenengané remen karo wong kang pada gelem tawakkal (koemandel)“.*

Kados makaten, katrangan bab empanipoen tawakkal ingkang wigatos waoe. Prajogi dipoenéstokna, soepados saged gesang begdja!¹¹

Samanten, andaranipoen piwoelang 13. Ringkesipoen makaten: **Gesangipoen tetijang moe'min oetawi moeslim, poenika soepados saged begdja, kedah anggadahi istiqa mah wonten ing sadaja prakawisipoen, lan kedah ingkang ageng koemandelipoen ing Allah Goesti Pepoendènipoen: poenapadéné kedah ngoegemi dawoehiPoen ngroengkebi AgaminiPoen saha poeroen mbélani soemebaripoen.**

Walláhoe A'lam!

9. Oetawi adjrih dateng prakawis ingkang bangsa goegon-toehon, kadosta adjrih dateng angsaring panggènan, dinten oetawi woelan sapitoeroetipoen.

10. Déné jèn roemaos pantjèn lepat oetawi kléntoe, perloe kedah dipoen kwatosi lan dipoensingkiri, boten namoeng dipoentawakkali.

11. Dados teté'a, empaning tawakkal waoe boten kok kanggé koedoeng kesèdan, kekeprohan oetawi lelahanan spn. kadosta: tijang dasaripoen pantjèn kesèd klélad-kléèd boten dojan damel, oetawi kemproh égrah-égrah boten gadah keradjanan lan keraberèn, oetawi namoeng renen gloejoeran, sandjan omong kosong lan gegoedjengan sapitoeroetipoen, ananging sinareng dipoenaroeh-aroehi „Wong oerip dina-dina kok moeng nganggoer tok, moeng toeron, →

PIWOELANG 14.

Dawoehing Al - Qoerän s. Al - Hasjr: 18, 19:—

يا ايها الذين امنوا اتقوا الله ولتنظر نفس ما قدمت لغد . واتقوا الله . ان
الله خبير بما تعملون . . ولا تكونوا كالذين نسوا الله فانسبهم انفسهم
اولئك هم الفاسقون .

É wong kang pada moe'min ! pada soemoengkema ing Allah, lan awak andelenga (wong mikira) 'amal apa kang woes dilakoni kanggo bèsoekè. Lan pada wedija ing Allah; sanjata, Allah maoe maspadakakè prakara kang pada koklakoni.— Lan sira adja pada kaja wong kang pada lali ing Allah, bandjoer Allah agawè lali marang dèwèkè ing kaboetoehané awaké kang kanggo bésoeké. Wong kang mangkono ikoe wong kang pada doeraka.

* *

DAWOEHING ajat ing nginggil poenika, kadjawi ndawoehaken taqwa ing Allah, oegi mengkoe pewoetjal ingkang premati èstoe i. p. moehasabat lan moeraqabat (niti toewin mremanemaken gesang lan 'amalipoen). Perloenipoen, ge-

→ glozjoeran, goeion ora ana oewis-oewisé; mbokija tinimbang dinggo kaja mangkono koewi, rak loewih betjik kanggo njamboetgawé golèk doewit lan kanggo 'ibadah nindakaké 'amal kabetjikan oetawa kanggo ngadji; dadi oeripé bisa rada mbedjadji. Karo manèh, nggoné kemproh égrah - égroh kok mbangeti temenan, dedèlèh waé ora bisa, moeng lah - lèh saenggon-enggon ora nganggo diprenahaké, mengko nèk ilang rak ija émar; mbokija sing rada nastiti nganggo ngati-ati." Wangsoelanipoen: „Ja Allah! prakara ngono waé ndadak nganggo diremboeg barang, mbok wis pasrah waé marang Pangéran, rak woes rampoeng; awir, jèn pantjèn arep diparingi rezeki, rak ija diparingi; nèk pantjèn arep dioenggahaké swarga, rak ija moenggah; karo manèh barang maoe jèn pantjèn arep ilang, mbok ija dienggahaké menjang ngendi waé ija mesti ilang; ndadak nganggo dikon ngati-ati barang, nganti kaja doedoe wong Islam, ora doewè tawakkal ing Pangéran." Doeh Allah! Toewan Mahasoeti! Énan sanget, dedamel ingkang saé sanget toer mitadosi, teka panjepengipoen kwalik, panggènan ingkang lantiip mingid-mingid djeboel dipoentiepengi; sampoen tamtoe kémawon badé ndrawasi èstoe. saged adamel tiwasipoen.

Lan malih, teges toewin empaning tawakkal waoe sampoen ngantos dipoen ingar-inger mangké mindak kablinger; kados déné lelan pahanipoen 'oelama li-nangkoeng kaloka ing tanah Bani-Israil, ingkang remen ngingar-inger ajat (Agaman)ing Pangéran, amarji namoeng kénjoet lan kéloet dateng gesang kadonjan. gesang moebra - mabroe angetoet lampahing hawanafsoe. Wasana gesangipoen tijilaka sangsara ketoela-toela, kaedakaken saking dradiatipoen ingkang loehoer kaoepamèkaken segawon ingkang mèlèt-mèlèt ilatipoen: dipoengoesah, mèlèt-mèlèt oetawi dipoenodja inggih mèlèt - mèlèt. Doeh! awon sanget sanépanipoen oelami ingkang remen ngingar - inger Agami!

sang lan 'oemoeripoen ingkang awis sanget reginipoen waoe, sampoen ngantos moespra boten toemandja ing tembénipoen, Awit, manawi boten katiti saha kapremanemaken jektos, èstoe gesingipoen badé kapitoenan lan 'oemoeripoen badé telas moespra tanpa tandja. Wasana, badé nemahi tjilaka sangsara ing donja lan ing tembé.

Kat r a n g a n :

MOEHASABAT LAN MOERAQABAT.

MOEHASABAT, poenika ma'nanipoen paniti oetawi pangétang. Déné moeraqabat, panelik oetawi pangawasana. Dados piwoetjal kekalih waoe, manawi kagerba dados satoenggal, kénging dipoentegesi: piwoelang kaprajitnan toewin kapremaneman. Kawoeninganana: Tijang gesang poenika, sadaja lampah oetawi solah-tingkahipoen dalah samébah-moesiking manahipoen, poenika jektosipoen tansah wonten ingkang ngawasaken saha mremanemaken i. p. Allah Pangéran Ingkang Mahawikan; lan sadaja lampah waoe, béndjing wonten ing ngarsaniPoen badé wonten prakawis sarta pepriksanipoen. Dawoehing Al - Qoerän : -

يا ايها الناس اتقوا ربكم الذي خلقكم من نفس واحدة وخلق منها زوجها
 وبث منها رجالا كثيرا ونساء. واتقوا الله الذي تساءلون به والارحام.
 ان الله كان عليكم رقيبا.

É para manoesa! sira pada wedija Pangéranira kang woes nitahaké sira kabèh saka awak sawidji, lan woes nitahaké djodoné, ija saka awak maoe, apadéné woes mentjaraké pirang - pirang wong lanang akèh lan pirang - pirang wong wadon saka sakeloron maoe. Lan sira pada soemoengkema ing Allah kang pada kokenggo garan ndjedjaloek, lan pada ndjagaa pasadoeloeran, Sanjata, Allah maoe tansah ngawasaké marang sira kabèh. (An - Nisa' : 1)

وانضع الموازين القسط ليوم القيامة فلا تظلم نفس شيئا، وان كان مثقال
 حبة من خردل اتينا بها، وكفى بنا حاسبين.

Lan Ingsoen bakal nganakaké tradjoe kang djedjeg bésoek ana ing dina qijamat, lan sawidjiné awak ora ana kang bakal disija sañtik waé; lan sanadyan 'amalé ala oetawa betjik moeng saboboté widji sawi, mesti ija bakal Daktekakaké (Soentradjoe). Lan woes tjoekoe Ingsoen pijambak Kang bakal ngétoeng (niti - priksa), (Al - Anbija' : 47).

يوم يبعثهم الله جميعا فينبئهم بما عملوا، احصاه الله ونسوه، والله على كل شيء شهيد. - ألم تر ان الله يعلم ما في السموات وما في الارض، ما يكون من محبوى ثلاثة الا هو رابعهم ولا خمسة الا هو سادسهم ولا ادنى من ذلك ولا اكثر الا هو معهم اينما كانوا ثم ينبئهم بما عملوا يوم القيامة، ان الله بكل شيء عليم.

Ana ing dinané Allah nangèkaké manoesa kabèh waé saka koeboéré, ing kono bakal medaraké marang para manoesa maoe prakara kang woes pada dilakoni. Allah tansah njañtet prakara maoe, ananging para manoesa déwé woes pada lali. Lan Allah maoe neksèni marang sakabèhé sawidji - widji. — Apa sira ora weroeh jèn Allah maoe ngawoeningani sabarang kang ana ing pirang - pirang langit lan sabarang kang ana ing boemi? Ora ana bebisiké wong teloe kang Pandjenengané ora mapati, lan ora ana lima kang Pandjenengané ora ngenemi, lan tjekaké ora ana loewih sañtik lan ora ana loewih akèh tinimbang wong maoe, kadjaba Pandjenengané mesti nartani dèwèké maoe ana ing ngendi waé anané; bandjoer bésoek dina qijamat Pandjenengané bakal medaraké apa kang woes pada dilakoni, Sanjata, Allah maoe ngawoeningani marang sakabèhé sawidji-widji. (Al-Moedjadalat: 6,7.)

يوم تاتي كل نفس تجادل عن نفسها وتوفي كل نفس ما عملت وهم لا يظلمون.

Jaikoe ana ing dinané sakabèhé awak (wong) bakal pada teka padoe kanggo ambèlani awaké déwé; lan sakabèhé awak maoe bakal ditoehoni (digenepi) pitoewasé 'amal kang woes pada dilakoni; lan dèwèké ora bakal pada sakedik dikaniaja sañtik sakedik waé. (An - Nahl : 111).

Dados sampoen tetéla saking dawoehing ajat-ajat ing nginggil poenika, bilih gesanging para manoesa sasolah-tingkah dalah samèbah-moesiking manahipoen pisan, wonten ing pasepèn cetawi praméjan, poenika tansah dipoenwoeningani toewin dipoenwaspadakaken ing Pangéran; lan sadaja lampahipoen saé oetawi awon, katjah oetawi sakedik badé katjatet sarana terang, lan béndjing dinten qijamat badé katiti-priksa sarta dipoenadili déning Pangéran. Pramila tijang gesang waoe kedah dingatos-atos ingkang prajitna lan pramana, sampoen ngantos gemloewèh lan léna; awit jèn boten makaten, gesangipoen badé ketliweng saha badé kapi-toenan ingkang sakalangkoeng ageng. Dawoehing Hadits makaten:—

اتق الله حيثما كنت واتبع السيئة الحسنة تمحها وخالق الناس بخلق حسن.

Sira wedija ing Allah ana ing ngendi waé ananira, lan noetoetana lakoe ala nganggo 'amal kabetjikan, tjikbèn keleboer lakoe ala maoe; lan nandoekana (njrawoengana) oewong sarana pakerti kang betjik.

اللكيس من دان نفسه وعمل لما بعد الموت، والعاجز من اتبع نفسه.

هواها وتمنى على الله الاماني. (رواهما الترمذي).

Kang aran pinter, ikoe wong kang gelem niti oetawa ngwasani awaké, lan gelem nglakoni 'amal kang kanggo kaboetochané sawisé mati. Déné kang aran wong apes (tjoepet nalaré), ikoe wong kang ngenotaké awaké manoeset hawanafsoené, lan doewé pangarep-arep marang Allah prakara kang ora bisa kelakon.¹

Menggah patrapipoen moehasabat (neniti awak) waoe, poenika empanipoen wonten ingkang sadèrèng oetawi sasampoenipoen nindakaken 'amal. Ingkang sadèrèngipoen nindakaken 'amal, tjaranipoen makaten: Sasampoenipoen salat soeboeh lan sawiridaniipoen pisan, ladjeng tafakoera ngeningaken manah, toemoenten

1. Inggih poenika pangadjeng-adjeng nampi gandiaran tanpa nindakaken 'amal, lan angsal pangapoentening Pangéran tanpa toubat; oetawi jèn sampoen keladjeng pedjah, ngadjeng-adjeng kawangsoelna malih dateng donja, perloenipoen badé toubat lan nindakaken 'amal kasaénan; mesti kémawon boten badé kelampahan: Pramila wawarahipoen S. 'Oemar makaten:

حاسبوا انفسكم قبل ان تحاسبوا وزنوها قبل ان توزنوا.

Pada ngétoenga (nitia) awakira sadoeroengé sira pada dititi-priksa ing Allah, lan pada nradjoea awakira sadoeroengé sira pada ditradjoe ing Allah,

pepèngeta dateng nafsoe oetawi djiwanipoen, kados ing ngandap poenika :

O djiwa ! pawitankoe iki moeng oemoer tok ; moelané saoe-pama pedot, ateges apes ora bisa arep njamboetgawé manèh, lan bandjoer ora bisa olèh hasil. Dina iki Alhamdoe lillah ! déné akoe isih ginadoehan oemoer déning Allah Pangéran Kang moerbèng gesang ; lan manawa oemoer maoe bandjoer kapoendoet, jekti akoe bakal njoewoen dibalèkna manèh menjang donja sadina waé, perloe arep nindakaké 'amal kabetiikan kang kanggo sangoené mati maoe. Ananging soemoeroepa ! kang mangkono ikoe ora arep bisa kelakon, nadyan arep disoewoen nganti dikaja apa waé Djiwa ! moepoeng rèhné akoe isih ginadoehan oemoer kang minangka dadi pawitan maoe, bandjoer kowé saiki arep doewé karep apa ; apa arep ma'sijatan soeka-soeka doeraka ing Allah, tjikbèn sawisé mati bandjoer tjilaka ? Apa arep 'ibadah ing Allah lan nindakaké lakoe oetama, soepaja sawisé mati maoe bisa begdja ? Éling djiwa ! oemoer maoe akèh banget adjiné lan larang temenan regané ; samemit waé jèn woes kliwat, ora bisa arep ditokoe oetawa diteboes nganggo banda sapira waé akèhé ; moelané atasé wong doewé boedi, loewih-loewih kang ngèsti ing Allah lan dina achir, ora patoet banget jènta arep ngetjèh - etjèh oemoer maoe tanpa tandja, moeng kanggo soeka-soeka noeroeti kekarepané hawa. O, éman banget, temenan bakal nalangsa !

Pepènget kados makaten waoe, dipoenwoengsal-wangsoelana ngantos djiwanipoen waoe saged anggadhahi kekentjengan nedja badé nindakaken 'amal kasaénan lan kaoetaman. Sasampoenipoen, ladjeng karatjika pisan pendamel kasaénan poenapa ingkang badé dipoentindakaken, lan kadospoendi tjara anggènipoen badé nandangi. ² Ratjikan waoe sampoen ngantos kaéwah - éwah, jèn bo-

2. Lan katiti-priksaa pisan kawontenanipoen pirantos ingkang badé kanggé toemandang damel waoe, inggih poenika nggaota pepitoe : mripat, talingan, lésan, tangan, padaran, pesaron, toewin, 'soekoe; déné woloenipoen, manah oetawi galboe. Sadaja nggaota waoe dipoemangertosana menggah karsaning Allah anggènipoen peparang waoe, ingkang gandèng kalia kadjiwanipoen. Tegesipoen : dipoenmanaha lan dipoenolakalika, poenapata karsaning Pangéran paring nggaota waoe gandèngipoen kalia gesanging djiwanipoen ; poenapa soepados katandoekaken kanggé ma'sijatan ingkang badé adamel boetek lan regeding djiwa, poenapa kanggé tha'at ing Pangéran, ingkang badé saged adamel wening lan bresihing djiwa waoe ? Oepaminipoen mripat, Allah paring mripat waoe kadawi soepados katandoekaken kanggé ngoepados kabetahaning gesang ing donja, oegi soepados kaempakaken kanggé njenjawang kaéndahaning 'alam dedamelanipoen Pangéran, ingkang sampoen goemelar wonten ing donja poenika ; ingkang toendonipoen soepados sageda tambah roemasoek ma'rifatipoen ing Allah Pangéran ingkang nitahaken. Oetawi kanggé nicemerepi lelampahanipoen tijang, oemat oetawi bangsa ingkang perloenipoen badé kaalap koepija ingkang saé lan oetama. Poenapadéré kanggé njoemerepi dawoeh-dawoehing Allah lan Kangdjeng Nabi lan kitab kitab piwoelang saé ingkang badé saged manfa'ati oetawi maidahi. →

ten wonten prakawis ingkang langkoeng perloe lan wigatos èstoe' Saladjengipoen, sedja saé waoe noenten katindakna saperloe sarta saleresipoen, kanji tawakkal toewin tawadjoeh ing Allah Pangéran Ingkang badé paring pitoeloeng,

Wondéné tjaraning moehasabat sasampoenipoen nindakaken 'amal, poenika makaten: Wonten ing wantji daloe wekdalipoen badé ngaso oetawi tilem, merlokna tafakoer sawatawis perloe kanggé ngétang-étang oetawi métani awakipoen, lan kanggé niti lampahipoen ing dalem sadintenipoen waoe; poenapa gesangipoen saged angsal oentoeng (kajah 'amal kasaénanipoen), poenapa kajah roeginipoen (awonipoen)? Manawi pinanggih kajah kasaénanipoen, énggal ngatoerna pamoedji sjoekoer ing Allah, sarana ngoendjoekaken pangalembana lan ndedonga: soepados kasaénan waoe dipoen-lestantoena oetawi dipoentambahana saha dipoentrimaha. Déné jèn kajah awonipoen, énggal ladjeng toubata ing Allah njoewoena sih - pangapoenteniPoen; kanji ngatoeraken kedoewoeng lan getoenipoen, nedjaa boten badé nglampahi dosa malih.³

→ Kados makaten, wonten ing toemandoecking nggaota sanès - sanèsipoen waoe. Tjekakipoen, sadaja nggaota waoe nama ni'mat peparinging Pangéran, ingkang kajah adjinipoen toer awis reginipoen; pramila inggih kedah ngatoeraken sjoekoer ing Pandjenanganipoen sarana ngetjakaken peparing waoe mitoeroet poenapa ingkang dados kaparenging karsaniPoen, lan dipoenreksaa sampoen ngantos katandoekaken dateng prakawis ingkang dados awisaniPoen. Saladjengipoen, nggaota waoe toemoenten kanggéja nandang sedja saé ingkang sampoen karatik waoe.

3. Wonten ing riki poenika, tijang gesang waoe kénging kaoepamèkaken kadosdéné lampahipoen tijang dagang, ingkang saben taoenipoen kedah ndamel pétangan roegi lan oentoengipoen, sarta kedah matitisaken poendi prakawis ingkang moeroegaken oentoeng, lan poendi ingkang moeroegaken boentoeng; perloenipoen soepados saged kanggé njaèni oetawi nambahi kemadjenganipoen wonten ing taoen sangadjengipoen.

Manawi tijang waoe poeroen ngrekaos ngétang lan niti daganganipoen, ingkang namoeng badé nanggal roegi oetawi oentoeng wonten ing gesang donja, gesang ingkang remèh lan sakedap sanget, poenapa inggih atasipoen tijang nggadahi boedi toer ngèsti ing Allah lan dinten achir, teka boten poeroen ngétang lan niti lampahing gesangipoen, ingkang mangkènipoen badé nanggal karoegijan oetawi kaoentoengan ingkang sakalangkong ageng, wonten ing gesang langgeng salami - laminipoen toer linangkong samoekawisipoen? Rak anèh sanget! jèn tijang waoe pantjen moe'min oetawi moeslim saéstoe. Moe'gi kagaliha! Déné ingkang minangka dados pawitanipoen tijang gesang wonten ing prakawis Agami, poenika lampah wadjiib oetawi fardloe; kadosta: salat 5 wekdal, zakat, sijam, hadji lan da'wah ilal - chair, amar - ma'roef nahi-moenkar spt. Ingkang dados kaoentoenganipoen, lampah kasoenatan lan kaoetaman. Lan ingkang dados karoegijanipoen nglirwakaken kwadjiiban lan nindakaken ma'sijatan. Saking poenika, awakipoen waoe ladjeng katiti - priksaa: poenapa anggènipoen nindakaken kwadjiiban, sampoen tjekap boten wonten ingkang gotang? Manawi wonten, énggal toubata ing Allah lan dipoensaoerana pisan, jèn kwadjiiban waoe pantjen ingkang kedah dipoensaoeri. Déné manawi sampoen tjekap, ladjeng mersoedia kaoentoengan i. p. nindakaken kasoenatan lan kaoetaman. Lan manawi ngantos nradjang ma'sijat énggal - énggal toubata sampoen ngantos dipoenrerendé.

Wondéné patrapipoen moeraqabat (mremanemaken awak), poenika empanipoen inggih wonten ingkang sadèrèng lan salebeting nindakaken 'amal. Ingkang sadèrèngipoen waoe, makaten: Sedyo oetawi gregeting manah badé nindakaken 'amal waoe, dipoenematna èstoe poenapa sampoen moerni krana Allah, poenapa taksih katjampoeran pikadjenganing hawanafsoe oetawi sjétan? Dipoenprajitnakna jektos.⁴ Manawi sampoen moerni moehoeng krana Allah, noenten dipoenteroesna lan dipoentindakna saleresipoen. Déné jèn taksih katjampoeran hawanafsoe oetawi sjétan, dipoensarèhna lan dipoensoetjènana langkoeng roemijin, ngantos bresih moerni moehoeng krana Allah pijambak. Dados ateges mersoedi ichlasipoen nijat.⁵

Déné moeraqabat ingkang wonten ing salebeting nindakaken 'amal, poenika lampahipoen sarana matitisaken patrap-patrapipoen nindakaken 'amal waoe kedah mitoeroet piwoelang ingkang saleresipoen. Artosipoen: kedah djangkep sjarat-roekoenipoen, langkep soenat-soenatipoen saha teroes saé nijatipoen. Dados ateges mersoedi sampoernaning toemindakipoen.

Lampah moeraqabat (kapremaneman) waoe, kedah dipoentindakaken oegi wonten ing sadajaning tingkah (solah-bawa, moena-moeni dalah samébah-moesiking manah). Awit, toemindaking ngagesang poenika, boten badé saged ontjat saking ngambah salah-satoenggaling prakawis tiga: tha'at (tindak saé), ma'sijat (lampah awon) oetawi moebah (lampah kasar, kengang-kénging, boten wonten préntah lan boten wonten tjegah). Nalika wonten ing salebeting tha'at tjaranipoen moeraqabat, ngich-

4. Artosipoen krana Allah, poenika krana tresna, sengsem oetawi ndèrèk dawoehiPoen; oetawi krana ngadjeng-adjeng gandjaran, berkah lan sihiPoen; oetawi krana adjrih, kwatos lan ndjagi siksaniPoen. Déné tegesipoen krana hawanafsoe oetawi sjétan, poenika krana pamèran, aleman, lela-misan, ngoepados djenang oetawi djeneng (ngarah banda oetawi koentjara) lan sapanoenggilanipoen. Tjekakipoen, boten krana Allah.

5. Tjaranipoen noetjèni waoe, roemaosa wirang isin ing Pangéran, teka taksih poeroen ngédan inggih poenika koemawani njingkoer ing Pandjenanganipoen pilalah moendi ing hawanafsoe lan manoet pangapoesing sjétan. Badé nindakaken 'amal kasaénan kémawon boten trimah dipoenpoedji lan dipoen-gandjar déning Pangéran, ananging malah dipoenlampahi keraja-raja namoeng ngoepados alem oetawi pawèwèhing tijang; poenika rak nama boesoek-tekloek jènta boten kemandjangan sjétan. Poenapa ngoepados alem oetawi pawèwèhing tijang waoe dipoenkinten gampil? O! boesoek kaping kalih manawi nginten makaten; awit, tijang poenika dasaripoen langkoeng remen lan langkoeng tresna dateng awakipoen pijambak, tinimbang dateng sanèsipoen. Pramila tijang waoe manawi kantjanipoen roemaos linangkoeng, boten badé mindak blaba lan remenipoen, ananging malah tambah keket lan ndjeringipoen. Saking poenika, nindakaken 'amal kasaénan waoe dipoentjekapna kémawon, namoeng dipoen-pirsani lan dipoenwoeningani ing Pangéran Ingkang badé paring poedjian toewin gandjaran, boten soesah ndadak mawi dipoenpadosaken alem oetawi pawèwèhing tijang, mindak malah boten saged angsal-angsalan.

lasaken nijatipoen, njampoernakaken toemindakipoen lan ndjagi afat (karisakan) ipoen.⁶ Lan nalika wonten ing ma'sijat, énggal-énggal toubat ing Allah, sarana ngéndeli lan ngatoeraken kedoe-woeng toewin getoenipoen, sarta nedja boten badé nglampahi ma'sijat malih. Déné nalika wonten ing prakawis moebah, kedah ndjagi tata - kramanipoen saha ngèneti dateng ingkang paring ni'mat sarta ngatoeraken sjoekoeripoen.⁷ Tjekakipoen, tijang gesang poenika, sadaja toemindakipoen boten saged badé ontjat saking dawoehing Allah Goesti Pepoendénipoen; terkadang kekéngingan dawoeh wadjib ingkang kedah dipoentindakaken, oetawi dawoeh haram (pepatjoeh) ingkang kedah dipoensingkiri, oetawi dawoeh soenat ingkang prajogi dipoenpersoedi, soepados saged nambahi katahing gandjaran lan agenging sihipoen Pangéran, lan saged oegi, lampah moebah ingkang saged badé adamel saé oetawi sarasing badan lan pikiran, ingkang saladjengipoen badé saged mitoeloengi dateng lampah tha'at oetawi kasaénan. Lan satoenggal - satoenggaling prakawis waoe, sampoen wonten wewatesipoen pijambak-pijambak, pramila kedah ingkang prajitna sampoen ngantos dipoenlandjak. Dawoehing Al - Qoerän s. At - Thalaq :—

وَتِلْكَ حُدُودُ اللَّهِ . وَمَنْ يُتَعَدَّ حُدُودَ اللَّهِ فَقَدْ ظَلَمَ نَفْسَهُ .

Lan ikoe, wewaleré Allah. Déné sapa kang wani nerak wewaleré Allah maoe, sanjata djeneng sija ing awaké déwé.

Kados makaten, katranganipoen sawatawis bab moehasabat lan moeraqabat (piwoetjal kaprajitnan toewin kapremaneman) ingkang katah sanget kasaénanipoen saha sakalangkoeng ageng gandjaranipoen; pramila inggih perloe kapersoedi saged ipoen nglampahi!

Wonten ing dawoehing ajat ingkang dados djedjering piwoelang waoe, tetijang moe'min kawantos - wantos sampoen ngantos kadosdéné tetijang ingkang doeraka sami soepé ing Allah, ladjeng nglirwakaken kwadjiban (kabetahan) ing awakipoen ingkang badé kanggé ing tembénipoen. Ingkang makaten waoe mengkoe teges; tijang poenika samangsa soepé ing Allah Bendaranipoen, badé telompé dateng kwadjiban ingkang dados kabetahaning djiwanipoen; pramila ènget ing Allah waoe, gandjaranipoen inggih ageng saha manfa'atipoen katah, sarta dados dasaripoen

6. Déné afatippen 'amal waoe, inggih poenika rija' (paméran), soem'ah (amrih koentjara) oetawi pangoendamana sasaminipoen.

7. Amargi tijang gesang waoe, wonten ing sadaja l slampahanipoen, boten badé saged sepen saking bingah oetawi sisah: pramila manawi nampi kabingahan kedah sjoekoer, jèn manggih kaisahan kedah sabar. Lan èngeta bilih sadaja lampahipoen waoe, tansah kapirsanan saha kawoeningan ing Pangéran Ingkang Mahawikan, boten saged badé slintoetan oetawi oempetan.

moehasabat lan moeraqabat waoe. Awit saking poenika, dzikir (ènget) ing Allah waoe tansah kadawoehaken soepados katin-dakaken wonten ing sadéngahing panggénan lan mangsa; perloenipoen tetijang moe'min waoe sampoen ngantos sami soepé ing Allah Goesti Pepoendènipoen; awit, badé niwasi èstoe.* Dawoehing Al - Qoerân:—

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَا تُلْهِكُمْ أَمْوَالُكُمْ وَلَا أَوْلَادُكُمْ عَنْ ذِكْرِ اللَّهِ.
وَمَنْ يَفْعَلْ ذَلِكَ فَأُولَئِكَ هُمُ الْخَاسِرُونَ.

È wong kang pada moe'min! Banda - bandanira lan anak-anakira adja nganti nglalèkaké sira, éling ing Allah. Awit, sapa kang toemindak mangkono maoe, mesti dèwèké bakal pada katiwasan. (Al - Moenafiqoen : 9).

**

Pepétan lan nenatjat awak pijambak.

Lan minangka dados boemboenipoen moehasabat lan moeraqabat waoe, piwoelang pepétan lan nenatjat awakipoen pijambak. Dawoehing Hadits makaten:—

طُوبَى لِمَنْ شَغَلَهُ عَيْبُهُ عَنْ عَيْبِ النَّاسِ . وَانْفَقَ الْفَضْلَ مِنْ مَالِهِ وَأَمْسَكَ
الْفَضْلَ مِنْ قَوْلِهِ . (رواه الديلمي عن انس) .

Begdja temenan! wong kang bisa ketoengkoel métani tjatjadé dèwé, nganti ora kober métani tjatjadé wong lijané; lan gelem ngebèraké leloewihané bandané sarta gelem njandet toerahané omongé (emoh omong jèn ora ana perloené).

Kawoeningana : Menggah ingkang dados ama oetawi oeleripoen tijang gesang ingkang mbilaèni pijambak, poenika hawa nafs o e ingkang ndelik njlempit wonten ing awak, Paribasan : satroe sadjeroning tjangklakan, oetawi mengsah sanglebeting djoebah; pramila inggih ndrawasi èstoel!

Kados ingkang sampoen kapratélakaken ing ngadjeng wonten ing bab dradjating nafs o e, bilih nafs o e ammarah (djiwa ingkang awatak kéwan lan sjétan), poenika wawatakanipoen awon sanget, remen dateng kanisñan lan kadjemberan sarta tebih dateng kaoetaman lan kasoetjian; lan inggih dajaning nafs o e ammarah waoe

* Kados ingkang sampoen kapratélakaker: wonten ing piwoelang 6, bab dzikir ing Allah, Prajogi kawaosa malih, soepados saged tambah faham.

ingkang kawastanan hawanafsoe. Pramila, inggih kedah dipoen-
adjar ingkang jektosan; awit manawi boten, èstoe badé njilakani
temenan. Déné jèn saged pikantoeik pengadjaran ingkang saé,
badé saged dados nafsoe moethmainnah (djiwa ingkang asifat
malaikat); wontenipoen namoeng badé mbekta berkah lan rahmat.*
Menggah tjaranipoen ngadjar, rèhning nafsoe ammarah waoe
watakipoen goengan lan aleman, kedah-kedah namoeng badé me-
nangipoen pijambak, nganggep jèn awakipoen waoe langkoeng saé,
langkoeng pinter, langkoeng sapitoeroetipoen; pramila tjara
anggènipoen ngadjar waoe, sawerèh kedah dipoendoenoengaken
awonipoen, tjatjadipoen, bodonipoen oetawi kekiranganipoen;
lan dipoendjelir-djelirna ngantos nafsoe waoe saged demoenoeng
èstoe lan kedoewoeng. Oepaminipoen kados ing ngandap poenika:

É nafsoe ammarah djiwa kang ala! endi kabetjikanmoe ikoe;
apa anggonmoe anggak ladak angedak - edakaké koewi, bandjoer
kowé roemangsa garang gagah lan menangan? Apa anggonmoe
ngoetoeh mbloeboed, bandjoer kowé nganggep andap - asor lan
ngalahan? Apa anggonmoe bar-ber mboewangi banda ora tandja
moeng kanggo soeka - soeka, bandjoer kowé roemangsa belaba
lan loma? Apa anggonmoe mbedidil tjetil ngéman wetoéné banda
maoe, jèn kanggo kaperloeané Agama oetawa tetoeloeng, bandjoer
kowé doewé anggep wong sing gemi ngati - ati doewé étoeng?
Apa anggonmoe groebjag - groebjoeg ngalor - ngidoel ngremboeg
kasenengan karaméjan oetawa kasoekan spn., bandjoer kowé roe-
mangsa oetama, marga doewé anggep wis toemandang ana ing
kamaslahatan oemoem (kabetjikan warata)? Apa anggonmoe kesèd
ngeteiker ndelik ana ing ngomah ora gelem metoe ngremboeg
prakarané Agama, oemat, oetawa kantja kang lagi pada nandang
sangsa, bandjoer kowé roemangsa wis betjik, djalaran doewé
anggep bisa moegen ana ing ngomah njepi kaja wong soefi?
O, djiwa kang nista! mbok djadjal ngilowa kang temenan ana
ing katja benggala (kitab Al - Qoerān), apa ija wis ngono koewi
sing djeneng wong betjik lan oetama, loewih-loewih kanggoné
wong Agama; andak ikoe doedoe lakoéné sjétan? O, dingati-
ati djiwa kang lamoer, adja nganti keblaboer!
Lan manèh, kowé ngakoe wong 'alim lan pinter, généja jèn didja-
loeki woelang an Agama, moeng moebeng-minger énda nglimbataké
lija, doepèh ing kono ora olèh apa-apa. Apa ija wis ngono koewi
patrapé wong 'alim oetawa pinter kang dadi waris (sesoelihé) para
andika Nabi, jèn ora olèh apa-apa maoe ora gelem nandangi? Kok
majar! Apa anggonmoe roemangsa pinter ikoe, moeng kagawa
nèk omong bisa kemroesoek kaja oedan soewèni ora kena diselani,
nganti lijané moeng meneng ngroengokaké waé, bandjoer kowé

* Kados ingkang sampoen kapratélakaken wonten ing bab dradjating
nafsoe waoe; prajogi kawaosa malih, soepados saged nambahi faham.

doewé anggep pinter déwé? Oetawa moeng sabab nèk reremboegan, bisa peṭentengan toer tjoeketan atèn, nganti kantjané moeng trima meneng ora gedoega arep mèloe tjatoeran, bandjoer kowé roemangsa wasis déwé? Oetawa moeng marga nèk padoedon, bisa mrèngkèl ngèjèl tjeṭa wis genah salahé, meksa emoh dibeneraké, nganti sisihané trima ngalah soeṭik nandoeki, bandjoer kowé nganggep menang pinter? Apa pantjèn djalaran anggonmoe pinter ngingaringer dawoehing Agama, nganti keblinger kaja kowé koewi? O, djiwa kang koemaki! memelas temenan kowé iki. Rèhning kowé doewé anggep 'alim oetawa pinter, mara saiki djadjal daktakon wangsoelana kang titi; Kowé atasé wong ahli 'ilmoe toer ngéstokaké ing Allah lan dina achir, généja kokkendel temenan, koemawani nglirwakaké kwadjiban dawoehing Pangéran, lan goemampang nglakoni dosa nradjang barang haram? Apa kowé doewé kira, Allah ora pirsá lan ora ngawoeningani sarta ora njaṭeti pokalmoe ikoe? Jèn doewé kira mangkono, nèh ija kowé malah dadi kafir. Manawa ora, apa anggonmoe wantèn maoe kowé woes nedya wani nadahi bebendoe siksané Pangéran? Kirakoe kowé ora bakal koewat arep nadahi. Mara djadjalen, saiki tanganmoe panggangan ana ing anglo kang mangah; mangah geniné, pirang menit koewaté? Ing mangka jèn katanding karo panasé geni naraka kang bakal kanggo ngobong wong doeraka, doedoe empoet-empoeté banget, isih tikel maéwoe-éwoe grad panas geni naraka maoe; toer pangobongé ora moeng dipanggang oetawa dinjoenjoekaké waé, ananging dikroekoebaké-saka ngisor-doewoer lan kiwa-tengen. Doeh djiwa kang nalangsa! mesakaké timen kowé koewi; apa nggonmoe wani nékad doewé pokal mangkono maoe, marga kowé doewé pangarep-arep kadjembaran sarta kamoerahané Allah, aparing gandjaran tanpa nindakaké 'amal, lan paring pangapoera tanpa toubat? Généja jèn ana ing prakara kadonjan, kowé kok ora trima moeng ngarep-arep saka kamoerahan oetawa kalomané Allah maoe; mbokmanawa Pandjenengané karsa paring kasoegihan tanpa lelantaran njamboetgawé, oetawa ngoetoes djin nggawa emas pirang-pirang datjin bandjoer diwènèhaké marang kowé? Ananging jèn ana ing bab kadonjan maoe, kowé wani ngrekasa kokréwangi bentajangan rina-wengi moeng ngremboeg prakara donja, nganti lali menjang kwadjiban dawoehing Agama. Apa pangiramoe Allah maoe Mahamoerah Mahaloma ana ing prakara achirat, ananging jèn ana ing prakara donja, ora? O, djiwa kang ketliweng! kowé rak woes soemoeroep jèn Kang kagoengan donja lan achirat maoe, moeng sidji (toenggäl) jaikoe Allah Kang Mahamoerah Maha'adil, woes paring pitoedoe menjang dedalané donja lan achirat; lan kowé woes weroeh soennah (anggeré) Allah maoe ora arep béda-béda lan ora solan-salin; apa kowé woes lali dawoehé Al-Qoerän s. Al Lail: -

ان علينا للهدى . وان لنا للاخرة والاولى . فانذرتكم نارا تلظى . لا يصليها
الا الاشقي . الذي كذب وتولى . وسيدجنبها الاتقي . الذي يؤتي ماله يتزكى .

Sanjata, nerangaké pitoedoeb ikoe woes dadi tetanggoenganing Soen. Lan donja - achirat ikoe pantjèn kagoenganing Soen. Moela Ingsoen mepélingi sira kabèh, dingati - ati ing naraka kang ngalad - ulad geniné. Bakal njemploeng ing kono, wong kang tjilaka. Jaikoe wong kang maido lan mléngos (wong doeraka). Lan bakal didobaké saka ing kono, wong kang gelem roemeksa. Jaikoe wong kang gelem ndanakaké bandané perloe kanggo noetjèni djiwané.

Rak dadi woes tetéla djiwa! kabegdjan achirat maoe, bisané katjekel ija koedoe dioepaja nganggo metoe dedalan kang sames-tiné; tegesé: kanji nindakaké 'amal kang mitoeroet dawoeh lan pitoedoehé Allah; ora tjoekoe moeng sarana pangarep - arep kalomané tok; awit, ija woedjoedé pitoedoeb ikoe, kang diarani kamoerahané maoe. Dadi, manawa ora gelem nindakaké dawoeh lan ndèrèk pitoedoehé, ateges emoh marang sih - kamoerahané lan kalomané; mesti waé ija ora bakal éntoek-éntoekan, kajadéné anané wong sing soengkan ngalap kamoerahané Allah kang woes goemelar ana ing donja iki, ija ora bakal olèh - olèhan. Djiwa! kowé rak doeroeng lalita dawoehé Al - Qoerān s. An - Nadjm:—

ان يتبعون الا الظن وما تهوى الانفس . ولقد جاءهم من ربهم الهدى .
ام للانسان ما تمنى . فله الاخرة والاولى . وان ليس للانسان الا ما سعى .
وان سعيه سوف يرى . ثم يجزاه الجزاء الاوفى .

Wong maoe moeng pada manoet pangira - irané waé lan barang kang ditjondongi hawanafsoené; ing mangka dèwèké woes pada katekanan pitoedoeb saka Pangérané. Apa kiranè manoesa bisa nampa gandjarané prakara kang moeng diangen-angen tok? Sanjata, Allah Kang kagoengan donja lan achirat. Lan sajekti, manoesa maoe ora bakal olèh gandjaran, kadjaba gandjarané 'amal kang woes dilakoni. Lan lakoéné maoe bakal diweroehi. Bandjoer bakal diparingi piwales gandjaran kang toerah - toerah.

Dadi saja tjeta wéla-wéla: pangarep-arep oetawa pangangen-angen kang tanpa dibarengi karo lakoe, ikoe babarpisan ora ana pakolèhé titik - titik. Awit saka ikoe djiwa! pokalmoe kang ora patoet maoe énggal marénana adja kokteroes - teroesaké, lan bandjoer nandjakna 'oemoermoe kang mèh entèk koewi, ana ing

mangsa kang sadéla iki, kanggo ngarah kaslametan lan kaboengahan ana ing oerip kang langgeng salawas-lawasé; lan ana ing donja ké- né kowé ndedera iman lan nandoera 'amal kabetjikan, kang bakal kokoendoeh gandjarané bésoek ana ing achirat. O, djiwa kang apes tjoepet nalaré! soemoeroepa: Agama ikoe ora ana idjolé, iman ora ana lelironé lan badan ora ana sesoelihé; dadi manawa kowé nganti kélangan Agama kontjatan iman, awakmoe bakal tjilaka temenan, sangsara salawas-lawasé toer ora ana kang dadi sesoelihé. Doeh djiwa! saéba bakal nelangsa lan getoenmoe! moelané Agama lan imanmoe maoe djaganen kang temenan adja nganti kelénan.

Wis tjoekoep saméné waé, pitakon lan pitoetoerkoe marang kowé djiwa! tampanana lan éstokna temenan soepaja oeripmoe bisa begdja lan oetama, lan ora soesah ndadak nganggo dipepélingi wong lija; mengko kowé moendak sangsaja ndadra lan ndloeja. Déné jèn kowé isih boetoe dipitoetoeri wong lija, ija prajoga; moeng waé diprajitna adja nganti kléroé olèh goeroe sing éla- èloe, jèn disoewoeni nasihat nganggo ndelok ing semoe, ambek 'oelama montjèr soemoeroep ombjaking djaman lan kahanan; manawa kang njoewoen pitoetoer maoe sadjak wong demen mangan énak, bandjoer dipitoetoeri apiké lan faidahé bisa mangan akèh lan énak; déné jèn sadjak wong wira'i ora pati mangani, bandjoer dinasihati alané lan bilainé dojan mangan akèh lan énak maoe. Kaja mangkono sapitoeroeté ana ing prakara lija-lijané, nganti bisa agawé lega lan maremé kang dinasihati, amarga bisa paring pitoetoer kang tjotjok karo hawanafsoené. (Ija kaja kowé nèk sok didjaloe ki nasihat kaè djiwa! perloemoe moeng tjikbèn diarani wong sing djembar 'ilmoenè longgar panemoenè, bandjoer djenengmoe bisa misoewoer kaloka ing ngendi-endi negara; ora nganggo kokpikir bener-loepoeté, moeng patok bisa agawé lega lan kowé bandjoer koentjara). Pitoetoer kaja mangkono ikoe, énak rasané lan pénak anggoné, ananging jèn ora kabeneran gedé banget bilainé lan akèh bebajané. Moelané djiwa! kowé koedoe diprajitna lan ngati-ati, adja nganti léna lan koemaki; betjik énggal soedjoeda madep ing Allah Goesti Kang Mahasoetji, lan matoera: Doeh Allah Goesti Pepoendèn koela! Bendera ingkang Mahangapoera Mahamirah Mahaloma! moegi Toewan ngapoentena dosa koela, ngesihana awak koela, lan nedahna koela ing margi ingkang leres, margining para kekasih Toewan ingkang sampoen Toewan paringi ni'mat, sanès marginipoen tijang ingkang sami doeraka lan tijang ingkang sami sasar. *A m i e n !*

Kados makaten, arah-arahipoen tjara métani awak lan mitoe- toeri nafsoe, ingkang perloenipoen soepados saben mindak 'oemoe- ripoen, saged tambah kasoetjian lan kasaénanipoen, sampoen ngan- tos saja sepoeh, malah sangsaja ngoetoe. Pepétan lan pepènget waoe dipoenwoengsal-wangsoelana; awit Pangéran dawoeh:—

وَذَكِّرْ فَإِنَّ الذِّكْرَ يُنْفَعُ الْمُؤْمِنِينَ .

Lan pepélinga teroes; awit pepéling maoe bakal migoenani para wong moe'min.

Samanten, djèrènganipoen piwoelang 14. Manawi katjekak makaten : Gesangipoen tetijang moe'min poenika, soepados njata saged begdja moelja ing donja lan ing tembénipoen, kedah ingkang prajitna lan pramana, saben-saben kedah dipoentiti lan dipoenpremanemaken lampahing gesangipoen, dipoenétanga roegi lan oentoengipoen oetawi dipoentimbanga awon lan saénipoen, saha kedah dipoenpétani t j a t j a d i n g nafsoenipoen lan a w o n i n g lampahipoen, soepados saben saja mindak 'oemoeripoen, sangsaja tambah saé lan oetaminipoen; ngantos achiripoen saged minggah dateng dradjating para a b r a r lan m o e q a r r a b i e n (para oetama lan ingkang sami katjelak ing ngarsaning Allah Goesti Pepoendènipoen).

Doeh! saéba badé ni'mat lan senengipoen.

Walláboe A'lam!

PIWOELANG 15.

Dawoehing Al-Goerän s. Al-Hidjr : 49, 50 : -

يَا عِبَادِي أَنِّي أَنَا الْغَفُورُ الرَّحِيمُ . - وَأَنْ عَذَابِي هُوَ الْعَذَابُ الْأَلِيمُ .

Moehammad! medarna marang para kawoelaningSoen, jèn Ingsoen ikoe Bendera Kang Mahangapoera Mahaasih.— Lan sanjata siksaningSoen ikoe, siksa kang nglarani banget.

*
**

DAWOEHING ajat ing nginggil poenika, mengkoe piwoetjal ingkang wigatos èstoe, inggih poenika wawarah radja' (pangadang - adang) lan chouf (kekwatanan).

Kat r a n g a n :

RADJA' LAN CHOUF.

RADJA', poenika ma'nanipoen panjadang oetawi pangadjeng - adjeng. Chouf, kekwatanan oetawi kaadjrihan. Dados tegesipoen radja' lan chouf waoe: gadah pangadjeng - adjeng lan kekwatanan. Kekalihipoen waoe kalebet sesifatan oetawi raosing manah; ingkang saking' raos waoe badé toewoeh pendamel oetawi pakerti. Oepaminipoen : tijang ingkang

badé njamboetdamel dagang, manawi gadah pangadjeng-adjeng badé kaṭah oentoengipoen, sampoen tamtoe inggih ladjeng sengkloed anggènipoen toemandang. Kosok-wangsoelipoen, jèn tansah kwatos namoeng badé roegi tok, sampoen mesti inggih ladjeng nglem-prek lemes boten gadah tandang. Ananging tijang waoe manawi wontenipoen namoeng kagengen pangadjeng-adjeng, boten nggadahi kekwatan, poenika asring sanget ladjeng gemloewèh boten gadah wewéka; sampoen tamtoe kémawon, inggih badé nemahi sangsara. Pramila, tijang waoe kedahipoen nganggé kekalihipoen pisan, i. p. ingkang ageng pangadjeng-adjengipoen lan kaṭah kekwatanipoen. Dados nama tijang ingkang sregep ing damel toer soerti ngati-ati. Inggih makaten poenika, ingkang dipoenpadosi.

Kados makaten oegi wonten ing lampahing Agami, boten wonten bènèhipoen; inggih poenika tijang waoe kedah ingkang ageng radjaipoen dateng sih-pangapoentening Pangéran, saha ingkang kaṭah choufipoen dateng bebendoe-siksani-Poen; kados ingkang kadawoehaken ing ayat ngadjeng waoe lan ayat sanès-sanèsipoen. Dawoehing Al-Qoerān makaten:—

الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ . . . الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ . . . مَالِكِ يَوْمِ الدِّينِ .

Kabèh poedji kagoengané Allah Pagérané 'alam kabèh.—
Kang Mahamoerah Mahaasih.— Toer Kang kagoengan dina wewales.
(Al - Fatihah : 2 - 4).

إِنَّ رَبَّكَ لَسَرِيعُ الْعِقَابِ، وَإِنَّهُ لَغَفُورٌ رَحِيمٌ .

Sanjata, Pangéranira ikoe pantjèn gantjang banget paniksané.— Lan Pandjenengané maoe oega Kang Mahangapoera Mahaasih.
(Al - A'raf : 167).

فَمَا مِنْ ثَقُلَتْ مَوَازِينَهُ . . . فَهُوَ فِي عِيشَةٍ رَاضِيَةٍ . . . وَأَمَّا مَنْ خَفَّتْ مَوَازِينَهُ . . .
فَأَمَّهُ هَٰوِيَةً .

Ing kono sapa kang abot tetradjonané amalé kabetjikan,— me bakal ana ing kaoeripan kang njenengaké.— Déné sapa kang èntèng tetradjonané,— bakal embokné (panggonané), narak: hawijah (djoerang geni kang ngalad-alad oeroebé),
(Al - Qari'ah : 6 - 9).

Dawoehing ayat-ayat ing nginggil poenika, mengkoe teges piwoetjal radja' lan chouf; tegesipoen: ndawoehaken Allah poenika Ingkang Mahangapoera Mahamirah Mahaasih, lan Ingkang kagoengan

dinten wewales; dinten ingkang badé kanggé njatakaken peparingi-
 Poen sih-pangapoenten dateng tetijang ingkang poeroen toubat
 lan ndèrèk dawoehiPoen, saha kanggé njatakaken doemawahing
 bebendoe siksaniPoen dateng tijang ingkang sami mbaléla, koe-
 mawani nglirwakaken kwadjiban dawoehiPoen lan nerak wewaler
 pepatjoehiPoen. Dados dawoehing ajat-ajat waoe mengkoe soe-
 raos: sintena tijang ingkang poeroen toubat ing Allah sarta nin-
 dakaken 'amal kasaénan, badé dipoenparingi sih-pangapoenten
 saha gandjaran ingkang sakalangkoeng ageng, nadyan sapinten
 kémawon kaçahing dosanipoen, saoegeer pantjèn temen-temen. Ko-
 sok-wangsoelipoen, tijang ingkang doeraka, manawi boten poeroen
 toubat ing Allah kançi jektosan, inggih boten badé sinapoera
 dosanipoen, lan badé kadawahan bebendoe siksaniPoen. Da-
 woehing Al-Qoerân makaten: -

انَّ الْاَبْرَارَ لَنِي نَعِيمٍ . - وَاِنَّ الْفَجَارَ لَنِي جَحِيمٍ . - يَصَلُوْنَهَا يَوْمَ الدِّينِ . -
 وَمَا هُمْ عَنْهَا بِغَائِبِينَ .

Sanjata, para wong a br ar bakal pada manggon ana ing
 papan kani'matan. - Déné para wong doeraka bakal ana ing
 naraka djahiem. - Bakal pada njemploeng ing kono, bésoek ing
 dina wewales. - Lan dèwèké ora bakal pada bisa soemingkir
 saka ing kono maoe. (Al-Infithar: 13 - 16).

Awit saking poenika, tijang waoe manawi badé nindakaken
 tha'at ('amal kasaénan), kedah ingkang ageng pangadjeng-adjeng-
 ipoen badé pikantoe kanoegrahan sihing Pangéran. Déné jèn
 goemreget badé nglampahi ma'sijat (pendamel awon), kedah ing-
 kang kaçah adjrihipoen ing Pangéran, lan ingkang ageng kwatos-
 ipoen ing bebendoe dedoekaniPoen. Kados makaten, tjak-tjakan-
 ipoen radja' lan chouf waoe; poma dipoma sampoen ngantos
 kawalik, mangké mindak kebalik. ¹

1. Inggih radja' lan chouf waoe, ingkang minangka dados soewiwinipoen para
 a br ar oetawi moeqarrabien anggènipoen badé miber minggah sowan
 katjelak wonten ing ngarsaning Allah Goesti Pepoendènipoen Inggang Maha
 loehoer Mahaagoeng. Awit, boten wonten ingkang badé nenoentoen tjelak
 ing Allah Goesti Inggang Mahaagoeng, kadjawi agenging pangadjeng-adjeng
 ing sih-kamirahaniPoen; lan boten wonten ingkang saged nanggoelangi bentè-
 ring naraka djahiem, kadjawi katah adjrihipoen ing Allah, lan ageng kwatosi-
 ipoen ing bebendoe dedoekaniPoen. Pramila, panganggènipoen lar kekalih wa-
 oe, kiwa lan tengenipoen sampoen ngantos klèntoe. Tegesipoen: manawi koe-
 mrenteg badé nglampahi ma'sijat oetawi nglirwakaken kwadjiban dawoehing
 Pangéran, sampoen pisan-pisan ladjeng ngetjakaken radja' (pangadjeng-adjeng)
 dateng agenging sih-pangapoenteniPoen, awit siksaniPoen pantjèn awrat. Lan
 manawi badé toubat oetawi tha'at, sampoen ngantos mawi kwatos jèn boten →

Menggah artosipoen nggadahi r a d j a' (pangadjeng-adjeng), poenika makaten: Kados ingkang sampoen kapratélakaken ing ngadjeng, bilih gesang ing donja poenika, sanépanipoen kadosdéné tijang tetanem wonten ing sabin, ingkang oewohipoen badé ka-oendoeh béndjing wonten achirat. Samangké kawoeningana: tijang tetanem waoe sagedipoen ngadjeng-adjeng badé ngoendoeh oewohipoen, manawi sampoen poeroen toemandang-damel ingkang saleresipoen; tegesipoen: sampoen poeroen ngolah sitinipoen ingkang saprajoginipoen, lan tetoewoehanipoen ladjeng dipoenpepetri samestinipoen, dipoensirami lan dipoendjagi saking ama-amanipoen lan spt. Manawi sampoen makaten, ing rikoe sawek kénging kawastanan tijang ingkang njenjadang sih-kamirahaning Pangéran Ingkang badé paring woh - wohan.

Makaten oegi toemrapipoen tijang ingkang badé ngadjeng-adjeng sih - kalomaning Pangéran, gandjaran wonten ing achirat, inggih kedah poeroen toemandang-damel ndeder widji iman wonten ing manah, ladjeng dipoenpepetri sarana dipoensirami lampah 'ibadah ingkang moerni soetji krana Allah, lan dipoendjagi saking ama - amanipoen: moesjrik, rija' l.s.s., soepados saged noekoelaken tetoewoehan 'amal kasénan ingkang badé ngoewohaken gandjaran ingkang sakalangkoeng ni'mat; ladjat raosipoen, sedeparoem gandanipoen, sakétja anggénipoen, toer resep sasawanganipoen. Doehl saéba badé senengipoen. Déné jèn boten poeroen toemandang-damel waoe, poenika sanès nama pangadjeng - adjeng, ananging namoeng ngalamoen ingkang toewoeh saking boedi koemproeng, sampoen pisan-pisan njenjadang sih-pangapoenten oetawi kamirahaning Pangéran; awit boten badé saged kaleksanan, kados ingkang sampoen kadawoehaken wonten Hadits: „Déné kang aran wong apes (tjoepet nalarè)“,

→ badé katrimah wonten ing ngarsaning Allah; sampoen tamtoe badé dipoen-trimah toubat lan 'amalipoen waoe, saoegeer pantjèn temen-temen lan ichlas saèstoe; awit, Pandjenenganipoen, waoe Bandara Ingkang Mahangapoera Mahaasih. Dawoehing Al - Qoeràn makaten:—

قل يا عبادي الذين اسرفوا على انفسهم لا تقنطوا من رحمة الله ، ان الله
 يغفر الذنوب جميعا، انه هو الغفور الرحيم . وانيبوا الى ربكم واسلموا له
 من قبل ان يأتيكم العذاب ثم لا تنصرون .

Dawoeha: É para kawoelakoe kang pada agawé doerakané awaké! adja pada pedot pangarep-arepmoe marang sibé Allah; sanjata Allah maoe ngapoera sakèhé dosa kabèh waé. Awit, Pandjenengané maoe Goesti Kang Mahangapoera Mahaasih. — Lan pada dedèpéja toubat marang Pangéranira maoe, lan pada islama (soemaraba) ing Pandjenengane, moepoeng sira doeroeng pada ketaman siksané. — mengko jèn woes ketaman, moendak sira ora pada dipitoeloengi.

saladjengipoen, lan dawoehing Al-Qoerân s. An-Nadjm ingkang sampoen; prajogi kawaosa malih, lan dawoehing ajat poenika :—

ومن يرتدد منكم عن دينه فيمت وهو كافر فأولئك حبطت أعمالهم في الدنيا
والآخرة، وأولئك أصحاب النار هم فيها خالدون. — إن الذين آمنوا والذين
هاجروا وجاهدوا في سبيل الله أولئك يرجون رحمت الله، والله غفور رحيم.

Lan sira kabèh sapa kang moertad (mbalik) saka Agamané Islâm, doemadakan bandjoer mati lan dèwèké kafir, jekti dèwèké maœ bakal leboer 'amal-'amalé kabetjikan, ana ing donja lan achirat. Lan dèwèké maœ bakal dadi wong kang pada manggon ing naraka; ana ing kono dèwèké bakal pada langgeng.— Déné wong kang pada tetep moe'min lan pada gelem hidjrah lan pada gelem nglaboehi Agamané Allah, dèwèké pada bisa ngarep-arep sihé Allah. Awit Allah maœ Mahangapoera Mahaasih. (Al-Baqarah : 217. 218).

Dados sampoen tetéla: ingkang nama radja' poenika pangadjeng-adjeng ingkang dipoenkantèni ichtijar oetawi tandang ingkang samestinipoen; déné jèn boten, nama namoeng ngalamoen boten wonten artosipoen.

Wondéné tegesipoen chouf (adjrih, kwatos) poenika terangipoen makaten: Chouf poenika raosing manah, raos geter, deg-degan, mar oetawi melang-melang amargi mangertos badé kadatengan prakawis ingkang njisahaken oetawi ngadjrih-adjrihi. Dados, tijang ingkang, adjrih ing Allah, poenika terkadang sabab saking ma'rifat (demoenoeng) ipoen ing Allah lan sifat-sifatipoen (kahagoengan, kaloehoeran, kaoenggoelan, kasampoernan saha Maha kwanipoen spt.) ingkang ngébat-ébataken sanget, boten wonten ingkang saged badé njamèni oetawi badé ngalang-alangi poenapa ingkang dados karsaniPoen; lan saged oegi margi saking ngroemaosi kaçahing dosanipoen, djalaran roemaos asring nglirwakaken kwadjiban dawoehiPoen oetawi nerak wewaler awisanipoen; oetawi saged oegi kabekta saking kekalhipoen pisan, ladjeng gadah kwatos jèn ngantos ketaman bebendoe dedoekaniPoen, Pramila goemantoeng kaliaan agenging ma'rifat ing kahagoenganing Allah lan anggènipoen njoemerepi tjatjading awakipoen, tijang badé sangsaja ageng adjrihipoen ing Allah waoe: kados ingkang sampoen kadawoehaken wonten ing Al-Qoerân: „Sanjata, para kawoelanè

Allah kang bisa wedi ing Allah, ikoe moeng para 'oelamanè.'²

Saladjengipoen, saben ma'rifat waoe saja tambah-tambah agengipoen. tijnag waoe inggih badé sangsaja mindak ka'ah adjrihipoen ing Allah; ngantos tabeting adjrih waoe saged katjihna wonten ing nggaota, tenaga lan boedi. Inkgang wonten ing nggaota, kadosta anggènipoen dipoentjegah kanggé ma'sijat lan dipoenperdi kanggé tha'at; ingkgang wonten ing tenaga, anggènipoen djatmika, aloes solah-bawa lan moena-moeninipoen, asring-asring ndekoekoel kalia mbrebes-mili amargi roemaos wirang ing Pangéran, djalaran ngroemaosi awoning awakipoen; déné ingkgang wonten ing boedi, inggih poenika anggènipoen saged njandet sjahwat lan ghadhahipoen saking prakawis ingkgang kirang prajogi. Ngantos kasoekan ingkgang dipoensenengi lan ma'sijat ingkgang dipoenremeni, toemrap pijambakipoen dados prakawis ingkgang dipoengetingi, amargi saged soemerep bebajanipoen toemrap kadjiwanipoen; kadosdéné wontenipoen tjang ingkgang geting boten remen dateng tjandoe, djalaran soemerep ing rikoe wonten ratjoen oetawi wisanipoen, ngantos sjahwatipoen peper boten dojan barang waoe.³

Samanten, djelènrèhipoen piwoelang 15. Jén katjekak makaten **Tetijang moe'min ingkgang soemedya nggajoeh dradjat abrar oetawi moeqarrabien, gesangipoen kedah tjetjepengan radja' lan chouf ingkgang kentjeng lan mapan, sampoen ngantos mroetjoet lan kwolak-walik; awit, badé mbilaèni temenan.**

Walláhoé A'lam.

2. Déné manawi wonten 'oelami oetawi kjai ingkgang koemawani ing Allah, poeroen nglampahi ma'sijat lan nggegampil dawoehing Agami, poenika sadjatosipoen sanès 'oelami oetawi kjai, ananging namoeng tjang ingkgang kasandangan 'ilmi déning sjétan, perloe badé kanggé pirantos nasar-nasaraken tjang. Pramila para 'oelami kedah ingkgang ngatos-atos, sampoen ngantos kèloe dateng pangadjaking hawanafsoe lan kénjoet dateng pangapoesing sjétan. Lan tetijang islam kedah diprajitna, sampoen ngantos kepéloet lan kepéntjoet dateng 'oelama ingkgang namoeng misoewoer oetawi koentjara asmanipoen kèmanon; balik kedah dipoentitia sapinten adjrihipoen ing Pangéran, nadyan 'oelama djoeroe ngarang pisan.

3. Déné kaoetamanipoen adjrih ing Allah, sampoen kapratèlakaken wonten ing piwoelang 2, bab taqwa. Ing riki prajogi katambah dawoehing Pangéran:

رضي الله عنهم ورضوا عنه ، ذلك لمن خشي ربه .

Allah rena marang para wong moe'min maoe, lan para wong moe'min ija pada lega nampa gandjarané Allah maoe. Gandjaran maoe bakal kadarbè wong kang wedi ing Pangérané.

PIWOELANG 16.

pepetikan ajat-ajat dawoehing Al-Goerän lan Hadits, ingkang mratélakaken piwoetjal bab pendamel toewin pakerti saé lan tatakrami sawatawis.

ROEMEKSA ING AHLI.

Dawoehing Al-Goerän:—

É wong kang pada ngéstokaké ! Sira pada roemeksaa awakira lan ahlinira (anak-bodjonira) ing narakka kang oeroeb-oeroebé para manoesa lan watoe, kang djinaga déning para malaikat kang boeteng-boeteng toer kereng-kereng, ora pada gelem mbangkang ing Allah ana ing prakara kang woes dipréntahaké, balik moeng pada nindakaké apa kang dipréntahaké maoe.

Lan sira mréntahna salat marang ahlinira (anak-bodjonira), lan sabara netepi salat maoe.

Piwoelangé Ki Loeqman marang anaké : É nggèr anakkoe ! sira ngedegna salat, lan mréntahna pangawé betjik lan nglarangana lakoe ala, lan sabara (tahana) nampa kabilaèn kang bakal ngenani ing sira. Sanjata, kang mangkono ikoe kaleboe wigatiné prakara.— Lan sira adja nginger rahinira krana ngrèmèhaké marang oewong, lan adja mlakoe ana ing boemi, gembè'èngan. Sanjata Allah ora remen karo sakabèhé wong kang goemedé toer koemaloengkoeng.— Lan matoeta (kang sedengan) ana ing loemakoenira maoe lan nglembahna swaranira; awit ala-alané swara, ikoe swarané himar.

يا ايها الذين امنوا قوا انفسكم واهليكم

نارا وقودها الناس والحجارة عليها ملائكة

غلاظ شداد لا يعصون الله ما امرهم

ويفعلون ما يؤمرون. «التحرير: ٦»

وامر اهلك بالصلاة واصطبر عليها.

«طه: ١٣٢»

يا بني اقم الصلاة وامر بالمعروف وانه

عن المنكر واصبر على ما اصابك، ان

ذلك من عزم الامور. ولا تصعر

خدك للناس ولا تمش في الارض مرحا.

ان الله لا يحب كل مختال فخور.

واقصد في مشيك واغضض من صوتك.

ان انكر الاصوات اصوت الحمار.

«لقمان: ١٧-١٩»

Dawoehing Hadits: -

Pada mréntahna salat marang anak-anakira, manawa woes pada 'oemoer pitoeng taoen; lan pada gitiken manawa wani nglirwakaké salat maoe, jèn woes 'oemoer sepoeloeh taoen, lan pada silah-silahen ing dalem patoeroné.

Sira kabèh ikoe pamong, lan bakal pada nanggoeng djawab ana ing prakara momongané. Pangarep ikoe dadi pamong, lan bakal didangoe prakara momongané. Lan wong lanang ikoe dadi pamongé anak-bodjoné, lan bakal didangoe prakara momongané maoe. Lan wong wadon ikoe dadi pamongé omahé bodjoné, lan ija bakal didangoe prakara momongané. Lan batoer ikoe dadi pamongé bandané (barang-barangé) loerahé, lan bakal didangoe oega prakara pandjagané. Tjekaké, sira kabèh ikoe dadi djoeroe pamong, lan bakal pada didangoe prakara momongané maoe.

مروا اولادكم بالصلوة وهم ابناء سبع سنين
واضربوهم عليها وهم ابناء عشر وفرقوا
بينهم في المضاجع. «رواه ابو داود»

كلكم راع وكلكم مسئول عن رعيته.
الامام راع ومسئول عن رعيته. والرجل
راع في اهله ومسئول عن رعيته. والمرأة
راعية في بيت زوجها ومسئولة عن
رعيته. والخدام راع في مال سيده
ومسئول عن رعيته. فكلكم راع ومسئول
عن رعيته. «متفق عليه»

Dawoehing ayat-ayat Al-Qoerān lan Hadits ing nginggil poenika, mengkoe dawoeh soepados tetijang sepoeh poenika sami moelang-moeroek dateng anak, sémah lan tijang ingkang dados wewengkonipoen, bab prakawis Agami, pakerti saé lan takrami. Déné jèn tijang sepoeh waoe boten saged, amargi katoengkoel nandangi padamelan sanèsipoen, oetawi pantjèn boten saged memoelang-moeroek, wadjib kedah njinaokaken dateng tijang sanèsipoen. Manawi tetanggalan waoe ngantos kalirwakaken, dosanipoen badé ageng. Awit saking poenika, wonten ing djaman ingkang sampoen ramé kados makaten poenika, tetijang sepoeh perloe sami ngawontenaken pakempalan oetawi bebadan ingkang pinasrahan ngrembag sarta mrihatosaken prakawis pasinaon waoe. Awit manawi boten makaten, sampoen tamtoe badé kapinten.

NJAMBET PASADÈRÉKAN LAN TETANGGAN.

Dawoehing Al-Qoerän:—

Lan sira pada nembaha Allah lan adja moesjikaké (madakaké) sawidji barang marang Pandjenengané, lan pada gawéja betjik marang wong toewa loro lan marang sanak-sadoeloer lan botjah-botjah jatim lan wong-wong miskin lan tangga tjedak lan tangga adoh lan kantja toenggäl patoeron lan anak-dalan lan marang wong kang ana ing tanganira tengen (boedak). Sanjata, Allah ora remen karo wong kang petèntèngan (goemedé) toer oemoek.

Wong kang aboedi wening maoe, jaikoe wong kang pada noehoni djandjiné Allah, lan ora pada gelem bléndjani sasanggemané. Lan kang pada gelem njamboeng prakara pasadoeloeran kang woes didawoehaké ing Allah soepaja disamboenga, lan pada wedi ing Pangérané sarta pada kwatir alané hisab (pepriksan achirat). — Déné wong kang pada wani bléndjani djandjiné Allah sawisé dikentjengaké, lan pada medot prakara pasadoeloeran kang woes didawoehaké ing Allah soepaja disamboenga maoe, lan pada agawé roesak ana ing djagad, dèwèké maoe bakal pada nampa bebendoe lan pada olèh ala-alané papan ana ing naraka.

وَاعْبُدُوا اللَّهَ وَلَا تُشْرِكُوا بِهِ شَيْئًا
وَبِالْوَالِدَيْنِ إِحْسَانًا وَبِذِي الْقُرْبَىٰ
وَالْيَتَامَىٰ وَالْمَسْكِينِ وَالْجَارِ ذِي الْقُرْبَىٰ
وَالْجَارِ الْجُنُبِ وَالصَّاحِبِ بِالْجَنبِ وَابْنِ
السَّبِيلِ وَمَا مَلَكَتْ أَيْمَانُكُمْ. إِنَّ اللَّهَ لَا يُحِبُّ
مَنْ كَانَ مُخْتَلًا فُجُورًا. «النساء: ٣٦»

الَّذِينَ يُوْفُونَ بِعَهْدِ اللَّهِ وَلَا يَنْقُضُونَ
الْمِيثَاقَ. — وَالَّذِينَ يَصِلُونَ مَا أَمَرَ اللَّهُ
بِهِ أَنْ يُوصَلَ وَيَخْشَوْنَ رَبَّهُمْ وَيَخَافُونَ
سُوءَ الْحِسَابِ. — وَالَّذِينَ يَنْقُضُونَ عَهْدَ
اللَّهِ مِنْ بَعْدِ مِيثَاقِهِ وَيَقْطَعُونَ مَا أَمَرَ
اللَّهُ بِهِ أَنْ يُوصَلَ وَيُفْسِدُونَ فِي الْأَرْضِ.
أُولَٰئِكَ لَهُمُ اللَّعْنَةُ وَلَهُمْ سُوءُ الدَّارِ.

«الرعد: ٢٠. ٢١. ٢٥»

Dawoehing Hadits: -

Sapa kang demen diparingi djembar rezekiné, lan diparingi dawa 'oemoeré, njamboenga pasadoeloerané.

Sapa kang moe'min ing Allah lan dina achir, agawéja betjik marang tanggané lan adja nglarakaké atiné. Lan sapa kang ngéstokaké ing Allah lan dina achir, moeljakna dajohé. Lan sapa kang ngandel ing Allah lan dina achir, njamboenga ing goewa-garbané (pasadoeloerané). Lan sapa kang pratjaja ing Allah lan dina achir, tjalafoea kang betjik oetawa ija menenga waé.

Sawidjiné wong sowan Kangdjeng Nabi njoewoen pirsá: Doeh oetoesaning Allah! Sasampoenipoen tijang sepoeh koela kakalih tilar donja, poenapa taksih wonten kasaénan dateng tijang sepoeh koela waoe, ingkang perloe koela tindakaken? Dawoeh wangsoelané: Isih! jaikoe ndo'akaké betjik marang wong toewa loro maoe lan njoewoenaké pangapoera, lan nglestarèkaké pawelingé kang betjik - betjik sampoengkoeré maoe, lan njamboeng pasadoeloeran kang samboeng karo dèwèké, lan moeljakaké mitrané kang nalika oeripé.

مَنْ أَحَبَّ أَنْ يَبْسُطَ لَهُ فِي رِزْقِهِ
وَيُنْسَأَ لَهُ فِي آثَرِهِ فَلْيَصِلْ رَحْمَهُ.

مَنْ كَانَ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَلَا
يُؤْذِ جَارَهُ. وَمَنْ كَانَ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ
الْآخِرِ فَلْيُكْرِمْ ضَيْفَهُ. وَمَنْ كَانَ يُؤْمِنُ
بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَلْيَصِلْ رَحْمَهُ. وَمَنْ
كَانَ يُؤْمِنُ بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَلْيَقُلْ
خَيْرًا أَوْ لِيَصْمِتْ. «متفق عليها»

جاء رجل الى النبي فقال: يا رسول الله!
هل بقي من بر ابوي شيء؟ ابرهما به
بعد موتها؟ فقال: نعم! الصلاة عليهما
والاستغفار لهما واناذ عهدهما من
بعدهما وصلة الرحم التي لا توصل الا
بها واكرام صديقهما. «رواه ابوداود»

Dados sampoen tjeta - terang saking dawoehing ajat - ajat lan Hadits ing nginggil poenika, bilih njambet pasadèrèkan lan ndjagi haking tetanggan sarta moeljakaken tamoe, poenika kalebet kwadjiban ingkang wigatos èstoe, boten kénging badé

dipoensapèlèkaken; awit pangantjamipoen Allah awrat sanget, dateng tijang ingkang kamipoeroen medot ing pasadèrèkan, oetawi adamel sakiting manahipoen tangga oetawi kantja waoe. Pramila dawoeh waoe dipoenéstokna, soepados saged gesang begdja.

PASRAWOENGANING TETIJANG ISLAM.

Dawoehing Al-Qoerän:—

Nabi Moehammad ikoe oetoesané Allah; lan wong moe'min kang pada ngantjani (para sahabaté), pada keras-keras (nggegi-risi) marang para wong kafir; ananging ana ing antarané para wong moe'min déwé, pada welas-asih. Sira bakal weroeh wong maoe pada roekoe' soedjoed, pada ngoepaja kanoegrahan lan karenané Allah. Moenggoeh tetengeré, tjoemeta ana ing praéjané déning tetabetané soedjoedé. Mangkono ikoe, pepindané kang kasboet ana ing Tourèt; déné sanépané kang kasboet ing Indjil, kajadéné gaga kang semi angetokaké daminé, bandjoer ngremboejoeng lan lemoe; wekasan ngadeg ndjedjer ing ladjeré, nganti bisa nengsemaké paman tani kang nandoer. Anané wong moe'min maoe, perloe arep kanggo agawé mangkelé para wong kafir. Déné Allah paring djandii marang wong kang pada moe'min maoe lan pada gelem ninsakaké 'amal salih, bakal diparingi pangapoera lan gandjaran kang gedé banget.

È wong kang pada ngèstokaké! Manawa sira pada katekanaan wong jtpg (doeraka) anggawa pawarta, efsik pada pratitisna disik adja boeroe-boeroe kokendel; moendak bra pada agawé tiwasé oewong

محمد رسول الله، والذين معه أشداء

على الكفار رحماء بينهم ترهم ركعا

سجدا يتغون فضلا من الله ورضوانا

سيماهم في وجوههم من أثر السجود،

ذلك مثلهم في التوراة، ومثلهم في الإنجيل

كزرع أخرج شطاه فزره فاستغلظ

فأستوى على سوقه يعجب الزراع ليغيظ

بهم الكفار، وعد الله الذين آمنوا

وعملوا الصالحات منهم مغفرة وأجرا

عظيما. «الفتح: ٢٩»

يا أيها الذين آمنوا إن جاءكم فاسق

بنبأ فتبينوا أن تصيبوا قوما بجهالة

sarana kabodoan; wasana sira bakal pada kedoewoeng marang panggawénira maoe.¹ – Lan manawa rong pepantjané para wong moe'min pada peperangan oetawa kekerengan, énggal pada gawénen roekoen antarané pepantjan loro maoe. Déné jèn salah-sawidjiné maoe isih ngantjap marang sidjiné, bandjoer pada lawanen kang ngantjap maoe, nganti gelem bali menjang dawoehé Allah. Manawa woes bali, bandjoer gawénen roekoen antarané rong panja maoe sarana kang 'adil, lan sira pada 'adila; awit Allah remen karo wong kang pada tindak 'adil. – Sanjata, para wong moe'min ikoe pantjèn sadoeloer; moelané pada gawénen roekoen antarané sadoeloerira loro maoe, lan pada wedija ing Allah soepaja sira pada disih. É wong kang pada pertjaja! Sawidjiné golongan (oewong) adja sok ngrèmèhaké marang golongan (wong) lijané, terkadang kang dirèmèhaké maoe malah loewih betjik tinimbang

فَتَصَبِحُوا عَلَىٰ مَا فَعَلْتُمْ نَادِمِينَ . . . وَإِنْ
طَائِفَتَانِ مِنَ الْمُؤْمِنِينَ اقْتَتَلُوا فَأَصْلِحُوا
بَيْنَهُمَا . . . فَإِنْ بَغَتْ أَحَدُهُمَا عَلَى الْأُخْرَىٰ
فَقَاتِلُوا الَّتِي تَبْغِي حَتَّىٰ تَفِيءَ إِلَىٰ أَمْرِ اللَّهِ
فَإِنْ فَأَتْ فَاصلِحُوا بَيْنَهُمَا بِالْعَدْلِ
وَاقْسَطُوا . . . إِنْ اللَّهُ يُحِبُّ الْمُقْسَطِينَ . . .
إِنَّمَا الْمُؤْمِنُونَ إِخْوَةٌ فَأَصْلِحُوا بَيْنَ أَخَوَيْكُمْ
وَ اتَّقُوا اللَّهَ لَعَلَّكُمْ تُرْحَمُونَ . . . يَا أَيُّهَا
الَّذِينَ آمَنُوا لَا يَسْخَر قَوْمٌ مِنْ قَوْمٍ عَسَىٰ

1. Ajat poenika, soeraosipoen ndawoehaken: soepados tetijang moe'min poenika sampoen ngantos goegon-goegonen dateng sadéngah tjetrijosan oetawí pekabaran ingkang kamirengaken; langkoeng-langkoeng ingkang kabekta déning tijang fasiq (remen sembrana, glanjongan oetawi gegorohan), awit kapitoenanipoen ngandel kabar ngajawara waoe, sok boten sakedik; pramila manawi mireng tjetrijosan oetawi pekabaran poenapa-poenapa ingkang badé dipoenendel, prajogi dipoenpratitisa langkceng roemijin; poenapamalih ingkang ngemoe wewadoel oetawi toembak-tjoetjoekan, poenika kedah dipoenpatitisaken ingkang temenan. Awit jèn boten kaleresan, saged oegi badé adamel sangsaraning tijang sanès. namoeng sabab saking kabodoan oetawi kiranging pangertosan, i.p. namoeng saking tjrijos gegorohan oetawi kabar dedamelan. Ingkang makaten waoe, sampoen tamtoe badé adamel kedoewoeng lan getoenipoen; pramila tetijang moe'min poenika kedah ingkang premana lan prajitna.

Lan dawoehing ajat waoe mengkoe soeraos oegi, soepados tetijang moe'min waoe sampoen ngantos dados tetijang fasiq ingkang remen njiaraken sadéngah swanten ingkang dipoenmirengaken, langkoeng-langkoeng ingkang badé adamel sisahing oemat oetawi kantja, kadosta ingkang ngemoe wewados, wewadoel oetawi pangaben-aben waoe. Dawoehing Hadits makaten: „Oewong, woes tjoekoep dadi wong goroh, jènta gelem ngandakaké sadéngah prakara kang diroengokaké.” Lan dawoehipoen malih: „Ora bisa mleboe swarga, wong kang demen toembak-tjoetjoekan”.

dèwèké: lan para wong wadon, ija adja sok ngrèmèhaké marang para wong wadon lijané. bisa oega kang dirèmèhaké maoe malah loewih betjik tinimbang dèwèké. Lan adja pada ngala - ala awak (kantjan) ira déwé, lan adja pada marabi, nganggo peparaban kang ala (nglarakaké ati). Ala - alané seseboetan sawisé iman, ikoe seseboetan doeraka.² Déné sapa kang ora gelem toubat, sanjata dèwèké maoe para wong doeraka. — É wong kang pada moe'min! pada njingkirana akèhé panjana; awit sawenèhé panjana, ana kang dosa. Lan adja pada niti - niti awaké wong lija, lan sawenéhira adja sok ngrasani ala marang sawenèhé. Apa sidji - sidjimoe demen arep mangan dagingé majité sadoeloéré? Mesti waé sira pada ngrasa gila. Moelané pada wedija ing Allah; sanjata Allah maoe Mahangapoera Mahaasih. — É para manoesa! Sanjata. Ingsoen woes nitahaké sira kabèh saka wong lanang lan wadon, lan Ingsoen woes ndadèkaké sira dadi pirang-pirang bangsa lan taler, perloené soepaja sira pada weroeh - wine-roehan. Déné kang loewih moelja moenggoehé Allah, ikoe loewihé wedinira. Sanjata, Allah maoe Kang ngawoeningani toer Waspada!

Dawoehing

Gegajoetané wong moe'min marang wong moe'min lijané, ikoe kajadéné pager bata; sidji lan

ان يكون خيرا منهم ولا نساء من نساء
عسى ان يكن خيرا منهن ولا تلمزوا
انفسكم ولا تنازروا بالالقباب ، بنس
الاسم الفسوق بعد الايمان ، ومن لم
يتب فاولئك هم الظالمون - يا ايها الذين
امنوا اجتنبوا كثيرا من الظن ان بعض
الظن اثم ، ولا تجسسوا ولا يغتاب
بعضكم بعضا . ايجب احدكم ان ياكل
لحم اخيه ميتا فكرهتموه . واتقوا الله ،
ان الله تواب رحيم . - يا ايها الناس
انا خلقناكم من ذكر وانثى وجعلناكم
شعوبا وقبائل لتعارفوا . ان اكرمكم عند
الله اتقاكم ، ان الله عليم خبير .

« الحجرات : ۹، ۶-۱۳ »

Hadits:—

المؤمن للمؤمن كالبنيان يشد بعضه بعضا .

2. Kadosta njeboet kantjanipoen ingkang sampoén moe'min sarana seseboetan : wong kafir, doeraka, doerdjana lan sasaminipoen.

sidjiné pada tjongkog-tjinongkog.

Moenggoeh sanépané para wong moe'min ing dalem sih - sinihané lan welas-winelasané lan loeloet-linoeloetané, ikoe kajadéné badan sawidji. Manawa sawidjiné nggata krasa lara, badan sakodjoer katoet méloe melèk lan soemle- nget kabèh.

Sira adja pada drengki-dinrengki lan adja pada ontjor-ontjoran lan adja pada gegetingan lan adja pada oengkoer-oengkoeran (djedjotakan), lan sawenéhira adja sok tawa dagangan marang wong kang lagi ditawani dagangan karo kantjanira, oetawa adja sok ngenjang dagangan kang lagi dijenjang kantjanira. Lan sira pada dadija para kawoelané Allah, dedasar pasadoe- loeran. Wong Islam ikoe sadoe- loeré wong Islam; moelané adja disija lan adja diinakaké lan adja dirèmèhaké, Wedi ing Allah, ikoe ana ing ati kéné. Sawidjiné wong woes tjoekoep diarani ala, jènta gelem nginakaké sadoeloeré Islam. Sidji-sidjiné wong Islam kang goné wong Islam lijané, haram getihé, bandané lan kahormatané.

Haké wong Islam toemrap wong Islam lijané, ikoe limang prakara: nDjawab salamé, tilik larané, ngoen- tapaké lajoné, nekani pangoen- dangé lan ndo'akaké waingé.*

مَثَلُ الْمُؤْمِنِينَ فِي تَوَادِّهِمْ وَتَرَاحِمِهِمْ

وَتَعَاطِفِهِمْ مَثَلُ الْجَسَدِ الْوَاحِدِ إِذَا اشْتَكَى

مِنْهُ عَضُوٌّ تَدَاعَى لَهُ سَائِرُ الْجَسَدِ بِالسَّهْرِ

وَالْحُمَى. «متفق عليها»

لَا تَحَاسَدُوا وَلَا تَنَاجَشُوا وَلَا تَبَاغَضُوا

وَلَا تَدَابَرُوا وَلَا يَبِعْ بَعْضُكُمْ عَلَى بَيْعِ

بَعْضٍ وَكُونُوا عِبَادَ اللَّهِ إِخْوَانًا. الْمُسْلِمِ

إِخْوِ الْمُسْلِمِ لَا يَظْلِمُهُ وَلَا يَحْقِرُهُ وَلَا

يُخَذَلُ. التَّقْوَى هَهُنَا! بِجِسْبِ أَمْرِي.

مِنَ الشَّرِّ أَنْ يَحْقِرَ إِخَاهُ الْمُسْلِمَ. كُلِّ

الْمُسْلِمِ عَلَى الْمُسْلِمِ حَرَامٌ دَمُهُ وَمَالُهُ وَعَرْضُهُ

«رواه مسلم»

حَقُّ الْمُسْلِمِ عَلَى الْمُسْلِمِ خَمْسٌ رَدُّ السَّلَامِ

وَعِبَادَةُ الْمَرِيضِ وَاتِّبَاعُ الْجَنَازَةِ وَاجَابَةُ

الدَّعْوَةِ وَتَشْمِيتُ الْعَاطِسِ «متفق عليه»

* Bab tafsiring Hadits poenika, prajogi mirsanana Katresnan Djati, bagéan I.

Dawoehing ajat - ajat lan Hadits ing nginggil poenika, ka-
 tranganipoen ingkang tjekak makaten : Gesangipoen tetijang moe'-
 min oetawi moeslim, poenika toemrap adeding kaoematanipoen,
 sinoesoen kadosdéné rerakitaning pager banon ; i. p. satoenggal
 lan satoenggalipoen tjongkog - tjinongkog (bantoe - binantoe). Lan
 toemrapping kabingahan oetawi kasisahanipoen, kadosdéné gesanging
 badan satoenggal ; satoenggal lan satoenggaling nggaota sami ge-
 gajoetan wonten ing prakawis saras lan sakitipoen. Paribasanipoen:
 lara sidji lara kabèh, pénak sidji pénak kabèh ;
 kabèh kanggo ing sidji, sidji kanggo ing kabèh.
 Kados makaten, kedahipoen gesanging tetijang moe'min oetawi
 moeslim wonten ing masjrakatipoen, mitoeroet dawoehing Al-
 Qoerân lan Hadits sarta toentoenaning Agaminipoen. Pramila sa-
 king poenika, sadaja prakawis ingkang badé adamel saé lan roe-
 maketipoen, dipoendawoehaken ; lan sadéngah pendamel ingkang
 badé adamel risak lan benggangipoen, dipoenawisi. Kadosta : ma-
 nawi nampi kabar, pawadoel oetawi pangaben - aben, boten ké-
 nging ladjeng badé dipoengega kémawon, ananging kedah dipoen-
 patitisaken lan dipoennjatakaken langkoeng roemijin. Lan boten
 kénging badé njebar kabar, pawadoel oetawi pangaben - aben wacé, jèn
 pantjèn boten njata lan boten wonten faidahipoen ; langkoeng-
 langkoeng ingkang badé adamel kisroehing oemat oetawi sakiting
 manahipoen kantja, poenika sangsaja langkoeng ageng dosanipoen.
 Lan boten kénging badé djedjotakan oetawi tjetjongkrahan, ana-
 nging kedah goejob - roekoen golong - gilig dados satoenggal
 njamboetdamel sesarengan. Lan boten kénging badé ngrèmèhaken.
 badé marabi awon, badé njana oetawi ngraosi awon, badé drengki
 oetawi panastèn, badé ontjor - ontjoran manawi tectoembas oetawi
 djor - djoran jèn sesadéjan lan badé sawijah oetawi soemakéjan. Tje-
 kakipoen, sadaja prakawis ingkang sakinten saged badé adamel
 kapitoenaning kantja oetawi sakiting manahipoen, boten kénging
 katandoekaken. Balik sadaja tetijang moe'min oetawi moeslim
 waoe, kedah sami ngoemawoela bekti lan memoendi doemateng
 Allah Goesti Pepoendènipoen, sarana roemaketing pasadèrèkan lan
 adjèn - ingadjenan sarra sih sinihan ; poenapadéné kedah toeloeng-
 tinoeloeng oetawi mbantoe dateng pendamel kasaènan. Dawoeh-
 ing Al - Qoerân. : -

وَتَعَاوَنُوا عَلَى الْبِرِّ وَالتَّقْوَىٰ وَلَا تَعَاوَنُوا عَلَى الْإِثْمِ وَالْعُدْوَانِ . وَاتَّقُوا اللَّهَ .

إِنَّ اللَّهَ شَدِيدُ الْعِقَابِ . - مَنْ يَشْفَعْ شَفَاعَةً حَسَنَةً يَكُنْ لَهُ نَصِيبٌ مِنْهَا . وَمَنْ

يَشْفَعْ شَفَاعَةً سَيِّئَةً يَكُنْ لَهُ كِفْلٌ مِنْهَا . وَكَانَ اللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ مُّقْتَدِرًا .

Lan pada tetoeloenga marang panggawé kabetjikan, lan adja pada tetoeloeng marang lakce dosa lan memoengsoehan. Lan pada wedija ing Allah. Sanjata Allah maoe siksané abot banget. — Sapa kang njampoeri (mbantoe) prakara kabetjikan, mesti bakal olèh pandoemané kabetjikan maoe. Lan sapa kang njampoeri (mbantoe) prakara ala, ija bakal mèloe nanggoeng alané maoe. Déné Allah Kang Mahakwasa sarta roemeksa marang sakabèhé sawidji-widji.

(Al - Maidah : 3, An - Nisa : 85).³

ADAMEL SAÉ LAN NOETOEPI AWONING KANTJA.

Dawoehing Al-Qoerän:—

É wong kang pada ngéstokaké! sira pada roekoe'a lan pada soedjoeda, lan pada nembaha ('ibadah) ing Pangéranira, lan pada gawéja kabetjikan, soepaja sira pada begdja.

يا ايها الذين امنوا اركعوا واسجدوا
واعبدوا ربكم وافعلوا الخير لعلكم
تفلحون.
« الحج : ٧٧ »

3. Dados sampoen tjeta terang: Gesangipoen oemat Islam poenika boten namoeng oedjan-oedjan oetawi tjoel-tjoelan kémawon, ananging kedah sinoesoen sarta rinakit (georganiseerd) ingkang saé lan prajogi. Awit saking poenika, wonten ing salebeting oemat Islam waoe, kedah wonten imam, pemimpin oetawi penoentoen ingkang minangka dados sesoelhipoen Kangdjeng Nabi Moehammad oetoesaning Allah, ingkang ngasta poesaraning oemat. Imam waoe ingkang poeroen njepengi lan mimpinaken sarta noentoenaken Al-Qoerän lan Hadits, boten namoeng wani ngafalaken, maos oetawi njorahaken, ananging wani mimpinaken lan noentoenaken. Samangké poenika éstoenipoen sampoen katah para 'oelami, kjai, goeroe oetawi pangerèhing pakempalan-pakempalan Islam; oetawi para pengeloë, chatib lan moedin sasampoen, ananging dèrèng wonten ingkang wani dados pemimpin poeroen ngleng-gahi koersi waris (tetilaran) ipoen Kangdjeng Nabi waoe, inggih poenika wani ngrekaos poeroen moebeng-moebeng wonten ing kalanganing oemat Islam ingkang chawas oetawi*awam, perloe badé mimpinaken dawoehing Al-Qoerän lan Hadits waoe. Pramila kawontenaning oemat Islam samangké poenika, bab gesang oetawi adeging kaoematnipoen taksih ngoetjiwani sanger, amargi inggih dèrèng wonten ingkang poeroen dados pemimpin Islam ingkang saleresipoen waoe. Menggah sjarat-sjarat oetawi sesifatanipoen dados pemimpin waoe, éstoenipoen boten angèl-angèl, boten kedah ingkang sampoen moeloek kawroehipoen lan memet 'ilminipoen, ngantos saged ngingar-inger ma'naning Al-Qoerän oetawi Hadits, poenika boten soesah; ananging tjekap tijang ingkang loehoer idam-idamanipoen, santosa boedinipoen, rosa pikadjenganipoen toer ichlas nijatipoen; lan sidiq, amanat, tabligh, fathanah, (temen witjantenipoen boten poeroen dora, djoedjoer lampahipoen boten poeroen tjoelika, wani ngrekaos poeroen nablighaken lan mimpinaken dawoehing Al-Qoerän lan Hadits, boten kesèd lan boten adrih, toer lantip lan landep manahipoen), sarta poeroen gesang prasadja oetawi patoet, boten kedah gesang moebra-moebroë noeroeti hawanafsoe, poenika boten. Lan inggih kados makaten —>

Sanjata, wong kang pada demen soemijaré prakara ala ana ing kalangané wong kang pada moe'min, bakal pada kapatrapan siksa kang nglarani banget, ana ing donja lan achirat. Déné Allah ikoe, Kang ngawoeningani lan sira ora pada mangerti.

أَنَّ الَّذِينَ يُحِبُّونَ أَنْ تَشِيعَ الْفَاحِشَةُ
فِي الَّذِينَ آمَنُوا لَهُمْ عَذَابٌ أَلِيمٌ فِي الدُّنْيَا
وَالْآخِرَةِ، وَاللَّهُ يَعْلَمُ وَأَنْتُمْ لَا تَعْلَمُونَ
«النور: ١٩»

Dawoehing Hadits:

Wong Islam ikoe sadoeloeré wong Islam; moelané adja disija lan adja dirèmèhaké. Sapa kang gelem toemandang - gawé perloe kanggo njampedi kaboetoehané sadoeloeré, Allah bakal njampedi boetoehé dèwèké. Lan sapa kang gelem ngloewari wong Islam saka kabilaèn, Allah bakal ngloewari dèwèké saka bebaja - bebajané dina qijamat. Lan sapa kang gelem moewoeng kaloepoetané oetawa noetoepe kawirangané wong Islam, Allah bakal moewoeng kaloepoetané oetawa ^{Doepi} kawirangané dèwèké, bés Allah dina qijamat. Sidji - sidjimoe ora djeneng moe'min, jèn doeroeng demen marang sadoeloeré kajadéné demené ing awaké déwé.

لِمُسْلِمٍ إِخْوَانٌ مُسْلِمٌ لَا يُظْلِمُهُ وَلَا يَسْلَمُهُ،
مَنْ كَانَ فِي حَاجَةٍ إِخِيهِ كَانَ اللَّهُ فِي
حَاجَتِهِ، وَمَنْ فَرَّجَ عَنْ مُسْلِمٍ كُرْبَةً
فَرَّجَ اللَّهُ عَنْهَا كُرْبَةً مِنْ كُرْبِ يَوْمِ الْقِيَامَةِ،
وَمَنْ سَتَرَ مُسْلِمًا سَتَرَهُ اللَّهُ يَوْمَ الْقِيَامَةِ،
لَا يُؤْمِنُ أَحَدُكُمْ حَتَّىٰ يُحِبَّ لِإِخِيهِ
مَا يُحِبُّ لِنَفْسِهِ. «متفق عليها»

Kados sampoen tjeta: Ajat-ajat lan Hadits ing nginggil poenika, ndawoehaken soepados tetijang Islam sami tetoeloeng oetawi damel kasaénan dateng sadèrèkipoen Islam ingkang sami nandang tjintaka oetawi para. Ingkang makaten poenika, sampoen tjoendoek kaliaan dawoehing piwoelang ing nginggilipoen ingkang nerangaken, bilih gesanging oemat Islam poenika, kadosdéné gesanging badan satoenggal, jèn satoenggaling nggaota wonten ingkang sakit, badan sakodjoer ladjeng toemoet ngraosaken sakit sadaja.

—> poenika, mestinipoen tijang ingkang badé dados pemimpin lan penoentoeaning oemat oetawi bangsa. Doeh Allah! moegi Toewan mberkahana lan ngasihana dateng kekasih Toewan, para pemimpin ingkang sadjati! Amien!

Dados jèn sanglebeting oemat Islam waoe, wonten tijang ingkang sangsara oetawi sisah amargi saking katiwasan oetawi katjingkranganipoen, sampoen tamtoe kasisahan waoe inggih badé wradin karaosaken tijang sadaja. Pramila saking poenika, sampoen samesti-nipoen wonten ing gesang masjrakat, tetijang Islam waoe kedah toeloeng-tinoeloeng oetawi tetoeloeng dateng kantjanipoen ingkang sawek pinoedjoe kesrakat waoe. Lan sinten ingkang poeroen tetoeloeng waoe, Allah sagah badé mitoeloengi pijambakipoen. Namoeng kémawon rehning kasisahan waoe woedjoedipoen roepi-roepi lan sababipoen oegi mawarni-warni, pramila penoeloengipoen inggih boten sami. ⁴

AMAR - MA'ROEF NAHI - MOENKAR (NASIHAT).

Dawoehing Al-Qoerän: -

Wong kang pada kafir golongané tedak Israil woes dila'nating Pangéran, metoe lésané Nabi Dawoed lan Nabi 'Isa anaké

لَعْنَةُ الَّذِينَ كَفَرُوا مِنْ بَنِي إِسْرَائِيلَ
عَلَى لِسَانِ دَاوُدَ وَعِيسَى ابْنِ مَرْيَمَ

4. Oepaminipoen tijang ingkang kasisahan prakawis gesangipoen, poenika wonten ingkang sabab saking kainan oetawi dipoentemaha, kadosta tijang safih (remen ngebréh lan gesang rojal), oetawi tijang keséd boten dojan ing damel sapitoeroetipoen; lan wonten ingkang boten dipoensengadja, kadosta pantjèn sampoen djempo, tjoto badanipoen oetawi sesakiten, bodo boten mangertos margining ngoepadjiwa, lan sasaminipoen. Inggih makaten waoe, sampoen tamtoe badé mahanani béda-bédaning tjara anggènipoen badé mitoeloengi. Toemrap ingkang safih waoe, saged oetawi pandoekaken kekerasan oetawi pamisésa njengker banda darbèk, sofange pados saged kapok mboetjali banda oetawi ladjeng saged irid gesangipoen. Lan kanggénipoen ingkang pantjèn soengkanan, prajogi dipoeniri oetawi dipoenperdi njamboetdamel, kadosdéné nalika Kangdjeng Nabi dipoenemisi satoenggiling tijang ingkang taksih kijat lan saras badanipoen, noenten kaparingan kampak soepados kanggé pados kadjeng, ladjeng kadawoehan njadé. Wekasan, tijang waoe ladieng mantoen ngemis, sarta remen lan sregep njamboetdamel. Déné toemrapipoen ingkang sampoen djempo sapitoeroetipoen waoe, mestinipoen inggih namoeng kantoen dipoentjekapi sakadaripoen, lan ingkang bodo, dipoentedahaken sasaged-sagedipoen. Ing rehning tetoeloeng waoe, pantjèn prakawis ingkang wigatos lan padamelan ingkang awrat, sarta ingkang boetoech dipoenitoeloengi waoe inggih boten sakedik, pramila samangké rerigen ingkang prajogi pijambak, ing sanglebeting masjrakat Islam, kedah dipoenwonteni kalé pitoeloengan pamoelasara tetijang sakit, miskin lan laré-laré jatim sasaminipoen, kados ingkang sampoen kapratélakaken wonten ing piwoelang 11 bab bandaning laré jatim; moegi kawaosa malih.

Kados makaten, katrangan sawatawis bab piwoelang adamel saé. Inggih makaten waoe, sanès namoeng idam-idaman, kagoenan oetawi kaboedajan kémawon, ananging pantjèn woelangan Islam, woelangan saé ingkang kadawoehaken wonten ing Al-Qoerän; pramila énggal dipoenestokna lan dipoenindakna samestinipoen. Moegi-moegi Allah Inggih Mahamirah Mahaasih taparenga ngebèraken sih - kamirahaniPoen!

Marjam. Kang mangkono ikoe, sabab anggoné woes pada mbaléla lan pada nerak ing angger. — Dèwèké ora pada gelem pinging-pinenging marang panggawé ala kang pada dilakoni. Pantjèn ala banget panggawéné wong maoe.

Para wong moe'min! sira ikoe loewih betjiké oemat kang dilahiraké ing Allah kanggo para manoesa; awit sira pada gelem mréntahaké panggawé betjik lan pada nglarang lakoe moenkar (ala), apadéné pada ngéstokaké marang Allah. Lan saopama wong ahli kitab gelem iman kaja imanira mangkono, jekti loewih betjik toemrap dèwèké, Ananging dèwèké maoe sawenèh ana kang pada moe'min lan kang akèh pada doeraka.

Lan sira pada ndjagaa tjoba (siksa) kang ngenani ora moeng marang golonganira kang pada doeraka tok, ananging njrambahi sira kabèh. Lan pada soemoe-roepa jèn Allah ikoe siksané abot banget.

Para wong moe'min lanang lan para wong moe'min wadon, ikce sawenèh karo sawenèhé pada sesanakan, pada akon marang kabetjikan lan pada menging menjang ala, lan pada ngedegaké salat lan pada bajar zakat, lan pada mbangoen-mitoeroet ing Allah lan oetoesané. Wong moe'min maoe bakal pada disih ing Allah; sanjata Allah maoe Kang Mahaoenggoel toer Witjaksana.

ذَلِكَ بِمَا عَصَوْا وَكَانُوا يَعْتَدُونَ . . . كَانُوا
لَا يَتَنَاهَوْنَ عَنْ مُنْكَرٍ فَعَلُوهُ . . . لَبِئْسَ مَا
كَانُوا يَفْعَلُونَ . « المائدة : ٧٨ ، ٧٩ »

كُنْتُمْ خَيْرَ أُمَّةٍ أُخْرِجَتْ لِلنَّاسِ تَأْمُرُونَ
بِالمَعْرُوفِ وَتَنْهَوْنَ عَنِ المُنْكَرِ وَتُؤْمِنُونَ
بِالله . وَلَوْ أَمَنَ أَهْلُ الكِتَابِ لَكَانَ خَيْرًا
لَهُمْ . مِنْهُمْ المُؤْمِنُونَ وَكَثِيرٌ مِّنْهُمُ الفَاسِقُونَ .
« آل عمران : ١١٠ »

وَاتَّقُوا فِتْنَةً لَا تُصِيبَنَّ الَّذِينَ ظَلَمُوا
مِنْكُمْ خَاصَّةً ، وَاعْلَمُوا أَنَّ اللهَ شَدِيدُ
العِقَابِ . « الانفال : ٢٥ »

والمُؤْمِنُونَ وَالمُؤْمِنَاتُ بَعْضُهُمْ أَوْلِيَاءُ
بَعْضٍ ، يَأْمُرُونَ بِالمَعْرُوفِ وَنَهَوْنَ عَنِ
المُنْكَرِ وَيُقِيمُونَ الصَّلَاةَ وَيُؤْتُونَ الزَّكَاةَ
وَيُطِيعُونَ اللهَ وَرَسُولَهُ ، أُولَئِكَ سَيَرْحَمُهُمُ
اللهُ . إِنَّ اللهَ عَزِيزٌ حَكِيمٌ . « التوبة : ٧١ »

Dawoehing Hadits:—

Dawoehé Kangdjeng Nabi: Agama ikoe pantjèn wawarah. Atoerkoe para sahabat: kanggè sinten Kangdjeng Rasoel? Wangsoelané: kanggo Allah, lan kitabé, lan oetoesané, lan para pangarepé lan oemoemé wong Islam.

Sira kabèh sapa kang weroeh panggawé moenkar (ala), énggal ngowahana nganggo tangané (kekoewatané). Déné manawa ora koewagang ija nganggo lésané (pitoetoéré). Jèn meksa ora kedoeaga, ija sarana atiné (geṭing) waé. Sarana ati maoe, iman kang ringkih déwé.⁵

Demi Pangéran Kang ngasta awakkoel Sira pada miliha: apa pada demen mréntahaké panggawé betjik lan pada nglarangi lakoe ala, oetawa loewoeng Allah bandjoer énggal noeroenaké siksané marang sira kabèh, toemoeli sira pada ndedo'a (sesambat) ing Pandjenggané, ananging sira ora bakál pada disembadani (dimirengaké)?

ان النبي قال: الدين النصيحة. قلنا

لمن يا رسول الله؟ قال: لله ولكتابه

ولرسوله ولأئمة المسلمين وعامتهم.

من رأى منكم منكرا فليغيره بيده.

فإن لم يستطع فليسهه، فإن لم يستطع

فليقله، وذلك أضعف الأيمان.

« رواها مسلم »

والذي نفسى بيده لتأمرن بالمعروف

وتنهنون عن المنكر أوليوشكن الله أن

يبعث عليكم عقابا منه ثم تدعونه فلا

يستجاب لكم. « رواه الترمذى »

5. Dawoehing Hadits poenika artosipoen makaten: Kita tetijang moe'min oetawi moeslim, samangsa soemerep pendamel oetawi lampah awon, kedah menging oetawi élik-élik sasagedipoen, sjoekoer saged sarana kekijatan oetawi lésan, botenipoen inggih kedah sarana manahipoen; tegesipoen: kedah ngéwani dateng pendamel oetawi lampah awon waoe, boten kènging namoeng badé kèndel oetawi ngoedja kémawon, poenapamalih toemoet lega oetawi gembira, poenika nama sampoen boten iman malih; awit ngéwani waoe iman ingkang sampoen ringkih pijambak. Sanadyan ringkiha, réhning ngéwani waoe taksih kalebet iman, pramila manawi dipoentindakaken sesarengan tijang katah, meksa badé ageng pigoenanipoen; inggih poenika sakedikipoen badé saged adamel rikoe, koetjem oetawi minggrang-minggringipoen ingkang nglampahi awon waoe; béda kalian jèn namoeng dipoenkèndelaken oetawi dipoenodja, sampoen tamtoe badé sangsaja ndadra lan ngambra ambra.

Kados makaten oegi, pendamel saé oetawi lampah oetami, manawi dipoenombiongi lan dipoenroedjoeki, mesti inggih badé ngrepda lan gembira; pramila kita tetijang moe'min, jèn soemerep kantjanipoen nindakaken 'amal kasaénan waoe, sasaged-saged kedah mbantoe sakwawinipoen, sjoekoer →

Kados ingkang sampoen kapratélakaken ing nginggil, bilih gesangipoen oemat Islam poenika kadosdéné gesanging badan satoenggal; satoenggal lan satcenggaling nggaota sami gegandengan wonten ing prakawis saras lan sakitipoen; dados kénging kabasakaken: Satoenggal mradini sadaja, lan sadaja mengkoe satoenggal. Awit saking poenika, wonten ing masjrakat Islam waoe, kanggé ndjagi kawiloedjengan saha tata-tentremipoen, perloe dipoenwonteni amar - ma'roef lan nahi - moenkar (pamréntah dateng pendamel saé lan pamenging dateng lampah awon); awit inggih pendamel saé waoe, ingkang minangka dados tetedananing masjrakat ingkang saged manfa'ati (saged badé adamel gemah rahardjanipoen), lan lampah awon waoe ingkang dados wisanipoen ingkang mbebajani sanget (saged badé adamel retoe lan koetjemipoen).⁶

→ saged sabanda - baoc - fikiripoen pisan, djer poenika pantjèn sampoen dados kwadjabnipoen toemrap ingkang kijat, oetawi inggih salah kalih oetawi satoenggalipoen; sakedikipoen kedah ngatingalaken lega lan bingahipoen sarana nglahiraken pangalembana, (jèn sakinten boten badé dados afatipoen), lan ndo'akaken saé ing Allah; kadosdéné piwoelanging Agam ingkang nenoentoen ndo'akaken saé dateng tetijang ingkang saé saé lan oetami

6. Liripoen makaten: Sesakiting badan ingkang maroepe roepe, poenika ingkang dados widjinipoen kroema ingkang mawarni-warni oegi woedjoed lan dajanipoen, ingkang ladjeng njampoeri ing rahing tijang. Sesakit waoe sanadyan ingkang ketaman namoeng sapéranganing badan; oepaminipoen paroe, éwasamanten dajanipoen saged njrambahi dateng badan sakodjoer sakit sadaja. Lan péranganing badan ingkang saras, manawi rahipoen boten kijat badé nanggoelangi pangrangsanging kroema waoe, sesakit waoe inggih ladjeng ngambra-ambra mrèmèn dateng badan sadaja. Satemah saged adamel tiwasing diwa, langkoeng-langkoeng jèn ngantos mrèmèn dateng sirah ngéngingi oetek; o! ndrawasi èstoe.

Kados makaten, sanépanipoen gesanging oemat, tjèples boten wonten gèsèhipcen sakedik - kedika; namoeng sesakitipoen kémawon sanès sesakit paroe sapitoeroetipoen, ananging sesakit watak nista lan pendamel ina: lan ingkang dados kroemanipoen, sanès basil sasaminipoen ananging iblis ingkang njampoeri djiwaning manoengsa, ladjeng noewohaken pakerti lan pokal awon: drengki srèl trélikan sengsem kadonjan, dialil poekil tjoelika poeroen slintoetan, mbloebed ngoetoh moerka remen kasoekan, Sesakit waoe manawi nangtos mrèmèn dateng tetijang katah, langkoeng - langkoeng saged ngéngingi para pangaceng oetawi pemimpining oemat, poenapamalih pemimpinipoen ingkang agoeng, prasasat sesakit tbc. njandak oetek, sampoen tamtoe mbebajani sanget. Inggih ing rikoe poenika, titimangsanipoen oemat waoe badé kadawahan bebendoe siksaning Pangéran, kadosdéné kawontenanipoen tetijang bani - Israil lan oemat sanès - sanèsipoen ingkang sami kadoekan ing Pangéran. Pramila saking poenika, wonten ing kalanganing oemat Islam, prakawis amar - ma'roef nahi - moenkar waoe kedah dipoen kijati èstoe, langkoeng - langkoeng nahi - moenkaripoen. Awit wonten ing djam modern kados samangké poenika pangrangsanging sjétan anggènipoen badé ngrisak tetijang Islam, sangsaja ngangseg, èngèt, dipoenstranani sarana mawarni-warni goda rentjana ingkang ngébata-ébataken sarta méntjoetaken sanget; pramila tetijang Islam, tijang ingkang nedya soemarah ing Allah, kedah ingkang waspada lan prajitna, sampoen ngantos gemloewèh lan sembrana. Lan malih, sampoen tamtoe tijang ingkang nedya badé njekapi kwadjaban amar - ma'roef nahi - moenkar waoe, badé katah tjobinipoen ananging inggih badé sakalangkoeng ageng sanget gandaraniipoen →

Lan inggih amar-ma'roef nahi-moenkar waoe, ingkang badé ndjagi doemawahing bebendoe dedoekaning Pangéran dateng masjrakat, lan sepening amar-ma'roef nahi-moenkar waoe, badé ndatengaken sapoe dendaniPoen; kadosdéné dawoehing ajat ing nginggil ingkang nerangaken doemawahing bebendoe dateng tetijang bani-Israil, lan dawoehing Hadits ingkang dawoeh soepados sami milih: poenapa remen amar-ma'roef nahi-moenkar, poenapa loewoeng kadawahan sapoe dendaning Pangéran? sarta dawoehing ajat ingkang meling soepados sami ndjagi doemawahing siksa ingkang wradin; inggih poenika kalṭi nindakaken amar-ma'roef lan nahi-moenkar waoe. Dados sampoen tjeṭa wéla-wéla lan gamblang goemawang-gawang: bilih wontenipoen amar-ma'roef lan nahi-moenkar wonten ing bebrajan Islam waoe, dados kwadjiban ingkang peṭingap, boten kénging badé kalirwakaken babarpisan; awit ngéngeti cegi, inggih ing rikoe poenika, soemèlèhipoen pangalembananing Pangéran dateng oemat Islam, lan inggih ing rikoe poenika, doenoengipoen djatining raos sihsinihan lan empanipoen jektosing pasadèrèkan. Pramila inggih boten anèh, saopami wonten para 'oelami ingkang kagoengan pamanggih, jèn amar-ma'roef lan nahi-moenkar waoe kalebet roekoening Islam; djer pantjèn inggih penting temenan.

GESANG PATOET (PRASADJA).

Dawoehing Al - Qoerän s. Al - Foerqan : 63 - 77: -

Moenggoeh kang diarani para kawoelané Allah Goesti Kang Mahamoerah, ikoe wong kang pada mlakoe ana ing boemi, prasadja. Lan manawa disaroewé karo wong bodo-bodo, pada mangsoeli: Salá'm (Rahajoe)! - Lan kang pada soedjoed sarta 'ibadah marang Pangérané, ana ing wajah bengi. - Lan pada matoer: Doeh Pangéran koela! moegi Toewan nebihna koela saking siksa Djahanam; awit siksaniipoen waoe mbebajani sangeget. - Saestoe Djahanam waoe,

وَعِبَادَ الرَّحْمَنِ الَّذِينَ يَمْشُونَ عَلَى الْأَرْضِ هَوْنًا وَإِذَا خَاطَبَهُمُ الْجَاهِلُونَ قَالُوا سَلَامًا -
وَالَّذِينَ يَبِيتُونَ لِرَبِّهِمْ سُجَّدًا وَقِيَامًا -
وَالَّذِينَ يَقُولُونَ رَبَّنَا اصْرِفْ عَنَّا عَذَابَ جَهَنَّمَ إِنَّ عَذَابَهَا كَانَ غَرَامًا - إِنَّهَا سَاءَتْ

→ pramila inggih kedah ingkang ageng sabaripoen, djer poenika pantjèn prakawis ingkang sakalangkong wigatos jektos. Moegi-moegi Allah mberkahana lan ngesihana dateng tetijang waoe!

awon-awonipoen papan pakèndelan toewin kalanggengan. — Lan manawa pada blandja kanggo perloené oerip, ora pada keloe-wihen lan ora pada kekoerangen; ananging sedengan (tengah-tengah) antarané loewih lan koe-rang. — Lan ora pada gelem ndedo'a marang pepoendèn lija nartani Allah (ora moesjrik), lan ora pada gelem matèni wong kang diharamaké (dilarangi) déning Allah dipatèni, kadjaba jèn ana sabab kang bener, lan ora pada gelem zina. Déné sapa kang nindakaké mangkono (salah sawidjiné prakara teloe) maoe, mesti toemiba ing dosa. — Bésok dina qijamat, dèwèké bakal ditikelaké siksane, sarta langgeng ana ing kono sarana nista. — Kadjaba kang gelem toubat lan iman sarta nindakaké 'amal kabetjikan, ikoe alané bakal dilironi kabetjikan déning Allah. Awit Allah ikoe kang Mahangapoera Mahaasih. — Lan sapa waé kang gelem toubat lan gelem nindakaké 'amal kabetjikan, mesti dèwèké bakal sowan marang ngarsané Allah, sarana olèh pangapoerane. — Lan ora pada gelem neksèni oetawa noenggoni gegorohan. Lan manawa pada mlakoe bebarengan barang nglaha, pada mlakoe soemingkir sarana djatmika. — Lan manawa pada diélingaké (diwatjakaké) ajat-ajaté Pangèrané, ora pada ndoengkloek mboedeg lan mitjak, ananging pada ndoengkloek choesjoe'. — Lan pada matoer: Doeh Pangèran koela! moegi Toewan paringa doemateng koela, karesepaning mripat ningali dateng sé-

مستقرا ومقاما. — والذين اذا انفقوا

لم يسرفوا ولم يقتروا وكان بين ذلك قواما. —

والذين لا يدعون مع الله الها ائخر

ولا يقتلون النفس التي حرم الله الا بالحق

ولا يزنون، ومن يفعل ذلك يلق اثمًا. —

يضاعف له العذاب يوم القيامة ويخلد

فيه مهانًا. — الا من تاب وامن وعمل

عملا صالحا فلئنك يبدل الله سيئاتهم

حسنات، وكان الله غفورا رحيمًا. — ومن

تاب وعمل صالحا فانه يتوب الى الله متابًا. —

والذين لا يشهدون الزور، واذا مروا

بالغو مروا كرامًا. — والذين اذا ذكروا

بآيات ربهم لم يخروا عليها صما وعميانا. —

والذين يقولون ربنا هب لنا من ازواجنا

mah koela lan anak-anak koela, lan moegi Toewan ndadosna koela, dados panoetaning para moettaqien (tijang ingkang sami adjrih ing Toewan). — Wong kang mangkono maoe, bakal pada diparingi gandjaran swarga pérangan kang ndoewoer. sabab nggoné woes pada sabar, lan ana ing kono bakal pada nampa pakoermatan lan karahajon. — Ana ing kono bakal pada langgeng. Swarga maoe betjik - betjiké papan palereman lan kalanggengan. — Moehammad! dawoeha: Pangé rankoe ora bakal merdoeli marang sira, manawa sira ora pada gelem 'ibadah oetawa ndedo'a marang Pandjenengané; ing mangka saiki sira pada nggorohaké, mesti waé siksané bakal nempoh marang sira.

وَذُرِّيَاتِنَا قُرَّةَ أَعْيُنٍ وَاجْعَلْنَا لِلْمُتَّقِينَ

أَمَامًا. أَوْلَئِكَ يُجْزَوْنَ الْعَرْقَةَ بِمَا صَبَرُوا

وَيُلْقَوْنَ فِيهَا حِجَابًا وَسَلَامًا. خَالِدِينَ فِيهَا

حَسَنَاتٍ مُسْتَقْرَأًا وَمَقَامًا. قُلْ مَا يَعْجُبُكُمْ

رَبِّي لَوْلَا دَعَاؤُكُمْ فَقَدْ كَذَّبْتُمْ فَسَوْفَ

يَكُونُ لَكُمْ لَزَامًا.

Dawoehing ajat-ajat ing nginggil poenika, mratélakaken sesifatan oetawi wewatakan lan kalakoeanipoen para kekasihing Allah; inggih poenika ingkang sinebat para kawoelaning Goesti Ingkang Mahamirah. Sesifatanipoen waoe menggah kagerba makaten: Gesangipoen patoet oetawi prasadja; soetji, bérés lan barès; toer remen 'ibadah sarta bekti ing Allah Goesti Ingkang Mahasoetji; lan wewatakanipoen saé lan oetami, wening boediniipoen lan resik manahipoen. Déné jèn kaprintji, wonten woloeng prakawis: 1, prasadja lan barès ing dalem solah-bawa lan moenamoeninipoen, boten soemakéjan lan boten pamèran. 2, jèn wantji daloe, poeroen ngedegaken salat tahadjoed lan 'ibadah sanès - sanèsipoen ing Pangéran. 3, tansah kwatos siksaning naraka Djahanam, pramila ladjeng nenoewoen ing Pangéran soepados kawiloedjengna saking siksa waoe. 4, manawi blandja kanggé kaperloening gesang, kadosta: neda, njandang lan sasaminipoen, sedengan; boten kekañahan lan boten kekirangen, mitoeroet katjekapan oetawi kasèkènganipoen, 5, a: boten poeroen moesjrikaken ing Allah, b: boten poeroen adamel pedjah oetawi sija ing tijang, jèn boten wonten sabab ingkang absah c: boten poeroen lampah sèdèng (oegal - oegalan), d: samangsa ngantos nerak dosa amargi kalimpoet déning hawanafsoenipoen ingkang ginoda ing iblis, ènggal-ènggal ladjeng poeroen taubat ing Allah sarta ngatah-atahaken 'amal kasaeenan. 6, boten poeroen neksèni oetawi nenggani lampah gegorohan oetawi ma'sijatan; lan saopami kapinoedjon sesarengan

kalian prakawis nglaha tanpa goena, oetawi tijang tjetjlemedan manoeh sembrana, ladjeng poeroen soemingkir kanji djatmika. 7, samangsa dipoenpepengeti oetawi dipoenwaosaken ajat-ajating Allah, noenten toemoengkoel choesjoe' lan manahipoen toemenga. Lan 8, remen jènta sémahipoen lan anak - anakipoen saged dados tetijang ingkang saé - saé lan oetami; pramila tansah inggih ndedo'a toewin ngréka - daja kadospoendi sagedipoan kademoegèn poenapa ingkang tjinipta. Artosipoen : inggih boten badé kesoepèn, mrihasaken anak lan sémahipoen waoe, moerih sagedipoen dados saé lan prajogi; poenapadéné awakipoen pijambak, tansah inggih kaperdi sagedipoen dados pemimpin oetawi penoentoenipoen tetijang ingkang sami adjrih lan bekti ing Allah; tegesipoen : awakipoen waoe dipoenpersoedi sagedipoen langkoeng' adjrihipoen ing Allah, tinimbang tetijang sanès - sanèsipoen.

Kados makaten, menggah sesifatan oetawi wewatakan lan kalakoeanipoen para kekasihing Allah Goesti Inggang Mahamirah waoe. Lan inggih kados makaten poenika, ingkang dipoenwastani gesang moersjid, gesang ingkang dipoenwoelangaken Agami Islam sarta kapimpinaken déning Kangdjeng Nabi Moehammad doemateng sadaja oematipoen, soepadosa saged gesang begdja lan moelja ing donja lan achirat.

Mangga kagaliha! Gesang mitoeroet toentoenaning ajat waoe, poenika ingkang sampoen genah, gesangipoen badé saged wilodjeng lan ni'mat; djalaran gesangipoen waoe boten nama ngaja - aja lan boten pineksa; tedanipoen, sandangipoen, grijanipoen dalah sasolah - bawanipoen pisan, namoeng samoerwatipoen mitoeroet goedratipoen, boten pamèran lan boten oemoek - oemoekan. Inggang makaten waoe, sampoen tamtoe badé mahanani manah ingkang ajem lan soemèlèh, sarta praéjan ingkang banar lan soemèh. Doeh! Saéba ni'matipoen bebrajan gesang ingkang tetijang warganipoen kados makaten poenika sesifatanipoen.

Déné jèn mopo boten poeroen gesang manoet toentoenaning ajat waoe, badé kadawah walating Pangéran ingkang nggegirisi sanget, kados ingkang kadawoehaken wonten ing ajat poengkasanipoen.

TAMAT

Walláhoe A'lam!

الحمد لله رب العالمين. لا حول ولا قوة الا بالله العلي العظيم. والصلاة والسلام
على رسوله الامين. سيدنا ومولانا محمد خاتم النبيين. وعلى اله وصحبه اجمعين!
والله اعلم.

ATOER PAMRAJOGLI.

Kados ingkang sampoen katerangaken ing ngadjeng wonten ing pangiring, bilih piwoetjal i h s a n, a c h l a q oetawi t a s a w o e f, poenika pantjèn piwoelang ingkang penting jektos, badé anggajoeh idam-idaman gesang ingkang sanget moelja lan o e t a m a; inggih poenika badé ma'rifat lan mahabbah (wanoeh lan tresna) ing Allah Ingkang Moehamoelja, sarta badé nandoekaken pakerti moelja adamel saé ing sasami, poenapadéné nedya badé noetjèni djiwa saking watak awon lan boedi nista, ingkang saladjengipoen badé saged moerakabi ing gesangipoen toewin gesanging oemat oetawi masjrat. Awit saking poenika, piwoelang waoe sagedipoen katjepeng, kedah dipoensranani poeroen m o e d j a h a d a t o e n - n a f a i (merangi hawanafsoe) ingkang sanget moerka lan rakoès, remen dateng pokal awon lan pendamel ina. Menggah tjaranipoen merangi makaten: Sadaja pikadjenangan lan réka-dajaning hawanafsoe, ingkang ngadjak-adjak dateng pokal awon lan pendamel ina waoe, dipoentoelaka sakijat-kijatipoen, lan dipoenpe-toekna sarana boedi wening, manah tegoeh lan watak wirangan. Déné moerih kanggé nggampilaken oetawi majaraken anggènipoen badé nglampahi dawoehing piwoelang waoe, prajogi katindakna kanji sesarengan. Tegesipoen: sarana kadapoek kadosdéné pakempalan* makaten, ingkang sedyanipoen namoeng badé njinaoe sarta 'amalaken dawoehing 'piwoelang waoe. *Oepaminipoen: sami sinaoe sesarengan, lan sasampoenipoen sami mangertos jektos dateng piwoelang waoe, ladjeng karembag pisan kadospoendi sagedipoen badé 'amalaken; poenapa perloe mawi toeloeng-tinoeloeng, poenapa boten? Kadosta oepaminipoen piwoelang 'ibadah wantji daloe, poenika perloe dipoenwonteni kentjan goegah-goegahan, poenapa boten? Lan dawoeh ngoepadjiwa, poenapa perloe mawi toeloeng-tinoeloeng oetawi boten? Kados makaten, saladjengipoen wonten ing piwoetjal sanès-sanèsipoen. Ingkang makaten waoe, katindakna saking sakedik ngantos saged rampoeng sadaja. A m i e n !

* Ingkang kènging loemebet dados warganipoen, kedah tijang ingkang pantjèn nggadahi sedyakenteng temenan. Lan dipoenanjarna oetawi kagesangna raosing sjahadat kekalih wonten ing manahipoen, sarana ngetoeraken prasetya ing Allah kadosdéné piwoelanging Hadits: —

رضيت بالله ربا وبالاسلام ديناً وبمحمد نبياً ورسولاً.

Moela sampoen lega-lila lan mantep mangéran ing Allah, saha ngroengkebi Agami Islam, sarta ngakeni Andika Nabi Moehammad, djoemeneng Nabi lan oetoesaning Pangéran.

Lan prasetya waoe, saben-saben dipoenatoerna soepados raosipoen saged toemantjeb wonten ing manah, roemesep ing baloeng-soengsoem, koemrengseng ing djiwa. Ngantos sesifatanipoen tetijang waoe, kados ingkang kadawoehaken ing soerat Al-Fath: 29. Doeh! saéba saé lan ni'matipoen.

ISINIPOEN:

→ **Piwoelang 10.**

Dosa lan awonipoen njoeres toeroen, lampah zina lan medjahi tijang.

Piwoelang 11.

Roemeksa ing laré jatim lan banda darbékipoen. — Djoedjoer ing taker lan tradjoe. — Oekoeran, dados boetoehing bebrajan.

Piwoelang 12.

Awoning watak mbegoegoek. — Takabboer, kibir lan 'oedjoeb, watak wantoe ning iblis, widjining karisakan.

Piwoelang 13.

Istiqamah (diedjeg, tetep, soemoengkem), minangka andaning kabegdjan. — Tawakkal (koemandel, pasrah) ing Allah, dados dasaring istiqamah.

Piwoelang 14.

Moehasabat, Moeraqabat (kaprajitnan, kapremaneman), minangka dasaring piwoelang ihsan, tasawoef oetawi achlaq.

Piwoelang 15.

Radja' lan houf, minangka lar kanggé nggajoeh dradjat abrar, oetawi moeqarrabien.

Piwoelang 16.

Ngewrat pepetikaning ayat-ayat Al-Qoerân lan Hadits, ingkang mratélakaken toentoeنان gesang satjara Islam: ROEMEKSA ING AHLI, — NJAMBET PASADERÉKAN LAN TETANGGAN, — PASRAWOENGANING TETIJANG ISLAM, — ADAMEL SAÉ LAN NOETOEPI AWONING KANTJA, — AMAR MAROEF, NAHI - MOENKAR. - GESANG PATOET (PRASADJA.)

— — —
NGLERESAKEN KALBPATAN.

Katja	Larikan	Lepat	Leresipoen
116	30	pada sakedik dikaniaja saçitçik sakedik waé.	pada dikaniaja saçitçik waé.
144	42	dipoen, indakna	dipoen - tindakna
"	47	taparenga	kaparenga
147	47	ngangseg, éngget,	ngangseg sanget.

TEMBOENG DJAWI SERATAN LATIJN ?
TJEKAKIPOEN WIGATOS PENTING!

==== Kinjir - kinjir nembé kababar ====

..... ? RISALAH

KATRÉS N A N - D J A T I
DJILID 1. 2. 3.

1e. Mratélakaken pangroektining majit, tjara ingkang Modern
2e. Nerangaken tata-tjaranipoen zijarah koeboer, ingkang Soennah
lan Bid'ah. — 3e. Mratélakaken Salat Isticharah, do'a lan dzikir
ingkang ma'tsoer sarta prakawis Sjafangat ingkang misoewoer.

REGI

NDJAMAN ! } Sadjilidipoen à f0,30
3 djilid babar pisaan „ f0,85

Poestaka Islam.

*Kitab anerangaken roekoen Islam
gangsah prakawis, wewaton
Al - Qoerän lan Hadi's.*

Kandel 80 katja, regi a f0,60

P O E S T A K A H A D I
==== Q O E R ' A N S W I J S B E G E E R T E

Kitab poenika, ngewrat pepilhanipoen ajat - ajating
Al-Qoerän ingkang ndawoehaken piwoelang prakawis
Iman toewin I'tiqad, inggih ingkang sok dipoenwastani
„Hikmah Nadzarjah” (Theoritisch wijsbegeerte)
lan piwoetjal bab 'Amal toewin Achlaq, ingkang sineboet
„Hikmah 'Amaljah” (Praktisch wijsbegeerte)

Ajat - ajat waoe watawis wonten kalih éwoenan,
kadjawèkaken sarana terang, sarta dipoentafsiri saper-
loenipoen, moerih sagedipoen gamblang.

Kitab waoe kapilah-pilah dados 12 djilid, lan kabagé
dados 2 : Bagéan I, 4 djilid, mratélakaken bab Nadzarjah.
bagéan II, 8 djilid, anerangaken prakawis 'Amaljah.
Sadjilidipoen 48 katja, regi, f0,35